НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ДЕШАРАН А,
ІИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВО

НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН
ДЕШАР КХИОРАН ИНСТИТУТ

І.М. Арсанукаев

НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРИН ІИЛМАНАН ТЕРМИНИЙН ЛУГІАТ

Грозный
2010

УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч)
Ар 79

Издано при финансовой поддержке Федерального агентства по печати и массовым коммуникациям в рамках Федеральной целевой программы «Культура России».

Арсанукаев Абдулла Магомедович
Ар 79 Нохчийн литературин Іилманан терминийн лугІат / – Грозный: ПУ «Нохчийн Республикин дешар кхиоран институт», 2010. – 304 агІ.
Словарь литературоведческих терминов / – Грозный: ГУ «Институт развития образования ЧР», 2010. – 304 с.

Словарь содержит около 350 литературоведческих терминов. В каждой словарной статье, впервые на чеченском языке, в доступной форме дается толкование и справка о происхождении литературоведческих терминов, наиболее распространенных в чеченской литературе. Адресован преподавателям вузов, учителям общеобразовательных учреждений, работникам средств массовой информации, студентам, учащимся.

ISBN 978-5-98108-013-5

© Арсанукаев А.М., 2010
© ГУ «Институт развития образования ЧР», 2010

ХЬАЛХАРА ДОШ

Нохчийн исбаьхьаллин литература кхуьуш йолу шолгIа бIешо ду. Литературоведенехь а, литературин критикехь а нохчийн маттахь белхаш язбен а дукха хан ю. Амма нохчийн литературин Iилманан терминологи хIинццалц теллина яц. ХIара дуьххьар болх бу шуьйрачу барамехь литературин Iилманан терминаш нохчийн маттахь билгалъяьхна, церан маьIна дина, уьш тидана. ХIокху лугIат тIехь автор болх беш волу дикка хан ю. ЛугIатан цхьадолу дакъош арадийлина периодически зорбанехь. «Орга» журнало 2006 шарахь зорбатоьхна лугIатан яцйина вариант. Царах лаьцна Iилманчаша аьлларг тидаме а оьцуш кечйина, арахоьцуш ю нохчийн литературин Iилманан терминаш.

Ерриге терминаш дIанисйина абатан рожехь.

ХIор литературин Iилманан терминна лерина ша статья ю. Цу тIехь терминан маьIна дина, цунах лаьцна даьржина дийцина, масалш далийна.

ХIор термин цхьаллин, дукхаллин терахьашкахь ялийна, шен грамматически классан билгалонашца. Терминан дукхаллин терахьин кеп а юьззина ялийна, цуьнан чаккхе ялийна ца Iаш (лугIаташкахь

дукха хьолахь ма-хиллара). Иза нохчийн литературин Іилманан терминаш зорбанехь дуьххьара арайовлуш хилар тидаме а эцна, царах пайдаэцар аттачу даккхархьама дина. Оцу Іалашонца гайтина хІор терминан цхьаллин терахьехь цІерниг дожарал совнаха масех кхечу дожарийн кепаш а (доланиг, лург, дийриг, меттигниг). ЛугІатан статьян юккъехь, терминан хьалхара элп диллина ца дуьтуш, дош дерриге далийна.

Нохчийн литературин Іилманан термин схьаяларан бух (муьлхачу маттара схьаяьлла) билгалбаькхина, иза схьаяьллачу маттахь цуьнан долу маьІна далийна. Масала, иштта ялайо лугІат тІехь термин:

АВТОНИ́М *ю* – **автонимаш** *ю*; **автониман, автонимана, автонимо, автониме** (гр. *autos* – ша, шен, *onoma* – цІе) – псевдоним лелош волчу яздархочун шен бакъйолу цІе...

ЛУ́ГІАТ *ду* – **лугІаташ** *ду*, **лугІатан, лугІатна, лугІато, лугІате** (Іаьрб. *лугІатун* - мотт) – билггалчу Іалашонца гулдина, дукха хьолахь абатан рожехь дІанисдина дешнаш...

ХІор литературин Іилманан терминан даьржина маьІна дина, цуьнан ерриге агІонаш билгалъяхархьама. Исбаьхьаллин литературин произведени кІорггера йовзарехь, цунах марзо эца Іамарехь билггалйолчу терминан механалла гайтина. Нохчийн литературин Іилманан терминаш тІеюьзна поэзин а, прозин а произведенешкарчу масалшца. И масалш далийна нохчийн литературин классикийн прозведенеш тІера а, цІеяххана болчу хІинцалерчу яздархойн произведенеш тІера а, ткъа иштта хІинцца литератури юкъа-

баьхкинчу къоначу яздархойн произведенеш тIера а. Оцу масалша гIо дийр ду билггалчу терминан чулацамах кIорггера кхета а, исбаьхьаллин произведени къастош, цунах пайдаэца а.

Нохчийн литературин Iилманан терминийн лугIат дуьххьара хIоттош хиларе терра, кху тIехь цхьацца сакхташ хир ду, эшамаш а хир бу, царах лаьцна аьлларг, яздинарг баркаллица тIеоьцур ду автора.

Нохчийн литературин Iилманан терминийн лугIат пайдехь хир ду къоман литература толлуш болчарна, вузийн, школийн хьехархошна, яздархошна, журналисташна, студенташна, дешархошна, къоман исбаьхьаллин литературин башхаллаш йовза, произведенех марзо эца лууш болчарна массарна а.

Автор

03.12.2010

ДАЦДАРШ

фр. – французийн
авг. – август
агI. – агIо
апр. – апрель
в. – вина
гр. – грекийн
дек.–декабрь
и. дI. кх. – иштта дIа кхин а
ингл. – ингалс, ингалсан ит. – итали
кх. – кхидерш
кх. дI.– кхин дIа
лат. – латинийн
мас. – масала
нем. – немцойн
нояб.–ноябрь
н.ф.– нохчийн фольклор
окт.–октябрь
оьрс.–оьрсийн
пр.– провансальски
сент.–сентябрь
февр.–февраль
филол.– филологически
хь.– хьажа
ш. – шо, шарахь
шш. – шераш, шерашкахь
янв.– январь
Iаьрб. – Iаьрбийн

А

А́БАТ[1] *ду* – **абаташ** *ду*; **абатан**, **абатна**, **абато**, **абате** – къоман йоза шайх лаьтташ долу цхьана рожехь дІанисдина элпаш. ХІинцалерчу нохчийн йозанехь 49 элп ду.

Нохчийн абат: А АЬ Б В Г ГІ Д Е Ё Ж З И Й К КХ КЪ КІ Л М Н О ОЬ П ПІ Р С Т ТІ У УЬ Ф Х ХЬ ХІ Ц ЦІ Ч ЧІ Ш Щ Ъ Ы Ь Э Ю ЮЬ Я ЯЬ І.

А́БАТ[2] *ю* – **абаташ** *ю*; **абатан**, **абатна**, **абато**, **абате** – йоза-дешар Іамош йолу хьалхара книга, букварь.

Нохчийн дуьххьарлера абат (букварь) араяьлла 1862 шарахь Тифлисехь. «Нохчийн джуз ду хІара» дара цуьнан мужалт тІехь яздина. Иза хІоттийнарг вара Досин Къеда. Абат тІехь кхечу материалашца цхьаьна далийнера нохчийн барта дийцарш а, кицанаш а. Леррина меттиг дІалоцура цу тІехь бусулбан динах болчу хьехамаша.

1866 шарахь зорбатоьхна Бартоломейс хІоттийна нохчийн абат. ХХ бІешеран юьххьехь араяьлла Эль-

дарханов Таьштамара хIоттийна нохчийн абат. Кириллицин бух тIехь долчу элпех пайдаоьцуш хIиттийнреа и абаташ.

Iаьрбийн элпашца хIоттийна яра 1920 шарахь араяьлла Тучаев Ахьмин, Эльдерханов Таьштамаран абат.

Латиницин а, цул тIаьхьа кириллицин а бух тIехь хIиттийна яра Сальмурзаев Мохьмадан, Мациев Ахьмадан, Тазуев Шарипан 1927-1940 шерашкахь арайийлина абаташ.

ХIокху тIаьххьарлерчу ткъе иттех шарахь школехь шех пайдаоьцуш ю Солтаханов Эльбекан абат.

АББРЕВИАТУ́РАШ *ю – хь*. **Чолхе-дацдина дешнаш**.

АБЗА́Ц *ю* – **абзацаш** *ю*; **абзацан**, **абзацна**, **абзацо**, **абзаце** (нем. *Absatz* – дIахилийна, дIатеттина яздар) – *хь*. **ЦIен могIа.**

АВТОБИОГРА́ФИ *ю* – **автобиографеш** ю; **автобиографин**, **автобиографина**, **автобиографино**, **автобиографига** (гр. *autos* – ша, *bios* – дахар, *grapho* – яздо) – шен дахарх лаьцна ша яздар. Автобиографически произведени олу яздархочо шен дахарх дерг юкъадалош язйинчу произведенех. Масала, Мамакаев Мохьмадан «Комиссар» цIе йолу поэма.

АВТО́ГРАФ *ю* – **автографаш** *ю*; **автографан**, **автографана**, **автографо**, **автографе** (гр. *autos* – ша, *grapho*–яздо) – яздархочо шен куьйга язйина шен

произведени, кехат я шен куьйга ша язйина хIуъа а кхийолу хIума.

Баккхийчу яздархойн автографаш Iаламат мехала ю, царах пайдаоьцу исбаьхьаллин произведенеш зорбане кечъеш а, арахоьцуш а. Автографаша гIо до Iилманан белхахошна, литературоведашна яздархочун исбаьхьаллин хатI довза, цуьнан кхолларалле кIорггера кхиа.

АВТОНИ́М *ю* – **автонимаш** *ю*; **автониман, автонимана, автонимо, автониме** (гр. *autos* – ша, шен, *onoma* – цIе) – псевдоним лелош волчу яздархочун шен бакъйолу цIе. Масала, нохчийн поэтан Канташан автоним Ибрагимов Лоьма Махмудович ю, оьрсийн яздархочун Корней Иванович Чуковскийн (1882 – 1969) бакъйолу цIе я автоним Николай Васильевич Корнейчуков яра, французийн яздархочун Стендалан (1783 – 1842) автоним Анри Мари Бейль хилла, казахийн керла йозанан литература йолорхочун, поэт-серлончийн Абай (1845 – 1904) бакъйолу цIе ИбрахIим Кунанбаев хилла.

А́ВТОР *ву, ю* – **авторш** *бу*; **авторан**, **авторна**, **авторо**, **авторе** (лат. *au(c)tor* – кхоьллинарг, язйинарг) – произведени язйинарг. Масала, Саракаев Хьамзат «Нихлара тIай» повестан автор ву, Юсупов Iазим «ДоттагIийн чхар» стихашкахь язйинчу повестан автор ву.

А́ВТОРАН БАКЪО *ю* – произведени авторан долахь хилар чIагIдаран а, кхечаран цунах пайдаэцаран хьелаш билгалдахаран а бух.

А́ВТОРАН ВАСТ *ду* – авторан къамелехула кхочушхуьлуш долу исбаьхьаллин васт. Исбаьхьаллин произведени тIехь автор дийцархо хилла ца Iаш, цу тIерачу хиламийн дарехь теш а волуш, дакъалоцуш велахь, оцу произведенехь авторан васт къаьсташ билгалдолу. Коьрта долчу декъана авторан къамелехула кхочушхуьлу и васт.

Прозаически произведенешкахь авторан (дийцархочун) къамел ду, персонажийн къамелах дозуш а доцуш. Оцу авторан къамелан башхаллашца (цуьнан лексикица, хIоттамца, интонацийца и.дI.кх.) гIеххьачул гучуйолу авторан ойла, цуьнан хьежамаш, шен персонажех а, ша гойтучух а цунна хеташдерг.

Драматургически произведенеш персонажийн къамелех лаьтташ ю, авторан къамел Iаламат кIезиг а долуш. Персонажех хаамаш баррий, сцена муха кечъян еза дийцаррий бен кхин авторан къамел хуьлуш а дац драматургически произведенешкахь.

Лирически произведенешкахь авторан синхаамаш билгалбовлу. Авторан васт къаьсташ билгалдолу дукха хьолахь лироэпически произведенешкахь, ккузахь авторан къамел хуьлу хьалхарчу дашехь а, тIаьхьарчу дашехь а, лирически юьстахвийларшкахь а. Мамакаев Iаьрбин «Нохчийн лаьмнашкахь» поэми тIехь, Эдилов Хасмохьмадан «Сийлаха» поэми тIехь, Мамакаев Мохьмадан, Арсанукаев Шайхин поэмаш тIехь къеггина гучудолу авторан васт. «Нохчийн лаьмнашкахь» поэмин хьалхара дош а, иза чекхъяьлча далийна тIаьхьара дош а авторера ду. Поэмин сюжетана юьстах а вуьйлуш, дахаран гIуллакхех лаьцна философски ойланаш

йо автора, поэмин турпалхошка шен йолу шовкъаш гучуйоху, даймехкан Іаламан хазаллех цецвуьйлу. Адамийн дахарх, доттагІаллех, безамах, валарх-висарх лаьцна ойланаш йо цо. Оцу дерригенца билгалдолу авторан васт.

А́ВТОРАН КЪАМЕЛ – *хь*. **Авторан васт.**

АВТОРИЗА́ЦИ *ю* – **авторизацеш** *ю*; **авторизацин, авторизацина, авторизацино, авторизацига** – кхечахьа кечйина йолу (куьйга схьаязйина, я зорбанехь арахецна, я кхечу матте яьккхина) шен произведенин текст автора, хьажа а хьаьжна, магаяр. ТІаккха и текст шеко йоцуш нийса лору. Ошаев Халида шен «Алун шераш» роман оьрсийн маттахь язйина, цуьнан нохчийн маттахь долу гочдар авторизаци йина дара.

А́ГАНАН ЙИШ – бер дижош локхуш йолу йиш. Массо а къаьмнийн фольклорехь ма-хиллара, нохчийн барта кхолларалле хь а ю аганан эшарш. Барта кхолларалли н уггар ширачу тайпанех цхьаъ ду аганан эшарш. Нанас жима бер дижош, ага тахкош, меллаша мукъам бо. Бер хьастаран кепехь, цунна марзо, аьхналла луш, тем беш, паргІат дека эшаран аз:

Дижалахь, жиманиг,
Мерзачу набарца,
ГІатталахь, жиманиг,
КІоргачу хьекъалца.

Мерза наб кхетийла
Жимачу кIорнийна.

Дижалахь, бабийниг.
Дижалахь, дадийниг,
Мерзачу набарца
Дижалахь, диканиг.

Тайпа-тайпана чулацам бу аганан эшарийн, амма церан коьрта Iалашо берана ненан безаман йовхо ялар ю.

АКАТАЛЕ́КТИКА *ю* – (гр. *а* – дацаран дакъалг, *catalego* – сацадо, чекхдоккху) – стихан могIа юьззина йолчу стопаца (стихан гIулчаца) чекхболуш хилар. Масала, хорейца язйинчу стихотворенин могIа хорейн гIулчаца (– V) чекхболуш хилар, могIанан тIаьххьара дешдакъа шена тIехь тохар доцуш хилар; дактильца язйинчу стихотворени могIа юьззинчу дактилан гIулчаца (–VV) чекхбалар, могIанан тIаьххьара ши дешдакъа тохарш доцуш хилар:

Хорейн барамехь язйинчу стихотворенехь акаталектикин масал:

Жимчохь дуьйна гIийла баьгна
– V / – V / – V / – V
Ирсан седа серлабуьйлу.
– V / – V / – V / – V

(Канташ. ПетIа*)*

Дактилан барамехь язйинчу стихотворенехь акаталектикин масал:

Геннара буьхьара ийалуш,
– VV / – VV / – VV
ТIекхийда къежделла ламанаш.
– VV / – VV / – VV
(Дакаев С. Беральле некъаш*)*

ХIокху масалшкахь стихан тIаьххьара стопа (стихан гIулч) шел хьалхарнаш санна юьззина ю: хорейниг шина дешдекъах лаьтташ ю, тIаьххьарчу дешдекъа тIехь тохар а доцуш; дактильниг кхаа дешдекъах лаьтташ ю, тIаьххьарчу шина дешдекъа тIехь тохар а доцуш. Ишттачу стихех акаталектически стихаш олуш хилла.

А́КРОСТИХ *ю* – **акростихаш** *ю*; **акростихан, акростихана, акростихо, акростихе** (гр. *akros* - йист, йистера; *stichos* - могIа, стих) - могIанийн хьалхара элпаш лакхара охьа дешча, цIе я муьлхха а дош, я дешнаш гучудовлу стихотворени. Дукха хьолахь автора цхьанна лерамбеш язйо акростих. Автора шен стихотворени леринчуьнан цIе хуьлу могIанийн элпаш лакхара охьа дешча, гучуериг.

Базбелла богIу сан шерийн мохь хIинца,
Ирхешна пебеттаъ Iама сан деза.
Лаац-кха, хIетте а, амал сайн хийца,
Къаналла тIеэца дац-кха дог реза.

И къардан, и къандан ницкъ бац, цундела,
Сан Седа, бІаьрг сирла, ког байн со лела,
Езаш кху Дуьненан, Адамийн Хазалла!

(Арсанукаев Ш. Акростих*)*

Билкъисе – доьшу вай оцу стихийн хьалхарчу элпашка лакхара охьа хьаьжча. Акростиханна ша язйинчу комментарихь авторо боху: «Билкъис Сулейма-пайхамар паччахь волчу заманахь ехаш хилла паччахь ю. Іаламат хьекъал долуш а, оьзда а, Іаламат хаза а и хиларна массанхьа гІараяьлла Билкъис. Сулейма-пайхамарна лиъна цо има дилла (Билкъис язычница хилла), амма Билкъисана ца лиъна шен деланаш дІатаса. Сулейма-пайхамаро тІамца кхерам тесча а, кхера ца луш, тІамна кечъелла и. Эххар а, Билкъисан хьекъаллий, оьздангаллий, хазаллий тоьлла, тІом ца хуьлуш, Билкъиса бертахь има а дуьллуш дІадирзина и дов.

Билкъисера схьадогІуш дуй-те вайна хьекъаллий, оьздангаллий, хазаллий езар? Къаьсттина адамийн хазалла?!»

Акростих хила тарло забар еш, я Іоттар еш язйина. Иштта ю Арсанукаев Шайхин «Эвсаре яздархо»:

Масех том хиллал ахь кехаташ къарздина,
Уггаре эвсаре яздархо хьох хилла.
Заманан йохаллехь кхин а ахь яздийр ду,
Амма, хьайн хан йойуш, дешнаш ахь хоьржур дац.
Ерриге маса том хьан хир ю хууш дац,
Вуон ду-кх цхьаъ: Дукхалла Дикалле йоьрзуш яц!

Коьрте «Акростих» яздой, билгалйоху авторша и тайпана стихотворенеш. Амма и ца яздеш а нисло, тIаккха иза акростих хилар йоьшучарна мацца а тIаьхьа бен билгал ца долуш а дуьсу, тидам а ца хуьлий.

Акростихехь цхьа дош хилла ца Iаш, масех дош билгалдоккхуш а нисло. Лахахь вай ялош йолу стихотворени автора акростих ю аьлла, билгал ца йина, амма ккхузахь 4 цIе гучуйолу.

Аганан мукъамийн эшарехь
Дахарна лийсина амал
Ас хуьйцур яц-кха хьан эшарех,
МоттаргIа толийна зама.

Рузманан кхелашка даьккхича,
Орам хьан бехке хиллера.
Зурмано къамкъаргаш якхйича,
Амалш а хьан цхьалхаевр ю.

Хьаналчу тойнашкахь тоба деш,
Ангали санна, уьш зуьйр ю.
Верасах тIаьхьенан доладеш,
Ас лайна оьмарийн уьйр ю.

БIешерийн ткъолгIачу эшарехь
Ехар ю цу уьйран амал.
Ринжанехь йолийнчу эшарехь
Сох дагаюьйлу кхин зама.

(Ахматукаев А.)

Хьокху акростихан хIора строфан могIанийн хьалхарчу элпашца цIерш ю: хьалхарниг – Адам, шолгIаниг – Роза, кхоалгIаниг – Хьава, йоьалгIаниг – Берс.

Дуьххьара акростих язйинарг лору хIинцачул 25 бIе шо хьалха Сицилехь ваьхна грекийн поэт, драматург Эпихарм. ХIетахь дуьйна схьа хIинццалц дуьненан литературашкахь ю акростих. Авторан говзаллех ду, могIанийн хьалхара элпаш билгалчу дешнашка дерзорхьама, лол тухуш тIеозийча санна, язйина йоцуш, акростих юьззина исбаьхьаллин произведени хилийтар.

МогIанийн хьалхарчу элпашца дешнаш билгалдахарал совнаха акростихан кхин кепаш а ю, МогIанан юккъерчу элпашца я тIаьххьарчу элпашца дешнаш нисдеш а. МогIанаш чекхдовлуш тIаьххьарчу элпашца дош далийначу стихотворенех телестих олу, могIанийн юккъерчу элпашца дош далийна хилча месостих олу.

АКТ *ю* **- акташ** *ю*; **актан, актана, акто, акте** (лат. *actus* – ардар) – драматически произведенин дакъа. Хамидов Iабдул-Хьамидан «Совдаттий, Дауддий» пьеса кхаа актах лаьтташ ю, хIор актехь шишша сурт а долуш.

А́ЛАРШ *ду* - нохчийн барта кхолларалле хь кегийра (дукха хьолахь масех дашах лаьтташ) дийцарш. Царах цхьадерш гIеххьачу барамехь даккхий ду, важдерш доцца, масех дашах лаьтташ ду. Масала,

Іалхан-Юрт герггарчу хьесапехь хІинцачул 250 – 300 бІе шо хьалха Іалхас йиллина ю. И юрт йилла ша дуьх-хьара хьокха тухуш, Іалхас аьлла боху: «Яхь йолу кІентий, ма́са дой, хаза мехкарий ма эшабойла кху юьртахь». И санна долу дийцарш кхечу яртех лаьцна а ду.

АЛЛЕ́ГОРИ *ю* (гр. *allos* – кхин, *agoreuo* – олу) – кхидерг алар. Исбаьхьаллин произведенин юкъара маьІна билггал долу васт кхолларца, къеггина гушдолчу хІуманехула гучудаккхар. Къаьсттина билгалйолу аллегори туьйранашкахь, туьйра-кицанашкахь. Кхузахь дукхахьолахь адамийн амалш дийнатийн, акхаройн васташкахула билгалйоху: сай – оьздангалла, зингат – къинхьегам, ча – ницкъ, ондалла, цхьогал – хІилла, пхьагал – стешхалла гойтуш хуьлу.

Лоьмана тІехьаяьлла йоьдура пхьагал:
«Ма дада, бохий ас-м, кІиллошха кІиллу!
Цхьажимма канн тесна дуьтур хьо, пекъар…» –
Вукхунна-м дагчохь ю, дагчохь ю алу.

Чанна а тІаьхьаяьлла йоьдура пхьагал:
«Ма яда, бохий ас-м, хІай, маса гаур!»…
Важа-м дІайоьдуш ю, йоьдуш ю, пекъар:
Пхьагалан ира церг мичахь ю лалур.

Барзана тІаьхьаяьлла йоьдура пхьагал:
«Ас болх ер хьан! – бохуш – Ас болх ер эццахь!» –
Важа-м дІайоьдура са дадош, пекъар:
Минот яц пхьагало цІока дІаэца.

Цхьогална тІаьхьяьлла йоьдура пхьагал:
«Э-э-э, гаур-мекарниг!.. Ас дуьйр хьо, лоцуш!»
Важа-м дІадоьдура… Пекъар и, пекъар! –
Цхьогалан мерза са дац духкуш, оьцуш!

Къематде лаьттара, и хьаннаш тийжош,
Акхарой, са метта дахка ца ларош,
Дерачу пхьагало оьгІазе чехош,
Довла а, лачкъа а меттиг ца карош.

Самаяьлча… – вайн пхьагал йижна хиллера, –
Кхерамо шелдина гІорийна пхенаш,
Церг цергах ца кхеташ, цо дош аьллера:
«М-ма г-го ш-ш-шу гІ-гІенах а цхьадолу гІенаш!»
(Гацаев С. Пхьагал*)*

Яздархойн цхьайолчу произведенешкахь адамийн персонажаш а хуьлу шайн цІершца а аллегори йолуш: Хамидов Іабдул-Хьамидан «Бож-Іела» комеди тІера Сутарби, Бадуев СаьІидан комеди тІера ЦаІеба.

Ма-дарра аьлча, муьлхха а бакъйолу исбаьхьаллин произведени аллегори ю. Масала, Мамакаев Мохьмада шен «Зеламха» роман, Гайсултанов Іумара шен «Александр Чеченский» повесть Зеламхин, Чеченскийн дахар, церан хьуьнарш гайтархьама язйина ма ца Іа. Яздархочо заманах, хиламех, адамах лаьцна йолу шен ойланаш, шена хеташ дерг, шен хьежамаш йоьшуш волчунна бовзийтархьама, цуьнга дІакхачорхьама язъеш ю исбаьхьаллин произведени. Гойтуш дерг хІуъа делахь а, гучудолуш дерг авторан дуьненехьежар ду.

Шуьйрачу маьІнехь исбаьхьаллин литература а, ерриге искусство а аллегори ю ала тарлуш ду.

АЛЛИТЕРА́ЦИ *ю* – **аллитерацеш** *ю*; **аллитерацин**, **аллитерацина, аллитерацино, аллитерацига** (лат. *ad* – юххе, цуьнца, *littera* – элп) – стихашкахь, наггахь прозехь а, дешнийн декар къасторхьама цхьа мукъаза аз я цхьатера долу мукъаза аьзнаш юх-юха а далор. Аллитерацино дешнаш я могІанаш текстехь къастадо, церан декаран ницкъ сабоккхуш:

Арен тІе ваьлла ахь
Шега бІаьрг тоьхча,
Шена тІеийзавеш,
хьийзаво цо.
Гена мел валарах
Гуш лаьтта суна
ЛегІинчу регІара
зоьртала поп.

(Гадаев М. РегІара поп*)*

Гадаев Мохьмадан стихотворени тІера далийнчу оцу могІанашкахь шинхьа ю аллитераци: «Шена тІеийзавеш хьийзаво цо», «Ле**гІ**инчу ре**гІ**ара зоьртала поп». Хьалхарчу стихехь **з**, шолгІачу стихехь **гІ** аьзнаш юха-юха аларца кхоьллина аллитераци.

Кхин цхьа масал а:

Суна го Іаламан хьоь болчу безаман хьаьркаш,
Лечкъадо масалш а, сайх хуьлуш ца ваьлла къу:

БІаьлланга **бІ**араша **б**иллина **б**оьмаша **бІ**аьргаш
Хьайчеран сийначу айманийн йийсарехь бу.
(Юсупов Іилман. Аьхкенан этюд*)*

Нохчийн барта кхолларалли произведенешкахь а хуьлу аллитераци, масала, «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли» тІера цхьа могІа:

Чо **ч**ехка **ч**ола куй бІаьштиг тІе теІабеш.

АЛЛОНИМ *ю – хь*. **Псевдоним**.

АЛЛЮ́ЗИ *ю* – **аллюзеш** *ю*; **аллюзин, аллюзина, аллюзино, аллюзига** (лат. *allusio* – забар, хІума къадор) – исбаьхьаллин литературехь массарна хууш ду аьлла, хеташ долу хІума (исторически хилам, турпалхо, литературин произведени, персонаж и. дІ. кх.) хьахор.

Ла хала ю хьуна
Кху гІалин хІусамаш,
Тем боцчохь тем лоьху
И денош, буьйсанаш.

Ла хала ду хьуна
Цу кІиллойн дар-дацар,
Ла хала ду хьуна
Несашха мотт кхабар.

ЦІий самадаьллачу,
Амал са аьрхачу,
Хьан куьйго сагатдо
Цу шаьлтан макъарна.

Хьан бIаьрго сагатдо
Мажар топ ва леца.
Да вала, да вала,
Цу эла Мусоста.

ТIехь йоцу ва ясакх
Йоьхуш ю ва аьлла,
Хьан нене хьо веха
Баккхий нах белара,

Вехча хьо дIаваллал
Хьан нана елара;
Ткъа нанас дIавелча,
БIокъажор ва доцуш,

Цу эла Мусостан
Тойх тезет ва дина,
И жима кIайн нускал
Хьайн керта хьийзийттал
Хьо къонах велара,
Да вала, хьан делаI!

(Цуруев Ш.)

«Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу Элла Мусостан, Адин Сурхон илли» сюжетера хилам хьахийна авторо стихотворенехь, шен лирически турпалхочун васт кхуллуш.

АЛОГИ́ЗМ *ю* – **алогизмаш** *ю*; **алогизман, алогизмана, алогизмо, алогизме** (гр. *a* – дацаран дакъалг, *logismos* – хьекъал, кхетам) – вайн кхетамехь цхьаьна ца догIуш долу хIуманаш произведени тIехь далор.

Туьйра, туьйра дахна боху,
Лекхачу гаьн тIе хиина боху,
БIаьргаш боччунна гина боху,
Куьйгаш доччо лаьцна боху,
Когаш боччо эккхийна боху,
Бага йоччо кхаьллина боху.

(Н.Ф.)

Дукха хьолахь забаръеш ялайо алогизм. Барта кхолларалле хь хIетал-металш ду алогизман кепехь кхоьллина: ХIетал-метал хаийла хьуна: цхьана черми чохь шина басахь хи? ХIетал-метал хаийла хьуна: стиглара тIай тIе йоьжча, ца юху, тIай тIера хи чу йоьжча, юху?

Исбаьхьаллин произведенин цIе а хуьлу шеца алогизм йолуш. Масала, Сулаев Мохьмадан «Лаьмнаша ца диццо» романан декъан цIе «Iаьржа ло».

АЛФАВИ́Т *ю – хь*. **Абат**[1]

АЛЬМАНА́Х *ю* – **альманахаш** *ю*; **альманахан, альманахана, альманахо, альманахе** (Iаьрб. аль манах – меттамотт, хенан хIоттам) – яздархойн произведенеш (дукха хьолахь къоначу яздархойн произведенеш) зорбатухуш арайолу литературин сборник.

Дуьххьара (средневековье хенахь) альманах олуш хилла Iаьрбашкара схьаэцна астрономих, географих хаамаш, таблицаш тIехь йолчу сборниках, календарах. ТIаьхьо историх болу хаамаш, тайп-тайпана кегий хабарш, стихотворенеш тIетоха йолийна альманахашна.

Литературин альманах дуьххьара арадаьлла лору Францехь 1764 шарахь.Дуьххьарлера оьрсийн литературин альманах арадаьлла 1771 шарахь Петербургехь «Российский Парнас» цIе а йолуш. Нохчийн литературин сборникаш (альманах, журнал) арайийлина 1932 шарахь «Латта», 1933 шарахь «Итт бIаьсте», 1934 шарахь «Кхиам», кхиерш а.

Нохчийн Республикин яздархойн Союзо 1958 – 1994 шерашкахь арахоьцуш дара литератрурно-исбаьхьаллин, юкъараллин-политическин альманах «Орга» (хIинца журнал).

АМПЛИФИКА́ЦИ *ю* – **амплификацеш** *ю*; **амплификацин, амплификацина, амплификацино, амплификацига** (лат. *amplificatio* – шордар) – цхьаьнатайпанара долу дешнаш я шайн грамматически хIоттамца цхьатера йолу предложенеш поэтически къамелан исбаьхьаллин синIаткъам сабаккхархьама юх-юха а ялор:

Тийналла –
и еса пхьегIа –
бIе эзар дуьненан гIовгIано:
веларо, велхаро,
эшаро, хабаро,
шакаро, шабаро… –
и хьалаюзу.

(Абдулаев Л. Тийналла…*)*

Кхузахь амплификаци предложенин цхьаьнатайпанара меженаш ларалучу къаьстинчу дешнех

лаьтташ ю: веларо, велхаро, эшаро, хабаро, шакаро, шабаро.

Исбаьхьаллица кхоьллина ю цхьаьнатайпанар предложенех лаьтташ йолу хIара амплификаци а:

КIорга ду боху ахь Нохчийчохь Iаьмнаш,
Лекха ду боху ахь Нохчийчохь лаьмнаш,
Мерза ду боху ахь лулахойн кхаьънаш,
Шорта бу боху ахь хьо йовза хьаьгнарш.
(Бисултанов А. Шовданна IиндагI…*)*

Ерриге исбаьхьаллин произведени а хила тарло амплификацеш тIехь кхоьллина. Иштачарах ю хIара стихотворени. Кхузахь амплификаци яккхийчу граматически конструкцех лаьтташ ю:

Ас хьоьга балхор бу
Мацца а кху хенан бала,
Ас хьуна оьхьур ю
Сайн дагна мел хилла чевнаш,
Ас хьуна дуьйцур ду
Йохорах вайшинна гIала,
Хаддаза диллина
Латтарх махкахойн кевнаш.

Со хьуна воьлхур ву
Деган хиш бIаьргашха Iенош,
Ахь динчу дозаллин
Бух хадар далхадеш хьуна:
Ахь тхуна лардинчу
Iадатийн жовхIарш а эгош,

Доьналлех дохарх тхо
Ас, тийжаш, дуьйцур ду хьуна.

Ас хьуна достур ду
Къизаллех болх бинчийн васташ,
Ас хьуна гойтур ду
Чалтачийн хьуьнаре хьийзар,
Ас хьоьца доькъур ду
Хеназа гергарчийн къастарш,
Доьзалех баьхначу
Вайн наной вовшашна тийжар.

Ас кийрахь хуьдийна
Вайн махкахь мел хилла бохам,
И дерриг гулдина
ДІакхачо эхартахь сайца:
Гечделахь суна ахь –
Ца бисна кхин хьуна гайта
Кху лаьттахь дикано
Вонна тІехь баькхина толам.

(Халидов А. Юха а дега*.)*

АМФИБРА́ХИ*ю* – **амфибрахеш***ю*; **амфибрахин, амфибрахина, амфибрахино, амфибрахига** (гр. **amp-fibrachus** – шина а агІора доцаниг) – шолгІачу дешдекъа тІехь тохар а долуш, кхаа дешдекъах лаьтташ стихан гІулч йолу стихан барам. Амфибрахи барамехь язйинчу стихийн къастамаш бу шолгІачуй, пхоьалгІачуй, борхІалгІачуй, цхьайтталгІачуй цу рожехь кхидІа а долчу дешдакъош тІехь тохар хилар.

Амфибрахин схема иштта ю: V–V V–V V–V V–V

АНАГРА́ММА *ю* **– анаграммаш** *ю*; **анаграммин, анаграммина, анаграммо, анаграмме** (гр. *ana* – кхечухьа, дехьа, *gramma* – элп) – дашехь элпаш хийцина кхечухьа а даьхна, керла дош кхоллар (лан – нал, Терк – керт, воI – Iов, хедар – дехар, сийна – нийса). Арсанов СаьIид-Бейн «РИК-ан председатель» цIе йолчу биографически дийцаран коьртачу турпалхочун цIе Диас ю. Иза анаграмма ю (Саид – Диас), яздархочо шен цIеран элпаш хийцарца кхоьллина, альча а дош юханехьа дешарца кхоьллина.

АНАДИ́ПЛОСИС *ю* (гр. *anadiplosis* – шалха) – стихотворенехь цхьана могIанан чаккхенехь долу дош я дешнаш цунна тIаьхьа богIу могIа болабеш юха а далор:

Хьо самабаха ю –
Тхо кIентийн алунаш.
Бер бац хьо Iиллина
Iиллина биллина.
(Абдулаев Л. Нохчийн мотт*)*

Кхин цхьа масал а:

Ерзина цIенна
ХIоьтти гуьйре,
Гуьйре хIоьтти
Кхоьлина,
Мацах хилла
Безам санна,
Цхьа шелъелла,
Геннара.
(Тепсаркаев Ю. Ерзина цIенна*)*

АНА́КРУСА (*ана́круза*) *ю* – **анакрусаш** *ю*; **анакрусан, анакрусана, анакрусо, анакрусе** (гр. *anacrousIs* – дIататтадалар) – стихан барамашкахь тохар долчу дешдекъана хьалха лаьтта тохар доцу дешдакъа.

Ямбан (V –), амфибрахин (V – V) барамашкахь анакруса цхьана дешдекъах лаьтташ ю, анапестан (VV –) барамехь шина дешдекъах лаьтташ ю. Хорейн (– V), дактилан (– – V) барамашкахь анакруса ян а яц: тохар долчу дешдакъошца дIайолалуш ю оцу шина барамехь йолу стихаш.

Анакруса олу билггалйолчу стихан гIулчана хьалха тохар доцу совнаха дешдакъа нисделча а. Масала, дактилан гIулчана хьалха тохар доцу дещдакъа хилча.

АНАНИМ *ю – хь.* **Псевдоним.**

АНА́ПЕСТ *ю* – **анапесташ** *ю*; **анапестан, анапестана, анапесто, анапесте** (гр. *anapaistos* – юханехьа тохар, юханехьа дактиль) – кхоалгIачу дешдекъа тIехь тохар а долуш, кхаа дешдекъах лаьтташ стихан гIулч йолу барам. Анапестан барамехь язйинчу стихийн билгало ю кхоалгIачуй, ялхалгIачуй, уьссалгIачуй, шийтталгIачуй, цу рожехь кхидIа а долчу дешдакъош тIехь тохар хилар.

Анапестан схема: – – V – – V – – V – – V

АНА́ФОРА *ю* (гр. *anaphora* – лакха дахьар) – дош, я дешнийн цхьаьнакхетарш, я цхьатера синтаксически

конструкци, я цхьатера аьзнаш масех стих, я масех строфа йолаеш юх-юха далор:

Ца оьшу дог доцу дикалла,
Ца оьшу шовкъ йоцу илли –
Ца эшахь ницкъ ца беш дитал и,
Ца кІамдеш шен меттахь Іилла.

(Дакаев С.)

Кхузахь «ца оьшу» боху дешнаш юхxерчу стихашкахь юха-юха далорца кхоллаелла анафора ю. Кхечу кепара анафора ю Гацаев СаьІидан «Ахь эли, безамна безам бу, аьлла…» стихотворенехь:

Ахь эли, безамна безам бу, аьлла,
Ховхачу бІаьргашца нуьре цІе кхарстош.
Собарде, хьайн делхьа, сан дог ма лелла,
Цу дешан хазалло хьан ойла къастош.

Ахь боху, марзонна марзо ю шорта,
БІаьстенан озах хьайн чоме аз тардеш,
Собарде, хьайн делхьа, гІоза дош лардеш,
Шайоллу хьайн марзо сан кийра йотта.

Ахь чІагІди, йовхонна йовхо ю, аьлла,
Суьйренан эшарах дегнашка лешаш.
Собарде, хьайн делхьа, кийра цІе яьлла,
И яйа ца эшарх хьо хьуо ю тешаш.

Ахь теший, харцонна бекхам бу, аьлла,
Нахехьчул хьайгахь сов массо а ханна.

Собарде, хьайн делхьа, бекхам бай яла
Сан деган харцонна, хьо езаш гарна.

ХIара ерриге стихотворени ю анафорех пайдаоьцуш язйина. Кхузахь шина тайпана анафора ю. Дешнийн цхьаьнакхетар «Собарде, хьайн делхьа» хIор строфан кхоалгIа стих дIайолаеш юх-юха далийна – иза дешнийн цхьаьнакхетарш ма-дарра юх-юха далийна анафора ю. Цул совнаха синтаксически хIоттам цхьаъ болчу стихаца йолийна ю хIокху стихотворенехь хIор строфа:

«Ахь эли, безамна безам бу, аьлла»
«Ахь боху, марзонна марзо ю шорта»
«Ахь чIагIди, йовхонна йовхо ю, аьлла»
«Ахь теший, харцонна бекхам бу,аьлла»

Иза синтаксически анафора ю.

Прозаически произведенешкахь а пайдаоьцу анафорех.

АНАХРОНИ́ЗМ *ю* – **анахронизмаш** *ю*; **анахронизман, анахронизмана, анахронизмо, анахронизме** (гр. *ana* – ирх хьаьла, дуьхьал, *chronos* – зама) – исбаьхьаллин произведени тIехь дIаяхна зама гайтарехь нислуш долу тайп-тайпана нийсадацарш. Хьалхалерчу заманах лаьцна дуьйцуш, цу хенахь ца хилла долу, хила йиш йоцуш долу хIума юкъадалор. И саннадерг авторан тидам боцуш а нисло я ша гойтуш долу хьелаш цунна кхоччуш ца довзарна а нисло. Амма цкъацкъа авторо ша вехачу хенахь долу хIума хьалхалерчу замане

дIа а хьой, цигахь долуш санна а гойту, оцу хенаца иза ца догIийла шена хуъушехь. ТIаккха иза яздархочун Iалашонца доьзна хуьлу.

АНЕКДО́Т *ду* – **анекдоташ** *ду*; **анекдотан, анекдотана, анекдото, анекдоте** (гр. *anekdotos* – зорбатохаза) – забаречу, беламечу хIуманах лаьцна доцца барта дийцар. Тайп-тайпанан чулацам а болуш, цхьа цIеххьана, ца моьттучу маьIница доьрзуш хуьлу анекдоташ. Дукха хьолахь анекдоташ гIалин фольклорехь даьржина ду.

Дуьххьара анекдоташ аьлла, билгалдина VI бIешарахь византийски историко Прокопийс император Юстинианан дахарх лаьцна яздина «Тайная история» цIе йолу сатирически йозанаш. Дикка цул тIаьхьа йолчу хенашкахь а анекдоташ олуш хилла ирачу, забаречу дийцарех. Коьрта долчу декъана политически чулацам болуш хилла уьш.

Исбаьхьаллин литературехь жима дийцар я произведени юккъехь цхьа эпизод нисло шеца анекдотан билгалонаш йолуш, масала, Хамидов Iабдул-Хьамидан «Хингал» цIе йолу дийцар.

АНЖАНБЕМА́Н *ю*, *Enjambement* (фр. *eniambement* – дехьадаккхар) – стихотворенехь синтаксически цхьаалла йолчу фразин дакъа цхьана могIанера вукху могIане даккхар. МогIа чекхболуш хуьлуш йолу ритмически соцунгIа, маьIнин соцунгIица цхьаьна йогIуш ца хиларца дозаделла хуьлу и дехьадаккхар. Стихотворенин могIанан интонаци чекхъялаза юьсу:

Буьйсано ийзайо шен Іаьржа аса,
Лаьмнашкахь тийналла меттах ца хьов.
Стигланийн паналлехь цхьа седа, маса
ДІабодий, цІеххьана бодашкахь бов.

(Дакаев С.)

Кхузахь стихотворенин кхоалгІа могІа («Стигланийн паналлехь цхьа седа, маса») шен интонацица чекхбаьлла бац, цуьнан дакъа «дІабодий» кхечу могани дехьадаьккхина.

Анжанбеман масех тайпана хуьлу:

Хьалхара могІа берриге а дІалоцуш йолу фраза шолгІа могІа болалуш чекхйолу:

Тховссехьа дан дезарг къасто
Деза вай, …

(Арсанукаев Ш. Харачойн Зеламха*)*

Хьалхара могІа чекхболуш йолаелла фраза шолгІа могІа берриге а дІалоцуш хуьлу:

… Гора
БІаьргаш чохь сов боккха бала.

(Арсанукаев Ш. Харачойн Зеламха*)*

Хьалхара могІа чекхболуш йолаелла фраза шолгІа могІа болалуш чекхйолу:

– и охашимма
Кечйийр ю …

(Арсанукаев Ш. Харачойн Зеламха*)*

Наггахь нисло дешдакъа дехьа доккхуш кхоьллина анжанбеман а:

Тешна
Теш а
Іеха-
Вина,
Дош ха-
Ош ду
Нехан
Дина.
Динахь
Мел ду,
Ду и дош…
Амма
Нехан
Динара
Іужа
Верг а
Воссаво,
Дашах
Воьхча, –
Хоттала.

(Ахматукаев А.)

АННА́ЛЫ *ю* (лат. *annus* – шо, *annalis* – шеран) – хьалхалерчу римлянаша хІора шарахь дІаязбина исторически хиламаш. Оьрсийн – летопись, нохчийн – тептарш.

АННОТА́ЦИ *ю* – **аннотацеш** *ю*; **аннотацин, аннотацина, аннотацино, аннотацига** (лат. *annotatio* – билгалдаккхар) – произведенин боцца чулацам гойтуш

яздинарг. Язъяран Іалашоне хьаьжжина аннотаци тІехь произведенин мехалалла билгалъяккха а тарло, цуьнан авторах лаьцна хаамаш бала а тарло.

АНОНИ́М *ву, ю* – **анонимаш** *бу*; **аноним**ан, **анонимана, анонимо, анониме** (гр. *annonymos* – цІе йоцуш) – шен цІе я псевдоним ца язъеш произведени арахецна волу автор.

Аноним олу авторан цІе а я арахецначуьнан цІе а йоцуш зорбанехь араяьллачу произведених а.

АНТИТЕ́ЗА *ю* – **антитезаш** *ю*; **антитезин, антитезина, антитезо, антитезига** (гр. *antithesis* – дуьхь-дуьхьалниг) – исбаьхьаллин произведенехь дуьхь-дуьхьал маьІна долу хІуманаш цхьаьнадалорца къеггина долу васт кхоллар.

АНТИФРА́З(ИС) *ю* – дош шена дуьхьал долчу маьІнехь далор. Дукха хьолахь цадашаран, беламе даккхаран маьІна хуьлу цуьнан.

Доьзалехь бийцар а дастам а хеташ,
Хьо винчу ненан мотт дІатесна ахь.
«Сов къен бу дешнашна, бац атта кхеташ!» –
Бохуш, и сийсазбан ца хета эхь.

ЛадогІа цкъа соьга, «хьекъале корта»,
ЛадогІа, яккхий дІа лергара потт:
Йист йоцу хІорд санна, бу хьуна шорта
Ша хууш волчунна вай нохчийн мотт.

(Арсанукаев Ш. Ненан мотт*)*

Кхузахь сонта, хьекъална кIезга боху маьIна ду «хьекъале корта» бохачу дешнийн.

АНТОЛО́ГИ *ю* – **антологеш** *ю*; **антологин**, **антологина, антологино, антологига** (гр. anthos – зезаг, lego – гулдо) – тайп-тайпанчу авторийн хаьржинчу исбахьаллин произведенех лаьтта сборник. Дуьненахь а дуьхьарлера антологи лоруш ю герггарчу хьесапехь 2100 шо хьалха ваьхначу грекийн поэто Мелеагра хIоттийна йолу «Греческая антология». Оьрсийн поэзехь дуьххьара 1839 шарахь араяьлла «Розовый букет, составленный из лучших цветов русской поэзии» цIе йолу антологи.

Нохчийн поэзин масех антологи араяьлла. Мехала яра 1959 шарахь Москвахь зорбатоьхна М. Мамакаевс, Н. Асановс хIоттийна «Поэзия Чечено-Ингушетии» антологи. ТIаьххьара араяьллачарах ю (2003 ш.) Канташа хIоттийна йолу нохчийн поэзин антологи. Пятигорскехь 2003 шарахь арахецна 5 томехь кечъеш йолчу «Антология литературы народов Северного Кавказа» книгин хьалхара том. Цу тIехь нохчийн поэтийн произведенеш а ю.

АНТО́НИМАШ *ю* (гр. *anti* – дуьхьал, *onoma* – цIе) – вовшашна дуьхьал маьIна долу дешнаш: серло – бода, йовхо – шело, хи – цIе, стигал – латта, яхь – хьагI.

АНТРА́КТ *ю* – **антракташ** ***ю*; антрактан, антрактана, антракто, антракте** (фр. *entre* – юккъехь,

acte – ардар) – драматургически произведенин, спектаклан дакъошна юккъера соцунгIа, садаIар.

АПОСТРО́ФА *ю* (гр. *apostrophos* – юьстахдалар) – чохь са доччу хIумане, адаме санна, вистхиларан кепехь кхоьллинчу тIедерзарх лаьтташ болу поэтически къамелан карчам:

ХIей, тулгIенаш,
Шу ма хьаьвдда йоьлху!
(Сулаев М. ХIей, тулгIенаш!*)*

Шеца воччу стаге, иза юххехь волуш санна, вистхиларан кепехь кхоьллинчу поэтически тIедерзарх лаьтташ а хуьлу апострофа:

Ахь цхьалха витичахьана,
Сан собар кхачийна, нана,
Ахь дуьне дитичахьана,
Сан бала базбелла нана.
Со воьдуш цкъа тIаьхьа яла
Йоцуш ю хьо хIинца, нана,
ЦIа вогIуш дуьхьала яла,
Ца хили хьо суна, нана.
Ца хили хьо суна, нана,
ГIелвелчахь, «кIадвеллий», ала,
Ца хили хьо суна, нана –
ЦIавеъчахь, «марша ва» – ала.
Ца хили хьо суна елха,
Ца хили хьо суна ела,
Ца хили хьох къа а хетта,

Цкъа суна дуьненах кхера.
Ткъа хIинца-м тIейогIу Iуьйре,
Цхьа а вац сан тIаьхьа вала.
Ткъа хIинца-м тIейогIу суьйре –
Хьо а яц дуьхьала яла.
Мел еса, тийна ю Iуьйре,
Ахь сама ца воккху со,
Мел гIийла, къиза ю суьйре.
ЦIа веъча, бухахь яц хьо.
ХIетте а воьду со, вогIу –
Мацаха хьо йолуш санна,
ДIавоьдуш хьо тIаьхьа йолу,
ЦIавогIуш дуьхьала йолу,
«Некъ дика…», «…марша ва» олу,
ЦIа кхаьччахь «кIадвеллий» олу,
ХIинца а хьо тIаьхьа йолу,
ХIинца а дуьхьала йолу…
…Хьо йоцуш висичахьана,
Туьйранех теша со, нана,
Ахь дуьне дитичахьана,
ГIенех а хьоьгу со, нана…

(Шамсудинов Б.)

А́РДАМЕ СЮЖЕТ - исбаьхьаллин произведени тIехь кхочушхуьлучу хиламех, турпалхоша кхочушдечу гIуллакхех лаьтташ йолу сюжет. Эпический, драматургический произведенешкахь хуьлу ардаме сюжет. Къеггинчу хиламех, билгалйолчу персонажаша кхочушдечу гIуллакхех (шайн дIадолор а, кхиар а, дерзар а долуш) лаьтташ ю, масала, Бадуев СаьIидан «ЦIеран арц», «Бешто» повесташ, Сулаев Мохьмадан

«Лаьмнашна ца дицло» роман, Хамидов Іабдул-Хьамидан «Лийрбоцурш» драма. Ардаме сюжеташ ю оцу произведенийн.

А́РСИС *ю* (гр. *arsis* – айар, лакхадаккхар) – стихан гІулчан деха (чІогІа) олуш долу дакъа. Масала, дактилан хьалхара дакъа.

А́РХЕО́ГРАФ *ву, ю* (гр. *archaios* – шира, *grapho* – яздо) – хьалхалера йозанан памятникаш гулъеш, толлуш, уьш зорбанехь арахеца кечъеш волу говзанча.

А́РХЕОГРА́ФИ *ю* (гр. *archaios* – шира, *grapho* – яздо) – хьалхалера йозанан памятникаш гулъеш, толлуш, уьш арахецаран хьелаш къастош, зорбане кечъяр кхочушдеш йолу Іилманан дисциплина.

А́РХАИЗМ *ю* – архаизмаш ю; архаизман, архаизмана, архаизмо, архаизме (гр. *archaios* – шира) – хІинца лелаш доцу, маттана юккъера дІадаьлла, ширделла дош. Масала: баттам – жима кІудал, бекх – кетар, буьйр – приказ, валти – аганан жима гоь, гирда – 12 кг чуйоьду кхаба, мазал – 24 кг чуйоьду кхаба, гаьзло – аьрро куьйга гІуллакх дийриг, зебар – лейка, кІай – тІам, шокъали – даьндарг, хІоъ, чайтаІ – чен кІорни. Исбаьхьаллин произведенешкахь (поэзехь а, прозехь а) архаизмех пайдаоьцу тайп-тайпана Іалашонашца. Яздархоша архаизмаш ялайо персонажийн васташ кхуллуш а, хьалхалерчу хенан битамаш хІиттош а.

Тааза, товза,
Маарта, матр,
Кхета, дIабов цкъа
ДжIайрахан малх
……
Го мохаюьллу
Аьрзу, некъ – галц,
Чухчари, къулла;
Тур, кIудал гац.

Сан жилIаламат –
ДжIайрахан кхаш.
Ма тоьйла лаьмнийн
Хьерийн кIаркIарш.
(Супаев Р. ДжIайрах*)*

IалаМ сурт а хIоттош, хьалхалерчу дахаран мелла а битамаш кхоьллинчу оцу стихотворени тIехь архаизмаш ю: тааза – малхбале, товза – малхбузе, маарта – малх схьакхетар, матр – малх чубузар, къулла – шовда, хьоста.

АСИНДЕТО́Н *ю* (гр. *asyndeton* – хоттаза) – *хь*. **Хуттургаш цахилар.**

АССОНА́НС *ю* – **ассонансаш** *ю*; **ассонансан, ассонансана, ассонансо, ассонансе** (лат. *assonare* – цхьаьнадогIуш декар) – стихашкахь цхьа мукъа аз я цхьатера долу мукъа аьзнаш юха-юха а далор: «Ш**ий**ла дарцхь**ий**зорца Мох цI**ий**за корехь» (Айсханов Ш.). «**Е**зий техьа в**е**зачунна **е́**лалий **е**лха» (Эдилов Х.). Ассонанс олу

мукъа аьзнаш цхьатера а долуш, мукъазнаш къаьсташ долчу нийсайоцчу рифмех а: (Іаьмнаш – таьллаш, кхаьънаш – хьаьгнарш, Іаьнарлахь - Іамалахь).

АСТЕЙЗМ *ю* (гр. *asteios* – ира алар, забар) – исбаьхьаллин произведенехь хІума беламе даккхаран стилистически прием: диканиг аларца ледарло билгалъяккхар я вониг аларца дикалла балгалъяккхар. Масала, «Дог майра Юнус» илли тІехь:

Харцахьай, бакъахьай ши чІама ша боьжна,
Селхана туьйсина жамбалт ворданах доьллина,
Ворданан милко «къарс» аьлча, «я АллахІ!» бохуш,
Старо «кхахь» ва аьлча, – бехийла хьо бохуш,
ІандагІийн аннаш тІе ша аркъал ва ваьлла,
Дечиге ваха велир, тов, дог майра Юнус.
Цу хьуьн чу гІорта барзаха ца ваьхьна,
Варшашкахь ша сецна, сема ла ва доьгІна.
Говран пІендарш санна, долу и даккхий гараш,
Сихонца лахьийна, вордан тІе доьттина,
Мокхазар берд санна, и ворда къевлина,
Вордан тІе хиъча – охьакхетарна кхоьруш,
Юххе хІоьттича – тІехарцарна кхоьруш,
ТІехьа хІоьттича – барзо вахьарна кхоьруш,
Стеран юьхь лаьцча – маІа Іоттарна кхоьруш,
Хьакхин херси санна, болу и къорза бІаьргаш,
Вордан чІургаш санна, ша цІехьа керчабеш,
Веана цІа кхечир, тов, дог майра Юнус.

Иштта волчу Юнусан амалех лаьцна кхидІа боху илли тІехь:

Ломахь лоьман ва санна, цIе йолу Юнус,
Гила берзан санна, ка долу ва Юнус,
Ирзешкахь лелаш кхиъна сира сай санна,
Оьзда кхиъна, там болу, дог майра Юнус,
Хьан самукъадаккха нийсарчу мехкарша,
Хьо кхача ма ве ирс дайначу цу метте,
Хьо хIотта ма ве-кха аьтто боцучу тIаме,
Барзал майра дог хьайн кийрахь сецадеш,
Къахета шена хьох, чал дера ва Юнус.
Ва, барзал майра ву, чал дера ву хьо,
Цхьогалал мекар ву, цу лоьмал чехка ву,
Яхь йолу ва кIанат, дог майра и Юнус!
Цу хIордо ловзо цIеркема ва санна,
Дуьне ловзориг хьо веца, цхьанделхьа.

Шен амалехь долчунна нийсса бостанехьа дерг олуш, хасторца иллин персонажан беламе васт кхоьллина илланчо.

АСТРО́НИМ *ю* – **астронимаш** *ю***; астрониман, астронимана, астронимо, астрониме** (гр. *astr* – седа, *nima* – цIе) – атора произведени арахоьцуш шен фамили меттана тIадам, тире, седа, терахь и. дI. кх. хIума а йиллар.

АТРИБУ́ЦИ *ю* (лат. *attributio* – къастор, билгалдаккхар, тIедахьар) – псевдонимца я анонимно язйинчу исбаьхьаллин произведенин бакъ волу автор билгалваккхар, я текст шеконе елахь, бакъ йолу текст къастор. Литературин историехь дукхазза а нисделла билгалйол-

чу произведенин авторство шеконе оьцуш. Гомеран поэмашна «Илиада», «Одиссея», Шекспиран драмашна, Шолоховн «Тихий дон» романна гонаха дуккха а къийсамаш лаьттина, церан кхин авторш хила тарло, бохуш. «Слово о полку Игореве» текст хьалхалерчу заманахь кхоьллина хилар а шеконе диллина хилла. И тайпана Іилманан къийсамаш къасторан, атрибуци яран масех некъ бу. Авторх лаьцна документальни тоьшаллаш лахар, тІекхиа йиш йолчу ерриге материалех пайда а оьцуш. Произведенин текстан идейно-исбаьхьаллин башхаллаш массо агІора таллар. Произведенин мотт а, исбаьхьаллин хатІ а леррина къастор, авторан кхечу произведенешца дуста а дусташ. Іилманчаша цу тайпана атрибуци йича, дукха хьолахь бакъдолчунна тІекхуьу. ТІаккха иза Іилманехь сецнарг а лорий, бакъдеш тІеоьцу.

АФОРИ́ЗМ *ю* – **афоризмаш** *ю*; **афоризман, афоризмана, афоризмо, афоризме** (гр. *aphorismos* – доцца аьлларг) – чекхдаьлла маьІна а долуш, доцца аьллачу къеггинчу дешнашка ерзийна ойла. Афоризмаш кицанех тера ю. Кицанаш санна, кІорггера маьІна долчу кІеззигчу дешнех лаьтта уьш, амма афоризмийн шайн билгал волу автор хуьлу, кицанаш халкъо кхоьллина ду. Йоца, кІеззигчу дешнех лаьтташ мел хила а дика лору афоризм. Дукха хьолахь дІа ма йишшинехь билгал ца долу афоризман маьІна, кхоччуш маьІна даккхархьама, цуьнан чулацам тІехь кІорггера ойлаян еза. Афоризмаш дукха хьолахь произведенин юккъехь нисло. Масала, Хамидов Іабдул-Хьамидан произведенеш тІера афо-

ризмаш: «ДІа – коч, схьа – коч»; «Тоьлаш дерг карийча, оьшуш дерг дуьту»; «Некъа юххе боьгІна Іаж санна, тІехвол-воллучо муьшка а еш»; «Юучу хІу-манийн паччахь жижиг-галнаш ду». Хамидов Іабдул-Хьамидан произведенешкахь динна диалогаш а нисло афоризмех лаьтташ. Масала, Бож-Іела комеди тІехь:

Сутарби. …ХІара, Бож-Іела, оцу сан хьайх доллучу декхарна цхьана шарна лело хІара керт лохьа соьга.

Бож-Іела. Метиг санна, дукха хьайгахьа ву хьо.

Сутарби. ТІаккха ткъа? Цел санна, хьоьгахьа хила-м ца веза со?

Бож-Іела. Соьгахьа хила-м ца веза, херх санна, дІа а, схьа а хила-м веза. Лергина ца Іаш, тІера неІ даккха ма гІертал хьо.

Оцу диалоган тІаьххьарчу кхаа репликехь йиъ афоризм ю.

Яздархойн произведенешкара говза афоризмаш кицанашка а йоьрзий, халкъа юкъахь лела юьсу. Ишттачарах ю Хамидов Іабдул-Хьамидан произведенешкара дукхахаерш а.

Исбаьхьаллин литературин ша къаьстина жанр санна, лелаш а ю афоризмаш. Дуьненан литературехь евзаш ю французийн яздархочун Ф. Ларошфуко (1613 – 1680) афоризмаш «Размышления, или Моральные изречения и максимы»(1665), немцойн яздархочун, Іилманчин Г. Лихтенберган (1742 – 1799) книга «Афоризмы» (1764 – 1799, зорбатоьхна 1902 – 1908). Оьрсийн литературехь И. Крыловн, А. Грибоедовн, А. Пушкинан произведенеш юккъехь нисло говза афоризмаш.

Нохчийн литературехь дуьххара, жанр санна, афоризмаш юкъаяьхнарг Ибрагимов Лоьма ву. Цуьнан динна книгаш ю еккъа афоризмех лаьтташ. Ибрагимов Лоьмин произведенеш дуьххьара зорбатоьхна 1990 шарахь. Уьш афоризмаш яра. ХІетахь дуьйна оцу жанрехь болх беш, шен афоризмийн маьІна кІаргдеш, форма шаръеш, тоеш схьавеъна поэт. Афоризмаш тІехь йолуш масех книга араяьлла цуьнан: «Зерийн тидарш» (1991), «Куцъаларш» (1994), «Маржа дуьне» (2005), «Нохчийн фразеологизмийн маьІнадаран дошам» (2005). Оьрсийн маттахь арахецна «Психография» (1993), бакъонца нохчийн литературехъ афоризман жанр йолорхо, цуьнан бухбиллархо ларалуш ву иза.

Ибрагимов Лоьмин масех афоризм: «Дала делча, наха а ло. Дала тоьхча, наха а туху»; «Стеган дош цул майра хилча, и дош доха сахьт дац»; «Іехочо, ша Іехавелла а моттуьйтуш, Іехаво»; «ТІамо юхатоьхна тІом, тІаьхье кхиъча, юха болало»; «Доха гергадахча, ловзар а гІаддоьду»; «ЦІацкъа ши бІаьрг ца оьшшучу хьожу»; «Хийла дагахь дерг дагахь дисна».

А́ХСТИХ *ю* – соцунгІийца (пауза) стих шина декъе екъча, кхоллаелла стихан ах. Масала:

Дахарах кхехкачу
ГІалара волий,
СадаІа воьду со
Со винчу юьрта.
Геннара и гушшехь,
Самукъадолий,

ДІакхача сихлой, ас
ГІулч йоккху шорта
(Мамакаев Э. Винчу юьрта*)*

АШУ́Г *ву* – **ашугаш** *бу*; **ашуган, ашугана, ашуго, ашуге** (Іаьрб. *Іашикъун* – безам бахнарг) – Къилбаседа Кавказерчу цхьадолчу къаьмнийн иллиа-лархо, илланча. Масала, ДегІастанан ашуг Сулейман Стальский (1869 – 1937).

Б

БАЙТ *ю* **– байташ** *ю*; **байтан, байтана, байто, байте** (Iаьрб. *байтун* - стих) – малхбалехьарчу поэзехь: шен чекхдаьлла маьIна а долуш, вовшех рифмица йозаеллачу шина стихах лаьтташ йолу строфа. Малхбалехьарчу къаьмнийн сийлахь-баккхийчу поэтийн Фирдоусин (IX–X бIешераш), Низами Ганджевин (XII бIешо), Алишер Навоин (XV бIешо) дукха яккхий поэмаш ю байташкахь язйина. Масала, Фирдоусин «Шахнаме» цIе йолу поэма 55 эзар байтах лаьтташ ю.

Нохчийн поэзехь а ю байташца язйина произведенеш. Масала, Бисултанов Аптин стихотворени:

Сан сица гIорийна хьан бIаьргийн малх,
Сох кхин ца кхаьрда кху юьртара нах.

Дозаллех дIавоьлла со, бабин воI,
Дахарах дIайоьлла хьо, кочу йоI.

Цкъа а кхин ца лазо тешаман бIаьрг,
Дахаро хIоттийна дерзоран хьаьрк.

Делахь а, ямартло ас маракъуьйлуш,
Хьан юьхь тIе кхийда-кха сан шерийн куьйгаш.

И стихотворени еа байтах лаьтташ ю. Еккъа цхьана байтах лаьтташ а хуьлу стихотврени:

Вашас шен вешина тIаьхьа ков къовлучу хенахь
ХIун ойла хуьлу те вежарийн биначу ненан?
(Бисултанов А.)

Оццу авторан кхин цхьа байт а:

Белшашца товш хиларх ца тоьий мажар-м,
Хьо цунах кхетахьа, ларбийриг машар.

Бисултанов Аптийн байташ шайн классически форма цIенна ларъеш язйина ю. Нохчийн поэзехь байташ боху дош стихаш олучу маьIнехь а лела.

БАЛЛА́ДА *ю* – **балладаш** *ю*; **балладин, балладина, балладо, балладига** (прованс. *balada*, итал. *ballare* – хелхар дар) – синхаамаш, ойланаш гучуяхарал совнаха, уьш кхоьллина гIуллакхаш а гойтуш язйина сюжет йолу стихотворени. Масала, Сулаев Мохьмадан «Хьерабаьлла дин» цIе йолу баллада:

Цкъа гIалгIайн махкара
ГIебартойн кIанта,
Хазбелла, бигнера
Цхьа аьрха дин.

Амма, и караберза
Ца туьгуш атта,
Дуккха а къахьоьгуш
Лийлира и.

Хазачу нускалал
Дин хьоме хеташ,
Хьоьстура цо мийлош
Іуьйренца тхи.
ХІетте а шайн цІехьа
ДогІадой лергаш,
ДІахьоьжуш и гора,
Ца молуш хи.

Кхин а дика хьаьжира
КІант, латтош цунна
КІай, борцций,
Туьханца чам тобина.
Эххар а хийтира
ГІебарточунна
ДжІайрахойн дин шена
ТІебирзина…

Кхирстина, гІелвелла,
Баксанан гІодца
Дин бажа битна, и
Тхьаьвсира дІа.
Геннарчу Мят-Ломан
Басера мохца
Цхьа хьожа кхечира
Цу дине схьа.

Хьожа схьакхетташехь,
Дин, карзахбаьлла,
Баргол а хадийна,
ДІаиккхира.
Самаваьлла гІебарто,
Дин хьерабаьлла,
Моьттина, хьаьжжинчохь
Ша висира.

Боьдура дин, лаьттах
ДІаетташ бергаш,
Берг дІа мел тоьхначохь
Буьтура мо.
Хин аьчган цинцаша
ЦІийдина бердаш
Ленашца, суй латош,
Дегора цо.

Боьдура и баьлла
Буракъах тІома,
Шуьйра кхес, тІам санна
ДІаслесталуш,
Ахках дІа чутуьлуш,
Хьалатуьлуш лома,
Боьдура, хьаннашка
Ца сацалуш.

Вортанца охьа шен
Дийшийна лергаш,
Вотанан гІовгІанах
Дуьзина Іин

Хьалхарчу бергашна
ТIаьхьара бергаш
ТIеетташ, боьдура
Сихбелла дин.

Лаьттаца, лаьхьа санна,
ДегI дах а делла,
Кхоьссинчу чIунах
И дIашершара.
Ижунна хьаьддачу
ЦIоькъах тарбелла,
Даккъаш тIе ша баьлча,
И терсара.

Шех тарлуш мохо
ДIайовдийна мархаш,
Шех тарлуш дорцаца
ДIауьду джин,
ТIехь бере гуш воцуш,
Яйина архаш,
БIаьрге ца лацалуш
Боьдура дин.

Цецбевлла нах тIаьхьа
Хьуьйсура цунна:
«И хьерабаьлла бу…
Лацалур бац…»
Хаацара цхьанна а
И бохучунна
Цу дине дIакхойкхург
Буй нана-арц!

Нохчийн барта кхолларалле хь а ю балладаш. Масала, «Зараъ».

БА́РТА КХО́ЛЛАРАЛЛА *ю* – билгаволчу цхьана стагера йоцуш, халкъо кхоьллина, барта йийцарца нахана юкъахь лелаш йолу произведенеш. Къоман дахарехь мехала хазна ю барта кхолларалла. БIешерашкахь адамашна юкъахь кхиана гIиллакх-оьзданагалла, беркате ламасташ, халкъан кхетам а, ойла а ю цуьнца. Йоза а, йозанан литература а кхиале дуккха а хьалха кхоьллина ю барта произведенеш. Дахарехь хилларг я хила тарлущдерг, адамо лайнарг, еххачу хенахь зеделларг ду халкъан барта кхолларалле хь.

Тайп-тайпана а, дуккха а жанрашкахь а ю нохчийн къоман барта произведенеш: туьйранаш, эшарш, иллеш, дийцарш, аларш, тидамаш, узамаш, тийжамаш, сардамаш, кицанаш, хIетал-металш... Халкъо кхоьллина ерриге произведенеш чулоцуш олу «халкъан барта кхолларалла», я «халкъан барта поэзи», я «халкъан поэтически кхолларалла», я «фольклор». «Фольклор» дуьненахь а лелаш, дуккха а къаьмнийн юкъара дош ду. Иза ингалсан маттера схьаэцна, цуьнан шен маьIна халкъан хьекъал я халкъан кхетам бохург ду.

Халкъан барта произведенеш билгалволчу цхьана стеган цIарах евзаш йоцуш, халкъо кхоьллина ю, Дуьххьара произведени яьккхинарг билгалволу цхьа стаг хиллехь а, цуьнгара кхечаьрга яларца, мелла а хийцалуш хилла иза. Адамаша шайн замане, шайн лехамашка хьаьжжина хийцамаш беш хилла барта произведенешкахь. Бакъйолу барта произведенеш бIеше-

рашкахь еха адамашна юкъахь. ДIаязъяр доцуш, барта йийцарца хьалха баьхначара тIекхианчаьрга а луш, вайн замане схьакхаьчна уьш.

Барта произведенешкахь: олучу иллешкахь, лоькхучу эшаршкахь, дуьйцучу туьйранашкахь, бечу узамашкахь, ширачу хабаршкахь, далочу кицанашкахь, хоьттучу хIетал-металшкахь, ирачу аларшкахь, белхочу тийжамашкахь билгалбовлу халкъан лаамаш, сатийсамаш, гIайгIанаш-баланаш, хазахетарш-халахетарш, цо лайна вон а, дика а. Халкъан кхетам, дегайовхо ю барта кхолларалле хь. Цундела барта поэтически произведенеш йовзаро, уьш Iаморо гIо дийра ду шен къам юххера довза, цуьнан гIиллакхех, амалех, оьздангаллех кхиа, шен халкъан ламасташ тIеэца.

Къоман барта кхолларалла кIорггера йовзархьама Iилманчаша дIа а язъеш, толлу барта произведенеш. XIX бIешеран хьалхарчу эхехь дуьххьара дIаязъян йолийна вайнехан произведенеш. ДIаязъярца цхьаьна церан мах а хадийна хIетахь дуьйна оооа. XIинца а нохчийн халкъан барта произведенеш дIаязьяран, гулъяран, талларан болх дIахьош бу. Iилманчаша, яздархоша лакхара мах хадабо барта кхолларалли.

Шуьйра чулацам болуш, тайп-тайпана ю вайнехан барта произведенеш. Коьрта долчу декъана хIорш ду нохчийн халкъан барта кхолларалли н тайпанаш: туьйранаш, иллеш, узамаш, эшарш, тайп-тайпана дийцарш, аларш, тийжамаш, наьрт-аьрстхойх дийцарш, сардамаш, кицанаш, хIетал-металш, тидамаш. Царах хIор тайпа а къоман дахарехь кIорггера орамаш долуш,

шайн чулацаман исбаьхьаллин билгалчу башхаллашца къаьсташ ду.

БА́РХІМОГІАНАН СТИХ *ю* (бархІмогІанаш) – бархІ могІанах лаьтташ йолу стихотворени. Дукха хьолахь беа могІанан шина строфах лаьтташ хуьлу и стихотворенеш:

Дагчуьра доху ас поэзин суьйнаш
Ткъа дог сан – ойланийн алонан куьрк.
Адамийн баланаш, лазамаш Іуьйшуш
Даьгна и, аьгна и – йисна цхьа цуьрг.

ХІаваэхь хебаш дац аьрзунийн тІемаш,
Іожалла Іаьрчашкахь тІекхочуш яц.
Уьш леш ду лекхачу баххьаш тІехь даьржаш,
Маршонах кхин хІума цара хуьйцуш яц.

(Садулаев Хь.)

Поэтан Садулаев Хьасанан «Сатийсаман кхоллам» книги тІехь стихотворенийн йоккха цикл ю бархІмогІанех лаьтташ.

БА́РХІМОГІАНАН СТРОФА́ *(окта́ва)* – бархІ могІанах лаьтташ йолу строфа.

Хьан йистхилар схьахезча,
Зарзар дека моттало.
Нийсархошна хьо къежча,
Сийна стигал екхало.

Іаьржа кока – ши бІаьриг
Хазбеш ду ши чІегІардиг.
Тамехь ю хьо сан дагна,
Ма вита йоІ со хьаьгна.

(Юсупов Іазим. Ненан зезаг …*)*

Оцу бархІмогІанан строфан рифмин схема иштта ю: (*абабввдд*). Нохчийн поэтийн стихашкахь бархІмогІанан строфан рифмовка тайп-тайпана ю. Масала, оццу авторан, Юсупов Іазиман, кхечу стихотворени тІехь («Толстой вухавирзина юьрта») хьалхарчу бархІмогІанан строфан рифмаш иштта дІанисйина ю: (*абабввв*), шолгІачу строфан – (*абабвгвг*), кхин дІа йолчу бархІмогІанан строфашкахь кхечу кепара ю.

БА́СНЯ *ю – хь*. **Туьйр-кица**.

БА́СНИН СТИХ *ю – хь*. **Туьйр-кицанан стих**.

БЕ́АМОГІАНАН СТИХ *ю* (биъмогІанаш) – беа могІанах лаьтташ йолу стихотворени.

Нагахь хьан дог хьаста цхьа зезаг делахь,
Мел миска велахь а, хьо вехаш ву.
Иза гича дог ловза хьо долуш вацахь,
Хьо паччахь велахь а, хьо миска ву.

(Ильясов А.)

Кхузахь жІарийн рифмовка ю, амма тайп-тайпана хуьлу рифмовка а, рифмаш а беамогІанан стихашкахь.

БЕ́АМОГІАНАН СТРОФА́ *ю* (катре́н) *ю* – еа стихах лаьтташ йолу строфа. Поэзехь уггар яьржинарг ю беамогІанан строфа. Нохчийн поэзехь а шен дукхаллица коьртачарах ю иза.

Дуьненах, адамех, Іаламах,
Ха хоьрцуш йогІачу заманах,
Цхьаболчийн херцачу амалех,
Лазамца со кхиъна вогІу.

Халачу некъашца кхирстина,
Харцонаш, бакъонаш листина,
Къийсаман дарцаша цистина,
Де-дийне со тоьлла вогІу.

Сатуев Хьусейнан «Къонахийн илли» стихотворени тІера беамогІанан ши строфа ю ялийнарш. Уьш кхаа стопах лаьттачу дактиль барамехь ю, церан рифмовкин схема (*аааб вввб*) ю. Стихан йохаллин барам а, строфан рифмовка а тайп-тайпана хуьлу беамогІанан строфахь.

БЕЛЛЕТРИ́СТИКА *ю* (фр. *belles lettres* – исбаьхьа литература) – прозехь йолчу исбаьхьаллин произведенийн (роман, повесть, дийцар, очерк) юкъара цІе.

БЕ́РИЙН ЛИТЕРАТУ́РА – берашна лерина произведенеш. Церан доккха маьІна ду бераш гІиллакхоьздангаллица кхиорехь, царна исбаьхьаллин дош довзийтарехь. Халкъан барта кхолларалле хь дукха ю берашна лерина произведенеш. Аганахь долуш дуьй-

на хозуьйту берана шен къоман аьхна, довха, исбаьхьа дош – аганан эшарш. Туьйранаш, хIетал-металш, чехкааларш, берийн эшарш, ловзарш ду нохчийн барта кхолларалле хь. Шайн чулацамца чолхе а йоцуш, атта дагахь а лаьтташ, Iаламах, дуьненах, адамийн юкъаметтигех ойла ян Iамаво цара. Берашна гергара долу, царна девзаш, кхеташ долу суьрташ, васташ ду оцу произведенешкахь. Каде, майра, гIуллакх дан лууш, къинхетам болуш бераш кхиоран, ненан маттах марзо эцийтаран Iалашо ю берашна леринчу халкъан барта произведенийн.

Нохчийн йозанан литература кхиа йолаеллачу юьххьехь дуьйна кхоьллина яздархоша берашна лерина исбаьхьаллин произведенеш. Къоман исбаьхьаллин литературин бухбиллархочо Бадуев СаьIидан яз а йина, 1934 шарахь арахийцира «Берашна совгIат» цIе йолу книга. Бос болчу суьрташца хаза кечйина книга яра иза. Цу тIехь бераш кхета долчу кепехь язйинчу стихашкахь дуьйцура паровозах, тракторх, кеманах, дирижаблах, цу хенахьлерчу техникехь керла хиллачу кхечу хIуманех а лаьцна. ХIетахь дуьйна схьа нохчийн баккхийчу яздархойх цхьа а ца Iийна мелла а язйина берашна лерина произведенеш ца язъеш. Мамакаев Мохьмадан, Арсанов СаьIид-Бейн, Ошаев Халидан, Мамакаев Iаьрбин, Музаев Нурдинан, Исаева Марьяман, Гадаев Мохьмад-Селахьан, Хамидов Iабдул-Хьмидан, Саидов Билалин, Сулаев Мохьмадан произведенеш юккъехь ю берашна язйинарш а. Гайсултанов Iумарх берийн яздархо олура, цуьнан дукхаха йолу произведенеш берашна лерина яра. Царах яра книгаш: «Болат-гIала йожар»,

«Кавказан лаьмнашкахь», «Тешаме доттагI», « Сема лергаш», «Массарна а боьлийла малх», «Iаьрби». Уьш ерриге бохург санна оьрсийн матте а яьхна Москвахь а, Советски Союзан кхечу гIаланашкахь а арайийлина.

Берийн яздархо ву Махмаев Жамалди. Ша хьехархо хиларе терра цунна дика евза берийн психологи. Цуьнан произведенешкахь беккъа дидактикин хьехамаш бац цхьаболчу кхечу яздархоша берашна леринчу произведенешкахь дарехь хаалуш болу. Махмаев Жамалдина хаьа берийн ойланашца йогIуш йолу произведенеш язъян, церан еша догдогIур долуш, царна самукъане йолчу кепара язйо цо. Иштта ю цуьнан поэзехь а, прозехь а язйина книгаш: «Маликат», «Маликат школехь», «Со Соскин Солса ву», «Мамин сурт», «Сан кегий доттагIий», «Самукъане абат», кхиерш а. «Маликат», «Маликат школехь», «Самукъане абат» юхаюха зорбатухуш масийттазза арайийлина. Оьрсийн а, гIалгIайн а, кхечу меттанашка а яьхна Махмаев Жамалдин произведенеш.

ХIинцалерчу яздархойн Ахмадов Мусан, Гацаев СаьIида, Саракаев Хьамзатан, Рашидов Шаидан, Берсанов Хож-Ахьмадан, Ахматукаев Адаман, дуккха а кхечеран кхолларалле хь ю берашна язйина произведенеш.

1986 шарахь дуьйна нохчийн маттахь хаддаза арадолуш ду берийн журнал «СтелаIад». Доккха маьIна ду цуьнан берийн литература кхиорехь. Тайп-тайпачу хенашкахь журналехь белхаш бина Ахмадов Мусас, Бексултанов Мусас, Бисултанов Аптис, Абдулаев Лечас, Ахматукаева Адама, Амаев Ваха-Хьаьжас, журналиста Джанаралиев Iимрана, кхечара

а. Оцу лаккхара кхолларалли́н похІма долчу авторша Іаламат говза, чулацаме, исбаьхьаллица кечден журнал мехала хилира берийн литература кхиарехь. ТІаьхьа-тІаьхьа шен болх тобеш, исбаьхьалла лакхайолуш схьадогІу хІинца шен коьрта редактор Бексултанов Муса волу «СтелаІад».

ТІаьхьарчу шерашкахь мелла а алсамо кхуьуш схьайогІу нохчийн маттахь йолу берийн литература.

БЕ́РИЙН ЭШАРШ – *хь*. **Йиш**.

БЕСТСЕ́ЛЛЕР *ю* (ингл. *best* – уггар диканиг, *sell* – йохкаялар) – дика лоруш йолу, боккха кхиам хилла, сиха йохкалуш йолу йоккхачу тиражца арахецна книга.

БЕ́ХКАМ *бу* (табу́) – цхьана хІуманан, ардаман, дешан цІеяккхар дика ца лоруш, дихкина хилар. Масала, лаьхьанан цІе ца йоккхуш текхарг алар, пхьагалах лергъяхар алар.

БИБЛИОГРА́ФИ *ю* (гр. *biblion* – книга, *grapho* – яздо) – Іилманца хьесапдеш книгаш, литература дІаязъяр.

БИБЛИОТЕ́КА *ю* – **билиотекаш** *ю*; **билиотекин, билиотекина, билиотеко, билиотеке** (гр. *biblion* – книга, *theke* – Іалашдан, латто) – нахе пайдаэцийтархьама книгаш Іалашъеш йолу меттиг. Библиотека олу цхьана Іалашонца арахоьцуш йолчу цхьаьнатайпанар-

чу книгех а. Масала: «Дешархочун библиотека», «Хьехархочун библиотека», «Поэтан библиотека».

БИБЛИОФИ́Л *ву* (гр. *biblion* – книга, *phileo* – дезар) – книга езаш, цуьнан мехалла хууш, уьш гулъеш, Іалашъеш верг.

БИ́ЛГАЛДА́ККХАР *ду* – исбаьхьаллин произведени тІера цхьадолу дешнаш я дешнийн цхьаьнакхетарш я текст тІера меттигаш, маьІна а деш, тІеюзар, царах мелла а кІоргеро кхетам балархьама.

БИ́ЪМО́ГІАНАШ – *хь*. **БеамогІанан стих**.

БО́ЖАРИЙН РИ́ФМА – *хь*. **Рифма**.

БУКВА́РЬ – *хь*. **Абат**.

БУРИМЕ́ *ю* (фр. *bouts* – чаккхенаш, *rimes* – рифмашца) – хьалххе билгалъяьхначу рифмашца язйина стихотворени. Билгалъяьхна рифмаш хийца а йиш яц я шайн меттера кхечахьа яха ца мега. Уьш шен цхьа маьІна долчу стихотворенига ерзо еза. Масала, хІокху рифмех: «… гІиллакх … яхь …гІуллакх …махкахь» чекхдаьлла маьІна долу стихотворенин биъмогІа кхоллалур бу. Буриме хІоттош поэтически къийсадаларш а хуьлу я кхечу кепара литературни ловзарш хила а тарло.

В

ВАРИАНТ *ю* – **варианташ** *ю*; **вариантан, вариантана, варианто, варианте** (лат. *varians*, *variantis* – хийцалург) – цхьана произведени текст хийцамаш болуш, шина я масех тайпана хилар. Къаьсттина яьржина ю варианташ халкъан барта кхолларалле хь. Масала, Мунаев ИсмаIала хIотта а йина, 2007 шарахь арахецначу «Нохчийн фольклоран» (5-гIа том) тIехь цхьадолу иллеш масех варианташкахь далийна: «БахIадаран Хушпаран илли» шина вариантехь ду, «Бос хазчу Мусин илли» кхаа вариантехь ду, «Эла Монцин илли» кхаа вариантехь ду.

ВАСТ И́СБАЬХЬАЛЛИН ду – васташ ду; вастан, вастана, васто, васте – исбаьхьаллин кхолларалле хь дахар гайтаран коьрта кеп. Искусствехь дахарера бакъдерг довзаран, иза юха произведенехь схьагайтаран шатайпана йолу форма ю исбаьхьаллин васт. Ма-дарра долу дахар дац исбаьхьаллин вастехь гучудолург. Дуьненан хиламаш, дахарера гIуллакхаш шега схьа а эцна, шен ойланца литта а литтина яздархочо кхоьллина исбаьхьаллин васт ду произведенехь

схьахIуттуш дерг. Дуьненца, шена гонахарчу дахарца авторан кхоллалуш йолу юкъаметтигаш гучуйовлу исбаьхьаллин васташкахь. Дахарера бакъдерггий, шен ойланехь кхоьллинарггий авторо эстетически кепехь цхьаьнадалоран башхаллашка хьаьжжина кхоллалуш ду исбаьхьаллин васт.

ВЕРЛИ́БР *ю – хь*. **ПаргIат стих.**

ВЕСЕ́Т *ду* – **весеташ** *ду*; **весетан, весетана, весето, весете** (Iаьрб. *васиятун* – весет, хьехам) – ша дIаваьлча кхочушде олий, тIедуьллучу дехаран кепехь язйина стихотворени.

Вовшийн хила доьгIна доцуш,
Дуьне дисар сох хилахь,
Хьуо езнариг дагалоцуш,
Цкъа сан коше ялалахь.

Сох дисина дуьне делхош,
БIаьрхиш охь ма хецалахь.
Къа ца хеташ, дог ца лозуш,
Екхалой а хIотталахь.

Безам буьйцуш байташ язъеш,
Чурт кхала ма гIерталахь.
«Хьо чекхвели!» - охкуш, яздай,
Цхьа акха тIулг богIалахь.

Цу тIулга тIе хIора сарахь
Цхьа олхазар хуьйшур ду…

Безам хестош и декарехь
Хьан дог доьлхуш хезар ду.

Вовшийн хила доьгІна доцуш,
Дуьне дисар сох хилахь,
Хьуо езнариг дагалоцуш,
Цкъа сан коше ялалахь.

(Сулейманов А.)

ВО́ЛЬНЫЙ СТИХ – *хь*. **Туьйр-кицанан стих**.

ВОРХІМОГІАНАН СТРОФА – *хь*. **Септима**.

Г

ГАЗЕ́ЛЬ (ГІАЗАЛ) *ю* – **газелаш (гІазалш)** *ю*; **газелан (гІазалан), газелана (гІазална), газело(гІазало), газеле (гІазале)** (Іаьрб. *гІазалун* – безаман стихотворени) – безаман гІайгІа ялхош йолу шина могІанех лаьтта лирически стихотворени. Газель дукха хьолахь йоккха ца хуьлу, кхаанна тІера шийттанна тІекхаччалц йолчу цхьана рифмица вовшех йозаеллачу шина стихех лаьтта иза. Газелан башхалла ю хьалхара ши стих вовшех йоьзна рифма кхидІа йолчу шина стихийн шолгІачу могІанашкахь ялош хилар. Малхбалехьарчу къаьмнийн классически поэзехь дукха хьалхалера жанр ю газель. Къаьсттина яьржина иза Іаьрбийн, узбекийн, туркменийн, гІажарийн, таджикийн литературашкахь.

Нохчийн поэзина юкъаеана газель хІокху тІаьххьарчу ткъех шарахь. Дуьххьара нохчийн газель язйинчарах ву Юсупов Іилман. Масална цуьнан ши газель ялайо:

Газель І

Хьо – кІур бу сан дагах цІе яьлча баьлла.
Сан бІаьргаш ца Іийжо хьо генаяьлла?

Стигалахь хьан васто йитинчу лорах
Мох хилла вогIу со хьан Теза-Кхаьлла.

Цхьа тамехь зов хазахь хьайн лерехь декаш,
Лара со иллица хьайн дола ваьлла.

Сан кхиэлан тхов тIера чоргIе а йохош,
Безаман ладар сан дагах чекхдаьлла.

Со гича хьайн коран юьхьлаьцна лаьтташ,
Хаалахь со лелий собар а хаьлла.

Деган цIе шен кIуьрах дIаэнза йисахь,
I и л м а н а ша дуьне дуьтур ду аьлла.

Газель II

Сахиллалц сайн деган неI тIе ца чIогIуш,
Iийр ву со седарчийн суьлхьанаш дохуш,

БIаьрсинехь Iалашдеш хьан месийн лепар
Цунах сайн нур деба бутт хир бу бохуш,

Хьан куьйгаш гIенах гуш сайн беснийн цIарна
ЧIийш-пIелгаш тIетуьйсуш, ша марсайохуш,

Хьуьнаре иэс хьийзаш, ахархо санна,
Сан кхетам хьан вастан готанца охуш,

Шеконо якхбинчу сатийсамо сайн
Тийналлин хьаьвди чохь меца нох дохуш,

Лууш ахь декъалдан I и л м а н а н гIаларт,
Iуьйранна сагатда хьайн коре догIуш.

ГАПЛОЛО́ГИ *ю* (гр. *aplos* – цхьалха, *logos* – дош) – юх-юххехь цхьабосса долчу шина дешдекъах цхьаъ дІа а даьккхина, дош аттачу даккхар. Масала, мехалалла – мехалла.

ГИМН *ю* – **гимнаш** *ю*; **гимнан, гимнна, гимно, гимне** (гр. *hymnos* – даздаран илли) – доккха маьІна долчу хиламна я турпалхочунна даьккхина сийдаран илли. Дуьххьара Грецехь цІе яххана болу халкъан турпалхой я шайн деланаш хестош, базбеш, церан сийдеш йохуш хилла гимнаш. ТІаьхьо гимн олуш хилла хазахетаран хиламна, толам баккхарна я сийлахьчу стеган лерам беш доккхучу иллех. XIX бІешарахь дуьйна гимн олу къаьмнийн цхьаалла, пачхьалкхан сийлалла кхайкхош лаккхарчу айамца даьхначу иллех а.

Яздархоша шаьш сийлахь лоручу, халкъалахь сийлахь долчу хІумнашна я хиламашна а язйо гимнаш. Ишттачарах ю Арсанукаев Шайхин «Нийсонна гимн»:

ХІун хир ду дуьнен чохь
Нийсонал нийса?
Кхерац и кхерамах,
Озалац ницкъах.
Харцо цо харцайо,
Ца кІордош къийса,
ХІилланах Іехалац
Я хьегац рицкъах, –
ХІун хир ду дуьнен чохь
Нийсонал нийса?

Нийсо яц дуьнен чохь
Нийсонал нийса,
Кхиэл ечохь ца йолу
ГIалат и мискъал.
ХIораннан бакъо ю
Цуьнга сатийса –
ГIорасиз стаг хиларх,
Хиларх и миска, –
Нийсо яц дуьнен чохь
Нийсонал нийса!

Хьарамло хууш дац
Нийсонан терза,
ДоттагIал онда ду
Ларъечохь нийсо.
И йоцчохь безам а
Кхуьуш бац мерза,
Нийсонан малха кIел
Заздоккху ирсо, –
Хьарамло хууш дац
Нийсонан терза!

Хастам бу Нийсонна!
Ехийла Нийсо!
Халкъашлахь вошалла
ЧIагIдийриг – Нийсо,
Пачхьалкхийн машаран
Дозанаш – Нийсо,
Адмаллин хьекъалан
Дозалла – Нийсо. –
Хастам бу Нийсонна!
Ехийла Нийсо!

ГИПЕ́РБОЛА *ю* – **гиперболаш** *ю* – **гиперболин, гиперболина, гиперболо, гиперболе** (гр. *hyperbole* – тIехдоккхадар, дестор) – исбаьхьаллин васт хIотторца хIума тIехдоккха гайтар. Исбаьхьаллин произведенехь гипербола ялорца автора йьошуш волчуьнан ойла ша гойтуш долчунна тIехь сацайо иза айарца, чIагIдарца я емалдеш лахдарца. Нохчийн барта кхолларалле хь алссам пайдаоьцу гиперболех, масала, «Эла Монцин илли» тIехь моллех лаьцна дерг:

Дуьненчохь мел долу Iилма
Дешна кхачийна,
Кхачийначу Iилмано
Шен коьртан сий дина,
Сий хилла шен корта
Дуьненна бевзина,
Йоккхачу шахьар чохь Iаш волчу
Цу Iусап-моллига балхийра
Шен бала цу эла Монцас…

Гипербола дукха хьолахь меттан кхечу исбаьхьаллин гIирсашца (дустарш, метафораш, юьхьедерзорш) цхьаьнаийна хуьлу (масала, «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли» тIехь Адин Сурхо эла Мусостан раьгIнашка ваха араволуш, цуьнан кечвалар гайтар). Кхузахь гипербола турпалхо вазваран, цуьнан сий айаран маьIнехь ю. Кхечу маьIнехь ду хIума тIехдаьккхина, дестийна гайтар Бадуев СаьIидан дукхахйолчу произведенешкахь. Бадуевс шен произведенешкахь вочунна дуьхьал къийсам латтабо и вониг тIаьхь-тIаьхьа алсам а долуш, цунах нахана долу

зулам хаддаза дебаш гайтарца. Ткъа произведени тIехь вониг шеца долу персонаж а цу тайпана нахана шегара довлуш долу вонаш тIаьхь-тIаьхьа совдуьйлуш хуьлу, цо тIаьхьа деш долу вон хьалхарчул дуккха а зуламе а хуьлу. Иштта ю «ЦIеран арц» повестан персонажаш Кулдевиччий, Мирзий. Повесть тIехь Кулдевичан вочу амалех лаьцна дукха дестийна дуьйцу. Вониг дестийна гайтаро, иза Iорадоккхуш, дешархочун ойла цунна дуьхьал йоккху. Бадуевс шен произведенешкахь хIума дестийна гайтар иза сийсаздар, цунна дуьхьал къийсам латтор ду, иза эшийна дIадаккха дезаш хилар чIагIдар ду. ХIума исбаьхьаллица дестийна гайтар Бадуевн кхолларалли хотIан башхалла ю. Яздархочо ша дуьхьал къийсам латтош долу хIума эша а дой, дIадоккху иза дестийна гайтарца. Шен дукхахйолчу произведенешкахь Iаламат говза пайдаоьцу Бадуевс оцу исбаьхьаллин гIирсах.

ГИПЕРДАКТИЛИ́ЧЕСКИ РИ́ФМА *ю* – тохарна тIаьхьа тохар доцу кхоъ, цул сов а дешдакъош долу рифма (*хь*. **Рифма)**.

ГИПЕРКАТАЛЕ́КТИКА *ю* – стихан могIа шен барамал совнаха дешдакъош (тIехь тохар доцуш) долчу стопаца чекхболуш хилар. Масала, хорейца язйинчу стихотворенин могIа хорейн стопахьчул (– V) совнаха дещдакъа а долуш чекхбалар:

Хийра гIала. Беттаса –
Бераллера кхетта схьа.

ХIетахь санна, мархаша
Лоьллу иза архашца.
(Ахмадов М. Беттаса*)*

Оцу хорейн барамехь йолчу стихийн чаккхенашкахь массанхьа а цхьа дешдакъа совнаха ду хорейн стопахьчул.

ГЛО́ССА *ю* – **глоссаш** *ю*; **глоссин, глоссина, глоссо, глоссе** (гр. *glossa* - мотт, къамел; кхета хала долу, наггахь бен ца лела дош) – эпиграфо билгалъяькхинчу темехула язйина стихотворени. Глоссин хьалхара строфа, беа могIанах лаьтташ а йолуш, эпиграф санна ялайо. КхидIа йиъ строфа ю, царах хIора а оцу хьалхарчу строфа тIерачу цхьана могIанца чекх а йолуш, цуьнан маьIна кIарг а деш хуьлу.

Юккъерчу бIешерашкахь испанийн, португалийн литературашкахь яьржина глосса. Классически глосса беа могIанах йолчу цхьана строфаххий, итт могIанах йолчу еа строфаххий лаьтташ хуьлу, еа стопан дактилца язйина а йолуш, рифмаш иштта дIа а нисъеш abbaaccddc.

Нохчийн литературехь глосса беа могIанан строфах а, бархI могIанех йолчу еа строфах а лаьтташ ю. Масала:

Цхьаллин глосса

С е р л о н ц а м а р х и й н
т х а д а к ъ а д о б а т т о,
С а н у ь й т I а х ь т у п т у х у
I и н д а г I и й н б I а н о.

Д у ь х х ь а р а л о в ш я ц а с
х I а р а ц х ь а л л и н г а т т о,
Т и й н а л л е х ь с а д о ь I у ш
й и ж и н ч у п х ь а н о.

Чохь – сонийн баганаш гIаттийна пенаш,
Вовшашца цара ден аз дойна хабарш.
Ткъа, арахь – набарха туьдуш шайн гIенаш,
Буьйсанан синоша деш долу шабарш.
Дош-кIорни тIома кIел лечкъадар матто
Сан беснийл арахьа Iаь яьлча механ...
Хаьржина буьйсанан нийсса ах ле хан,
С е р л о н ц а м а р х и й н т х а
д а к ъ а д о б а т т о.

Чохь – сиха собарна кхачало цIий сан,
ХIоара ца довлуш ойланийн кенаш.
Ткъа, арахь – дитташа охкийна генаш
Ла ца луш бухарчу орамийн къийсам,
Сан дагна го бина седарчийн каной
Кхоьруш шаьш тутмакхах бевлла бисарна...
Ккузара дIа цхьаьнца тIом боло санна,
С а н у ь й т I а х ь т у п т у х у
I и н д а г I и й н б I а н о.

Чохь – бала боьжна сан миска синхаам,
ТIедоьхуш аматаш, шех хьалха даьзнарш.
Ткъа, арахь – кхозлагIчу боргIалийн аьзнаш,
Сан цхьаллин са эца балхош шайн лаам,
Оьшуш а ца хилар и орца гIатто,
ГIайгIана ченаша сан бIаьргаш букъарх...
Иэсан шед етташ дIадаьллачун букъах,

Д у ь х х ь а р а л о в ш я ц а с
х І а р а ц х ь а л л и н г а т т о...

Чуй, арий вийлар сан – сингаттам хьахар
ХІордал а доккхачу къастаран цамгар.
Цуьнан цхьа дакъа ду – гича со цамагар
Бодано боршам беш сайн кораш хьахар.
Делахь а кІорггера теша со-м: кхано
Дарбане наб кхеташ, ваьлча со паргІат
Дала сан къиношна дийр ду капарат,
Т и й н а л л е х ь с а д о ь І у ш
й и ж и н ч у п х ь а н о...
(Юсупов Іилман)

ГО́ЧДАР *ду* – исбаьхьаллин произведени, муьлхха а йозанан болх, къамел цхьана маттара кхечу матте даккхар. Нохчийн тоьллачу яздархойн дуккха а произведенеш кхечу къаьмнийн меттанашка яьхна ю. Масала, Арсанукаев Шайхин произведенеш балкхаройн, гуьржийн, гІазгІумкийн, гІалгІайн, жІайхойн, казахийн, немцойн, оьрсийн, полякийн, туркойн, украинцийн, финнийн, хІирийн меттанашкаь зорбатоьхна ю. Нохчийн матте яьхна а ю кхечу къаьмний дуккха а яздархойн исбаьхьаллин произведенеш. Тайп-тайпанчу къаьмнийн литературийн произведенеш гоч а еш, вовшашна йовзийтаро гІо до кхечеран исбаьхьаллин литература, культура йовза, къаьмншна юккъехь машаре уьйраш кхолла, адамийн вовшашка лерам хилийта.

ГО́ЧДАРХО *ву, ю*– **гочдархой** *бу*; **гочдархочун,**

гочдархочунна, гочдархочо, гочдархочуьнга – произведени гочйинарг.

ГРАДА́ЦИ *ю* (лат. *gradatio* – тIаьхь-тIаьхьа чIагIдар, лакхадаккхар) – исбаьхьаллин произведенехь тIаьхь-тIаьхьа маьIна чIагIдеш, синъайам кхуллуш долу дешнаш цхаьнаметта далор я мелхо а маьIна лахдеш долу дешнаш далорца синхьегам кхоллар.

Ва Кавказ,
Сан марзо,
Сан серло,
Безам,
Де-нене,
Езаре,
Санна хьоь лаьтта.
Беркатан,
Майраллин,
Хазаллин
Латта…

(Мамакаев I. «Кавказан латта»)

Лирически турпалхочун шен даймахке болу бовха синхаамаш тIаьхьа-тIаьхьа маьIна садоккхуш, кIаргдеш долчу дешнашца, цхьаьнатайпанарчу къастамашца бигалдаьккхина: «Ва Кавказ, сан марзо, сан серло, безам; беркатан, майраллин, хазаллин латта».

Градаци дукха хьолахь анафорица цхьаьнайозаелла а хуьлу:

Йоьхна Iуьйре
Гиний шуна,

Йоьхна суьйре
Гиний шуна,
Хорам хилла
Стигал хьаьжча,
Іаржбелла малх
Гиний шуна?

Алун дорцаш
Гиний шуна,
Зезаг морцуш
Гиний шуна,
ТІемаш даьгна
Жима хьоза,
Стигал хьоьжуш
Гиний шуна?

Маьждиг хаьрцаш
Гиний шуна,
Балийн аьрцнаш
Гиний шуна,
Дела вицвеш
Іеса довлахь,
Жоьжахате
Гур ю шуна.

(Хатуев І.)

Прозаически произведенехь а хуьлу градаци:

«ЙоІ ша хаза яра, Іаламат хаза. КІеда-мерза… Мухха а езаеллехь а, езаелира-кх суна и. ЧІоггІа, ницкъ ма-ббу, гІори-гІоддах»

(Канташ).

ГРАФО́ЛОГ (*ву, ю*) – **графологаш** (*бу*); **графологан, графологна, графолого, графологе** (гр. *grapho* – яздо, *logos* - дош) – графологин говзанча.

ГРАФОЛО́ГИ *ю* – йозанан хатI толлуш, йозанан хотIаца стеган амал, цуьнан психологин башхаллаш йовзар толлуш долу Iилма.

ГРАФОМА́Н (*ву, ю*) – **графоманаш** (*бу*); **графоманан, графоманна, графомано, графомане** (гр. *grapho* – яздо, *mania* – шовкъ, хьекъалх талхар) – шеца графомани ерг.

ГРАФОМА́НИ *ю* – яздан корматалла а йоцуш, исбаьхьаллин произведенеш язъян гIертар цамгаран кепе а дирзина, шех говза яздархо хетар.

ГУ́ТТАРЕНАН ЭПИ́ТЕТАШ – халкъан барта произведенешкахь юх-юха а лела эпитеташ: «тIам сийна кхокха», «можа малх», «чо чехка чола куй», «чал дера герзаш», «дилхан дог», «йора дин», «расха дин», «дуткъа эр», «чо шера куьйра». «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли» тIерачу хIокху могIанашкахь алссам ю гуттаренан эпитеташ:

Дуьгу нускал ва санна, расха дин кечбина,
Хаза нускал ва санна, ша каде кечвелла,
Дин хьаьвзаш ва хилла, ша каде тIехиъна,
Ша ваха кечвелира и Адин ва Сурхо.

ЦІийзаш юххе девлира и дуткъа ва эраш,
Декаш тІехьаьвзира, тов, чо шера куьйранаш,
Борз санна, йора дин ша хала сецабеш,
Барзал майра дилха дог ша кийрахь ва сецош,
Чал дера ва герзаш шен юкъах ва къуьйлуш,
Чо шера куьйранаш тІехула ва хьийзаш,
И дуткъа ва эраш ва улло ва цІийзаш,
Вахана ма кхечира и Адин ва Сурхо
Цу юьртан ва йисте, йиллинчу ва метте.

Иллин турпалхочун майралла, цуьнан духар, герзаш, цуьнан дин, эраш, цунна тІехула хьийза куьйранаш – турпалхочуьнца долу дерриге а айамца гайтар ду кхузахь гуттаренан эпитетийн гІоьнца кхочушдийриг.

Д

ДАГАЛЕЦАМАШ *бу* – шен дахарехь хилларг дагалоцуш дІаяздар. Шуьйрачу маьІнехь дагалецамийн литературин юкъайогІу автобиографеш, дневникаш, шен гинчух а, шеца нисделлачу адамех долу йозанаш. Исбаьхьаллин кепехь болу дагалецамаш шен заманан, ша гойтучу хиламийн, адамийн шуьйрачу маьІнехь васт хІоттош хуьлу. Царна тІехь билгалдолу иза ваьхначу заманан сурт, евза оцу заманан коьрта билгалонаш. Иштта бу, масала, Авторханов Іабдурахьманан дагалецамаш.

ДАГАРДАР *ду* – **дагардарш** *ду* – берийн ловзаршкахь хІоранна меттиг билгалйоккхуш йоьшуш йолу стихотворени. Лечкъаргех ловзуш дагардарца, гонах лаьттачу хІоранна а тІе куьг а хьош, билгалбоху дІалевчкъарш а, бІаьргаш хьаббеш верг а.

Кушалиева Малкана дІаяздина дагардар:

Буьртиг, буьртиг, буьртигаш,
Бабин хаза зезагаш,
Бабин мерза чІепалгаш,
Бай тІехь ловзу цаьпцалгаш,

Девдда лела цицигаш,
ДIогахь кхиъна коканаш,
Мимшин букъ тIехь кIайдаргаш,
Мархин хаза тайнигаш,
Хьаьвдда йоьлху миноташ,
ДIахьаббе ахь хьайн бIаьргаш!

ДА́КТИЛЬ *ю* – **дактилаш** *ю*; **дактилан, дактильна, дактило, дактиле** (гр.*daktylos* – пIелг) – хьалхарчу дешдекъа тIехь тохар а долуш, кхаа дешдекъах лаьтташ гIулч йолу стихан барам. Дактилан барамехь язйинчу стихийн къастамаш бу хьалхарчуй, доьалгIачуй, ворхIалгIачуй, уьтталгIачуй, цу рожехь кхидIа а долчу дешдакъош тIехь тохар хилар.

Дактилан схема иштта ю: –VV –VV –VV –VV

Дактилан барамехь язйина стихотворени:

Дахаран ирсана
Турпалхой тийсало вовшеха,
Заманан гIайгIанехь
ХIун дисна чохь-арахь довзаза?
Халкъаша сий дина
Нохчалла Iалашъян езачохь,
Делах ма довлий вай,
Дуьненчохь Даймахках мерзачу?

(Хасбулатов Я.)

Дактиль барам, коьртачарах бу нохчийн йозанан поэзехь а, халкъан барта поэтически произведенешкахь а.

ДАКТИЛИ́ЧЕСКИ РИФМА *ю* – тохарна тIаьхьа тохар доцуш ши дешдакъа долу рифма – *хь*. **Рифма.**

ДЕРЗОР *ду* – исбаьхьаллин произведени тIехь гайтинарг чекхдолуш кхоллалуш долу хьелаш.

ДЕ́ЦИМА *ю* (лат. *decem* – итт) – итт могIанах лаьтташ йолу строфа. Рифмовка: *аббаавггв*. Дуьххьара испански поэзехь кхоллаелла, цигара европейски поэзига кхаьчна. Башха яьржина а яц.

ДИАЛЕКТИ́ЙН ДЕШНАШ *ду* (диалектизмаш) – литературни маттана юккъе далийна диалекташкахь долу дешнаш. Исбаьхьаллин произведенешкахь персонажан васт кхуллуш пайдаоьцу диалектийн дешнех. Масала, Ахмадов Мусан «Зингатийн барз а ма бохабелахь» повестан коьрта турпалхочун къамелехь ду шайн меттигерчу диалектан дешнаш: «Къонах, тхо долчу хьо дуьххьара ца веъна, тIеэцахьара, аьлла. Тхо, варшахойм, игIа борзахошца а, мигIа мартанхошца а дозанаш а долуш, боккха, дIайийнарг хIуъу тIе а йолуш беркате мохк а болуш, мацвелларг вуза а веш, гIо оьшуш, де доьхна веанарг тIе а оьцуш, даьхна хIинццалц а». Кхузахь «игIа» – лакхахь, «мигIа» – лахахь бохург ду. Оцу диалектехь лелаш литературни дешнийн синонимаш ю уьш. Царах лексически диалектизмаш олу. Фонетически, морфологически диалектизмаш а хуьлу. Морфологически диалектизмашкахь литературни дешнийн грамматически форма хийцина хуьлу:

Цундела ма ала,
ма ала соь,
Кхуьур ву сайн махках
дош ала со.
Ца хиънехь кхаьчнийла
суна тIе рагI,
Дадас соь кховдийнарг,
кхаьчча сан хан.

(С.А. Такалашов. Юьстах ма веха*)*

Кхузахь автора литературни маттахь долу «соьга» боху дош, диалектехь ма-хиллара «соь» далийна. Оцу кепара ялийнчу диалектизмаша произведенин исбаьхьалла лакха ца йоккху. Авторан къамел литературни форма ларъеш хила деза.

Фонетически диалектизмаш аьзнаш литературни дешнашкахьчул мелла а хийцина аларца ю. Масала, веданхоша цхьадолу мукъа аьзнаш дахдеш олу.

ДИАЛЕКТИ́ЗМАШ *ю – хь*. **Диалектийн дешнаш.**

ДИАЛО́Г *ю* **- диалогаш** *ю*; **диалоган, диалогана, диалого, диалоге** (гр.*dialogos* – шинна юкъара къамел) – шина (я масех) стага вовшашка ден къамел. Исбаьхьаллин литературехь диалогах пайдаоьцу произведенин жанран башхаллашка хьаьжжина. Драматургически произведенешкахь диалог васт кхолларан, турпалхойн амалш гайтаран, сюжет кхиаран коьрта гIирс бу.

ДИ́ЙЦАР *ду* – **дийцарш** *ду*; **дийцаран, дийцарна, дийцаро, дийцаре** – стеган дахарера цхьаъ, наггахь масех а гIуллакх гойтуш йолу жима эпически произведени. ХХ бIешеран 20-гIа шераш дуьйлалучу муьрехь кхоллалелла нохчийн литературехь дийцаран жанр. Сальмурзаев Мохьмадан 1923 шарахь яздина «Кхетаме Хьамид» цIе йолу дийцар нохчийн литературехь дуьххьарчарах ларалуш ду. ХIетахь дуьйна схьа къоман литературехь кхуьуш схьадеана дийцар. Iаламат мехала хилла и жанр кхиарехь Бадуев СаьIидан дийцарш. Айсханов Шамсуддинан, Арсанов СаьIидбейн, Мамакаев Мохьмадан, Сулаев Мохьмадан, Гайсултанов Iумаран кхолларалле хь а гIеххьа меттиг дIалоцуш ду дийцар.

Шен дIахIоттамца а, психологизм саяларца а къаьсташ ду хIинцалера нохчийн дийцар. Доккха маьIна ду нохчийн литературехь дийцаран жанр кхиарехь Бексултанов Мусан кхолларалли н. Мехала дийцарш ду Амаев Ваха-Хьаьжин, Кацаев Сайд-Хьасанан кхолларалле хь а.

ДИЙЦАРХО *ву, ю* – **дийцархой** *бу;* **дийцархочун, дийцархочунна, дийцархочо, дийцархочуьнга** – исбаьхьаллин произведени тIехь шен цIарах дийцар дIахьош верг. Музаев Нурдинан «Вайнахах дийцар» поэми тIехь дийцархо воккха стаг Селим ву.

ДИ́ЛЛИНА ДЕШДАКЪА – мукъачу озаца чекхдолу дешдакъа. Масала, гIа-ла ва-ха-ра, оцу шина дашера массо дешдакъа диллина ду.

ДИЛО́ГИ *ю* - **дилогийш** *ю*; **дилогин, дилогина, дилогино, дилогига** (гр. *di* – шозза,*logos* – дош) – къаьстина шина декъах лаьтташ йолу исбаьхьаллин произведении. ХIор дакъа шен чекхъяьлла сюжет а йолуш, турпалхойн тоба а йолуш хуьлу. И ши дакъа цхьаьнатухург цу шиннех чекхйолуш авторан ойла а, коьрта турпалхой а хилар ду. Масала, дилоги ю Дадашев Iабдулла романаш «Лаьмнашка некъ», «Зойрбекан шовда».

ДИССОНА́НС *ю* – *хь*. **Рифма**.

ДИФИРА́МБ *ю* – **дифирамбаш** *ю*; **дифирамбан, дифирамбана, дифирамбо, дифирамбе** (гр. *dithyrambos* – массара цхаьна локху йиш, гимн) – тIехдаьккхинчу хесторца язйина произведени.

ДО́ЛОР *ду* (завязка) – исбаьхьаллин произведени тIехь гIуллакхаш билггал кхиа доладаларан хьал.

ДО́IА *ду* – **доIанаш** *ду*; **доIанан, доIанна, доIано, доIане** (Iаьрб. *дуIаун* – дехар, ламаз) – Деле дехаран кепехь язйина стихотворени.

Йо, Дела! Цхьа шеко
Сан дагах летта:
Iожаллех цакхерар –
Цакхерар хьох хета!
Iожаллех тIех кхерар –
Цатешар хьох хета!

Нисвехьа нийссачу
Барамехь, Дела:
Ийманехь чIагIваллалц
Iожаллех ларвай,
Iожалла тIекхаччалц
Стогаллехь чIагIвай,
Кхачаве Ахь тIаккха
Хьайн дикчу кхиэле.

(Сулаев М. ДоIа*)*

Оцу доIанан лирически турпалхочо Деле доьхху ша дикачу Iамалехь нисвар. Далла дуьхьал воьдуш цIенчу ойланца, ийманехь чIагIвелла хила лаьа цунна.

Шен маьIница шуьйра ду Арсанукаев Шайхин доIа:

Стигланаш, латтанаш,
дерриге жилIалам
Кхоьллинарг, кхиошверг,
кхобушверг, Хьоьга
Кхойкху тхо, базбелла
тхайн къинойн бала!
Гуш ву-кх хьо, барт боьхна,
хIоьттинарг тхоьга,
Гуш ву-кх хьо, заманан
йохаллехь дайша
Хьаналчу хьацарца
хьандина латта,
Довхачу шайн цIийца
лардина латта.
Тхан Нана-Нохчийчоь
бIаьрхишца леша,

Дицди оха тахана
дайн гIиллакх, Iадат,
Адамалла дIаяьлла,
дисна цхьа амат,
Дегнаш тхан туьгуш дац
вовшеха Iаба…
Йохий, лачкъий, веди, вийна…
Бераш тхан хIусамехь,
дешарах хаьдда.
ХIай Дела, хIай Везан,
хIай Воккха Дела!
Къинхетам бехьа тхох,
гечдехьа тхуна!
Хьекъалах тилла тхо,
тхо карзахдевлла,
Цкъа совца, ойлаян
кхетам лохьа тхуна…
Динан дай Iедалан
даржашка кхийда,
ОьгIазе, чIиркъе бу
тхан къоьжа къаной…
ХIай Дела, декъалбе
бехк боцуш эгнарш,
Барт бе тхан, ло тхуна
ахь вовшех дашар,
Адамаллех, ийманах
дузийта дегнаш,
Толийта Нохчийчохь
маслаIат, машар…

Гадаев Мохьмад-Салахьан «ДоIа» цхьана могIанах лаьтташ ду: «Сайн гIалат галла синкхетам ло Ахь суна».

ДРАМАТУ́РГ *ву, ю* – **драматургаш** *бу*; **драматурган, драматургана, драматурго, драматурге** – драматургически произведенеш язйинарг. Масала, драматург Хамидов Іабдул-Хьамид.

ДРАМАТУРГИ́ЧЕСКИ КЪО́ВСАМ *бу* – драматургически произведени тІехь вовшашна дуьхь-дуьхьал лаьттачу ницкъашна юкъара къовсам. Произведенин сюжет кхиар исбаьхьаллин къовсамехула кхочушхуьлуш ду. Къаьсттана доккха маьІна ду къовсаман драматургически произведенешкахь. Кхузахь произведенин берриге а хиламаш а, персонажийн амалш кхиар а сюжетан бухе биллинчу къовсамехула вовшашца къийсаме бовлу, дукха хьолахь Іаламат ира хуьлу царна юкъара къовсам. Оцу къовсамехь билгалйовлу персонажийн амалш, церан дуьненехьежар. Авторан лехамаш а, пьесин идейни чулацам а билгалболу драматургически къовсам кхиаре а, берзаре а хьаьжжина. Масала, Хамидов Іабдул-Хьамидан «Лийрбоцурш» турпалаллин драма.

ДРА́МА *ю* – **драмаш** *ю*; **драмин, драмина, драмо, драме** (гр. *drama* – ардам) – литературин кхаа тайпанах цхьаъ. Драматургически произведени сцени тІехь хІотто лерина а йолуш, персонажаша вовшашка дечу къамела кепехь хуьлуш ю. Драмин коьрта башхаллаш ю персонажийн амалш драматичекски къовсамехь гайтинчу церан гІуллакхашкахула, къамелашкахула, ойланашкахула билгалйовлуш хилар. Масала, Ахмадов Мусан «Алдара Ушурма», «Берзалой» драмаш.

ДУСТАР *ду* - **дустарш** *ду*; **дустаран, дустарна, дустаро, дустаре** - исбаьхьаллин кепехь цхьа хIума я гIуллакх кхечуьнгахула билгалдаккхар, шех тера долчу кхечунах дустуш гайтар. Дустаро исбаьхьаллин произведени тIехь гойтучу хIумане я гIуллакхе автора болу хьежам, синхаам гучубаккхарехь гIо до:

Чурт санна, лаьтта со
ГIум-Азин арахь.
Тянь-Шанан лаьмнашка
бIаьрг тоьхча, кийрахь
Генарчу Даймехкан
сурт хIоттало,
Малхбузе мел хьийжи
дог Iийжадо.

(Гадаев М. Даймахке сатийсар*)*

Кхузахь далийна «чурт санна» боху дустар шен Даймахках хаьдда, цуьнга сатуьйсуш, сагатдеш волчу лирически турпалхочун кхоьлина ойланаш, гIайгIане синхьегам гучубаккхарехь мехала ду.

Дукха хьолахь «санна» бохучу хуттаргаца даладо дустар:

Генарчу седанан
Шийла нур санна,
Сан бIаьргахь дехар ду
ГIийла хьан амат.

(Гадаев М. Мунаева Саибате*)*

Дустар цхьалхе а хуьлу: «Мархех халла чекхъюьйлучу маьлхан зІаьнарша, киса санна, кІайн долу башлаьмнийн кортош таьІно къегадора» (Сулаев М. Товсолта ломара дІавоьду); чолхе а хуьлу: «Йовхонах кхоьруш лаьмнашна юккъехь дийнахь лечкъина Іийча санна, хІинцца схьахьаькхира байн мох» (Гайсултанов І. Малика).

Шатайпанчу исбаьхьаллица даладо дустарш нохчийн барта поэзехь.

ДІАХІО́ТТАМ *бу*; **дІахІоттаман, дІахІоттамна, дІахІоттамо, дІахІоттаме** – исбаьхьаллин произведени шен дакъошца дІанисъяран кеп, цу тІера хиламаш гайтаран раж. Цкъацкъа исбаьхьаллин произведенин дІахІоттам шен жанран бехкамашца сецна билгалбоккхий хуьлу, масала, сонетан дІахІоттам. ДІахІоттамо, коьрта долчу декъана, произведенин исбаьхьаллин цхьаалла билгалйоккху.

Ж

ЖАЙНА *ду* – **жайнаш** *ду*; **жайнин, жайнина, жайно, жайне** (Iаьрб. *жуннатун* – лардар, хIайкал) – бусалба динах лаьцна чулацам болу книга.

Бийцина ШоIипа,
бийцина Соипа,
бийцина шайхаша,
тептарша, жайнаша.
(*Абдулаев Л.* Нохчийн мотт)

ТIаьхьарчу хенахь «жайна» олуш нисло муьлххачу книгех а.

ЖАНР *ю* – **жанраш** *ю*; **жанран, жанрана, жанро, жанре** (фр. *genre* – тайпа) – исторически кхолла а елла, кхуьуш йолу исбаьхьаллин произведенин форма. Барта кхолларалли а, йозанан литературин а ерриге произведенеш жанрашка екъало. Барта кхолларалли жанраш ю: туьйранаш, дийцарш, иллеш, эшарш, аларш, кицанаш, хIетал-металш, тидамаш, узамаш, тийжамаш, сардамаш. Исбаьхьаллин литературин жанраш: роман, повесть, дийцар, поэма, стихотворени, пьеса. Нохчийн къоман барта кхолларалле а, йозанан литературехь а оцу ерриге а жанрашкахь произведенеш ю.

ЖIАРИЙН РИФМА *ю – хь*. **Рифма**.

З

ЗА́БАР И́СБАЬХЬАЛЛИН *ю* – литературехь яйн забар ярца адамийн сакхташ беламедахар. Бегашбаран кепехь хуьлу исбаьхьаллин забар, вон ца хуьлу. Забар шена тIе хьажийна верг а велаволуьйту исбаьхьа йинчу забаро, тIаккха цунна халонга ца долу забарца аьлларг, оьгIаз ца воьду иза. Исбаьхьаллин забар нохчийн барта кхолларалле хь даима а хилла ю. Алссам ю исбаьхьаллин забар шайца йолу барта произведенеш: забаре эшарш, хабарш, иллеш и. дI. кх.

Мехкарийн забаре эшарш дукха хьолахь кегийчу нахана яьхна хуьлу:

Ахь культурни болар дича,
Хьо эвлахула волавелча,
ВаллахI, делор, моьттура суна
Ахь ялон ерг дуьненчохь яц.

Кху суьйрене ойлайина,
Кху Iуьйрене ойлайина,
Ахь ялийнчуьн ойлайина –
Юьртах даккха дезара шуьшиъ.

Вовшашца бегашбаран кепехь диалогах лаьтташ а хуьлу халкъан эшарш:

Хьан стоьл тIехь лаьтташ
Приемник яцахь,
Хьан коре оьхкина
Шипонаш яцахь,
Сагатделча хахка
«Победа» яцахь,
Ма ала, кIорни,
Соь хьайга йола.

– Сан коре оьхкина
Шипонаш елахьара,
Сан стоьл тIехь лаьтташ
Приемник елахьара,
Сагатделча хохкуш
«Победа» елахьара,
Со хIун дан воллура
Хьо хьистина?.

ЗАВЯ́ЗКА – *хь*. **Долор**.

ЗУДАРИЙН РИФМА – *хь*. **Рифма**.

И

ИДЕ́Й ИСБАЬХЬАЛЛИН *ю* (идея художественная) – литературин произведени тIехь гайтинчух схьадолу коьрта маьIна, яздархочо шен произведеница чIагIъеш йолу коьрта ойла. Иза билгалйолу произведенин исбаьхьаллин вастийн системехула, яздархочо гойтуш долчу дерригенца. Иштта гучубовлу ша гойтуш долчуьнга яздархочун болу хьежамаш а.

ИДИОМА *ю* – **идиомаш** *ю*; **идиомин, идиомина, идиомо, идиоме** (гр. *idioma* – шатайпана алар) – хIора маттахь шайн башхаллаш а йолуш, кхечу матте ма-дарра дахалуш доцу аларш. Масала: «Дакъаза ма вала», «Иракара хIотто», «Ча тоьшийла шех». Идиомин маьIна цу юкъадогIучу дешнех лаьтташ дац: «Ча тоьшийла шех» аьлча, цунах ча тешахьара бохург дац, цуьнан маьIна ду: цунах тешам бац.

ИЛЛАНЧА *ву* – **илланчаш** *бу*; **илланчин, илланчина, илланчо, илланче** – илли олуш верг. Илланчаша тIаьхьа дечиг-пондар балош, хазачу мукъамца, исбаьхьа олу илли. Цхьаболчу илланчаша шаьш дохуш

а хилла иллеш. Махкахь бевзаш а, лоруш а хилла уьш. Иллешка а, мукъаме а ладогIа, кхойкхий, генна юьртара а валош хилла илланча.

Хьалхалерчу хенахь баьхначу илланчех лаьцна цхьа наггахь бен хаамаш бац. XIX бIешарахьлерчу цхьаболчу илланчех, дийцархойх лаьцна цхьа кIеззиг хаамаш нисло оцу хенахь Нохчийчохь хиллачу оьрсийн яздархойн произведенешкахь а, эпсарийн цхьацца долчу йозанашкахь а. К. Белевича шен «Нохчо Берса» цIе йолчу поэми тIехь вийцина говза дийцархо Берса. Поэмин автор нохчийн дийцархочуьнца Берсица цхьаьнагуллуш хиллачух тера ду XIX бIешеран 40-чу шерашкахь. Оццу хенахь язйинчу шен цхьана статья тIехь кхечу оьрсийн эпсаро Властовс а хьахийна кхин цхьа нохчийн дийцархо Заур (цуьнан нийса йолу цIе Зовр ю), иза Нашхара хилла. Хьалха илланчин цIе иза винчу, вехачу юьртан цIарца цхьаьна йоккхуш хилла.

Нашхара Чийтмаран Зовр цIеяххана говза илланча, дийцархо санна вевзина цу хенахь. Иза ваьхна герггарчу хьесапехь 1810 – 1875 шерашкахь. Нашхахь вина а, кхиъна а ву иза. Дика стаг, оьзда къонах вара боху дешнаш дитина цо шех ала.

Iаламат дукха иллеш, дийцарш хууш а, дашна говза а хилла Чийтмаран Зовр. Генна хьалхалерчу заманан барта дийцарш хууш хилла цунна. Вай лакхахь хьахийна эпсар Властов Нохчийчу веъна XIX бIешеран хьалхарчу эхехь. XIетахь ша язйинчу цхьана статья тIехь цо боху: «Ламчохь вехаш Заур цIе йолуш нохчо-дийцархо ву аьлла, хезнера суна. Сайна тIе а кхайкхина, хьалхалера хабарш дийцийтира ас цуьнга. Хетарехь,

250 шо хьалхалерачу заманан хабарш хир дара цо дийцинарш».

Чийтмаран Зовр кхетам болуш, маттана говза, иэс дика йолуш стаг хилла. ГІараваьлла дийцархо хиларал совнаха Зовр шен оьздачу гІиллакхашца вевзина Нохчийчоьнал генна арахьа а. Истамал (Стамбул) гІалахь, вайнах ХьаьжцІа дІасалелачу меттехь, хІордакеманийн вокзалехь, дІатоьхна хиллера бохуш дуьйцу, деций, ненаций чІогІа дика хиллачу кІентан Нашхарчу Чийтмаран Зовран хаза гІиллакхаш дуьйцуш долу йозанаш.

Чийтмаран Зовран кІентан кІант Нашхара Пинчотан Ахьмад а хилла дика дийцархо. Цунна дуккха а шира дийцарш а, иллеш а хууш хилла. Ша илли говза олуш а хилла иза. Чийтмаран Зовран цІийнах болу нах хІинца а болуш бу, Хьалха-Мартанан районера ГаевгІар бу уьш.

ХІХ бІешо чекхдолучу – ХХ бІешо долалучу хенахь Нохчийчохь хилла цІеяххана дийцархой, илланчаш: Гихтара Уьдин Эда, Хьалха-МартантІара Исмайлан Дуда, Галнера Дубин ТІака, Котар-Юьртара Мази, Цоцин-эвлара Батура, дуккха а кхиберш а.

Дика бевзаш бу ХХ бІешарахьлера илланчаш Сулейманов Баудди, Гакашев Мохьмад, Чапаев Сапарбек, Орзимов Денисолта, Абдурахманов Іабдул-Хьамид, Бетельгериев Сайд-Мохьмад, Тимуркаев Ахьмад, кхиберш а.

Хьалхалерчу нохчийн илланчашкара, дийцархошкара шайна хезначух пайдаоьцуш дуьненна а евзаш йолу исбаьхьаллин произведенеш язйина оьр-

сийн поэташа, яздархоша. Масала, М. Ю. Лермонтовс 1832 шарахь ша язйина «Измаил-Бей» поэма иштта дIайолайо:

.....Старик-чеченец,
Хребтов Казбека бедный уроженец,
Когда меня чрез горы провожал,
Про старину мне повесть рассказал.
Хвалил людей минувшего он века,
Водил меня под камень Росламбека,
Повисший над извилистым путем,
Как будто бы удержанный Аллою
На воздухе в падении своем...
.....
И под столетней, мшистою скалою
Сидел чечен однажды предо мною;
Как серая скала, седой старик,
Задумавшись, главой своей поник...
Быть может, он о родине молился!
И, странник чуждый, я прервать страшился
Его молчанье и молчанье скал:
Я их в тот час почти не различал!

Его рассказ, то буйный, то печальный,
Я вздумал перенесть на север дальний:
Пусть будет странен в нашем он краю,
Как слышал, так его передаю!
Я не хочу, незнаемый толпою,
Чтобы как тайна он погиб со мною...

Цу тайпана, нохчийн халкъан дийцар ду Лермонтовс шен поэмин бухе диллинарг.

ХIинцалерчу нохчийн фольклористаша илланчашкара дIа а яздеш, зорбанехь арахоьцу къоман иллеш.

ИЛЛИ *ду* - **иллеш** *ду*; **иллин, иллина, иллино, иллига** – нохчийн барта кхолларалли жанр. Стихотворенин кепехь а йолуш, мукъамца олуш эпически а, лиро-эпически а, лирически а произведенеш ю уьш. Халкъан хьалха хиллачу дахаран хьелаш билгалдовлу иллешкахь, къоман гIиллакхаш, ламасташ ду цаьрца. Йоккхачу исбаьхьаллица кхоьллина а долуш, кIорггера чулацам болу халкъан иллеш адамийн дегнийн кIоргене кхочуш ду. Иллешкахь чIагIдо даймохк безар, иза Iалашбар, кхечу къаьмнашца доттагIалла хилар, вовшашлахь цхьабарт болуш, халкъан, мехкан гIуллакх лардеш хилар. Къонахалла, майралла, оьздангалла, адамийн сий лардар кхайкхадо иллешкахь. ГIийлачуьнгахьа гIолацар, гIиллакхе, комаьрша хилар коьрта лору халкъо. Адамийн ойла билгалйолу иллешкахь, шайн гIайгIа-бала ялхайо цара иллешца. Иллеш шайн чулацаме а, формане а хьаьжжина, эпический, лиро-эпический, лирический хуьлу. Нохчийн эпически иллех дукха хьолахь турпалаллин иллеш олу.

ИЛЛИ ТУРПАЛАЛЛИН – иллин жанран тайпа. Нохчийн халкъан барта кхолларалле хь Iаламат мехала ду турпалаллин иллеш. КIорггера маьIна а, ша-тайпа исбаьхьалла а ю церан. Дукхахдолчу иллешкахь буьй-

цу турпалхой хьалха баьхна, исторически хилла нах бу. Шен халчу дахаран новкъахь тайп-тайпанчу мостагIашна дуьхьал халкъо къийсам латтош, хьалхабевлла хилла а, хьуьнарш гайтина а нах бу царна тIехь буьйцучарах дукхахберш. Шен дикачу кIентийн хьуьнарш хастаме деш дийца лаарна, уьш тIекхуьучу тIаьхьешка дIахаийта лаарна кхоьллина халкъо турпалаллин иллеш. XVI–XVII бIешерашкахь кхоьллина лору царах цхьадерш. Амма дуккха а тIаьхьа кхоьллина иллеш а ду, масала, XX бIешарахь кхоьллина Харачойн Зеламхех долу иллеш.

Коьрта долчу декъана дахарехь хилла гIуллакхаш ду иллийн чулацамехь дуьйцурш. Амма тайп-тайпанчу меттигашкахь, тайп-тайпанчу хенашкахь хилла долу гIуллакхаш цхьанаметтехь хилча санна а, цхьана хене дерзадой а дуьйцуш нисло. Цхьана хенахь баьхна боцу турпалхой вовшахтухий гойтуш а нисло иллеш тIехь. Делахь а, коьрта турпалхой шаьш схьабевллачу меттигца я шайн тайпанца билгалбоху. Масала: Эвтархойн Ахьмад, Аьккхийн Джанхот, Іалхаштойн Іалха, Мадин Жаьммарза (Чечанара хилла), БахIадаран Муьстарг (Дадин-Юьртара хилла), Іахин Тиймаркъа (ГихтIара хилла). Турпалаллин иллешкахь чIагIдо даймохк безар, кхечу къаьмнашца доттагIалла хилар, вовшийн лоруш, цхьабарт болуш хилар, гIийлачуьнгахьа гIо лоцуш, доттагIалла лардеш, майралла, стогалла гайтар, адамийн оьздангалла, сий лардар.

«Таркхойн кIентан, Жерочун кIентан, Жумин Акхтуллин илли» тIехь ваша воцуш цхьалха волчу Жерочун кIентан сий лардеш, цуьнца а, Жумин Акхтуллица а

цхьаьна инарлина дуьхьал тIаме хIуьтту Таркхойн кIант а, шеца «цIе йолу кура кIентий» а болуш гIалгIазкхий а. Шен эскаршца «юьрта гонаха кхолха го хIоттийна» адамашна зуламе вала гIерташ волу инарла халачу тIамехь эша а вина, жерочун кIант ирс долуш ваха а хаийна, цIехьа боьрзу и сий долу кIентий.

ПаргIатонехьа болчу къийсамехь къаьмнашка цхьабартболуш хиларе кхойкху иллеш тIехь. Иллийн турпалхой бертахь хуьлу, вовшийн лоруш, сий деш, гIо лоцуш хуьлу. Цхьана къомах хилар я цахилар хьесапе а ца оьцу цара. «Жерочун кIентан, гуьржийн кIентан илли» тIехь ницкъ болчу Юьспан Тойсамна дуьхьалвала ша кечлуш, гуьржийн кIант шена доттагI лаца воьду иллин турпалхо. Иллешкахь коьрта лоруш ю стеган дика амалш, цуьнан гIиллакх-оьздангалла. Ницкъий, хьаллий цуьнан хиларца ца хадабо стеган мах:

Ницкъ хиларх хуьлуш вац яхь йолу дика кIант,
ХIилланах хуьлуш вац тешаме дика кIант,
Тешамо, гIиллакхо, собаро веш ву-кха,
Оьздалло, хьекъало, стогалло веш ву-кха
ГIиллакхах вуьззина яхь йолу дика кIант, –

боху илли тIехь.

Нохчийн иллеш йоккхачу поэтически говзаллица кхоьллина ду. Шера ритм ю церан. Дукхахьолахь шина я еа стопах лаьттачу дактилан барамехь хуьлу иллийн стих. Іаламат хаза исбаьхьаллин суьрташ а, васташ а ккуллу иллешкахь, говза даладо тайп-тайпана дустарш, метафораш, эпитеташ, гиперболаш.

Оцу исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсех пайдаоьцу турпалхойн сибат-амат, куц-кеп гойтуш а, церан хьуьнарех лаьцна дуьйцуш а, иллеш тIера хиламаш гойтуш а. Эпитеташ дукха хьолахь гуттара а цхьаьна кепехь лелаш ерш хуьлу: «дог майра», «кIайн нускал», «бабин хаза йоI», «расха дин», «чо чехка чола куй», «чал дера герзаш», «можа малх», «дилха дог», «мерза са». Цара гIо до дуьйцуш дерг исбаьхьаллин суьртехь схьагайта, иза ладугIуш волчунна дагах хьакхадалийта.

Иллийн суртхIоттаран гIирсаша гIо до дуьйцуш долу гIуллакхаш даг чу дийшийта, цаьрца дог айба, даймахкехьа ойла кхион.

Турпалаллин иллийн башхаллаш йовзархьама леррина хьовсур ду вай «Аьккхийн Жанхотан иллига».

Нохчийн иллешкахь буьйцучарах масех турпалхо ву «Аьккхийн Жанхотан илли» тIехь цхьаьна гайтина: Мадин Жаьммарза, Таймин Бийболт, Зайтан Шихмирза, Жумин Акхтула, Баччин Элмарза, Аьккхийн Жанхот, Жерочун кIант, Оьрсийн кIант. Цара цхьаьна кхочушдеш гIуллакхаш ду иллин чулацамехь дерш.Тешам болуш, яхь йолуш хилар, нийсо лелош, гIийлачун гIо лоцуш, цхьалхачунна вошалла деш хилар кхайкхадо «Аьккхийн Жанхотан илли» тIехь.

Шен барамца доккха ду илли – ворхI бIе шовзткъе итт стихах лаьтта иза, исс дакъа а ду цуьнан. Дуккха а турпалхой а, чолхе сюжет а ю иллин. Сюжетан зIе иштта ю: Аьккхийн Жанхотана накъосталлина арабовлу «цIе йолу кура кIентий» Мадин Жаьммарза, Таймин Бийболт, Зайтан Шихмирза, Жумин Акхтула, Баччин Элмарза.

Цара, Оьрсийн кIанта а гIо а деш, Аьккхийн Жанхотана ялайо «хьалхашха хьаьжча, кхеташ малх санна, хаза, тIаьхьашха хьаьжча, бузуш малх санна, тамехь» йолу инарлин йоI. Шайн доттагIчунна «кIайн нускал» а даладой, дууш, молуш а Iай, цIа боьрзу и яхь йолу кIентий. Амма Аьккхийн Жанхотан хIусамера йодий, дIайоьду инарлин йоI: «цхьана вочу зудчо юккъе мотт боьллина, Iехийна, тилийна, дIаяхар марздича, ша яхна хиллера инарлин хаза йоI». Цо ша юьхьIаьржа хIоттийна лерина Аьккхийн Жанхот, «дин каде кечбина, ша сиха кечвелла..., дацойн лорах йоьду къена борз ва санна, лорах тIаьхьатилира» яханчу йоIана. Оьрсийн кIентан нанас хаийтира Аьккхийн Жанхотана а, шен кIантана а инарлин йоI паччахьан кIантана юьгуш хилар. Оцунна холчухIоьттина хьийзачу шен нене элира Оьрсийн кIанта:

Хьо елха ма елха, со вина сан баба,
Хьо тийжа ма тийжа, со вина сан баба.
Хьан кIентан кийрахь мерза са дисахь,
Юьгур яц хир яй и-м паччахьан кIантана.

Оьрсийн кIант Аьккхийн Жанхотаца тIаьхьа воьду паччахьан кIантана нускал эцна боьлхучу замошна. Дикачу дойн йоргIахь, дийнан дохалла некъ беш, тIаьхьакхиира и шиъ «малх буза лахбелча, шайн дой кIадделла, паччахьан кIант инарлин йоIаца волчу кIайн четар тоьхна, эпсарш болчу цIен четар тоьхна, салтий болчу Iаьржа четар тоьхна» садаIа севцинчу замошна. Паччахьан кIентан четарна улло ваханчу Оьрсийн кIан-

тана хезира: «Ма яла дакъаза, инарлин жима йоI, тIехь товш нускал дара-кх хьо хьалдолчу кIантана, цу нохчийн къутIанан пис хьожа хьайн дегIах ца еъча», – бохуш, инарлин йоIе паччахьан кIанта ден къамел. И ла ца деллачу Оьрсийн кIанта:

...Кийрарчу шен даго ладегIа ца вуьтуш,
Хьенапан шаьлтанца кIайн четар датIийна,
Ша-шен цIока яккха цIоькъалом санна,
Шен сина даръелла дера ча ва санна,
Буьрса чуиккхир, тов, и Оьрсийн жима кIант:
– Э, елла яла хьо, паччахьан хьо кIиллу!
И хьуна йогIуриг инарлин йоIах
Нохчийн къутанан пис хьожа яц хьуна,
Цу нохчийн кIантана уллохь хьийзинчу
Шен туьрах йогIуш хьожа хилла хьуна! –

аьлла, иза вожа а вина, инарлин йоI Аьккхийн Жанхотана схьаялийна. И санна долу гIуллакх кхин Iотталахь а ша волчу вар тIе а диллина, цIехьа хьажаво Оьрсийн кIанта Аьккхийн Жанхот инарлин йоIаца.

Амма цул тIаьхьа хье ца луш когашна болатан буржалш тоьхна, куьйгашна «чилхьесан гIоьмаш» йоьхкина, коча «болатан юткъа зIе» тесна, коьртах гатанан тIоьрмиг боьллина паччахьан хьадалчаша «вадийна ваьхьира» Оьрсийн кIант паччахьан цхьаъ бен воцу кIант а вийна, инарлин йоI йийсаре елла аьлла, «толлан тангIалкхашкахь» ирхъолла. Оьрсийн кIанта, набахтера цхьа хехо берта а валийна, шен «деган доттагIе» Аьккхийн Жанхоте ша лаьцнийла хоуьйтуш кехат да-

хьийтина. Аьккхийн Жанхот шеца Мадин Жаьммарза, Таймин Бийболт, Зайтан Шихмирза, Баччин Элмарза, Жумин Акхтула, Жерочун кIант а волуш орцах кхечира Оьрсийн кIантана. «Деттачу дошана бIаьрг белла йиш йоцуш, молханан кIуьрана садоIийла йоцуш» болчу луьрчу тIамца. Оьрсийн кIант Iожаллех хьалха а ваькхина, цIа бирзина и яхь йолу кура кIентий.

Цу тайпана, илли тIера хиламаш кхаа декъе бекъало: хьалхара – Аьккхийн Жанхотана цуьнан накъосташа инарлин йоI ялор а «цхьана вочу зудчо» мотт а бина, иза дIаяхар а: шолгIа – паччахьан кIанте дIалуш йолу и инарлин йоI оьрсийн кIанта схьа а яьккхина, Аьккхийн Жанхоте схьаялар; кхоалгIа – паччахьан хьадалчаша лаца а лаьцна, ирхъолла кечвина волу Оьрсийн кIант Аьккхийн Жанхота а, цуьнан накъосташа а кIелхьарваккхар. Оцу коьртачу хиламех лаьтта иллин чулацам, цаьргахула билгалйовлу турпалхойн амалш а, иллин маьIна а.

Нохчийн иллешкахь вайнехан турпалхошца доттагIаллин, вежараллин уьйраш хуьлу тайп-тайпанчу къаьмнех болчу турпалхойн. Таркхойн, гуьржийн, оьрсийн, гIумкийн, ногIийн, гIебартойн, гIалмакхойн кIенташа нохчийн къоман турпалхошца цхьаьна дакъалоцу иллийн хиламашкахь. «Аьккхийн Жанхотан илли» тIехь нохчийн къоман турпалхошца цхьаьна гайтина Оьрсийн кIант а, цуьнан нана а. И шиъ Аьккхийн Жанхотана орцахдаьлла ду. Юххера гергарло долчу нахана юкъахь хуьлу юкъаметтигаш ю Оьрсийн кIентан, Аьккхийн Жанхотан вовшашца ерш. Оьрсийн кIанта «деган доттагI», «нанас ца вина сан ваша» олу Аьккхийн Жан-

хотах. Оьрсийн кIентан нанас а «сан кIант» олу цунах. Хала киртиг тIехIоьттича, вовшийн дага вогIу цу шинний, вовшашна тIевоьду и шиъ. Мел кхераме гIуллакх хиларх вовшашна орцах волу. Иллеш тIехь турпалхой къаьмнашца ца къестабо. Цхьана къомах волу турпалхо лакхавоккхий, вукху къомах верг лахвой ца гойту. «Цхьабосса ши накъост» боху Аьккхийн Жанхотаххий, Оьрсийн кIантаххий. Къаьмнашна юкъахь доттагIалла, гергарло кхайкхадо иллешкахь.

Аьккхийн Жанхотана баьлла бохам дагах кхетта Оьрсийн кIентан нанна, «догIанан ладарха ши бIаьриг белхабеш, къеяьлла йоьлхуш» ю иза. Инарлин йоI паччахьан кIантана йига баьхкина «къорза эпсарш» бу, цаьрга иза кхочуш ца дойтуш, инарлин йоI, схьа а яккхий, Аьккхийн Жанхотана юхаерзае олий, тIедожадо цо шен кIантана. Паччахьан кIант эша а вина, схьа а яьккхина, схьаялийна Оьрсийн кIанта инарлин йоI.

Кхаа дийнахь, кхаа бусий ловзар латтадай,
Юьртан той дай, баккхий нах маьрша цIа берзабай,
Шуьшиъ бертахь дахалаш, сан деган доттагIа,
Сан нанас ца вина сан ваша, хIай Аьккхийн Жанхот,
ХIар санна гIуллакх кхин хьайх Iотталахь,
Со волчу ван мегар ду, со волчу вола хьо, –

аьлла, цIа хьажийна Оьрсийн кIанта Аьккхийн Жанхот инарлин йоIаца.

Доккха доттагIалла ду Оьрсийн кIантаний, Аьккхийн Жанхотаний юккъехь, вовшашна эшначохь синош а дIадала кийча ву и шиъ. Оьрсийн кIантана тIе

Іожаллин кхерам хІоьттинийла шена хиъча, шен накъостий эцна цунна орцахвелира Аьккхийн Жанхот. Толлан тангІалкхашкахь ирхъолла кечвина Оьрсийн кІант луьрчу тІамехь кІелхьарваькхина цара. Оьрсийн кІант цхьана Аьккхийн Жанхотан доттагІ хилла ца Іа, Иллин берриге а турпалхойн доттагІа ву иза. Баччин Элмарзас Оьрсийн кІанте цавашаран къамел дарна вуно чІогІа бехк боккху цунах кІентийн баьччас Мадин Жаьммарзас:

– Ма вала дакъаза, хІай Баччин Элмарза,
Яхь йолчу кІенташлахь осал дош алар
Дозалла дац хьуна, гІиллакхе дац,
Доккха эхь ду хьуна осал дош дийцар,
И Оьрсийн жима кІант доттагІа веца вайн,
Цуьнан дагах дог дустуш вай хила ма деза ...

Оьрсийн кІантана дашца а халахетар дар осал хилар лору илли тІехь, цуьнан дог оьцуш, «дагах дог дустуш» хилар тІедожадо. Кхечу къомах волу турпалхо массо хІуман тІехь а халкъан турпалхошка дІанисво иллешкахь. Цара вовшашна деш долу гІуллакхаш шайн барамца цхьатерра хуьлуьйту.

Цхьана а кепара ца догІуш ца лору илли тІехь Аьккхийн Жанхотана ялийнарг оьрсийн йоІ хилар, мелхо а иштта хила дезаш гІуллакх лору. Къаьмнашна юккъехь доттагІаллин уьйраш, гергарлонаш тасар кхайкхадо халкъо деган йовхонца кхоьллинчу шен иллешкахь.

Нохчийн иллешкахь дуьйцурш коьрта долчунна

къоман дахарехь хилла гIуллакхаш ду. Царна тIехь гайтина турпалхой а дукхаха берш исторически хилла нах бу. Бакъду вовшийн гина боцу, тайп-тайпанчу хенашкахь баьхна турпалхой цхьаьнатухий а, тайп-тайпанчу хенашкахь лелла гIуллакхаш цхьаьнадаладой а меттигаш нисло иллешкахь. «Аьккхийн Жанхотан илли» тIехь къоман цIеяххана болу кIентий цхьаьна арабовлу шайн доттагIийн Аьккхийн Жанхотан а, Оьрсийн кIентан а гIуллакхана. Даккхий хьуьнарш оьшу гIуллакхаш кхочушдо цара, тIех майралла а, къонахалла а гойтуш. Къонахошна юкъара доттагIалла, тешам болуш, яхь йолуш хилар, эшначохь хьуьнар а, майралла а гайтар кхайкхадо илли тIехь. Къоман ламасташкахь долу гIиллакх, оьздангалла, цхьалхачунна вошалла дар, гIийлачун гIолацар, массо хIуманна тIехь а нийсо лелор, вовшийн лоруш, сийдеш хилар чIагIдо:

Тешаме дика кIант юьртан куралла хеташ,
ГIиллакхе, оьзда йоI деган синкъерам лоруш,
Яхь йолуш баьхначу нохчийн оьздачу кIентийн
Сий лахдан мегар дац, –

боху илли тIехь. КхидIа долчу иллин могIанашкахь кIаргйо и ойла:

Яхь йолчу кIанта халахетар дийр ма дац,
Дикачу кIанта харцо а йийр ма яц.
Тешаме доттагIа, яхь йолуш хилар,
ГIийлачух, мискачух дог лозуш хилар,
ГIиллакхе хилар оьзда ду кIантана,
Яхь йолчу кIенташна и хаа ма деза.

«Аьккхийн Жанхотан иллин» сюжетан берриге хиламаш къаьмнашна юкъара доттагIалла, гергарло чIагIдаран маьIна долуш бу. Аьккхийн Жанхотан инарлин йоI ялор а, Оьрсийн кIанта Аьккхийн Жанхотан сий лардеш, паччахьан замошкара инарлин йоI схьаяккхар а, Аьккхийн Жанхота шен накъосташца Оьрсийн кIант ирхъуллучуьра кIелхьараваккхар – иллин чулацам шайх лаьтта и коьрта хиламаш – къаьмнашна юккъехь доттагIаллин, гергарлонан уьйраш кхиоран маьIна долуш бу.

Социальни харцонна дуьхьал къийсам латторан ойла а ю иллин чулацамехь. «Мискачийн мостагIий» аьлла, билгалбаьхна Оьрсийн кIант, лаьцна дIа а вигна, ирхъолла кечвинарш. Оцу мискачийн мостагIашна дуьхьал луьра тIом бо иллин турпалхоша, «мангало кес санна, мискачийн мостагIий тIеттIа а туьттуш, ... шаьш юкъатаьIир, тов, цIе йолу кура кIентий. Тоба сов йолчу тIеттIа а лоьхкуш, вовшашка маьхьарий детташ, шакаршца тарраш лесто долийр, тов, цIе йолчу кIенташа». Буьрсачу тIамехь мостагIий эша а бина, Оьрсийн кIант паргIатваьккхина цара.

Шена маьIница а, исбаьхьаллин башхаллашца а нохчийн дикачу иллех ду «Аьккхийн Жанхотан илли».

ИЛЛИ ЛИРИЧЕСКИ (УЗАМ) – иллин жанран тайпа. Иллешна юккъехь шайн лаккхарчу исбаьхьаллица къаьсташ ду лирически иллеш. Къеггина шайн башхаллаш ю церан. Фольклориста Мунаев ИсмаIала «узамаш» аьлла, билгалдаьккхина иллин жанран и тайпа. Вай кхузахь

ламасталлин хьесапехь лирически иллеш олу царах. Лирически иллийн чулацамехь кхочушхуьлуш гIуллакхаш дац, ардар дац. Иллин турпалхочо лелийна гIуллакхаш я цхьа хиламаш бац царна тIехь гойтуш. Гонахарчу дахарехь я Iаламехь долчу хIуманаша меттахъяьккхина йолу турпалхочун ойла, цуьнан синхаамаш бу лирически иллин чулацамехь:

Дакъаза ма дала, го туьйсу хьо дуьне,
Цкъа малхо деладо, догIано делхадо.
Хьо тайнарг мила ву, ахь хьоьстург мила ву?
Даима хьох хьоьгуш лелаш верг мила ву?
Дакъаза ма дала, кийрара дилха дог,
Цкъа доьлуш хуьлу хьо, цкъа делха хIутту.
Безамо чехадарх, везначо дIатасарх,
Ма хилахь нийсархойн дог кхардош сох.
БIаьстено делочу зезагах хьоьгуш,
Гуьйрено гIелдинчу гIа-беце хьоьжуш,
Безамца боьлучу нийсархойх хьоьгуш,
Ас маццалц дуур-те хIара маьлхан дуьне?

Дукха хьолахь лирически иллешкахь хаалуш дерг адамийн кийрара даьлла баланийн аз ду, шайн гIайгIа-бала ялхайо адамаша оцу иллешкахь. Иштта ду «Нохчийн шира илли» а, «Сай» цIе йолу илли а.

«Нохчийн шира илли» дуьххьара зорбатоьхна оьрсийн маттахь 1868 шарахь. ХIетахь оцу илли тIе тидам бахна баккхийчу оьрсийн яздархойн. Сийлахь-воккхачу Лев Толстойс шен доттагIчунна говза поэт-лирик волчу Афанасий Фетана дахьийтина хилла и илли кхечу нохчийн иллешца цхьаьна. А. Фета лакхара

мах хадийна цуьнан, цIенчу поэзех лерина цо иза. А. Фета оьрсийн матте а даьккхина, зорбатоьхна цунна. ХIинца а цуьнан стихотворенеш юккъехь зорбатухуш а ду и илли. Вайн заманахь а поэтийн тидам шена тIехь соцуш а, дукхазза дийцина а ду «Нохчийн шира илли».

Халкъан иллешна юккъехь ду Iаламах, дийнатех лаьцна долу лирически иллеш. Даймехкан Iаламера исбаьхьа суьрташ гойту царна тIехь: шовданаш, лаьмнаш, хиш я акхарой, олхазарш. Iаламан хазалла йийцина ца Iа оцу иллешкахь, Iаламах лаьцна болу халкъан кхетам гучубаьлла ца Iа. Говзачу васташкахула, йоккхачу исбаьхьаллица адамийн дахаран кIорггера ойла йойтуш ду уьш. Ишттачу иллех ду дуьненан а исбаьхьаллин мехалла лара хьакъ долу «Сай» цIе йолу нохчийн лирически илли.

Къеггина го иллешкахь халкъо лайна халонаш, дахаран галаморзахаллаш. Хаддаза къинхьегамехь даьллинчу адамо ирсехьа сатуьйсуш, шен ойланаш ялхийна лирически иллешкахь. Дог Iовжош долчу исбаьхьаллин васташкахула хаало халкъан ойла, цуьнан сатийсамаш, дегайовхонаш.

Адамийн дуьненах болу кхетам, дахарца йолу уьйраш, Iаламца кхоллалуш йолу юкъаметтигаш гучуйовлу лирически иллешкахь.

Тидам бер вай «Да вала хьан делаI, малх кхета хьо дуьне» бохучу нохчийн лирически иллин.

Да вала хьан делаI, малх кхета хьо дуьне,
Хьо дуург ца хилла, дагна товраш ва хилла,
Хьо дуург ца хилла, бохуриг ва хилла,
Хьо дуург ца хилла, хетарш ва хилла.

Дагна товраш ва хилла, хьо дуург ва хиллехь,
Хьо дууш хир дара безначаьрца ва цхьаьна.
Бохуриг ва хилла, хьо дуург хиллехь,
Хьо дууш хир дарий дагна дукхаезначу мерзачу езарца.

Товраш хилла ца лаьтта, там хилла ца лаьтта
Башлекха и лаьмнаш, аьхкенан кхаа баттахь
Бора дарц ва детташ, сийна буц ца йолуш.
Хетарш хилла ца лаьтта Чергазийн ва раьгІнаш,
Аьхкенан кхаа баттахь цу малхо ва морцуш.
Хетарш хуьлуш ва делахь, бохуриг хуьлуш ва делахь,
Некъо гола мел тухучохь шовданаш хир дарий,
Шовданийн ва коьртехь таьллийн хьун хир ярий.

Долу гІа ва санна, вежарий кхуьур бу;
Дужу гІа ва санна, царах дІахедар ву.
Нийсархой кхуьур бу, хаза йолу бІаьсте ва санна;
Царах дІахедар ву, эсаро дожаден толлан гІа ва санна.
Вахарх а вузур ву, мазах буьзна некх санна;
Вахарх а хедар ву, эла велла некх санна.

Да велла диса хьо, малх кхета кІайн дуьне,
Дезаш ка ва еттарх, ма карара дели хьо.
Дагна дукха мел везнарг велла дІа ма вели,
Ца даъал чам байна, къахьделла хьо дуьне.
Ца ер вай, кІенатий, хІара йоьхна ойланаш,
Ца ер вай, кІенатий, дуьненан гІайгІанаш.

Вайна дика ма бара, сарахь сагатделча,
Эзар ойла ва хилла, сарахь чувирзича,
Самукъа ва даккха бос хаза мехкарий.

Иллин хьалхарчу бархI могIанехь хаало турпалхочун йоьхна ойланаш. Сингаттаме ду цуьнан дуьнене, дахаре хьежар. Шен дахарх самукъадолуш, воккхавеш вац иза. ТаьIна, гIийла ю цуьнан ойланаш: «Да вала хьан делаI, малх кхета хьо дуьне, Хьо дуург ца хилла, дагна товраш ва хилла, Хьо дуург ца хилла, бохуриг ва хилла, Хьо дуург ца хилла, хетарш ва хилла».

Иллин шолгIачу бархI могIанехь адамийн дахаран гIайгIанаш Iаламан хиламашца цхьаьнайоьзна. «Башлекха лаьмнаш» а, Чергазийн раьгIнаш а «товраш хилла ца лаьтта, там хилла ца лаьтта» боху илли тIехь. Царна а ю новкъарлонаш а, цатемаш а.

КхидIа болчу иллин ялх могIанехь дахаран философи ю: валар – висар, хьал хилар – хьолах хадар. Дуьненан хIума хийцалуш хиларх лаьцна ду иллин и дакъа: «Долу гIа ва санна, вежарий кхуьур бу; Дужу гIа ва санна, царах дIахедар ву. Нийсархой кхуьур бу, хаза йолу бIаьсте ва санна; Царах дIахедар ву, эсаро дожадо толлан гIа ва санна. Вахарх а вузур ву, мазах буьзна некх санна; Вахарх а хедар ву, эла велла некх санна». Изза ойла чIагIъеш ду иллин кхидIа долу могIанаш а. Амма илли дерзош (тIаьххьара кхо могIа) сингаттаме, гIайгIане ойла хуьйцу турпалхочо, адамийн дахарх, дуьненан чолхечу гIуллакхех йолу ойланаш мелла а яйярхьама гIеххьа забар ярца чекхдоккху илли.

Йоккха исбаьхьалла ю оцу иллица. Халкъан барта произведенийн исбаьхьаллин гIирсех говза пайдаэцна илли тIехь: риторически тIедерзарш («Да вала хьан делаI, малх кхета хьо дуьне»; «Ца ер вай, кIенатий, хIара йоьхна ойланаш»), дустарш («Нийсархой кхуьур бу, хаза

йолу бIаьсте ва санна»; «Царах дIахедар ву, эсаро дожадо толлан гIа ва санна»; «Вахарх а вузур ву, мазах буьзна некх санна»; «Вахарх а хедар ву, эла велла некх санна»), гуттара лела эпитеташ («сийна буц»; «бора дарц»; «мерза езар»; «бос хаза мехкарий»), юхааларш («Да вала хьан делаI, малх кхета хьо дуьне, хьо дуург ца хилла, дагна товраш ва хилла, хьо дуург ца хилла, бохуриг ва хилла, хьо дуург ца хилла, хетарш ва хилла»).

Говза мотт бу иллин, халкъан барта произведенийн ерриге исбаьхьалла ю цуьнца. Халкъан стихан барамехь кхоьллина ду иза.

Нохчийн лирически иллеш шайн лаккхарчу исбаьхьаллица девзаш ду. Iилманчаша билгалдаьккхина: «Ширачу лирически иллийн шайн исбаьхьаллин мехалла цкъа а йовр яц. Дерриг а дуьненан поэзин хазни чу гIур ду вайн шира лирически иллеш, нохчийн халкъан кхолларалла гойтуш».

Оцу дерригено кхин цкъа а тоьшалла до нохчийн иллеш халкъан йоккха хазна хиларан.

ИЛЛИН ТУРПАЛХО *ву* - шен хуьнарш билгал а дохуш, илли тIехь гайтина къонах. Илли тIехь турпалхочун васт кхолларан шен башхаллаш ю. Хьовсур ду вай «Аьккхийн Жанхотан илли» тIехь турпалхой гайтаран башхаллашка. Цу тIехь цхьаьна гайтина нохчийн барта кхолларалле гIаравьлла вуьйцуш волу бархI турпалхо. Царах хIора а шен хьокъехь халкъо масех илли даьккхина ву. Даккхийчу хьуьнарщца, гIиллакх-оьздангаллица цIе яхна волу Мадин Жаьммарза, Таймин Бийболт, Зайтан Шихмирза, Жумин Акхтула,

Баччин Элмарза, Аьккхийн Жанхот, Жерочун кIант, Оьрсийн кIант ву илли тIехь шайн накъостан Аьккхийн Жанхотан гIуллакхана араваьлла, «Ваша воччу вешина вошалла доьху ас, шича воччу шичина уллохь гIо доьху ас», – аьлла Аьккхийн Жанхот юьртан пхоьха стамлучу хенахь пхьоьханна тIе хIоьттича:

Ваша воччу вешина вошалла дийриг ца хилча,
Шича воччу шичина уллохь гIо дийриг ца хилча,
Шаьш лаьттара ма дацара кху юьртан пхьоьханахь, –
Аьлла, юкъарвелир, тов, и Мадин Жаьммарза,
И Таймин Бийболт, и Зайтан Шихмирза,
И Баччин Элмарза, и Жумин Акхтула,
ТIаьхьашка тIекъаьстира Жерочун жима кIант.
Кхин шаьш дийриг хIун ду-те, вовшашка ца олуш,
Каде цIа бирзира, тов, цIе йолу кура кIентий.
Дой каде кечдина, юха тоба гулйир, тов.
Цу юьртан майданахь.

Иллин турпалхой, вежарий санна, цхьабарт болуш бу. Вовшех муьлххачунна а тIедеана вон а, дика а массара а цхьабосса доькъу цара. Вовшийн сий лардеш мел яккхий а халонаш лан кийча бу уьш, цхьабарт болуш хиларо церан аьтто хуьлуьйту шайн цабезамхошна, мостагIашна тIехь толам баккха. Яхь а, гIиллакх а хиларца билгалбовлу иллин турпалхой. Къоман сий деш, гIиллакх-оьздангалла ларъеш бу и майра кIентий. Илли тIехь къаставо Мадин Жаьммарза, цуьнан цIе хьалха йоккху, кIенташна хьалха иза волу, «кIентийн баьчча» аьлла цунах. Дуьне а, дахар а девзина, хало а, атто а лайна ву иза. «Эпсаршна хьалха

полковник санна, ардангана хьалха къена борз санна, кIенташна хьалха сецир, тов, и Мадин Жаьммарза», – олий, даладо илли тIехь. Турпалхоша илли тIехь кхочушдо дерриге а гIуллакхаш Мадин Жаьммарзин куьйгаллица кхочушхуьлуш ду. ТIех майра а, даккхий хьуьнарш гойтуш а ву илли тIехь Жерочун кIант а. Мадин Жаьммарзин юххера гIоьнча ву иза. «Арданга хьалха Мадин Жаьммарза волуш, цунна аьрру агIора Жерочун жима кIант волуш» арабовлу и кура кIентий шаьш лела боьлхуш. Жерочун кIентан дин а дика бу, цо иза дика а хьовзабо:

Схьахьоьжуш хилалахьа, хIай Мадин Жаьммарза,
Ас хьовзор ю хьуна сайн бора хIар бекъа, –
Олуш дин хьовзийр, тов, Жерочун цу кIанта,
Хьалхарчу когашца мискачу стагана
Тоьла яккхал даккхий оьрнаш дохуш,
ТIаьхьарчу когашца цу чу латта хьоькхуш,
Дин хьовзийна велир, тов, Жерочун жима кIант.

Новкъахь хало Іоттаелча, кхераме меттиг нисъелча, шен накъосташна некъ бостуш верг а Жерочун кIант ву илли тIехь. Лакхахь лам бешна, Терк дистина деана а карийна, кхечара дехьабовла бIокъажочу хенахь «шен деган майралла, цу динан дикалла Терк пурх хадийна, Терках велир, тов, Жерочун жима кIант. Цуьнан лорах дехьа бевлир, тов, цIе йолу кура кIентий». Ницкъ болуш а, тIамна каде а ву Жерочун кIант. ТангIалкхийн гIанта а ваьккхина, ирхъолла кечвина лаьттачу Оьрсийн кIантана дуьххьара тIекхочург иза ву:

Ши ворда цхьаьна яххал некъ шен дегIана боккхуш,
Мангало кес санна, мостагIий ва цоьстуш,
Цу Оьрсийн кIантана хьалха тIекхаьчна,
Кочара тIергаш туьраца хедийна,
Дихкинчуьра ши куьг даьстина,
Кара дуткъа тур цуьнга дIаделла,
И кIант мостагIашна юкъахецначу кIантана
ХIара дуьне мел дозу боччал дитий вай! – аьлла,
Гоьлал лакхадовлуш чоьин пхьуьйшаш хьалахьаькхна,
Шийла мохь бетташ, мангало кес санна,
Мискачийн мостагIий тIеттIа а туьттуш,
Ши ворда цхьаьна яххал некъ дегIана боккхуш,
Хьийзаш тIекхечир, тов, цу Оьрсийн кIантана
Жерочун жима кIант.

Мадин Жаьммарзига юх-юха а олу цо: «Ламанан баххьашкахь дечган бен беш долу тIам Iаьржа леча хьо ду аьлча, хьан кIорни суо таръелла ву со». Жерочун кIант майра дог а долуш, даккхий хьуьнарш а гойтуш, йохьах ца воха шен са а дIалур долуш турпалхо ву. Сийлалла езаш иза хилар а билгалдолу илли тIехь.

Къеггина ду илли тIехь Баччин Элмарзин васт а. Аьккхийн Жанхотана инарлин йоI ялорехь коьрта дакъа лоцуш ву иза. «Шарахь-баттахь цкъа бен мохе-малхе ца йолу” инарлин йоI Оьрсийн кIентан гIоьнца арайолу лар а йой, Аьккхийн Жанхоте ян цуьнгара дош доккху Баччин Элмарзас. Исбаьхьчу суьрташкахь гайтина илли тIехь инарлин йоI сакъера араялар а, иза Аьккхийн Жанхотана яло Баччин Элмарза вахар а. «Баттал екхаелла, малхал елаелла, сеттачу поштана йора дой доьжна, и гIалех ера ма ю йогIучу Iуьйренца, и тIехь йолчу пошта-

нан хьалхара ши чкъург цIечу дашон хир ма ю, тIаьхьара шиъ кIайчу дато хир ма ю. Яккхалахь, юьгур ахь инарлин йоI», – боху Баччин Элмарзе Оьрсийн кIанта. Инарлин йоI гIалех йолу ларйира Баччин Элмарзас:

Нур дашо можа малх дуьнен чу кхеташ,
Сеттачу поштана йора дой доьжна,
Хьалхарчу доьнчико цIоькъа дой чехош,
Баттал екхаелла, малхал елаелла,
ГIалех елир, тов, инарлин жима йоI.

Иллин турпалхоша, шаьш цхьана гIуллакхана кечлуш, дукха хьолахь динца къамел до, иза хьоьсту, накъосталла дар доьху цуьнга. Иштта ду хIокху илли тIехь а. Инарлин йоIана дуьхьал ша воьдуш «шен динан бухкарш сов каде къевлина, дин хьеста велира, тов, и Баччин Элмарза»:

– Ма бала дакъаза, сан жима гила,
«Дикачу динна мотт хаьа» олуш дайн кица ма дара –
Дацойн лорах йоьду къена борз санна,
БIаьстенан кхаа баттахь бецан лам баош,
Аьхкенан кхаа баттахь эвлан йист яош,
Цу Iаьнан кхаа баттахь кхехкийна кIа даош,
Мелчу хи чохь лийчош, моданах ва цIанбеш,
Шийлачу хи чохь лийчош, ва йораболош.
Воккхачун бIаьрг кхетча, бIаьрг хиларна кхоьруш,
Жимачун бIаьрг кхетча, лачкъорна кхоьруш,
Таханлерчу денна бохуш, ас хала кхиийр хьо,
Сан жима расха дин, хьайн сиха болда хьо,
Инарлин жима йоI хьайн гоъ тIехь йоцуш,

Цу регIан басошка бухабоьрзу белахь! —
Олуш, бухь бойначу попа тIе дайн куьйра санна,
Дин хьаьвзаш хилла, ша таьIаш тIехиъна,
Урхашкахь малбича, лаьттахь акхарошца къуьйсуш,
Урхашкахь къевлича, стиглахь олхазаршца къуьйсуш,
Дацойн лорах йоьду къена борз санна,
Ша дуьхьал таьIир, тов,
И Баччин Элмарза йогIучу поштанна,

Дин муьтIахь бу турпалхочунна. Шен дино гIо а деш, Баччин Элмарзас ялайо Аьккхийн Жанхотана инарлин хаза йоI. Майра, доьналла долуш, доттагIаллина тешаме гайтина илли тIехь Баччин Элмарза. Амма инарлин бешахь Оьрсийн кIантаца ша нисвелча, цуьнга гIиллакхе доцу къамел а дина, шегара гIалат далийтина Баччин Элмарзас. И бахьана долуш кIентийн баьччас Мадин Жаьммарзас чIогIа бехк боккху Баччин Элмарзига.

Доккхачу маьIне ду илли тIера Оьрсийн кIентан а, цуьнан ненан а васташ. Хьекъале, собар долуш го вайна дуьххьара вевзачу хенахь Оьрсийн кIант. Баччин Элмарзас цавашаран къамел шега дича, цунна дуьхьало шега ялур йоллушехь, девне ца волуш, машаре хуьлу иза. Цул совнаха Баччин Элмарзас арабаьккхина некъ кхочушбан цунна гIо а до цо.

Аьккхийн Жанхотан хIусамера едда цIа еана йолу инарлин йоI паччахьан кIантана юьгу аьлла, шена хезча, Оьрсийн кIанта чIагIо йо: «Шен дегIа чохь са дисахь, нускал хир дац-кха паччахьан кIантана инарлин цу йоIах». И шен чIагIо кхочуш а йо цо. ГIиллакх, эхьбехк чIогIа долуш ву Оьрсийн кIант. Паччахьан кIантана инарлин йоI эцна боьлхучу замошна шаьш тIаь-

хьакхиъча, цаьргара иза схьаяккха Оьрсийн кIант ца вохуьйтуш, ша ваха гIоьртира Аьккхийн Жанхот. Амма «Цахиндерг дуьйцу ахь, хIай Аьккхийн Жанхот, суна-м эхь дай, со волчу хьошалгIа веана хьо цига вахийтина, со юьстах сецча, дой лаьцна юьстах саца со нускал тарделла-те хьуна»? – аьлла, ша замошна тIе а вахна, инарлин йоI схьаяьккхина Оьрсийн кIанта. Аьккхийн Жанхотаца долу доттагIалла чIогIа лору Оьрсийн кIанта. «Сан деган доттагIа», «сан нанас ца вина сан ваша» олу цо Аьккхийн Жанхотах. Шена хала киртиг тIехIоьттича, ирхъолла ша кечвина, кхин дагахьбаллам ца буьсура шена цкъа Аьккхийн Жанхот гина велхьара, иза вистхуьлу хезнехьара, боху цо. Аьккхийн Жанхоте цо яздинчу кехато гойту Оьрсийн кIентан дог-ойла:

Ассалам Іалайкум, сан деган доттагІ,
хІай Аьккхийн Жанхот!
Вай вовшех къаьстинчу Іуьйренца кхолха го лаьцна,
КІира кІиране долучу Іуьйренца ирхъуллур ву аьлла,
УьйтІахь паччахьан кхел кхайкхийна,
Вихкина вилли со бодане набахте.
Дуьненан тІаьххьара, эхартан хьалхара
Ю олий яцийца и сиха Іожалла,
Соьга бІаьргтоха волахьа, вогІийла хьайн хилахь,
Малх кхетачу дуьненахь дагахьбаллам буьсуш вацара со,
ТІаьхьарчу цу дийнахь вай вовшийн гича.
ВогІийла ца хилахь, бехке дац хьуна,
Вай марша Іолда, хІар дуьне мел дозу!

Вуьззина къонах ву Оьрсийн кІант. Осал хІума дац цуьнца, кхечуьнга осалниг шеца леладойтур долуш

а вац иза. Баччин Элмарзас кура къамел шега дича, собаре а хилла, цо деанчу гIуллакх тIехь гIо лецира Оьрсийн кIанта. Амма кхано тIаьхьа:

Теркан тогIешкахь оьзиган юткъа шед шен динна тоьхна,
ТIехь мухIаран сурт долу дуткъа тур баттара даьккхина,
Дин дуьхьал тесир, тов,
Цу Оьрсийн кIанта цу Баччин Элмарзина.
– ДагадогIий хьуна, хIай Баччин Элмарза?
Буьйсанан цу кийрахь сагатлуш инарлин цу бешахь
Ахь соьга ма элира, гIиллакх ца лоруш:
«КIайн йийсар дича, бала мах белар хьох,
Кьахетта витича, Iаьржа латта санна, тешаме велар хьо!»
Бохуш, ахьа еза ма йиттир, хIай Баччин Элмарза!
Ахь вийча, даккха цIет дара хьуна сан,
КIайн йийсар ахь дича, бала мах бара сох,
Кьахетта ахь витича, хIинца санна тешаме вара со!
Хьо эццахь хIун йийца гIертар-те?
Цкъа юьстах валахьа, дуткъа тур даккхий!
Макъаршкахь малдаллалц тарраш тухур вайша!
КIант дика вериг динахь соцур вайшиннах,
КIант вон вериг гIамарлахь керчар вайшиннах! –

аьлла, Баччин Элмарзина дуьхьал велира Оьрсийн кIант. Амма тIаккха а кIентийн тхьамдано Мадин Жаьммарзас вайна юккъе вошалла доьлла, вай чIираш йита еза аьлча, машаре дIадерзийра Оьрсийн кIанта и дов.

Деган йовхонца гайтина илли тIехь Оьрсийн кIентан нана. Шен кIантах санна, дог лозу цуьнан Аьккхийн Жанхотах а. Цуьнан гIайгIа еш, цуьнан бала

шена тIеэцна йоьлхуш ю иза. Шен кIантана тIедуьллу цо инарлин йоI паччахьан кIантана ца юьгуьйтуш, Аьккхийн Жанхотана юхаерзор. «Ас ца вина сан кIант» олу цо Аьккхийн Жанхотах. «Некъ дика хуьлда шун, сан ши кIант», – олий, дIахьажаво цо Аьккхийн Жанхот а, шен кIант а паччахьан замошкара инарлин йоI схьаяккха. Нийсо ларъеш, нийсо чIагIъеш ю Оьрсийн кIентан нана.

Аьккхийн Жанхотан цIарах ду илли, цуьнан коьрта турпалхо а ву иза. Иллин сюжет, цу тIера берриге хиламаш Аьккхийн Жанхотах бозабелла бу. Халкъана безачу турпалхойх ву Аьккхийн Жанхот. Илли тIехь цуьнан дин диканиг бу, нуьйран гIирс а дикачарах бу, цунна тIера «зорбанан бедарш» чергазийн зударший, гIумкийн зударший къуьйсуш йина ю, герзаш тоьлларш ду. Йоккхачу исбаьхьаллица гайтина илли тIехь Аьккхийн Жанхот юьртан пхьоьхана ваха кечвалар:

Ва сарахь суьйренца, бузучу малхаца,
Цу ханнийн божлара шен жима расха дин
Цу дато дуьрстанца ша ара озийна,
Хьалха херх ва хьокхуш, тIаьхьа чотка ва ялош,
Кхузза саба ва хьоькхуш, динан кхес ва юьттуш,
Дин цIанба велира, тов, и Аьккхийн ва Жанхот.
Са цIена шен гила цIанбина ша ваьлча,
Хьуьнан хьоза ва санна, бека чергазийн нуьйран гIирс
Кхаа бухкарца динан букъ тIехь къевлина,
Кечвала вахар, тов, и Аьккхийн Жанхот.
Чергазийн зударша, цу гIумкийн зударша
Къуьйсуш йина зорбанан бедарш шен дегIа юьйхина,
ГIалмакхойн пхьераша къуьйсуш дина герзаш

Дерматан локхаршца шен гIодах дихкина,
Чо чехка чола куй бIаьштиг тIехь сецабеш,
Бух шуьйра шен мажар белшашкахь сецаеш,
Шийтта куьзга чудетташ, нийсалла нисйина
Эрмалойн турмал шен коча тесна,
Оьзиган юткъа шед буйнахь ловзош,
Элан воI санна, ша хаза кечвелла,
Ша уьйтIа велира, тов, и Аьккхийн ва Жанхот.
Бухь бойначу попа тIе дайн леча санна,
УьйтIахь дин хьийзош, ша дина хиъна,
Цу динан йоргIахь, багарчу мукъамца,
Цу юьртан пхьоьха стамлучу хенахь,
Пхьоьхана вахар, тов, и Аьккхийн Жанхот.

Исбаьхьа сурт хIоттийна илли тIехь Аьккхийн Жанхотан куц-кеп гойтуш. Боккхачу безамца кхоьллина халкъо шен турпалхочун васт. Аьккхийн Жанхот ша нах лоруш а, наха ша лоруш а ву. Цунна гIо дан арабовлу махкахь цIеяххана болу кIентий Мадин Жаьммарза, Таймин Бийболт, Зайтан Шихмирза, Жумин Акхтула, Жерочун кIант, цаьрца цхьаьна Оьрсийн кIант а, цуьнан нана а.

Аьккхийн Жанхота, иллийн кхечу турпалхоша а санна, къаьмнаш ца къестадо. Цуьнан деган доттагI Оьрсийн кIант ву, цо шена ялайо Теркал дехьара оьрсийн инарлин йоI. МостагIашца буьрса а, къехошца къинхетаме а ву Аьккхийн Жанхот. Шен гIуллакх дитина а, нехан гIуллакхе хьожуш а, гIийлачун гIо лоцуш а ву. Шен чIогIачу гIуллакхе воьдучу Аьккхийн Жанхотана гина мелачу ладарха йоьлхуш цхьа оьрсийн зуда. «И оьрсийн ва зуда хIунда йоьлху ца хиъча, ницкъ кхочу

гIо даза, ша цIехьа ца верза, дуучух-молучух шен кийра ца бузо Делах дуй биир, тов, цу Аьккхийн Жанхота», – боху илли тIехь. Шена нах а санна, нахана ша а орцах волу Аьккхийн Жанхот. Дог майра накъост а, тешаме доттагI а ву иза.

Илли тIехь хьахийна волу Таймин Бийболт, Зайтан Шихмирза, Жумин Акхтула кхечу турпалхошца цхьаьна цIе яккхар бен, кхин ша-ша къастош гайтина вац. Илли тIера берриге а турпалхой ондий хьуьнарш гойтуш, вовшийн гIо лоцуш, лаккхара гIиллакх-оьздангалла долуш, яхь йолуш, шайн хьуьнаршца халкъан ламасташ чIагIдеш бу. Вежарийн санна, цхьабарт бу церан. Вовшех муьлххачунна а тIедеана вон а, дика а массара цхьабосса доькъу цара. Вовшийн сий лардеш мел халчу киртиг тIе хIуьтту иллин турпалхой, ткъа барт болуш хиларо уьш толаме кхачабо. Яхь, гIиллакх, оьздангалла хиларца, къонахаллица къаьсташ бу уьш. Къоман сий деш, гIийлачун гIо лоцуш бу и майра кIентий.

ИЛЛИТЕРА́ТАШ *ю* (лат. *Illiteratus* – яздинарг) – хецца дIаязлуш доцуш, цхьацца элпаш хIиттош билгалдоккхуш долу шок тохар, гудок екар, бежан Iахар и. дI. кх.

ИЛЛЮСТРА́ЦИ *ю* – **иллюстрацеш** *ю*; **иллюстрацин, иллюстрацина, иллюстрацино, иллюстрацига** (лат. **illustratio** – гайтаман сурт хIоттор) – исбаьхьаллин литературин васташ живописан я графикин гIирсашца гайтар. Книги тIехь цуьнан чулацамца догIуш дехкинчу муьлххачу а суьртех

иллюстраци олу. Амма бакъволчу художнико исбаьхьаллин произведенин васташ, цуьнан чулацамехь дерг исбаьхьчу суьрташкахь бIаьргашна хьалха хIоттадо, цунах марзо оьццучу кепара. ТIаккха и суьрташ шаьш а хуьлу живописан я графикин исбаьхьаллин произведени.

ИМПРОВИЗА́ЦИИ *ю* – **импровизацеш** *ю*; **импровизацин, импровизацина, импровизацино, импровизацига** (лат. **Improvisus** – дагахь а доцуш, цIеххьана) – хьалха бина кечам а боцуш, сиххи, дIаязъешшехь я барта схьаоллушехь кхуллуш йолу произведени. Халкъан барта кхолларалли произведенийн варианташкахь гучудолу илланчаша, дийцархоша импровизаци еш хилар. ДIаолуш волчу хIораммо а дукха хьолахь шениг юкъадаладо барта произведенин текстана.

Нохчийн литературехь а а ю импровизацеш.

ИНВЕ́РСИ *ю* – **инверсеш** *ю*; **инверсин, инверсина, инверсино, инверсига** (лат. **Inversio** – харцар, хийцар) – грамматикин бакъонашца йогIуш йолу дешнийн раж поэтически къамелехь хийцар.

Юкъал а буьйса тIехъяьлла,
Сийналлехь седарчий къега,
Аренаш набарха йоьлла,
Мархашлахь батто до нека.
(Мамакаев I. Юкъал а буьйса тIехъяьлла*)*

Кхузахь инверсеш ю: «Юкъал а буьйса тIехъяьл-

ла», «Сийналлехь седарчий къега», «Мархашлахь батто до нека). Оцу стихашкахь дешнийн грамматически нийса раж иштта хила езара: Буьйса юкъал а тIехъьялла, Седарчий сийналлехь къега, Батто мархашлахь нека до. Амма поэто шен исбаьхьаллин лехамашка хьаьжжина дешнийн раж хуьйцуш, инверсеш ялийна. Говза ялийнчу инверсино дош шатайпана къасторца, цунна тIе тидам бохуьйту, стих а исбаьхьаллица къаьсташ хуьлуьйту. Бакъду, цкъацкъа чолхечу инверсеша стихан маьIна мелла а хьулдеш а нисло:

Эшац цхьа а, вицварх ирсо,
Цунах догдиллина ван,
Ца догIуш а цо стаг сирво,
Деъча и къонвийр а вац.

Къа ца хетарийн къа-бале
Дожарх ислам, халкъ, Даймохк,
Нохчийн дегнаш, кхин де даллалц,
Оьздангалло дийр ду дох.
(Супаев Р. Оьздангалла).

Инверси чIогIа яьржина ю нохчийн поэзехь. Алссам инверсеш хаало Супаев Русланан а, Абдулаев Лечин а, цхьаболчу кхечеран а поэтически произведенешкахь.

Инверсих пайдаоьцу прозехь а.

ИНСЦЕНИРОВКА *ю* – **инсценировкаш** *ю*; **инсценировкин, инсценировкина, инсценировко, инсценировкига** (лат. *in* тIе, тIехь, *scena* – четар,

палатка) – сцени тIехь хIотто кечъеш драматургически формане ерзийна кхечу тайпанан произведени.

ИРА АЛАРШ *ду* – нохчийн барта кхолларалле хь доцца аьллачу говзачу дешнех лаьтта забаре кегийра дийцарш. Тайп-тайпанан маьIнаш долуш хуьлу ира аларш. Доцца аьлла говзачу дешнашца адамийн амалехь долу сакхташ Iора доху оцу аларшкахь: Букар воьллачу къеначу стаге эвхьаза забаръеш аьлла боху цхьаммо: «Воккха стаг, Iад духкий ахь?».

Воккхачу стага жоп делла: «Сих ма ло хьо, жима къонах, мах боцуш хир ду хьуна, вала вахлахь».

МаьIница цунах тера ду хIара ира алар а: Цхьана зудчо шен цIийндега аьлла: «Ва стаг, ирчаниг, аьлла мохь тоьхча, ма хьоьга беттий хуур дара-кх». Майрачо жоп делла: «Дера дара-кх, хьо чохь ца хилча-м.».

Ира аларш барта кхолларалле хь хаддаза кхуьучу тайпанех ду. Вай заманахь кхоьллина ду дуккха а ира аларш. Царах ду хIара: Мехах машен лаьцна, ша цIа вуьгуьйтуш хилла цхьаммо. Машенан дас кураллица аьлла: «Хьуна гуш йолу хIара керла, механа еза машен а ю шен, дикачу хIусамийн да а ву ша, хьашт мадду сакъера таро а ю шен, ша муха кIант хета хьуна?» Юххехь Iачо жоп делла: «Иштта волчу хьоьга соьмах цIа вуьгуьйтуш волу ша хьуна муха кIант хета?» – аьлла.

Диалогах лаьттачу оцу аларийн башхалла ю хьалхарчу декъехь йолчу ойланна я хаттарна шолгIачу декъехь цхьа цIеххьана, дагахь а доцу, амма шен кIорггера маьIна долу ира жоп хилар. Ирачу аларша забаре кепехь, беламе дохуш Iорадоху адамийн амалшца долу сакхташ.

ИРОНИ *ю*; **иронин, иронина, иронино, иронига** (гр. *ei-roneia* – моттаргIа) – маьIница догIуш долчунна нийсса дуьхьал дерг, бIостанехьа дерг аларца хIума беламе даккхар. Нохчийн барта кхолларалле хь ю забарца хIума беламе доккхуш йолу произведенеш. Царах ду «Дог майра Юнус» илли:

Ва мачийн бахтарша некъан йист ва лоргуш,
Цу хечин когаша новкъа нуй ва хьоькхуш,
Мангалан гIоланах шен туьта оьллина,
Мангал хьакха вахар-кха «дог майра» ва Юнус.
Делкъалца мел хьаькхнарг шен юкъах йихкина,
Делкъал тIаьхьа мел хьаькхнарг мачаш чу йоьллина,
Воьлхуш цIехьа веар-кха, «дог майра» ва Юнус.
Харцахьай, бакъахьай ши чIама ша боьжна,
Селхана туьйсина жамбалт ворданах доьллина,
Ворданан милко «къарс» аьлчахь, «я АллахI!» бохуш,
Старо «кхахь» ва аьлча, – бехийла хьо бохуш,
IандагIийн аннаш тIе ша аркъал ва ваьлла,
Дечге ваха велир, тов, «дог майра» Юнус.
Цу хьуьн чу гIорта барзаха ца ваьхьна,
Варшашкахь ша сецна, сема ла ва доьгIна.
Говран пIендарш санна долу и даккхий гараш,
Сихонца лахьийна, вордан тIе доьттина,
Мокхазар берд санна, и ворда къевлина,
Вордан тIе хиъча – охьакхетарна кхоьруш,
Юххе хIоьттича – тIехарцарна кхоьруш,
ТIехьа хIоьттича – барзо вахьарна кхоьруш,
Стеран юьхь лаьцча – маIа Іоттарна кхоьруш,
Хьакхин херси санна, болу и къорза бIаьргаш,
Вордан чIургаш санна, ша цIехьа керчабеш,
Веана цIа кхечир, тов, «дог майра» Юнус.

Цхьа чIама дIахецна, важа дIахецаза,
Вахна чуиккхира, бах, «дог майра» ва Юнус.
Цхьа тас овкъарш юккъера дийна сискал,
Шен ка ма-йоллу кхиэра схьаозийра цо,
Еттшуьрийн бога хьалха озийра цо,
Чами кера эцна велха хиира иза.
– ХIунда воьлху хьо? – аьлла шега хаьттича,
– Iайг жима карийна воьлху ша, ва бохуш.
Лулахошкара леррина дехна деана,
Цхьа къохка и чоьлпа шен буьйна доьллина,
Цхьа бога еттшура сов сиха йиъна,
И ваьлла вахар-кха цу хохийн ва хеса.
Цхьа хас ах хас хохаш сов чехка ша диъна,
Ваьлла вахара, тов, цу наьрсийн ва беша,
Цуьнан бIаьрг ма кхийтир цхьана торгIал оьпанах!
Мохь-цIогIа элира цо хIусаман нене:
– Вайн наьрсаш юкъахь торгIал оьпа шена карий,
Чехка далахь селхана туьйсина жамбалат.
– Настарх лардай, оьпанна тохалахь, – аьлла,
ДIаделир цо чIогIа ирдина жамбалт.
Оьпанах лардина, настарах ва тоьхна,
Ша вала вуьйжир-кха дог майра и Юнус.
Ломахь лоьман ва санна, цIе йолу Юнус,
Гила берзан санна, ка долу ва Юнус,
Ирзешкахь лелаш кхиъна сира сай санна,
Оьзда кхиъна, там болу дог майра Юнус,
Хьан самукъадаккха нийсарчу мехкарша,
Хьо кхача ма ве ирс дайначу цу метте,
Хьо хIотта ма ве-кх аьтто боцучу тIаме,
Барзал майра дог хьайн кийрахь сецадеш,
Къахета шена хьох, чал дера ва Юнус.
Ва, барзал майра ву, чал дера ву хьо,

Цхьогалал мекар ву, цу лоьмал чехка ву,
Яхь йолу ва кIанат, дог майра и Юнус!
Цу хIордо ловзо цIеркема ва санна,
Дуьне ловзориг хьо веца цхьанделхьа,
Ва хьоьца дика яра ненан хаза йоI.
Сирчу аьттан санна, сий долу ва Юнус,
ЦIечу аьттан санна, цIе йолу Юнус,
Ка хьокхуш йиллинчу шерачу цу цIенкъахь
Ира кIохцал даххал декъаза ва Юнус,
Ва сийна Терк доькъуш,
Хин чами ца кхаччал
Декъаза Юнус,
КIай доцу яй санна, хьо лело хала ву,
Чермойн дума санна, ширвелла воьду хьо,
Когийн чорпа санна, къахьвелла воьду хьо,
Давелла вааригг!

Йоккхачу забарца вийцина илли тIехь Юнус, беламе даьхна цуьнан гIуллакхаш. Иронин билгало ю доца хьуьнарш ду бахар. Илли тIехь боху: «Ва, барзал майра ву, чал дера ву хьо, Цхьогалал мекар ву, цу лоьмал чехка ву, Яхь йолу ва кIанат, дог майра и Юнус! Цу хIордо ловзо цIеркема ва санна, Дуьне ловзориг хьо веца цхьанделхьа». И дагарадинарш Юнусца данне а доцу хIуманаш ду, уьш цуьнца ду бахаро беламе воккху иллин «турпалхо».

ИСБАЬХЬАЛЛИН ВАСТ – *хь.* **Васт исбаьхьаллин.**

Й

ЙИШ *ю* **- эшарш** *ю***; эшаран, эшарна, эшаро, эшаре -** нохчийн барта кхолларалли цхьа жанр, мехкарша (зударша) мукъамца олуш йолу лирически произведени. Нохчийн барта кхолларалли дукха ю тайп-тайпана эшарш. Даггара йолчу ойланашца кхоьллина ю мехкарийн лирически эшарш. Исбаьхьа лирически сурт хIоттош дуьйцу мехкарша эшаршкахь кегирхой безамах лаьцна, адамийн хазахетарех, халахетарех, дахарехь кхоллалучу юкъаметтигех лаьцна. Шатайпанчу дустаршца, метафорашца, аьхначу басаршца кхелина исбаьхьаллин суьрташ хуьлу мехкарийн эшаршкахь:

Ма хьежал, кIант, сан дегIан бIаьра,
Ца байна хьуна маргIалан сара,
Ма хьежал, кIант, сан шина бIаьрге,
Ца дайна хьуна регIара кока?
Ма хьежал, кIант, сан шина цIоцкъаме,
Ца дайна хьуна къуръана йоза?
Ма хьежал, кIант, сан шина бесне,
Ца байна хьуна калакойн Iаж?

Халкъе кхаьчна вон а, дика а, гІайгІа а, бала а барта произведенешкахь гучуболу. Іаламехь, гонахарчу дахарехь долчу билггалчу хІуманех пайда оьцуш исбаьхьаллин сурт хІотторца гучуйоккху эшаршкахь адамийн ойла:

ДІай-схьай леста Орга санна,
Органо лоьху гечо санна,
Долу меттиг лоьхийла вай хьовсийнчо,
Кешнийн керт лоьцийла куьг айинчо.

Вайн къам сибарех дахийтинчу хенахь яьхначу эшарш тІера ду и могІанаш.

Къаьсттина мехала ю барта кхоллараллера къинхьегаман эшарш. Болх бан дог даийта, белхан каялийта локхуш хилла уьш. Масала, нохчийн зударша налха баккха куьйра ерзочу хенахь олуш хилла:

Куьйра, куьйра, ласта,
Куьйра, куьйра, ерза,
Куьйранал налха бала!
Мартанал шар дала!

Къинхьегаман эшарш хилла берашна болх бан Іаморан, царна къинхьегам безийтаран Іалашо йолуш а. И тайпана эшарш а, иллеш а дукхахьолахь берийн ловзаран кепе дерзош хилла. Масала: «КІен илли». Иштта дІахьош хилла и илли а олуш ловзар. Ловзуш болчара, цхьаъ юккъе а воккхий, го беш хилла. ТІаккха юккъехь волчуьнга цхьацца кху лахахь далош долу хаттарш а луш, цо эшарца жоп луш хилла, куьйгашца

болх баран кеп а гойтуш, дIахьош хилла ловзар:

Гобинчара: Схьадийцалахь, тхан йиша (я ваша), кIа тIе муха тосу?
Юккъерчо: Иштта тосу, иштта тосу
иштта кIа тIе тосу.
Гобинчара: Схьадийцалахь, тхан йиша (я ваша), кIа тIе муха долу?
Юккъерчо: Иштта долу, иштта долу,
иштта кIа тIе долу.
Гобинчара: Схьадийцалахь, тхан йиша (я ваша), кIа муха хьокху?
Юккъерчо: Иштта хьокху, иштта хьокху,
иштта кIа хьокху.
Гобинчара: Схьадийцалахь, тхан йиша (я ваша), кIа муха ору?
Юккъерчо: Иштта ору, иштта ору,
иштта кIа ору.
Гобинчара: Схьадийцалахь, тхан йиша (я ваша), кIа муха охьу?
Юккъерчо: Иштта охьу, иштта охьу,
иштта кIа охьу.
Гобинчара: Схьадийцалахь, тхан йиша (я ваша), кIах бепиг муха до?
Юккъерчо: Иштта до, иштта до,
иштта бепиг до.
Гобинчара: Схьадийцалахь, тхан йиша (я ваша), бепиг муха доу?
Юккъерчо: Иштта доу, иштта доу,
иштта бепиг доу.

Кхечу къаьмнийн фольклорехь а санна, нохчийн барта кхолларалле хь а ю аганан эшарш. Нанас жима бер дижош, ага тахкош, меллаша узам беш хилла. Бер хьостуш, цунна аьхналла, марзо луш паргIат дека ненан аз:

Хьан нана йогIу хьуна
ГIарагIулийн боларехь,
Хьан дада вогIу хьуна
Сира́ сайн боларехь.

Берийн эшарш, ловзарш ду барта кхолларалле хь. Каде, майра, гIуллакх дан хууш, гIиллакх-оьздангаллица, къинхетам болуш бераш кхиоран, исбаьхьаллин дош довзийтаран, ненан маттах марзо эцийтаран лехамаш хилла оцу эшарийн. Берашна гергара долу, царна девзаш, кхеташ долу суьрташ, васташ ду берашна леринчу барта произведнешкахь:

Цициг, цициг, табалахь,
Маса дахка лацалахь.
Дахка, дахка, бадалахь
Цициган багара балалахь.

ЙОЗА *ду*, **йозанан, йозанна, йозано, йозане**. Хууш ма-хиллара, ненан маттахь йоза-дешар шуьйрачу халкъана юкъа даржар XX бIешо доладеллачу муьрехь бен хилла дац. Амма XIX бIешарахь дуьйна а цхьаболу прогрессивни Iилманчаш гIиртина оьрсийн графикица долу нохчийн йоза кхолла. Иштта, оьрсийн Iилманчас П.К. Услара 1862 шарахь, кIорггера талламаш а бина,

нохчийн меттан грамматика язйина. «Нохчийн мотт» цIе йолчу оцу шен балха тIехь Услара оьрсийн алфавитан буха тIехь нохчийн элпаш кхоьллина. Нохчийн аьзнашна оьрсийн элпаш ца тоьинчохь латински а, гуьржийн а элпех пайда а оьцуш. 37 элпах лаьтташ яра Услара хIоттийна йолу алфавит. Нохчийн меттан дуккха а материалаш ялийна автора шен книги тIехь, масалшна далийна халкъан дийцарш, кицанаш, иллеш ду.

Услара,шен белхан мехалла таллархьама, СоьлжагIалахь цхьана ханна йолу школа а йиллина, 25 нохчо деша хаийра. Оцу алфавитах пайда а оьцуш, кIеззиг йолчу хенахь дешначул тIаьхьа Iаламат дика а, шера а нохчийн маттахь деша Iемира царех дукхахболчарна. Услара бина болх мехала хилар билгалделира.

Цул совнаха, нохчийн маттах лаьцна талламаш беш Усларна гIо деш хиллачу Дишни-Веданарчу нохчийчо Досов Къедас 1862 шарахь нохчийн абат а язйина, цуна зорба туьйхира.

Цу тайпана, ненан маттахь йоза-дешар дIадоло гIеххьа таронаш кхоллалуш яра. Амма хIетахьлера Iедал дуьхьал дара къаьмнашна юккъе йоза-дешар даржорна, цундела пайда ца эцийтира халкъе Услара а, кхечара а нохчийн маттахь йоза кхолла гIерташ бинчу белхех.

Цул тIаьхьа а нохчийн прогрессивни наха къийсам латтийна ненан маттахь йоза-дешар халкъа юккъе даржорехьа. 1908 шарахь халкъан хьехарчохо Т.Э. Эльдерхановс нохчийн абат язйина оьрсийн алфавитан буха тIехь, Усларан белхех пайда а оьцуш. Эльдерханов Таьштамаран элпаш яздан а, Iамо а мелхо а атта хилар-

на, Усларчарел бІегІийла йолуш дара. 1911 шарахь юха а зорбанехь араелира Эльдерхановн абат.

Къоман йоза а, культура а кхиарна тайп-тайпана дуьхьалонаш йора паччахьан Іедало. Ерриге а Нохчийчохь а кхо-йиъ школа бен хилла а яц: ГихтІахь, Итон-Кхаьллахь, Лаха-Неврехь, Соьлжа-гІалара школа-интернат а. Цигахь доьшуш дерш а, коьрта долчу декъана, хьолахойн, совдегарийн бераш хилла.

Нохчийчохь яьржина яра хьуьжарш. Бусалба дин дІакхехьа а, халкъана юкъа иза даржо а Іелам нах кечбаран Іалашонца ехкинера уьш. Хьуьжаршкахь Іамош дерг Іарбин мотт а, йоза а дара.

Халкъан юкъара дахар кхиаре хьаьжжина къоман йоза хьашт хилар тІаьхь-тІаьхьа Іаьткъаш гучудолура. ТІаьххьара а къоман шен йоза хиларехьа болу лехамаш алсам а бевлла, ненан маттахь йоза-дешар ца хилча ца долучу кхаьчча, цхьаболчу Іелам наха, дуккха а берш дуьхьал а боллушехьа, Іаьрбийн алфавит нохчийн маттана мегачу кепара тойина. Оцу алфавитаца хилла хІетахьлера нохчийн йоза. XIX бІешо чекхдолучу, XX бІешо долачу муьрехь, оцу алфавитах пайдаоьцуш, арахецна нохчийн маттахь книгаш. Царах ю Темирхан Шурахь (хІинца Буйнакск) зорбатоьхна Хилла Гайсумов Сугаип произведенеш а.

XX бІешеран ткъолгІачу шерашкахь дІадолийна къоман йоза-дешар шуьйрачу халкъана юкъа даржоран гІуллакхаш. Схьайиллина ненан маттахь дешар Іамош йолу школаш, кечйина учебникаш, вовшахтоьхна дешарна оьшуш болу берриге а гІирсаш. Бераш школашкахь деша ховшарца цхьаьна дІадаьхьна баккхийчарна

юкъара йоза цахаар дIадаккхар а.

Юьхьанца нохчийн йоза Iарбийн алфавитан бух тIехь дара. Оцу алфавитах пайдаоьцуш хIиттийна яра 1920 шарахь араяьлла А. Тучаевн, Т. Эльдерхановн абат. Амма цкъа бен зорба ца туьйхира оцу абатана. 1922 шарахь Сугаипов ШахIаба, юха то а йина, нохчийн меттан аьзнашна ма-хуьллу герга ялийра и алфавит. ХIинцалц схьа хиллачаьрца юьстича, царех массарал а дика нохчийн меттан башхаллашца йогIуш яра иза. Цундела ненан меттан йозанан бухе йиллинарг и алфавит яра. Цунах пайдаоьцуш язйира абат а, ерриге а дешаран книжканаш а, задачникаш а, географин учебникаш а. «ШахIабан йоза», аьлла, шен цIе яхана долу и йоза лаьттира 1927 шарахь латински графикехула йолу керла алфавит тIеэцна яллалц. Хьалхалерачел иза дика хиллехь а, Iарбийн элпех лаьтташ йолу алфавит дукха чолхе яра. Элпаш яздан хала дара, цул совнаха нохчийн меттан шатайпа йолу башхаллаш кхоччуш билгал а ца йохура цо. Цундела, Къилбаседа Кавказерчу кхидолчу къаьмнаша а санна, нохчаша а латински графикехула долу йоза тIеэцаран болх дIаболийра 1925 шарахь дуьйна. Латински элпех лаьтташ йолу алфавит Iарбийн йозанан меттана тIеэцар бусалбан динан адамашна болу тIеIаткъам лахбархьама а дина советан Iедало.

Нохчийн маттахь арадолучу «Серло» газето гIо дира керла алфавит тIеэцарехь. Юьхьанца газетан агIонашна тIехь Iарбийн а, латински а йозанца йолчу материалашна зорбатухура. Латински йоза Iарбийн алфавитехула кхетадора. ТIаьхь-тIаьххьа керлачу йозанца

йолу материалаш совйохура газето. 1927 шарахь кхочуш чекхделира латински алфавитехула долу нохчийн йоза тIеэцар. Оцу йозанах пайдаийцира 1938 шарахь оьрсийн алфавитан буха тIехь долу хIинцалера йоза юкъадаккхалц. И йоза юкъадаккхаран коьрта Iалашо яра оьрсийн культура къомана юкъаяржоран хьелаш кхолла.

К

КАЛАМБУ́Р *ю* – **каламбураш** *ю*; **каламбуран, каламбурана, каламбуро, каламбуре** (фр. *calembour* - дешнийн ловзар) - алар цхьаъ долуш я цхьатера долуш, маьІна тайп-тайпана долчу дешнех лаьтта къамелан карчам я ерриге а ишттачу дешнех пайдаоьцуш язйина жима произведени:

Сан бІаьргаш
Кхоьлинехь,
Кхолийна
Кхоьллинчо.
ХІун дер-техь
Махьшарехь
Шен сардам
Боьллинчо?
(Джамбулатов Р.)

Цхьана дашах тайп-тайпана маьІнаш довлуш хиларца а кхоллало каламбур:

Нанойх бераш д а х а р.
Махках халкъаш д а х а р.

ТIемаш, девнаш д а х а р.
БIаьргаш. кортош д а х а р...
Хьан цIе къахьъя гIерта дешнаш
ма дукха ду-кх
Д А Х А Р !

(Абдулаев Л.)

Каламбуро забаре кеп а кхуллу къамелехь, произведенехь:

Майма. И хIун къамел ду? Вала-м ца воллу хьо?

Бож-Iела. Вала-м ца воллу, суо валарна кхоьруш вала воллу-кх. *(Хамидов I.* Бож-Iела*)*

КАТАЛЕ́КТИКА *ю* (гр.*catalego* – сацадо, чекхдоккху) – 1) стихан чаккхе (клаузула) толлуш долу метрикин дакъа, 2) стихан могIа яцйинчу стопаца (стихан гIулчаца) чекхболуш хилар. Масала, хорейн барамехь язйинчу стихотворенин могIа тIехь тохар долчу дешдекъаца, кхидIа хила дезаш долу тIехь тохар доцу дешдакъа а доцуш, чекхбалар; дактилан барамехь язйинчу стихотворенин могIа тIехь тохар долчу дешдекъаца я тIехь тохар доцчу цхьана дешдекъаца чекхбалар.

Хорейца язйинчу стихотворенехь каталектикин масал:

Стигла ятIош ели гIовгIа:
–V / –V / –V / –V
Туьйхи буьрса сирла ткъес.
–V / –V / –V / –

Инзарбаьлла саьрмак богIу
–V / –V / –V / –V
Моьтту, лестош алун кхес.
–V / –V / –V / –

(Сулейманов А.)

ШолгIачуй, боьалгIачуй могIанашкахь ю каталектика, кхузахь тIаьххьара стопа тохар долчу цхьана дешдекъах лаьтташ ю.

Дактильца язйинчу стихотворенехь каталектикин масал:

Дехийла дахаран сихалла йовза,
–VV / –VV / –VV / –V
Хуьлийла эшначохь собаран дай.
–VV / –VV / –VV / –
Маьлханиг хастадеш, боданца къовса
–VV / –VV / –VV / –V
Дехийла, дехийла, доттагIий вай!
–VV / –VV / –VV / –

(Хатуев I. Дехийла вай*)*

Оцу стихашкахь тIаьххьара стопа яцйина хиларца къаьсташ ю шел хьалхарчарах. Хьалхарчуй, кхоалгIачуй могIанашкахь тIаьххьарчу стопахь хила дезачу кхаа дешдекъан меттана ши дешдакъа бен дац: цхьаъ тохар долушший, важа тохар доцушший. ШолгIачуй, боьалгIачуй могIанашкахь тIаьххьара стопа тохар долчу цхьана дешдекъах лаьтташ ю.

Цу тайпана ю оцу стихашкара каталектика.

КАТРЕ́Н *ю – хь*. **БеамогIанан строфа**.

КЕРЛА ДЕШНАШ – адамийн юкъараллин дахарехь гучудуьйла керла хIуманаш билгалдеш кхоьллина керла дешнаш.

КИРИ́ЛЛИЦА *ю* – хIинцалерчу оьрсийн абатан (алфавит) бухе йиллина йолу ширачу заманан оьрсийн азбука. Иза кхоьллинарг лоруш ву славянийн серлонча Кирилл (монашество тIеэцале – Константин Философ) шен вешица Мефодийца.

КИЦА *ду* **- кицанаш** *ду*; **кицанан, кицанна, кицано, кицане** – нохчийн барта кхолларалли цхьа тайпа. Доцца аьллачу, шайгахь къеггина маьIна долчу дешнех лаьтташ ду кицанаш. Дукха хенахь дуьйна дахарехь зеделларг, адамо шен хьокъехь ойла йинарг, тидаме эцнарг ду кицанашка дерзийна.

Шайн чулацаме хьаьжжина тайп-тайпанан ду кицанаш:

Адамийн юкъараллин дахарехь зеделлачух лаьцна кицанаш: «Ойла йоцуш динарг, гIайгIа йоцуш дирзина дац»; «Хьайца схьалело цалуадерг – нахаца дIа а ма леладе»; «Яхь йолчу дагехь – хьагI хир яц»; «Майрачул – майраниг а хир ву, хазачул – хазаниг а хир ву»; «Дас хестийнчу эро цхьогал ца лаьцна».

Хьекъалх, дешарх лаьцна кицанаш: «Жимчохь Iамийна хIума тIулга тIе яздина йоза ду»; «Йоза доцу стаг шура йоцчу аттах тера ву»; «Коьртехь хьекъал ца хилча, когаша къахьоьгу»; «Кхоччуш хьекъал долчуьнан

къамел доца хир ду».

ДоттагIаллех лаьцна кицанаш: «Эзар доттагI верг ваьлла, эзар сту-етт берг вайна». «Генара доттагI – йоьгIна гIала»; «Ваша ваша вац и хьан доттагI а вацахь». « ДоттагI элана а, мискачунна а оьшуш ву».

Безамах лаьцна кицанаш: «Баханчу безамна хазалла ца оьшу», «Хазалла – сарралц, дикалла – валлалц».

Къинхьегамах лаьцна кицанаш: «Аьхка мало – Iай хало»; «Тахана дан мегадерг – кханенга ма тетта»; «Халххе гIаьттинчу Iуьнан жий шала бехкина». «Болх бар – цхьа къинхьегам, цабар – ши къинхьегам».

ТIамах, девнах лаьцна кицанаш: «ТIамо воI ца вина, тIамо воI вийна»; «Зулам лехнарг – зен вайна»; «Ирчу туьрана а оьшу дика да», «Дов – шар-худар дац»; «Стешхачу жIаьло тIехьашха катуху.»

Халкъо кицанашкахь кхетам ло, диканиг хьоьху, вочух ларво. «Кхетаме доцу дош кица дац», – олуш ду. Къамелехь далийнчу кицано дуьйцург хаздо, тодо, цуьнан маьIна кIарг а деш, ладугIуш волчунна цунах кхета гIо до. Шен къамелехь догIуш долчохь кица дало хаар къамелана говза хилар, шен ойла къеггина схьагайта хаар лору. Iаламат мехала хазна ю халкъан кицанаш.

КЛА́УЗУЛА *ю* – **клаузулаш** *ю*; **клаузулин, клаузулина, клаузуло, клаузуле** (лат. **clausula -** дерзор) – стихан чаккхе, стих чекхйолуш тIаьххьара тохар шена тIехь долу дешдакъий, цунна тIаьхьа догIу тохарш доцу дешдакъошший.

Я ца аьлла-техьа хьоьга
Наб ца ечу буьйсано -
Поэзина нуц ца оьшу,
Поэзина оьшу воI ?!

(Абдулаев Л. Чоьхьавала бакъо эшна...*)*

Шена тIехь тохар долчу меттиге хьаьжжина клаузула божарийн, зударийн, дактилически, гипердактилически хуьлу. Стихехь тIаххьара тохар тIаьхьарчу дешдекъа тIехь делахь, божарийн клаузула ю («воI»), тохарна тIаьхьа тохар доцу цхьа дешдакъа делахь, зударийн клаузула ю («хьоьга», «оьшу»), тохарна тIаьхьа тохар доцу ши дешдакъа делахь, дактилически клаузула ю («буьйсано»). Тохарна тIаьхьа кхоъ, цул сов а тохар доцу дешдакъош нислахь, гипердактилически клаузула хуьлу, амма и тайпа чаккхенаш стихашкахь Iаламат кIезга нислуш ю.

Шина я масех стихехь цхьатера екаш клаузулаш хилча, рифма кхоллало.

КЛИ́МАКС *ю* – градацин цхьа тайпа.

КО́ДА *ю* – **кодаш** *ю*; **коданан, коданна, кодано, кодане** (ит. *coda* – цIога) – поэзехь шайн могIанийн барамаш сецна билгалдаьхначу стихийн форманашкахь (сонет, рондо, триолет) барамал совнаха тIетоьхна болу могIа я могIанаш. Масала, сонет 14 могIанах (стихах) лаьтташ хуьлу, рондо – 13-х, триолет – 8-х. Оцу тайпанчу стихийн форманашкахь царал совнаха болчу тIаьххьарчу могIанах (я масех могIанах) кода олу. Кода стихотворени ерзош ялайо.

КОЛЬЦО́ – *хь*. **ЧIуг**.

КОМЕ́ДИ *ю* – **комедеш** *ю*; **комедин, комедина, комедино, комедига** (гр. *komoidia*: *comos* – самукъане тоба, *oide* – йиш) – забаре, беламе хьелаш кхуллуш язйина драматургин произведени. Комеди тIехь юкъараллин дахарехь, адамийн амалшкахь долу кхачамбацарш забаршца Iорадоху. Персонажан амалшкахь йолу ледарлонаш беламе яхарца царна дуьхьал къийсам латтабо комедехь. Йоккхачу исбаьхьаллица язйина комеди ю Хамидов Iабдул-Хьамидан «Бож-Iела».

КОМПОЗИ́ЦИ *ю* – *хь*. **ДIахIоттам**.

КОНСОНА́НС *ю* – *хь*. **Рифма**.

КОНТЕ́КСТ *ю* (лат. *contextus* – цхьаьнатасадалар, цхьаьнакхетар, юххера зIе хилар) – шена юкъадогIачу дешнийн, дешнийн цхьаьнахкетарийн, исбаьхьаллин гIирсийн маьIна къеггина гучу а доккхуш, мелла а чекхъяьлла ойла шеца йолу йозанан я барта къамелан дакъа. Контекстехь бен кхоччуш билгал ца долу дешан а, муьлххачу исбаьхьаллин гIирсан а маьIна.

Ло тесна урд санна, хьалха
Даьржина шера кIайн кехат.
Къоламца-нахарца аьхна,
ДIауьду могIанаш дехха.

Сан ойланийн хIу ас чутесна,
Сайн деган довха цIи тоьхна.
МогIанаша, заза а хецна,
Шайн яххьаш малхехьа оьхьна.

Со воллу ца кIордош аха,
Лардеш хIор эгIаза хелиг…
Эххар соь, тIехбовлуш, наха:
– Хьекъийла! Хьекъийла! – эли.

(Сулаев М.)

Оцу контекстехь долу маьIна хир дацара цу тIерачу дешнийн, уьш шаьш а даьхна, церан маьIна дан воьлча. Контексто шена юкъадогIачу дешнийн, исбаьхьаллин гIирсийн маьIна билгалдо, къагадо.

КРИПТОНИ́М *ю – хь*. **Псевдоним**.

КУЛЬМИНА́ЦИ *ю*; **кульминацин, кульминацина, кульминацино, кульминацига** (лат. *culmen (culminis)* – лакхе) – исбаьхьаллин произведени тIехь хиламаш кхиарехь уггара лакхара тIегIа.

КУЬЦАРА СТИХАШ – шен могIанаш цхьана хIуманан куц хIоттош дIанисдина йолу стихотворенин текст. Масала, Супаев Русланан «Аьрзу» цIе йолчу стихотворени могIанаш иштта дIаяздина ду:

Аьрзу

Шаройн Орга,
ЧІаьнтийн Орга –
Нана-аьрзунан
ши тІам;
Цуьнан тІемех
хьерча кІорнеш –
Ду
догмайра
Нохчийн къам.

ТІемаш даржийнчу аьрзунан куьцехь йолуш санна хетало оцу стихотворенин текст.

КЪАСТОР *ду*; **къасторан, къасторна, къасторо, къасторе** (*развязка*) – произведени тІера хиламаш, цу тІехь гайтина гІуллакхаш доьрзуш кхоллалуш долу хьал.

КХ

КХААМОГІАНАН СТИХ – кхаа могІанах лаьт-таш йолу стихотворени.

Садулаев Хьасанан кхаамогІанан стихаш:

КІант волуш жималлин хенахь
Ден луьйта лацара кевнехь
Къонаха тарлуш со дагчохь.

* * *

ВогІушверг гІеллур ву новкъахь,
Цунна хьайн кхерч латтабе.
Диллина ков латтаде.

* * *

Сийлаллин дарж соьгахь дац, суна неІ елла,
Амма со цу дарже кхачахь, ахь хьаставелла
НеІ еллахь хьан пусар ас дийр а дац.

* * *

Дов дерзахь мостагІа эшош
И толам ас лоруш бац
МостагІалла дацахь ахь кхачош.

(Садулаев Хь.)

КхаамогIнашкахь рифмовка тайп-тайпана хуьлу: *абб;аба; баа*.

КХААМОГIАНАН СТРОФА – кхаа могIанах лаьтташ йолу строфа.

Абдулаев Лечин кхаамогIанан шина строфах лаьтташ йолу стихотворени:

Тамаше даьхни ду хьекъал а, эхь а.
Кхин мел дерг, къиэ мел лун, механа дазло.
Боьхху мах лур болуш хьоьвзу нах, бIаьрзлой.

Ткъа хьекъал, ткъа эхь а, къиэ мел лун, дайло:
Мах бала, хоьттург а ца хуьлу къайлах,
СагIийна делча а, оьшург ца волу.

Л

ЛАТИНИ́ЗМАШ *ю* – латинийн маттара кхечу меттанашкахь долу дешнаш, масала: республика, литература.

ЛЕГЕ́НДА *ю* – **легендаш** *ю*; **легендин, легендина, легендо, легенде** (лат. *Legenda* – деша дезарг, хаийта дезарг) – барта кхолларалли цхьа тайпа. Легендин чулацамехь дукха хьолахь тамашениг, дахарехь доцу, ойланехь кхоьллина хIума ду. Легендийн чулацам тIехь яздархоша исбаьхьаллин произведенеш язйо.

ЛЕЙТМОТИ́В *ю* (нем.*Leitmotiv* – коьрта мотив) – коьрта ойла, синхаамш, исбаьхьаллин васт яздархочун ерриге кхолларалли хула я цхьана произведенехула чекхдолуш долу. Термин дуьххьара 19 бIешарахь Р. Вагнер юкъаяьккхина. Литературоведенис музыкин терминашкара схьаэцна.

ЛИБРЕ́ТТО *ю* (итал. *libretto* – книжка) – оперин, опереттин текст, дIаязйина балетан сюжет, кинофильман сценарий.

ЛИ́РИК *ву, ю* – **лирикаш** *бу*; **лирикан, лирикна, лирико, лирике** – лирически произведенеш язйинарг.

ЛИ́РИКА *ю*; **лирикин, лирикина, лирико, лирике** (гр. *lyrikos* – мерзпондар лира тIаьхьа а балош олушдерг) – литературин кхаа тайпанах цхьаъ. Лирикехь дахар гойту оцу дахарерчу гIулллакхаша меттахъяьхна йолу адамийн ойланаш, синхаамаш гайтарехула.

Исбаьхьаллин литературан произведенеш дахар гайтаран кепе хьаьжжина кхаа тайпане екъало: эпос, лирика, драма. Оцу кхаа тайпанах хIора а шен къаьсттина башхаллаш йолуш ду. Шатайпана ю царна тIехь дахар гайтаран кеп. Эпический, драматический произведенешкахь билггал болчу хиламех лаьцна дуьйцу, тайп-тайпана персонажаш кхуллу, церан вовшашца йолу юкъаметтигаш гучуйоху, цара кхочушде гIуллакхаш гойту. И персонажаш шайн юьхь-сибатца, амалца, духарца, леларца, къамелан башхаллашца къаьсташ хуьлу. Эпический, драматический произведенешкахь чекхдаьлла долу (дIадоладалар а, кхиар а, дерзар а долуш) гIуллакх я гIуллакхаш гойту. Масала, Бадуев СаьIидан «ЦIеран арц» повесть тIехь къоман хьалхалерчу дахаран исбаьхьаллин сурт хIоттийна. Билгал йолу персонажаш ю повесть тIехь: халкъан векалш Хонмурд, Бану, Залуба, юьртахь паччахьан Iедал дIакхехьа хIоттийна волу пристав Кульдевич, цунна тIаьхьавозу Мирза а, Элберт а. Церан вовшашца йогIучу юкъаметтигех, цара кхочушдечу гIуллакхех лаьтта повестан сюжет. Къеггинчу хиламашкахь гучуболу цуьнан чулацам. Оцу ардамечу шуьйрачу чулацамах схьадолу повестан маьIна а.

Иштта дац лирически произведенешкахь, кхузахь дахар гайтаран кхин кеп ю.

Лирикехь дахар гойту оцу дахарерчу гІуллакхаша, хиламаша меттахъяьхна адамийн ойланаш, синхаамаш гайтарехула. Искусствон теоретико Г. В. Гегель яздина: «Поэто дахарехь дерг шега чу а эцна, цунах шен чулацам бан безаш хиларх бохку лирикан коьрта лехамаш». Дуьненан хиламаш, дахарера гІуллакхаш шен дагчу «схьаоьцу» поэто, тІаккха цуьнан кхоллалуш йолу ойланаш ю вайна лирически произведенешкахь хаалурш. Дуьненца, шена гонахарчу дахарца поэтан йолу юкъаметтигаш го вайна лирикехь.

Іаламехь, я адамийн дахарехь шена гуш долчо меттах боху поэтан синхаамаш, ойланаш, тІаккха кхоллало лирически произведени.

Тидам бер вай Арсанукаев Шайхин «Баьпкан юьхк» цІе йолчу стихотворенин. Иштта дІайолалуш ю иза:

Баьпкан юьхк Іуьллу.
Дийнна баьпкан юхьк.
Іуьллу и новкъахь,
Іуьллу дІасалелачу адамийн
когаш кІел!

Лаьттахь Іуьллу баьпкан юьхк а, цунах кхоам ца хеташ тІехдуьйлу адамаш а, и сурт Іаьткъина поэтана. Цуьнан синтем байна, дог карзахдаьлла

ТІехбуьйлу...
ТІехбуьйлу -
ца гуш санна,

ТIехбуьйлу -
бен доцуш.
ТIехбуьйлу -
ойла ца еш.
ТIехбуьйлу -
шайн модни мачашца
кхоамза
дахаран цуьрг а хьоьшуш!
ТIехбуьйлу...

Оцу суьрто инзарваькхинчу поэтана карладолу хьалха хилларг, адамо хьалха лайнарг. ХIинца шена гуш дерг оцу хьалхалерчуьнца ойланехь дуьстича, кхин а чIогIа тохало поэтан дог, карзахбовлу синхаамаш, дуладо аз:

ТIехбуьйлу -
Ленинградан блокада
цкъа а ца хилча санна.
ТIехбуьйлу -
къизачу тIеман
бIаьстенан юьххьехь,
мокхачу арахь,
шийлачу мохо лоькхучу
эгIазчу бераша
ахдешначу лай кIелхьара
берцан кан
цкъа а ца лехьийча санна!

Кхузахь поэтан дог-ойла, синхьегам шаьш кхиарехь лакхарчу тIегIане кхаьчна. Цул тIаьхьа цецвийлар, тамаш бар лах а лой, шена гинчу хьокъехь паргIат ойлаяре волу иза. Стихотворени ерзош и шайца дIайо-

лаелла дешнаш делахь а, хIинца церан маьIна кхин ду, иза хаало интонацехь а:

Баьпкан юьхк Iуьллу,
Дийнна баьпкан юьхк!
Iуьллу и новкъахь,
Iуьллу дIасалелачу адамийн
когаш кIел...

Стихотворени тIехь кхоьллинчу поэтически васто вайн синхаамаш карзахбоху, дог Iовжадо, ойланаш йойту.

Лирически произведенеш стихашца язъеш ю. Стихотворенин формано дешнаш цхьана куьцехь дIанисдо, царна чIагIо а луш, чекхдаьллачу маьIница вовшахтуху. Стихехь шен массо а озаца дека дош, исбаьхьаллица къиэга цуьнан маьIна, гучудолу шена юххерчу дешнашца цуьнан тамашина хаза уьйраш тасаялар.

Хьовсур вай Арсанукаев Шайхин кхин а цхьана стихотворенига:

Бода бешаш гиний шуна?
Гиний Iаьржа буьйса йовш?
Серло яьржаш гиний шуна?
Гиний Iалам меттахъхьовш?

Iуьйре гIоттуш гиний шуна,
Баржабеш шен сирла мор?
Йогу беснеш гиний шуна,
Доьллуш цо шен сирла кор?

Нуьре хьажар гиний шуна,
Гонах бIаьрг цо кхарстабеш?

Елакъажар гиний шуна,
Дахарах сов йоккхаеш?

Къона Іуьйре тергалъелаш -
Товш ю, нускал санна, и
Денна иза декъалъелаш -
Серло яхьаш йогІу и!

Оцу стихотворенин исбаьхьалла кхоьллина автора нохчийн меттан хазни юккъера лаха а лохуш, говза вовшахтесначу дешнаша. Церан исбаьхьалла, хаза декар нисделла поэта уьш говза дІанисдар, цхьаьнатасар бахьана долуш. Стихан ритм а, цхьа ша тайпана лирически интонаци а кхоьллина цара. Лирически интонаци лору лирически произведенийн коьртачу башхаллех цхьаь. Интонацино гІо до стихотворенин маьІнех кхиа. Масала, Мамакаев Мохьмадан «ТІулгаша а дуьйцу» цІе йолчу стихотворенин маьІна цуьнан интонацехь а гучудолу:

Со ламчу вогІура кху ширчу новкъа,
Некъаца тидам беш, тІулгашка хьийжи.
Дай баьхна гІирсаш а, хилларг а довзош
Цу тІулгийн тархаша шайш мотт а бийци.
Хьан бах хьо, сан Даймохк, яханчу хенахь,
Йоза а хьайн доцуш, бІарзбелла баьхна?
Къийсамо аьгначу хьан тІулган белшахь
Гуш ду-кх яздина сан дайшка кхаьчнарг...

Чевнаш дІайирзина, хІиттина моьнаш,
Уьш ду-кх хаткъ кІорга яздина йоза.
Ас йоьшу цуьнца хьан къайлаха чевнаш,
Эхь-бехк а, къийсам а – бІешерийн ойла.

Хьалхарчу строфахь йолу хаамбаран интонаци шолгIачу строфахь хаттаран интонацига йоьрзу. Оцу риторически хаттарца поэта чIагIдо ша бохуш дерг, шен ойланехь дерг. КхидIа а хийцалуш йолчу интонацино гIо до оцу стихотворенин маьIнех кхета.

Стихан интонаци билгалъяккхарехь доккха маьIна ду хьаьркаш хIитторан: айдаран а, хаттаран а хьаьркаш, дукха тIадамаш, цIоьмалг, тIадам, сизалг.

Шайн чулацаме хьаьжжина тайпанашка екъалуш ю лирически произведенеш: граждански лирика, Iаламан лирика, безаман, доттгIаллин лирика и.дI. кх.

«Куц гойтуш, бакъдерг ду поэзин дезарш», — баьхна Мамакаев Iаьрбис.

Лирически произведенийн мехалалла, кхечу жанрашкахьхь йолчу произведенийн а санна, церан чулацаме хьожжий къастош ю. Поэтан шен стихотворенехь бохуш долчуьнца, цунах схьадолучу маьIни хьожжий хадабо оцу стихотворенин мах.

ЛИРИ́ЧЕСКИ ПРОИЗВЕДЕ́НИ *ю* – лирически жанрехь язйина, авторан синхаамаш, лаамаш, ойланаш къеггина шеца билгалйовлу произведени (хь. Лирика).

ЛИ́РО-ЭПИ́ЧЕСКИ ПРОИЗВЕДЕ́НИ *ю* – лирически а, эпически а билгалонаш шеца йолу произведени. Лирический, эпический произведенешца цхьаьна нохчийн литературехь алссам ю лирически а, эпически а билгалонаш шайгахь цхьаьнаийна йолу исбаьхьаллин произведенеш. Царна тIехь дахар гайтар лирически а, эпически а гIирсашца кхочушдо. Лиро-эпически произве-

денешкахь, эпически жанрехь йолчу произведенешкахь санна, персонажаш хуьлу, оцу персонажаша кхочушдечу гIуллакхех я цхьана хиламех лаьтташ йолу ардаме сюжет а хуьлу. Цул совнаха авторан ойланаш, синхаамаш билгал а бовлу оцу произведенешкахь. Лирически произведенешкахь санна, поэтан ойланашкахула, цуьнан синхаамашкахула дахар гайтаран кеп а ю цаьргахь. Лиро-эпически произведенийн уггаре яьржина жанр поэма ю. Царна юкъайогIу кхин жанраш а: баллада, туьйр-кица, ода, стихашкахь повесть, стихашкахь роман. Масала, Арсанукаев Шайхин «Тимуран тур» цIе йолу стихашкахь повесть, цуьнан стихашкахь роман «Кхолламан сизаш».

ЛИРИ́ЧЕСКИ ТУРПАЛХО – авторан ойланаш, лаамаш, синхаамаш шеца гучубовлу исбаьхьаллин васт. Лирически турпалхо шен дегI а, юьхь-сибат долуш персонаж яц. Иза лирически произведенешкахь автора дог-ойла, цуьнан дуьненехьежар шеца билгалдолу исбаьхьаллин васт ду.

Лирически турпалхо иза ша поэт лара ца веза. Лирически турпалхо синхьегам а кхето ца оьшу еккъа поэтан шен ойланаш, синхаамаш санна. Иза иштта кхетош хилча дукха лахлур дара поэтан кхолларалин а, ерриге лирикин а маьIна. Лирически турпалхо васт, кхечу жанрашкахь йолчу произведенешкахь а васт кхуллуш ма-хиллара, дахарера материал а гулйой, иза исбаьхьаллин кепехь литта а луьттий, шен поэтически фантазица тIе а дузий, кхуллуш ду. Делахь а дукхахьолахь лирически турпалхочун васт, цуьнан дог-ойла, дуьненехьежар авторан дахарерчу гIуллакхашца, дуьненехьежарца цхьаьнадогIуш хьулу.

Поэтан билггал йолчу хенахь вехаш ву, шен хенахьлерчу нахаца уьйраш йогIуш а, юкъараллин лехамаш кхочушбан гIерташ хуьлуш ву. Бакъволчу поэтан ойланаш шен заманан лехамашца, халкъан хьашташца цхьаьнайогIуш хуьлу. Лирически произведенеш тIехь авторан ойланашкахь вайна гучудериг – иза еккъа поэтан догойла, цуьнан дуьненехьежар хилла ца Iаш, юкъараллин маьIна дерг, адамийн лехамашца дерг ду.

ЛИРИ́ЧЕСКИ ЮЬСТАХДИЙЛАРШ *ду* – исбаьхьаллин произведенешкахь (дукха хьолахь поэтически произведенешкахь) автора сюжетана юьстах лаьтташ долу, сюжетана юкъа ца догIуш долу гIуллакхаш гайтар. Цаьргахула автора, шен синхаамаш, ойланаш билгал а йохуш, произведенин чулацам кIаргбо.

ЛИТЕРАТУРИН ТАЙПАНАШ *ду* (роды литературы) – исбаьхьаллин литературин ерриге произведенеш шайна юкъайогIуш долу коьрта тайпанаш.

Исбаьхьаллин литературин произведенеш шайна тIехь дахар гайтаран кепе хьаьжжина кхаа тайпане екъалуш ю: эпический, лирический, драматический. Литературин тайпанаш – эпос, лирика, драма – билггалдолчу исторически хьелашкахь кхолладелла а, и хьелаш хийцадаларе хьаьжжина шаьш хийцалуш а схьадаьхкина ду. Эзар шераш хьалха исбаьхьаллин литература кхиа йолаяларца цхьаьна кхолладелла литературан тайпанаш, заманийн лехамашка хьожжий, хийцалуш хиллехь а, тахана а шайн билгалчу къастамашца долуш ду. Исбаьхьаллин литературин ерриге а произведенеш оцу кхаа тайпанна юкъайогIу. Литературин тайпанаш билггалйолчу жанрашца къаьсташ ду. Эпически произведенеш хIокху

жанрашкахь хуьлу: дийцар, очерк, повесть турпаллин илли, роман, эпопея. Лирически произведенийн иштта жанраш ю, стихотворени, йиш, илли. Драматически произведенийн жанраш ю: комеди, драма, трагеди.

Эпически произведенеш хаамбаран формехь (повествовательни) хуьлуш ю, царна тIехь дуьйцу стеган дахаран некъах лаьцна, сурт хIоттадо цо дакъалоцучу хиламийн, цо кхочушдеш долчу гIуллакхийн, гойту адамийн вовшашца йолу юкъаметтигаш. Автора ша, я персонажех цхьаммо схьадийцарца гучуболу оцу произведенийн чулацам, царна тIехь шуьйра гойтуш долу адамийн чолхе дахар.

Драматически произведенеш сцени тIехь хIитто лерина а йолуш, персонажаша вовшашка дечу къамелан кепехь хуьлу. Церан коьрта башхалла ю адамийн амалш «ардамехула, къовсамехула» билгалйохуш хилар.

Лирика дахар гайтарехь чIогIа къаьсташ ю эпосах а, драмех а. Кхузахь кхин кеп ю исбаьхьаллин сурт хIоттаран.

ЛИТЕРАТУРОВЕ́Д *ву, ю* – **литературоведаш** *бу*; **литературоведан**, **литературоведана**, **литературоведо**, **литературоведе** – исбаьхьаллин произведенеш толлуш, церан башхаллаш къастош болу белхаш язбинарг.

ЛИТЕРАТУРОВЕ́ДЕНИ *ю*; **литературоведенин, литературоведенина, литературовденино, литературоведенига** – исбаьхьаллин литература толлуш, цуьнан башхаллаш къастош долу Iилма. Литературоведени кхаа декъе екъалуш ю: литературин теори, литературин истори, литературин критика.

ЛУ́ГІАТ *ду* – **лугІаташ** *ду*, **лугІатан, лугІатна, лугІато, лугІате** (Іаьрб. *лугІатун* - мотт) – билггалчу Іалашонца гулдина, дукха хьолахь абатан рожехь дІанисдина дешнаш. ЛугІаташ тайп-тайпана ду: орфографин, орфоэпин, фразеологин, этимологин, шинаметтан, дошдаран, Іилманан терминийн и. дІ. кх. Литературин Іилманан терминийн лугІат тІехь литературоведенин терминаш гул а йой, хІор терминан маьІна а деш, пайдаэца атта хилийта абатан рожехь дІанисйо.

Девзаш ду XX бІешарахь хІиттийна нохчийн меттан лугІаташ. Царах цхьадерш: Чентиева М.Д. Русско-чеченский словарь (Грозный, 1940), Мациев А.Г., Джамалханов З.Д. Нохчийн меттан орфографически словарь (Грозный, 1961), Мациев А.Г. Нохчийн-оьрсийн словарь (Москва, 1961), Чокаев К.З., Оздоев И.А. Краткий русско-чечено-ингушский словарь-справочник общественно-политических терминов (Грозный, 1961), Мациев А.Г., Оздоев И.А. Русско-чечено-ингушский словарь (Грозный, 1966), Карасаев Т.А., Мациев А.Г. Оьрсийн-нохчийн словарь (Москва, 1978). Джамалханов З.Д., Алироев И.Ю. Нохчийн меттан нийсаяздаран дошам (Грозный, 1992), Байсултанов Д.Б., Байсултанов Д.Б. Чеченско-русский фразеологический словарь (Грозный, 1992). ТІаьххьарчу шерашкахь арадилийна лугІаташ: Вагапов А.А. Нохчийн меттан доштуьду жайна (Нальчик, 2001), Нохчийн меттан синонимийн жайна (Грозный, 2007), Словарь географических терминов чеченского языка (Грозный, 2008), Ибрагимов Л.М. Нохчийн фразеологизмийн маьІнадаран дошам (Соьлжа-ГІала, 2005). Исмаилов А.Т. Дош (Соьлжа-ГІала, 2009), Абдуразаков Ш.И. Іаламан совгІаташ. (Комсомольски-Юрт, 2009), кхиерш а.

М

МАГИСТРА́Л *ю* – **магистралаш** *ю*; **магисталан, магистралана, магистрало, магистрале** (лат. *magistralIs* – куьйгалла дийриг) – сонетийн кочаран пхийтталгIа, дерзош йолу, сонет. Магистрало хьалхара ейттий сонет цхьаьнатуху. Магистралан ерриге стихаш сонетийн кочар шайх лаьттачу сонетийн хьалхарчу могIанех лаьтташ ю. Магистралан хьалхара могIа хьалхарчу сонетан хьалхарниг бу, шолгIа могIа – шолгIачун сонетан хьалхарниг бу, кхоалгIа могIа – кхоалгIачу сонетан хьалхарниг бу, боьалгIа могIа – йоьалгIачу сонетан хьалхарниг бу, цу тайпана кх. дI. Масала, Юсупов Iилманан «Нохчийчоь» цIе йолчу сонетийн кочаран магистрал:

Нохчийчоь - сан къоман сийлаллин бен
Мокхазан торха тIехь гIиллакхо бина.
Сан дагна ха деш бу хьан горга пен,
Хьан цIарах дарба деш нохчочун сина.

Хьан дуьхьа ваьлла кху дуьнен тIе со,
Воккхавеш, цхьамма хьох довха дош аьлча.

Дийцахьа, хьан бIаьрга со муха го,
Маршонан мурд хила дуй биъна ваьлча?

Сан къена верас бу хьан акха лам,
Сан кхиэлан цIенкъа ю хьан шера аре,
Сан меттан буьххьехь бу хьан лаьттан чам,
Ас сица дору хьан стигалан даре.

Суна а лаьа хьан са ийлуш хила
Ас чехка хаьхкича заманан гила...

XIокху магистралан ерриге а стихаш сонетийн кочар шайх лаьттачу ейтта сонетах хIоранна а хьалхара могIанаш ду.

Стихотворенийн цхьайолчу кхечу чолхечу форманашкахь а юха-юха ялочу стихах олуш а хуьлу магистрал.

МАКАРОНИ́ЧЕСКИ БАЙТАШ *ю* (итал. *poesia maccheronica, maccheroni* – макаронаш) – тайп-тайпанчу къаьмнийн меттанашкара дешнаш эдеш язйина забаре, беламе стихаш. Оцу тайпана произведени дуьххьара араяьлла 1490 шарахь Италехь. Иза хилла латинин, италин меттанийн дешнаш эдеш поэта Тифис язйина «Maccaronea» цIе йолу комически поэма. Цунах схьадаьлла ду макаронически байташ бохург а.

Оьрсийн литературехь евзаш ю поэтан Мятлев Ивана 1840 шарахь макаронически хотIехь язйина комически поэма «Сенсации и замечания госпожи Курдюковой за границею – дан л'этранже». Шайн «лак-

кхара культура» гучуяккхархьама оьрсийн дворянаша шайн матта юккъе французийн дешнаш а далош къамелдар беламе доккхуш язйина поэма ю иза. XX бIешерахьлерчу оьрсийн литературехь къаьсттина евзаш ю Бедный Демьянан, Маяковский Владимиран макаронически байташ.

Шен ненан мотт цIена а буьйцуш, иза Iалашбаран меттана, кхечу къаьмнийн меттанашкара дешнаш юкъадалош иза талхошберш беламе бохуш язйо макаронически байташ. Забаре, беламе даккхар авторо кхочушдо цхьана маттахь къамел дечу персонажан хабар юкъа маьIница оьшуш а доцуш кхечу меттан дешнаш я динна предложенеш ялорца.

Ишттачарах ю Гайтукаева Банин «Вайн заманан нохчийн мотт» стихотворени:

Суьйре ю цхьа тайна, дерриг дицделла
ЙоI тийна, кIант ларвеш, паркерчу гIентахь.
Эххар а схьахеза: «Приветик, Лена,
Дукха хан юй ахь ждать до? Прости хьайн тарлахь».

– Какой ты жестокий, со хьоьга хьоьжу,
Примерно, цхьа-ши сахьт сов время ю.
А ты, как хийра стаг, соьга ждать дойтуш,
Это не в первый раз, хьо-м иштта ву!

– Ну что ты, Леночка, цхьаъ Іоттаделла,
Со тIаьхьа висарх со къера ву.
Елалой хилахьа, хьо грустный хилча,
Вай даха, я прямо с ума схожу.

– Ну ладно, что б это тIаьххьара хуьлда,
И, кстати, сегодня вайн праздник ду.
Ой, чуть не забыла, хьо декъал хуьлда,
Тахана вай девзина шо дузуш ду.

– Баркалла. Я тоже,.. Хьо а декъал хуьлда.
ХIара вечер а шатайпа прекрасный ю.
Ты знаешь, сан даг чохь радость ловзу,
Понятно, хьомениг, хьо соьца ю.

– Мне тоже порою кажется иштта,
Ты рядом – а значит, со ирсе ю,
ХIора ночь седанах со дагаюьйлу,
Цо суна схьаоьхьург твой образ ду.

– Эх, был бы я поэтом сегодня, Лена,
Есенин хьагош, стих писать тебе.
Талант яц соьгахь, хIун дер тIаккха,
Цундела в кино я тебя поведу.

Прозаически произведенешкахь а нисло макаронически хотIах пайдаэцар. Дукха хьолахь персонажан амалш цуьнан къамелехула а билгалъяхархьама даладо прозехь макаронически хатI.

МЕМУАРАШ *ю – хь*. **Дагалецамаш**.

МЕСОСТИ́Х (**мезостих**) *ю* (гр. *mesos* – юккъера, *stichos* – стих) – акростихан цхьа тайпа, автора билгалдоккхуш долу дош стихотворенин могIанийн юккъерчу элпашца гучудолуш йолу стихотворени.

МЕТА́ФОРА *ю* – **метафораш** *ю*; **метафорин, метафорина, метафоро, метафоре** (гр. *metaphora* – тIедахьар) – исбаьхьаллин сурт хIоттош цхьа хIума шех тера долчу кхечу хIуманехула билгалдаккхар, шен ма-даррачу маьIнехь а доцуш, кхечу маьIнехь дош далош хIума я гIуллакх гайтар. Масала: зама сиха дIайоьду, гIа-бецаш бIаьстенца сенло, – аларан меттана поэто яздо:

Замано йорт етта,
Шерех деш къурдаш,
ГIа-бецаш соьналле
Ийзош ю бIаьсте.
(Эдилов Х. Сийлаха*)*

Говза ялийна метафораш мехала ю поэтически васт кхолларехь. Метафораш цхьалхе а хуьлу: «Лаьттах Iаьбба, елакъежа балл» (*Сулаев М.*), чолхе а хуьлу, даьржина метафорически васт кхуллуш:

Буьйсанан боганахь букъбелла хIаваан берам,
Цунна чулетта Iа дIо беттан нехчанан гIорза.
Чухчахьер йолало хьийзабан седарчийн бера,
Меллаша чIечкъадеш стигалан юьхь-сибат къорза.
(Юсупов Iилман.).

ГIеххьа йоккха стихотворени а хила тарло яьржинчу метафорих лаьтташ. Ерриге а произведених чекхдолуш исбаьхьа метафорически васт ду Цуруев Шерипан «Лайн чимаш» стихотворенехь:

Заз санна, ловзарца, серла а долий,
Лайн чимаш дай оьгу можачу бай тIе.
Делхарца, арзаца суна тIе кхевдий,
Бай тIера, ден а лой, доьрзу сан байте.

Йоца ю лайн чимийн оьмар кху буса,
Тийна ду лайн чимийн тIаьххьара делхар.
ГIерта уьш цундела ловзарх дог дуза,
И ловзар – Iожална хьалхара хелхар.

Уьш беттан серлонехь мел хаза ловзу,
Къа доцу мел цIена дахар ду церан.
Дахаран ирчалла кхиале йовза
Деларца доьлху уьш, ловзарца – кхелха.

Харцонца ца ларош, ца яйлуш гIайгIа,
Вайн дахар дIадолу, хуьлий цхьа гIовгIа.
Лайн чимаш дай оьгу можачу бай тIе
Бай тIера, ден а лой, доьрзуш сан байте.

МЕТАФОРИ́СТ *ву, ю* – **метафористаш** *бу*; **метафористан, метафористана, метафористо, метафористе** – шен произведенешкахь метафорех алссам пайдоьцуш волу поэт.

МЕТАФРА́ЗА *ю* – **метафразаш** *ю*; **метафразин, метафразина, метафразо, метафразе** (гр.*metaphrasis* – мелла а хийцина юха схьаалар) – литературни текст юххера, иза предложенешка екъар а лардеш, юха схьайийцар я гочъяр. Стихотворени прозехь схьайийцарх а олу метафраза.

МЕТО́ДИКА *ю – хь*. **Школехь литература хьехаран методика**.

МЕТОНИ́МИ *ю* – **метонимеш** *ю*; **метонимин, метонимина, метонимино, метонимига** (гр. *metonymia* – цIе хийцар) – поэтически къамелехь цхьа хIума я хилам вайн кхетамехь даиманна а цаьрца йогIуш хуьлчу кхечу хIуманехула я хиламехула билгалбар.

Хьалха кхоьхьуш
Шаннаш дара,
Жижган тIассаш
Алсам яра.
(Нажаев А. «ЖаIу»*)*

Кхузахь шаннаш метоними ю, иза юург бохучу маьIнехь далийна. Корта ларгийтина, олу вай. Иза метоними ю, лоргуьйтург корта бац, месаш ю.

МЕТР *ю* (гр. *metron* – барам) – стихотворенин ритман барам. Стопан, могIанан, строфан башхаллашца билгалйолу поэтически произведенин метр.

МОЛЛА-НЕСАРТАН ХАБАРШ *ду* – Молла Несартера ду олу кегийра забаре хабарш. Iаламат даьржина ду Молла-Несартан хабарш. Кегийра а долуш, забаре, беламе хуьлу уьш. Адамийн сакхташ забарца Iорадоху царна тIехь. Масала:

«Молла-Несартан лулахошкара бехна яй беана хилла юург ян. Шен гIуллакх дIадаьлча, чу ялгIу а диллина, яй дIабелла цо лулахочуьнга. Лулахочо хаьттина:

– ХIара хIун ялгIу ду? – аьлла.

Мола-Несарта аьлла:

– И ялгIу хьан ду, хьан яйно дина и ялгIу.

Яй а, ялгIу а дIа а эцна IадIийна лулахо. Молла-Несарт цIа вахна. Цул тIаьхьа цхьа хан яьлча, юха а бехна яй беана Молла-Несарта оццу лулахочуьнгара. Яй дIахьош ца хилла Молла-Несарта. Цо и дIа ца хьош, цхьа кIира а даьлла. Яй дIабахьа веана лулахо. Молла-Несарта цуьнга аьлла:

–Лулахо, ахьа бехк а ма билла, со хьоьга алан вон хеташ Iара, хьан яй, цомгаш а хилла, кхелхина. Иза балан а белла, дIабан йиш йоцуш Iара со.

– Ойн, яй леш хуьлу? Яй кхелхина бохург хIун ду!?- аьлла, цецваьлла лулахо.

Молла-Несарта аьлла:

– Хуьлу, дера, яй хIунда ца хьулу леш, ялгIу дан а мегий цо?

ТIаккха цуьнга алан хIума а ца хилла, лулахо дIавахна, яй Молла-Несартана бисина».

МОНОЛО́Г *ю* – **монологаш** *ю*; **монологан, монологана, монолого, монологе** (гр. *monos* – цхьаъ, logos – къамел) – исбаьхьаллин произведени тIехь цхьана персонажан къамел.

МОНОДРА́МА *ю* (гр. *monos* – цхьаъ, *drama* – ардам) – сцени тIехь цхьана актерана кхочушъян лерина драма.

МОНОРИ́М *ю* – **монoримаш** *ю*; **монoриман, монoримана, монoримо, монoриме** (гр. *monorime* – цхьа рифма) – цхьана рифмица язйина стихотворени.

Суна хIинцца-хIинцца ги-кха сайн хьаьж тIера хебар.
Шера гойту цо сан дагна шийла шераш тиебар.

Луьра лаьхьа санна, сетта къацахета хебар,
Хазахеташ, куьзга гича, ас сайн бIаьргаш хьеббар.

Сан сиркхонийн-салтийн сема саьнгар ю-кх хьо, хебар,
Дезаш хьайна хьаставелла, мотт ас гара лебар.

Сан къоналлин татол идда харш ду-те хьо, хебар,
Хьайна тIе соь йотта бохуш бIаьргийн ший а зебар .

Сан ах дахар дIахадийна сиз ма ду хьо, хебар,
Хьарам дуй-те хьуна гуш сайн дагалецам хьебар?

Коша баха безаш болчу некъан га – сан хебар,
Сан Iожаллин лараш хьуна тIехь а ю-те дебар?

(Юсупов Iилман)

Цхьа рифма йолуш язйина стихотворенеш Iаламат кIезиг ю. Бакъду, шина могIанах, наггахь беа могIанах а лаьтташ йолу стихотворенеш хуьлу цхьана рифмица язйина.

Да велла йисина Мусостан раьгIнаш,
Да велла йисина лелийна хьаьгIнаш..

(Яралиев Ю.)

МОНОСТИ́Х *ю* – **моностихаш** *ю*; **моностихан. моностихана, моностихо, моностихе** – цхьана стихах лаьтташ йолу стихотворени.

Н

НА́ЗМА *ю* – **назманаш** *ю*; **назмин, назмина, назмано, назмане** (Іаьрб. *назмун* – стихаш, поэзи) – бусалбан динах лаьцна чулацам а болуш, мукъамца дІа а олуш, стихашкахь йолу исбаьхьаллин произведени. Назманаш вайнахана юкъахь лелар, уьш аларан башхаллаш, церан цхьайолу исбаьхьаллин агІонаш барта произведенешца цхьанайогІуш ю. Назманаш шайн авторш болуш ю. Амма хьалха язйинарш хан-зама яларца дукха хьолахь автор виц а лой, халкъан барта произведени санна, наха каркара а луш, баккхийчаьргара кегийчаьрга а кхочуш нахана юкъехь ехаш ю. Бакъду церан авторш а баккхийчу Іеламнахана дукха хьолахь бевзаш хуьлу.

Назманийн чулацам бусалба динах бозабелла бу. Динах болу хьехамаш беш, Далла гІуллакхдар, динан дай бовзийтар, бусалба нах къинойх ларбар, Далла дуьхьал хІутууш цІена хилийтаран Іалашо ю назманийн. Дуьненахь а, эхартахь а пайдехьа хиндерг дуьйцу назманашкахь.

Дуьнено цхьана дийнахь ниІматца велаво,
Марзонаш сайохуш, Іехавеш лелаво.
ШозлагІа, схьалоций, балица хьийзаво,
Собарах хьо воьхчи, халкъалахь сийсазво.

Цхьана шаро велийча, итт шаро велхаво,
Хиларо Іехийча, хадаро хьегаво.
Хьан велар, хьан велхар хийцалуш ду хьуна
Де-буьйса ва санна, хьо ларлуш хилалахь.

Масане да ву-кха хиларо Іехийна,
ШозлагІа цул тІаьхьа валаро хадийна.
Валар ду массарна, къен-миска вуьтур вац,
Дохнан да ву аьлла, Іожалло вуьтур вац.

Бакъонца хьан бахам каш-лахьта бу хьуна,
Лахьтий чохь хьо цхьалха хьуо вуьсур ву хьуна,
Хьан нуьре меженаш яхкалур ю хьуна -
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

Готтачу лахьти чу хьо вуьллур ву хьуна,
Мункаро, Некиро барт хоттур бу хьоьга,
Хьан дегІан меженаш тІекхойкхур ю хьуна –
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

Хьайн динца йоцуриг дуьхьало яц хьуна,
Іамалца йоцуриг тІаьхьало яц хьуна,
Эхартахь йоцуриг паргІато яц хьуна –
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

Къемата де бохург доккха де ду хьуна,
Дас, нанас, доьзало чІир оьцур ю хуьна,

Пайхамарша шайн догIмаш шаьш доьхур ду хьуна-
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

БIаьргеха, лергеха барт хоттур бу хьоьга,
Когеха, куьйгеха барт хоттур бу хьоьга,
Кийрарчу хьан дагах барт хоттур бу хьоьга –
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

Доьзалха, дохнаха барт хоттур бу хьоьга,
Дерриге ниIматаш хьоь хоттур ду хьуна,
Хьоь хаттаза цаIIа дош дуьсур дац хьуна –
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

Кхайкхарах орцахо карора вац хьуна,
Ахь йина Iамал бен накъост хир вац хьуна,
Хьайн Делин омранца Iамалъеш хилалахь -
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

Дуьнен чохь хьан денош дагардеш ду хьуна,
Совнаха де даккха йиш йоцуш ду хьуна,
Iамал еш даьккхинарг деза де ду хьуна –
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

СадаIар дагардеш маликаш ду хуьна,
И кхачийна даьлча, хьо кхалхор ву хьуна
Ахь йина ойланаш кIелъюьсур ю хьуна –
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

Массеран ва эла вайн Элча ву хьуна,
Шен дуьхьа дерриг халкъ кхоьллина ву хьуна,
Жабраилан маттаца Къуръан схьахьедеш,
Къуръано го бина веъна ву хьуна.

Къуръанан могIанаш шен дагахь шарбина,
Къуръанан гIиллакхаш дерриге схьалаьцна,
Бакъонца веа хьо, сий долу ва Элча,
Марша ва, марша ва, ва сийлахь Элча!

Нохчийчохь вевзаш хиллачу Іелам стага Закин-Юьртарчу Іабдул-Хьаьлима яьккхина и назма.

Назманаш яьхнарш дукха хьолахь баккхий Іеламнах хилла, Іаьрбийн маттана говза а болуш, церан поэзи а евзаш, шайгахь поэтически похІма а долуш. Назманаш Іаьрбийн маттахь а, нохчийн маттахь а яьхна цара. Тахана а баккхийчу Іеламнаха шайн йозанаш Іаьрбийн маттахь леладо, вовшашка кехаташ цу маттахь яздо, назманаш а Іаьрбийн маттахь йоху. Масала, Іалхан-Юьртарчу Арсанукаев Мохьмад-Башир-Хьаьжин дукхаха йолу назманаш Іаьрбийн маттахь ю.

Нохчийн назманашкахь коьрта долчу декъана Іаьрбийн стихан форма схьаэцна. Беа могІанах лаьтта дукха хьолахь назаманан строфа. Хьалхара кхо могІа вовшашца рифмовка йолуш хуьлу, боьалгІаниг, назманан коьрта маьІна билгал а деш, ша къаьстина лела. И могІа назма чекхъяллалц кхечу строфашкахь юх - юха а балош бу. Рифмаш коьрта долчунна хандешнех, хандешнийн форманех лаьтта. Стихан барам еа стопах лаьттачу дактилан я хорейн куьцехь хуьлу:

Муъмийн наха хало хьоьгу,
ПаргІатонах хийла хьоьгу,
Цунна кхойкху гІийла хьоьга,
Дела, бехьа, хьайн къинхетам.

Іисъян-вониг дегІо лоьху,
ТІаІат-дики даго хьоьху,
И шиъ нисдар хьоьга доьху
Бехьа, Дела, хьайн къинхетам.

Хьан неІарге хьан леш баьхки,
Къинош дарна болуш бехке,
Хьайца там болчу уьш бахкий,
Бехьа, Дела, хьайн къинхетам.

Мохьмад-Башир-Хьаьжас 1940-чу шерашкахь нохчийн къам сибрехахь долчу хенахь язйинчу назман тІера ду и могІанаш.

ЛадугІуш волчунна боккха Іаткъам бо назманаша. Назма дика олуш шаьш нах хуьлу. Цхьаммо хьалхара а олуш, кхечара кар-кара оьцуш айа а ойуш, тобано дІаолу назма.

НАЬРТ-АЬРСТХОЙХ ДИЙЦАРШ *ду* – нохчийн барта кхолларалле дийцарш. Шайн чулацамца а, исбаьхьаллин башхаллашца а Іаламат мехала ду Наьрт-аьрстхойх долу дийцарш а. Наьрт-эрстхой даккхий догІмаш а долуш, нуьцкъала адамаш хилла бохуш дуьйцу царах лаьцначу дийцаршкахь. Дукха хьолахь вовшашца а, ткъа иштта адамашца а луьра къийсамаш хилла церан. Адамашца болу церан къийсамаш гуттар а бохург санна Наьрт-аьрстхой эшош дІа а боьрзу. Наьрт-аьрстхойх лаьцна долу нохчийн дийцарш дукха хьолахь билггалчу географически меттигех дозаделла ду. Царна тІера хиламаш кхочушхуьлу билгалйолчу ярташкахь я евзаш йолчу кхечу

меттигашкахь. Иштта ду, масала, «Новр а, ГIожакъ а» боху дийцар а, Гермачигарчу наьртех а, Соскан Солсех а долу дийцарш а.

НЕКРОЛО́Г *ю* – **некрологаш** *ю*; **некрологан, некрологана, некролого, некрологе** (гр.*nekros* – делларг, *logos* – дош) – стаг веллачул тIаьхьа цуьнан дахарх, цуьнан гIуллакхех лаьцна язйина статья. Нохчийчуьра воккха Iеламстаг Арсанукаев Мохьмад-Башир кхелхича, цунах лаьцна некролог хиллера Iаьрбийн махкахь, Сирехь, арадолучу «Садал-Ийман» («Ийманан аз») журнал тIехь.

НЕОЛОГИ́ЗМ *ю – хь*. **Керла дешнаш**.

НИЙСА РИФМА - *хь*. **Рифма**.

НИЙСА ЙОЦУ РИФМА - *хь*. **Рифма**.

НОВЕЛЛА *ю* – **новеллаш ю; новеллин, новеллина, новелло, новелле** (ит. *novella* – керланиг) – дийцаран жанрехь йолу произведени. Новелла дийцарца цхьаьнайогIуш ю, дукха хьолахь цу шинна юккъехь къастамаш а ца бо. Амма цхьаболчу литературоведаша дийцарехьчул алсамо хиламаш а, леррина хIоттийна фабула а лору новеллехь.

О

ОДА *ю* – **оданаш** *ю*; **один, одина, одано, одане** (гр. *oide* – йиш) – стаг хастош, вазвеш, лакхавоккхуш я юкъараллин маьІна долу цхьа хилам сийлалица кхайкхош язйина йолу стихотворени. Ширчу грекийн искусствехь тобано, хелхарш а деш, дІаолуш йиш хилла ода. Герггарчу хьесапехь 2500 шо хьалха ваьхначу ширчу грекийн поэто Пиндара спортан къийсадаларшкахь толамбаьккхинчарна лерина кхоьллина дуьххьарлера хастаме стихотворенеш. ХІетахь дуьйна схьа ода литературехь хастаме стихотворенин жанр хилла схьайогІуш ю.

ОКСИ́МОРОН (оксю́морон) *ю* – **оксюиморонаш** *ю*; **оксиморонан, оксиморонна, оксиморono, оксимороне** (гр. *oxymoron* – ира сонталла) – дуьхьадуьхьал маьІна долу дешнаш исбаьхьаллин произведенехь цхьаьнадалор. Шаьш цхьаьнадогІуш цахиларна, цхьа цІеххьана шайна тІехь ойла а сацош, оцу шина дашах кхин маьІна кхоллало. Яндарбиев Хьамзатан стихотвренин книгин цІе «ХІара исбьахьа ирча дуьне», Супаев Русланан стихотворени «Сингаттаме хазахетар».

ОКТА́ВА *ю – хь*. БархIмогIанан строфа, БархIмогIанан стих.

ОЛИЦЕТВОРЕ́НИ – *хь*. **Юьхьедерзор**.

ОМО́НИМАШ *ю* (гр. *homos* – цхьатера, onoma – цIе) цхьатерра алар а долуш, тайп-тайпана маьIнаш долу дешнаш, масала: цIе (ю) – адаман цIе, цIе (ю)-йовхо лун цIе; са (ду) – дийначу хIуманан са, са (бу) – цIийнан са; неI (ю) – чу-ара волу неI, неI (ду) – бежанан цIока.

Яздархоша омонимех тайп-тайпанчу кепара пайдаоьцу. ХIокху стихашкахь тайп-тайпанчу маьIнехь далийна «дош»:

Дош доцург дош дац,
Дашал доккха хIума дац…
Тухий, дашо стаг во дашо,
Тухий иза дакъазвоккху.
(Кибиев М.)

О́ЧЕРК *ю* - **очеркаш** *ю*; **очеркан, очеркана, очерко, очерке** – дахарера гIуллакхаш гойтуш, билгалволчу стагах дуьйцуш йолу жима эпически произведени.

П

ПАНТОРИ́ФМА *ю* – **панторифмаш** *ю*; **панторифмин, панторифмина, панторифмо, панторифме** (гр. *pas* – дерриг, *rhythmos* – ритм) – динна могIанах, ерриг стихах лаьтташ йолу рифма.

Дешан исбаьхьалла, стихан говзалла гучуйоккхуш елахь а, панторифма поэзехь лелаш яц. Поэташа наггахь бегаш беш, забар еш язбечу шинамогIанехь ялайо панторифма:

Сом ца лецира селхана хьо воцчо,
Со-м дIакхечира сел хала хьо волчу.

ПАРГIАТ СТИХ (верлибр) (фр. *vers libre* – паргIат стих) – могIанашкара дешдакъош а, тохарш а цхьана барамехь а доцуш, цхьана тайпанан строфаш а йоцуш, рифмаш йоцу стихаш:

Къоьжачу Кавказан баххьашна юккъехь,
ламанан аьрзунийн баннашна лулахь
хьаннийн, бошмийн IиндагIашлахь
маьрша Iуьллу
дай баьхна шира юрт
Дишни-Ведана.

Кхузара,
кху лаьмнийн сийначу
аганара, гІаьттина,
лаьмнеххий,
малхаххий
цецваьлла, лаьттина,
ваьлла со новкъа....

Ткъа, хІара...
ХІара лаьтта хІетахь
сох кхеттачу сан Некъан Накъостех
уггаре Хьалхарниг -
ЦІеначу бІаьргаш чохь самукъа ловзу
Безаме жима стаг...

– Маршалла!
Сан деган маршалла дІаэцар доьху,
Сан некъан Хьалхара Накъост!
Бехк сайна цабиллар доьху
ЦІе хьайн цаяккхарна цхьа а.
Ма мотта йицъелла, Накъост,
ЦІе хьайн ца йоккхуш со Іийча -
Йокхуш и хезна вац цкъа а
Ма-дарра дІааьлча-м, суна
хІун бен ду, цІе муьлхха а хилча?
Дац стеган хІумма а
Шен цІарах дозуш:
Я амал,
Я гІиллакх,
Я гІуллакх...

ХІан-хІа, со вевзар вац хьуна -
Суна дагадогІуш, вайша
Цкъа бен вац гина а вовшийн...

Арсанукаев Шайхин «Баркалла адамаш» поэми тIера цхьа кийсак ю вай ялийнарг. Кхузахь стихан могIанаш шайн барамашца – деха, доца хиларца – цхьатера дац, тайп-тайпанан ду: кхаа дешдекъа тIера цхьайтта дешдекъе кхаччалц хийцалуш бу церан барамаш. Строфаш а яц кхузахь цхьанабарамехь, масала, хьалхарниг – кхойтта могIанах лаьтташ ю, шолгIаниг –ялх могIанах, кхоалгIаниг – пхийттаннах, йоьалгIаниг кхаа могIанах лаьтташ ю, цаьрга терра кхиерш а. Рифма ян а яц. Стихан чаккхенаш – клаузулаш – тайп-тайпанан ю: божарийн («юрт»), зударийн («хIара»), дактилически («сийначу»), гипердактилически («IиндагIашлахь»). Амма иза стихотворени санна могIанашка екъна ю, стихашкахь ма-хиллара соцунгIаш а ю, интонаци а ю. Оцу билгалонашца къаьста паргIат стих прозех.

ПаргIат стих дуьххьара юкъаяьлла лору XIX бIешо чекхдолучу муьрехь французийн поэзехь. Амма Г. Гейнен, У. Уитменан кхолларалле хь а ю паргIат стихаш. Оьрсийн литературехь дуьххьара А. Фета язйина лору паргIат стихаш, ткъа иштта А. Блокан, В. Брюсовн, М. Кузминан, хIинцалерчу поэтийн а ю уьш. Нохчийн поэзехь дуьххьара паргIатчу стихаца язйина Арсанукаев Шайхин «Баркалла адамаш» цIе йолу динна поэма араяьлла 1978 шарахь. Цул тIаьхьа нохчийн поэзехь паргIатчу стихах алссам пайдаэцна кхечара а.

ПАРО́ДИ *ю* – **пародеш** *ю*, **пародин, пародина, пароди-но, пародине** (гр. *Parodia*: *para* – дуьхьал, *ode* – йиш) – кхечу произведенина дуьхьал язйина йолу беламе исбаьхьаллин произведени. Билггалйол-

чу исбаьхьаллин произведенин форманах я чулацамах таръеш, амма забаръярца цуьнан маьІна я исбаьхьаллин кеп беламе йоккхуш, лахъеш язйо пароди. Яздархочун кхолларалли я цуьнан цхьана произведенин цхьацца сакхтарш дукха дестийна гайтарца, ледарлонаш Іорайоху пародино.

Хатуев Іабдулхьамидан, Шайхиев Іалвадин стихотворенешна Уциев Абус язйина пародеш:

Доцца аьлча…

«*Сох цхьаъ хила доьгІна делахь,*
Шийла къастар ма хилийта,
Ши дог вовшийн дезаш делахь,
Вовшех даьлла ца делхийта».
(*Хатуев І.*)

Сох цхьаъ хила доьгІна делахь,
Сийна гижо ма хилийта,
Реза воцу критик валахь,
Салат йина ца ваийта.
Сох цхьаъ хила доьгІна делахь,
Базехь завсклад ма хилийта,
Ца торручохь гІалатвалахь,
Со сайн зудчух ца ваккхийта.
Сох цхьаъ хила доьгІна делахь,
Ма хилийта мох я хох…
Доцца аьлча, тарлуш делахь,
Хилийтиша поэт сох!

Ас шу хьерадохур ду…

«Іаткъам бита Іаткъо Іаткъам Іаткъаме,
Латкъам бита латкъо латкъам латкъаме…»
(Шайхиев І.)

Кхардам бита кхардо кхардам кхардаме,
Къамкъарг йита къекъо къамкъарг «къамкъарге».
Эхь а дита эхь хетийта эвхьаза,
Мотт а бита ма-тов бетта маьттаза…
Уьш ахь дитахь, со-м муххале вуьтур ву –
ТІаккха къера шу ас хьерадохур ду…

ПА́ФОС *ю*, **пафосан, пафосана, пафосо, пафосе** (гр. *pathos* – синхаам) произведенин маьІна шайца билгалдолу авторан бовха синхаамаш, йоккха дегайовхо.

ПЕНТАЛО́ГИ *ю* – **пенталогеш** *ю*; **пенталогин, пенталогина, пенталогино, пенталогига** (гр. *pentalogia*, *penta* – пхиъ, *logos* – дош, къамел) – пхеа декъах (пхеа книгех) лаьтташ йолу йоккха эпически произведени. Царах хІора дакъа а ша къаьстина произведени санна елахь а, уьш вовашашца дозаделла хуьлу авторан Іалашонца а, массо а декъах чекхйовлачу персонажажца а. Нохчийн литературехь пенталоги хІинца а язйина яц. Пенталогин масална яло мегар ду вевзаш волчу американски яздархочун Джеймс Фенимор Куперан (1789–1851) пхи роман «Зверобой», «Следопыт», «Последний из могикан», «Пионер», «Прерия». Оцу пхеа а книги тІехь коьрта турпалхо Натти Бампо ву ин-

дейцаша шех Кожаный Чулок, Соколиный Глаз я Длинный Карабин олуш хилла.

ПЕРИ́ОД *ю* – **периодаш** *ю*; **периодан, периодана, периодо, периоде** (гр. *periodos* – го, го баьккхина) – чекхдаьлла маьІна долчу чолхечу синтаксически дІахІоттамах лаьтташ йолу строфа я ерриге стихотворени:

Ламанах духдуьйлу шал шийла шовданаш
Шен бекъачу кийранна Іаббалац ца молуш,
Варша йисте ва йолу маргІал сийна буц
Шен оьздачу зорханна буззалац ца юуш,
Цу хьуьнан хотешкахь берзан йорт ва етташ,
Іинан кІорге ва буьйлуш, мела муж ва муьйлуш,
Дукъ лакха ва буьйлуш, сема ла ва доьгІуш,
Иччархочун ва тоьпо лацарна ва кхоьруш,
Мокхазан ва бердах куьран га ва хьоькхуш,
Цу попан орамах торгІал тІа ва детташ,
Лергаш дуьхьал ва туьйсуш, кур аркъал сеттабеш,
Орцал лаха ва буьйлуш, гІелашка ва гІергІаш
Масане сай лела гІелашца ва боцуш,
Вай бен дац, кІенатий, бохуриг ца хуьлуш?

Цхьана периодах лаьтташ ду йоккхачу исбаьхьаллица къаьсташ долу и халкъан илли «Сай».

ПЕРСОНА́Ж *ю* – **персонажаш** *ю*, **персонажан, персонажана, персонажо персонаже** (лат. *persona* – юьхь, адам) – исбаьхьаллин произведени тІехь гайтина адам. Произведени тІехь коьрта а, коьрта йоцу а персо-

нажаш хуьлу. Коьрта йоцчарах персонажаш олу, кортачарах турпалхой олу.

ПАРАФРА́З (парафра́за) *ю* – **парафразаш** *ю*; **парафразан, парафразана, парафразо, парафразе** (гр. *paraphrasis* – сурт хIоттор, дIаяздар) – произведенин текст кхечу дешнашца схьайийцар я дIаязъяр, стихаш прозе ерзор я проза стихашка ерзор. Исбаьхьаллин произведени яцйина я шорйина дIаязъяр, берашна лерина кечъяр. Дукха хьолахь парафразах пайдаоьцуш язйо пародиш, эпиграммаш. Iаламат пайдехьа ду парафразах пайдаэцар дешархойн къамел кхиорехь.

ПЕРИФРА́З (перифра́за) *ю* – **перифразаш ю**; **перифразан, перифразана, перифразо, перифразе** (гр. *periphrasis*: *peri* – юххера, гонахара *phradzo* – олу) – хIуманан, адаман, дийнатан цIе ца йоккхуш, церан коьртачу билгалонца довзийтар. Масала, «акхаройн паччахь» лом аларан меттана, «мекарниг» цхьогал аларан меттана.

ПИРРИ́ХИЙ *ю* – шайна тIехь тохар доцчу шина дешдекъах лаьтташ йолу стихан гIулч (VV).

ПЛАГИА́Т *ю* – **плагиаташ** *ю*; **плагиатан, плагиатана, плагиато, плагиате** (лат. plagium – къоладар) – нехан произведени (я цуьнан цхьа дакъа) шен ю аьлла, арахецар. Литературехь дина къола, муьлхха а кхидолу къола санна, бехкам болуш а ду, доккха эхь тIедогIуш а ду.

ПЛАГИА́ТОР *ву, ю* – **плагиаторш** *бу*; **плагиаторан, плагиаторна, плагиаторо, плагиаторе** – нехан произведени, шен йолуш санна, арахецнарг.

ПО́ВЕСТЬ *ю* – **повесташ** *ю*; **повестан, повестана, повесто, повесте** – дийцар тIехьчулла алсам хиламаш а болуш, стеган дахарх гIеххьа боккха мур а гойтуш йолу эпически произведени. Масала: Ахмадов Мусан «Мохк бегийча», Гайсултанов Iумаран «Iаьрби».

ПОЛИТО́ЛОГ *ву. ю* – **политологаш** *бу*; **политологан, политологана, политолого, политологе** – политологехь болх беш верг.

ПОЛИТОЛО́ГИ *ю*; **политологин, политологина, политологино, политологине** – политически дIахIоттам, юкъараллин политически дахар толлуш долу Iилма.

ПОЛИ́ПТОТОН *ю* ((гр. *poly* – дукха,… чаккхе, падеж) – цхьа дош (цIердош, цIерметдош) тайп-тайпанчу дожаршкахь юх-юха а далор. Масала:

Вай дуьне цецдоху, Дуьненна хIун ду?
Дуьнено хIоттийнчу Сийлаллин экъанах,
Вайн кIентий цIерш йицъярх, хьаьрчар дац гIуда.
(Абдулаев Л. Вай дуьне цецдоху*)*

ПОЭ́ЗИ *ю*; **поэзин, поэзина, поэзино, поэзига** (гр. *poiesis* – кхолларалла) – стихотворни кепехь язйина

йолу исбаьхьаллин произведенеш. Хьалха поэзи боху дош ерриге а исбаьхьаллин литература юкъалоцуш лелаш хилла. ХIинца П. стихашца язйинчу исбаьхьаллин произведенех олу, уьш прозех къастош.

ПОЭ́МА *ю* – **поэмаш** *ю*; **поэмин, поэмина, поэмо, поэмига** (гр. *poiein*– кхоллар, *poiema* – кхоьллинадерг) – къоман дахарехь доккха маьIна долу гIуллакхаш а къастош, хьуьнаречу турпалхойн васташ а кхуллуш, лирический, эпический, драматический билгалонаш шеца йолу йоккха стихашца язйина произведени. Исбаьхьаллин литературехь поэмин жанр кхоллаелла дукха хан ю. Гомеран «Иллиада», «Одиссей» бохучу произведенеш тIера схьадагардеш ду дуьненан литературехь поэма кхоллаелла шераш. Оцу произведенешна тIера схьа хинцалерчу литературе кхочуш Iаламат беха, чолхе некъ бина поэмо. ХIетахь дуьйна тайп-тайпанчу социально-исторически хьелашкахь хийца а луш, кхиа а кхуьуш вайн хене схьаеана поэма. ХIор исторически муьрехь шен башхаллаш хуьлу муьлххачу а литературни жанран. Поэма а ю дахаран хьелашка хьаьжжина шен чулацамехь а, формица а хийцалуш.

Поэмин жанр кхоллаяларан орамаш халкъан барта произведенешкахь ду. Вайнехан барта кхолларалле-ра илли ду йозанан литературехь поэма шех схьаяьлларг. Нохчийн халкъан поэма (илли) кхоллаелла 16-17 бIешерашкахь. Халкъана шен дикачу кIентийн хьуьнарш хастаме деш дийца лаарна, уьш тIекхуьучу тIаьхьашка дIакхачо лаарна еххачу хенахь кхуьуш схьаеана халкъан барта кхолларалле хь поэма (илли). Масала,

тидам бер вай «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли», «Аьккхийн Жанхотан илли», «Эвтархойн Ахьмада», «Шотойн Аьстмар», «Таркхойн кІентан, Жерочун кІентан, Жумин Акхтулин илли», «Жерочун кІентан, гуьржийн кІентан илли», «Мадин Жаьммарзий, Жумин Акхтуллин» цІераш йолчу иллийн. Оцу а, и санна долчу а иллешкара «схьаеана» поэмин жанр нохчийн литературе. Цу тайпана нохчийн литературехь поэмин жанр кхоллаяларан бухехь халкъан иллеш хилла. Цуьнца цхьаьна поэмин жанр нохчийн литературехь кхоллаялар кхечу къаьмнийн, литературашкахь уггаре а хьалха оьрсийн литературехь оцу жанрехь йолчу поэмин произведенех пайда оьцуш кхочуш а хилла.

Дукха тайпанаш а, форманаш а ю поэмин. Церан юкъара билгалонаш къастийна литературоведенехь. В. Г. Белинскийс поэмин жанран коьрта билгалонаш лерина: халкъан дахарехь доккха маьІна долу турпалаллин хиламаш гайтар; хІума дийцаран, хаамбаран кеп а, гІуллакхаш кхочушдеш йолу персонаж а хилар: лирикин, драмин билгалонаш хилар.

Советски литературехь кхидІа а кхиъна поэмин жанр. Поэмин жанрови къастамаш бу: дерриге къоман дахарехь а доккха маьІна долу гІуллакхаш шен чулацамехь хилар; даккхий хьуьнарш хастаме дар, хьуьнаречу адамийн амалш гайтар; шен дІахІоттам бухе йиллина ардаме сюжет я дахарерчу гІуллакхаша меттахъяьхначу поэтан ойланех лаьтташ йолу сюжет хилар; стихашца язйина а йолуш, лирический, эпический, драматургический билгалонаш цхьаьна ийна хилар.

Поэмин тайпанаш дукха ду, вай йийцинарш церан юкъара билгалонаш ю. Лакхахь дийцинчунна тIе а доьгIна, иштта определени яла тарлур ду поэмин. Дерриге а къоман дахарехь доккха маьIна долу гIуллакхаш а къастош, хьуьнаречу турпалхойн васташ а кхуллуш, лирический, эпический, драматический билгалонаш шеца йолу стихашца язйина йоккха произведени ю поэма.

Нохчийн яздархойн поэмаш араевлла 20-чу шерийн шолгIачу эхехь. Бадуев СаьIидан «Партизан», «Тоьур ду», Мамакаев Мохьмадан «ЦIий хуьйдина лаьмнаш», Нажаев Ахьмадан «ЖаIу» поэмаш ю вайнехан литературехь дуьххьара язйинарш.

Къоман литература йолалуш кхоллаелла нохчийн поэма шен чулацамехь а, формехь а хаддаза кхуьуш схьаеъна. Граждански тIамехь а, къинхьегамехь а гайтина халкъан турпалалла, драматически хиламаш, деган айам гайтархьама яздархой кхевдира лиро-эпически произведенешка. Поэмин жанр герга яра халкъан айам гайтарна. Поэмин тIехь эпически шуьйра, лирически дегайовхонца, ирачу драматизмаца гайта таро яра къоман дахарехь хуьлуш лаьтта социальни хийцамаш.

Нохчийн литературехь поэмин жанро шена чуэцна къоман барта кхолларалин ламасташ а, оьрсийн классически а, советски а поэмин, кхечу къаьмнийн литературашкахь йолчу поэмин жанран кхиамаш а. Шайн чулацамца а, жанрови къастамашца а тайп-тайпана поэмаш ю нохчийн хIинцалерчу литературехь. Дуьххьарлерчу поэмашкара дуьйна схьа а халкъан дахарехь доккха маьIна долу гIуллакхаш къастийна

яздархоша шайн эпически произведенешкахь. Бадуев СаьІидан «Октябрь», «Тоьар ду»,»Ши доттагІ» цІе-раш йолу поэмаш, Нажаев Ахьмадан «ЖаІу» поэма. Иштта кІорггера чулацам болуш ю Мамакаев Мохь-мадан «ЦІий хуьйдина лаьмнаш», «Кемсийн хорха», Музаев Нурдинан «Вайнахан дийцар», Мамакаев Іаьрбин «Нохчийн лаьмнашкахь», Эдилов Хасмохьма-дан «Сийлаха», Сулаев Мохьмадан, Ахматова Раисин, Арсанукаев Шайхин поэмаш а.

Поэмин жанран керла форманаш, исбаьхьаллин суртхІотторан керла кепаш юкъаялийна хІинцалерчу поэташа. (Яхъяев Лечин, Шайхиев Іалвадин, Абдулаев Лечин, Супаев Русланан поэмаш). Вайнехан литерату-рехь хаддаза кхуьуш схьайогІу поэмин жанр.

ПОЭ́Т *ву, ю* – **поэташ** *бу*; **поэтан, поэтана, поэто, поэте** – поэтически произведенеш язйинарг.

ПРО́ЗА *ю*; **прозин, прозина, прозо, прозига** (лат. *prosa*, *prorsa* – ма-дарра, нийса, чолхе доцу къа-мел) – ма-дарра долчу, паргІатчу къамелан кепехь (сти-хашца йоцуш) язйина произведенеш. Поэзий, прозий исбаьхьаллин литературин коьрта ши кеп, ши форма ю. Прозехь язйина хуьлу дукха хьолахь эпически про-изведенеш. Церан чулацамехь билгалболчу хиламех дуьйцу ардаме сюжет хуьлу, тайп-тайпанчу персона-жийн дуьззина васташ кхуллу, церан вовшашца йолу юкъаметтигаш гучуйоху, цара кхочушдеш долу гІул-лакхаш гойту. Прозин коьрта жанраш ларало дийцар, повесть, роман.

ПРОЗА́ИК *ву, ю* – **прозаикаш** *бу*; **прозаикан, прозаикана, прозаико, прозаике** – прозаически произведенеш язйинарг.

ПРО́ЗЕХЬ СТИХАШ *ю* – прозехь язйина лирически произведени. Стихотворенех къаьсташ ю ритм а, рифма а цахиларца. Масала, прозехь стихаш ю Эльдиев Минкаилан «Суна хьо оьшу», «Хьо – сан хастаме назма», «Дагардийцар».

ПРОЛО́Г *ю* – **прологаш** *ю*; **прологан, прологана, пролого, прологе** (гр. *prologos* – хьалхара дош) …

Хамидов Іабдул-Хьамидан «Лийрбоцурш» цІе йолчу турпалаллин драмин пролог: «Хьоме доттагІий, зама дІаоьху, оьхур а ю. Амма адамийн дегнаш чуьра цкъа а дІаяьлла яц, я ер а яц Даймехкан тІеман буьрсачу деношкахь, вайн халкъан сий, ирс лоьхуш, шайн синош дІаделлачийн сийлахь цІераш. Оцу сийлахьчу цІерашна юкъахь ю Нурадилов Ханпашин а, цуьнан накъостийн а цІераш. Бала къона бара Нурадилов а, цуьнан накъостий а. Амма къонахийн дахар шерашца дагардеш хила ца деза, цара шайн халкъана динчу гІуллакхашца дагардеш хила деза.

БІе шарахь ваьхнарг а ца ваьхна дукха, и шен халкъана гІуллакх деш ца ваьхнехь, ткъа шарахь ваьхнарг а ваьхна дукха, и шен халкъана гІуллакх деш ваьхнехь.

Суна лаьа, доттагІий, цкъа а лийр боччу башхачу турпалхойх дерг шуна дийца. ЛадогІалаш сан дийцаре!»

ПРОТОТИ́П *ю* – **прототипаш** *ю*; **прототипан, прототипана, прототипо, прототипе** (гр. *prototypon* – шех васт кхоьллинарг) – яздархочо шех исбаьхьаллин васт кхоьллина волу стаг. Исбаьхьаллин произведенеш дукхахьолахь дахарера бакъдолчунна тIехь язъеш ю. Яздархочо исбаьхьаллин васт кхуллуш бухе йохку билгалволчу стеган амалш, цуьнан дахарера гIуллакхаш. Литературин произведенехь исбаьхьаллин васт кхуллуш дахарехь ша ма-варра ца гойту стаг, цуьнан амалш, цо лелийнарг, цуьнан дахар исбаьхьаллин кепехь юкъара маьIна доккхуш гойту яздархочо. ТIаккха кхоллало исбаьхьаллин васт, ткъа дахарера стаг шех исбаьхьаллин васт схьадаьлла прототип хуьлу.

ПСЕВДОНИ́М *ю* – **псевдонимаш** *ю*; **псевдониман, псевдонимана, псевдонимо, псевдониме** (гр. *pseudos* – бакъдоцург, *onoma* – цIе) – шен йоцу цIе. Цхьаволчу яздархочо шен произведенеш арахоьцу шен йоццу, кхечу цIарца, псевдонимца. Масала, Авторханов Iабдурахьмана шен цхьаболу белхаш Александр Уралов псевдонимца арахецна, поэто Ибрагимов Лоьмас лелайо псевдоним Канташ, Жумалаева Лулаа дукха хьолахь шен стихотворенеш арахоьцу Лула Куни псевдонимца, яздархочо Кацаев Сайд-Хьасана шен цхьадолу дийцарш зорбатоьхна Алихаджиев Эльбрус псевдонимца. Анна Андреевна Ахматова (1889–1966) поэтессин псевдоним ю, цуьнан бакъйолу цIе Анна Андреевна Горенко хилла. Шен йоццу, кхечеран долахь цIарца кхоьллинчу псевдонимах аллоним олу. Цу тайпана, лакхахь ялийнарш аллонимаш ю. Шен долахь цIен юханехьа ешарца а кхул-

лу псевдоним, цунах ананим олу: Иван Крылов – Нави Волырк. Шен цIарах долу элпаш меттигашца хуьйцуш кхоьллинарг анаграмма ю. ЦIе а ца юьллуш седарчий (***) я тIадамаш, тире, терахь диллинчух астроним олу. Псевдоним санна леладо яздархоша деккъа цхьа элп я элпаш. Масала, Дудаев Iабдис шен цхьайолчу произведеншна буха I. я I. Д. яздина. Иштта цхьалхачу элпех кхоьллинчу псевдонимах криптоним олу.

Тайп-тайпанчу кепара кхуллу яздархоша шайн псевдонимаш. Датскийн яздархо ву Андерсен-Нексё (1869 – 1954), Андерсен – цуьнан бакъйолу цIе ю, Нексё – псевдоним ю. Цхьаьна яздеш волчу масех яздархочо юкъара цхьа псевдоним лелош а нисло. Масала, Козьма́ Прутко́в цхьаьна произведенеш язъеш хиллачу кхаа-веа яздархочун юкъара псевдоним ю: вежарий Жемчужников Алексей Михайлович (1821 – 1908), Жемчужников Владимир Михайлович (1830 – 1884), церан шича Толстой Алексей Константинович (1817 – 1875), наггахь царна юкъавогIуш хилла ЖемчужниковгIера кхоалгIа ваша Александр Михайлович а (1826 – 1896).

Кукрыни́ксы цхьаьна болх беш хиллачу кхаа художникан псевдоним ю, церан фамилийн хьалхарчу дешдекъех хIоттийна: Куприянов Михаил Васильевич (1903 – 1991) Крылов Порфирий Никитич (1902 – 1990), Соколов Николай Александрович (в. 1903).

ЦIацкъа псевдоним, яздархочун литературни цIе а хуьлий, гуттаренна а юьсу. Дуьненна а евзаш ю французийн яздархочун, философан цIе Вольтер (1694 – 1778). Иза псевдоним ю, дукха бац Вольтеран бакъйолу цIе – Мари Франсуа Аруэ – евзаш.

ПУБЛИЦИ́СТ *ву, ю* – **публицисташ** *бу*; **публицистан, публицистана, публицисто, публицисте** - публицистикин произведенеш язйинарг.

ПУБЛИЦИ́СТИКА *ю*; **публицистикин, публицистикина, публицистико, публицистике** (лат. *publicus* – юкъараллин) – юкъараллин дахаран, политикин гIуллакхаш къастош йолу литературни произведени. Исбаьхьаллин публистикин произведенеш тIехь юкъараллин-политически дахарерниг исбаьхьаллин гIирсашца къастадо, цундела публицистика герга ю исбаьхьаллин литературина а, Iилманан литературина а.

ПХЕАМОГIАНАН СТРОФА – пхеа могIанах лаьтташ йолу строфа. ПхеамогIанан строфа дукха ца нисло.Рифмаш дукха хьолахь иштта хуьлу (*абаба*) я (*аббба*).

ГIенах я самах ца къаьста,
Беттаса къажъоьху таме,
Малделла боллан гIа леста,
Къегина Нохчийчоь – шеме.
ГIенах я самах ца къаьста.

Зов деш ю шовданийн гIера,
Седарчий – хилла борц санна.
Буьйса ю тхиш IаIош тIера,
Седарчий, хилла борц санна,
Хехкало буьйсанна тIера.

ТогIеш ю Iадхьоькху пондар,
Кхарзало цкъар дагош тийне,
Чуьрчу шен меттара веддарг

Кхочур ву хазчу кху сине.
ТогIеш ю Iадхьоькху пондар.

Накъост сан, хьежа хьо, вела!
Iаббалц ирс мийла ахь хьайна!
Кхелинчу тхишлахь дIалела.
Тховса сан мерза наб яйна.
Накъост сан, Iаббалц ирс мийла!

ГIенах я самах ца къаьста.
Сирла ю бай тIехь хьо ваггал.
Зевнашца стигла тIехь леста,
Беттаса – ирс долчу даггал.
ГIенах я самах ца къаьста.

(Гацаев С.)

ПхеамогIанан пхеа строфах лаьтташ ю Гацаев СаьIидан и стихотворении. Строфа къевлина ю, рифмовка (*абаба*).

Кхечу кепара ю Сулаев Мохьмадан стихотворени:

Ламанан маса хи делхьара со –
Стиглара маьлхан хIоз тулгIешца хоьхкуш,
И чхаьрнаш хьалхара, дой санна, лоьхкуш,
Дуьхьлара и тархаш сайн гIадца йоькъуш,
Ма хецца, шуьйрра оьхур дара со!

Аренан шуьйра хи делхьара со –
Буххара дашо гIум комаьрша йохуш,
ТIехула пепнийн чалх саццаза кхоьхьуш,
Даима адмашна сайн беркат оьхьуш,
Ма шорта, сирла оьхур дара со!

Ткъа, нагахь, сирла хи делхьара со –
Буьйсанан къегачех седарчий дохуш,
Уггаре хазачех зезагаш кхоьхьуш,
Даима, ца соцуш, мерза йиш лоькхуш,
Суо винчу ГІойтІа оьхур дара со!

(Сулаев М.)

ПхеамогІанан кхаа строфах лаьтташ а йолуш, рифмовка кху кепара ю (*аббба*).

Оцу шина стихотворенехь строфаш къевлина ю.

ПХЕАМОГІАНАН СТИХ – пхеа могІанах лаьтташ йолу стихотворени.

Лами боццу тхов тІехь ву со,
Кема доццу хи тІехь ву со,
Дуьрста йоццу динахь ву со,
ХІай поэзи, къобалвехьа,
Ахь гІаттийна бере ву со!

(Бисултанов А.)

Оцу пхеамогІанан стихотворенин рифмаш дІанисийина хІокху кепара (*аааба*).

ПЬЕ́СА *ю* – **пьесаш** *ю*; **пьесин, пьесина, пьесо, пьесига** (фр. *piece*) – драматургически жанрехь йолчу произведенийн юкъара цІе. Масала, Яхъяев Лечин пьеса «Іаьржа чІаба».

Р

РАЗВЯ́ЗКА – *хь*. **Къастор**.

РЕАЛИ́ЗМ *ю*, **реализман, реализмана, реализмо, реализме** (лат. *realis* – хIуманийн) – литературин а, искусствон а исбаьхьаллин метод. Дахаре-рчу бакъдолчунна тIера ца волуш, адамаш а, церан гIуллакхаш а, берриге хиламаш а дахарехь ма-хиллара нийса схьагайтар тIедожадо реализман методо яздархочунна.

РЕМА́РКА *ю* – **ремаркаш** *ю*; **ремаркин, ремаркина, ремарко, ремаркига** (фр. remargue – билгалдаккхар) – драматургически произведени тIехь авторо шен персонажех лаьцна беш болу хаамаш, церан хан а, духар а, лелар а муха хилча дика хир ду, сцена а муха кечйича бIегIийла ду хоуьйтуш билгалдаккхар. Масала, Хамидов Iабдул-Хьамидан «Бож-Iела» комеди дIайолалуш елла ремаркаш:

«Дакъалоцуш берш:

Зулай – доярка, 30 шо.
Бож-Іела – цуьнан майра, 35 шо.
Рамзан – колхозан зоотехник, 25 шо.
Асет – доярка, 30 шо.
Надя – доярка, 19 шо.
Села – доярка, 35 шо.
Бабаци – колхозница, 30 шо.
Авхьад – колхозан шофер, 20 шо.
Авалу – колхозник, 35 шо.
Недалг – колхозник, 25 шо.
Сутарби – спекулянт, 50 шо.
Майма – «хІума хуу стаг», 60 шо.
Абубешар – Бож-Іелин деваша, 50 шо.
Жамалайла – Сутарбин гергара стаг, 25 шо.
Жарман – Сутарбин зуда, 45 шо.
Милиционер – 28 шо.
Синкъерамера нах.

Хьалхара сурт

Гуьйренан зама. МаьркІаже. Бож-Іелин хІусам. Ша цІа ледара, амма чохь цІена ду. ХІуманаш кІезиг, ерг хІотто ез-еззачу дІахІоттийна а, механа йорах а ю, цхьа кресло-маьнга боцург. ЦІийнан уьйтІахьа долуш ши кор, оцу корашна кІелахь лаьтташ стол а, шиъ гІант а. Чохь нохчийн пеш. ЦІийнан сени чу йолуш а, шозлагІчу цІа чу йоьдуш а шиъ неІ. Дехьачуьра сехьа чувогІу Бож-Іела»

Ремаркаша пьесин персонажех лаьцна юьхьанцара хаамаш а луш, актерашна ролаш ловзарехь, режиссерана спекталь хIотторехь гIо до.

РЕМИНИСЦЕ́НЦИ *ю* – **реминисценцеш** *ю*; **реминисценцин, реминисценцина, реминисценцино, реминисценцига** (лат. *reminiscentia* – дагалацар) – поэтически произведени тIехь кхин произведени дагайоуьйтуш долу исбаьхьаллин васт я дешнийн цхьаьнакхетар, я ритмико-стилистикин кеп хилар. Иза нисдала тарло авторан дагалацам боцуш а: цкъа мацца а ша ешначу произведенин исбаьхьаллин Iаткъам шен иэсехь бисарна юха карла дала тарло оцу мацахлерчу произведени тIера поэтически сурт, васт, стилистика. Амма дукха хьолахь поэто дарехь, хаа а хууш ялайо шен произведени тIехь кхечун авторан исбаьхьаллин кепаш, иза цхьана Iалашонца деш ду. И санна йолу произведени йоьшуш волчунна а карладолу кхечун авторо кхоьллина поэтически васташ, тIаккха цуьнан а шатайпана исбаьхьаллин синхьегам кхоллабала тарло.

Шуьйра евзаш ю 1840 шарахь язйина йолу М.Ю. Лермонтовн «Тучи» стихотворени:

Тучки небесные, вечные странники!
Степью лазурною, цепью жемчужною
Мчитесь вы, будто как я же, изгнанники,
С милого севера в сторону южную.

Кто же вас гонит: судьбы ли решение?
Зависть ли тайная? злоба ль открытая?
Или на вас тяготит преступление?
Или друзей клевета ядовитая?

Нет, вам наскучили нивы бесплодные…
Чужды вам страсти и чужды страдания;
Вечно холодные, вечно свободные,
Нет у вас родины, нет вам изгнания.

ХIинца тидамбер вай 2005 шарахь зорбатоьхначу Эдильгериев Хьасанан «Мархашка» цIе йолчу стихотворенин:

Мичахь хир ца хууш шайн йийшар, гIовттар,
ЦIе яккха мохк боцуш, и шайн бу ала,
Лелачу мархашна я цIера йовлар,
Я цIехьа ерзар а ца делла Дала.

ДогIанна язъелча, лаьтта тIе Iиэнаш,
Цул тIаьхьа, яйъелча, мохо а лоьхкуш,
Лелачу шух къа а дахна-те хьенан?
Я хьенан хьагI ю шу цу стиглахь къехкош?

Ца лало-теша шу дахарна эшар –
Хьогахчу лаьтта тIе хин къурдах Iанар?
Ца деза я лаьмнийн басешкахь сецар,
Я йовдар сийначу стигланийн ана? –

Мохк боцу, кхерч боцу, да воцу мархаш!
Сан дог шух хьаьггинчохь хIунда ду тахна?
Я ду и хилар шу йоцуш шайн архаш?
Я лаар ду даха, Iана а дахна?…

ХIокху стихотворенехь лакхахь ялийнчу Лермонтовн стихотвореница реминисценци ю дешнийн цхьаьнадараш: «Мархашка» –«Тучи», «Мохк боцу»

– «Нет … родины»; ритман, стилистикин кепаш; риторически хаттарш а, риторически айдарш а.

Канташан «Маржа дуьне» цIе йолчу книги тIехь динна цхьа дакъа ду ша-тайпанчу афористически реминисценцех лаьтташ.

РЕ́ПЛИКА *ю* – **репликаш** *ю*; **репликин, репликина, реплико, реплике** (итал. *replica* – дуьхьалъалар) – драматургически произведени тIехь цхьана персонажо кхечо шега динчу къамелана луш долу жоп. Театрехь реплика олу цхьана персонажан къамел чекхдолучу декъах а, нагахь санна цунна тIаьхьа кхечу персонажан къамел догIуш делахь.

РЕЦЕ́НЗИ *ю* – **рецензеш** *ю*; **рецензин, рецензина, рецензино, рецензига** (лат. *recensio* – хьажар, къастор) – книгин, спектаклан, кинофильман мах хадош йолу жима произведени.

РЕДИ́Ф *ю* – **редифаш** *ю*; **редифан, редифана, редифо, редифе** (Iаьрб. – беречунна тIехьа Iашверг) – стихотворенин хIор стихехь рифмина тIаьхьа юх-юха а далош долу дешнаш. Хьалхарчу стихехь ялийна йолу редиф кхин хийцам боцуш ерриге стиховорени чекхъяллалц юх-юха а ялайо. Цхьалхе а, яьржина а хуьлу редиф. Цхьана дашах лаьттачух цхьалхе редиф олу, масех дашах лаьттачух яьржина редиф олу. Яьржина редиф стихотворенин хIор могIанехь рифмина тIаьхьа йогIу шолгIа ах а хуьлий лела:

Хьо-м доьлхург хиллера, кийрара дилха дог,
Хьо-м Іаьвжарг хиллера, кийрара дилха дог,
Хьайна там ца хилча, кийрара дилха дог,
Хьуо холчухІоьттича, кийрара дилха дог.

Дицделла хета хьо, кийрара дилха дог,
Жималло Іехийна, кийрара дилха дог,
Хьуо ирсо хьаьстича, кийрара дилха дог,
Ахь доьлхур дац баьхна, кийрара дилха дог.

Тахана хан йолуш, кийрара дилха дог,
Хьуо ирсо дІатоттуш, кийрара дилха дог,
Харцоно хьуо морцуш, кийрара дилха дог,
Хьо-м доьлхуш ма ду, кийрара дилха дог,

Хьо-м хІинца а жима дай, кийрара дилха дог,
Хьо-м ирсо хьоьстур дай, кийрара дилха дог,
Харцо а-м оьшур яй, кийрара дилха дог,
Хьо-м делха хьалхе дай, кийрара дилха дог.

(Гацаев С. Даге II *)*

РЕФРЕ́Н *ю*, **рефренан, рефренна, рефрено, рефрене** (фр. *refrain* - тІаьхьараалар) – стихотворенехь строфа я билгалдолу цхьа дакъа чекхдаьлча юха-юха далош долу дешнеш. Рефрен цхьана дашах латта а тарло, дукха хьолахь цхьана я масех могІанах (стихах) лаьтташ хуьлу:

Даима, лам санна,
собаре хилла,
Безамо ца вуьтуш,
хьоьха дог дилла,

Буьйсанна урамехь
ладоьгIуш гIийла,
Сатийса кхоьллина
хилла-те со?

Бай тIера додамаш
пIелгаш тIе йохуш,
«Мичхьара далор ду
ас нускал», – бохуш,
Шоьгахьа уьш евдча
безамна вогуш,
Сатийса кхоьллина
хилла-те со?

Сирлачу шовдано
шегахьа ийзош,
Таьллаша сенделла
гаьннаш тIе тийжош,
Хьо лоьхуш, ойлано
массанхьа хьийзош,
Сатийса кхоьллина
хилла-те со?

Тийналлехь седарчийн
хьаша а хилла,
Хьо йолчохь бIаьсте еш,
йоцчохь еш чилла,
Безамо ца вуьтуш
хьоьха дог дилла,
Сатийса кхоьллина
хилла-те со?

(Рашидов Ш. Сатийсар.*)*

ХIокху стихотворенехь хIора строфа чекхъяьлча ялийна рефрен «Сатийса кхоьллина хилла-те со». Цхьана стихах лаьтташ ю иза.

Жимма хуьйцуш я хийццане ца хуьйцуш ялийнчу шина-кхаа стихах лаьтташ ю Гацаев СаьIидан хIокху стихотворени тIера рефрен:

Вайшинна безам а дIа йисте кхечи,
Вайшинна марзо а хан йоцуш кхачий,
ДIаIе хьо,
Самукъне хьо йоьлуш лела,
Со-м воьлхур хьо йоцчохь, сан деган эла.

Сан таьIна и ойла! – Гур яц и хьуна.
Ахь деган къайленаш йотур ю хьанна?
ДIаIе хьо,
Самукъне хьо йоьлуш лела,
Со-м воьлур я воьлхур, сан деган эла.

Хьан ирс ду жималла, хазалла муххе,
Хьегамца хIуьттура со хьуна юххе.
ДIаIе хьо,
Самукъне хьо йоьлуш лела,
Со-м воьлур я воьлхур, сан деган эла.

Хазахетар кхин хир дац, – и хаьа суна.
Дуьненан цатемаш ма гойла хьуна,
Жималлех йоккхаеш, хьо йоьлуш лела,
Хан яьлла со-м воьлхур, сан деган эла.

Хьан бIаьргийн йовхоне со эсала кхийди,
Хир дац и кхин юха, ахь некъ дIакхеди.

ХIун дер ткъа?
Самукъне хьо йоьлуш лела,
Хьо ца гуш со-м воьлхур, сан деган эла.

Ирс хила ца кхачош,мел еха хьуна,
Хьо ирсе юй хаар – там хир бу суна,
ДIаIе хьо,
Самукъне хьо йоьлуш лела,
Хьо хилар – хазахетар, сан деган эла.

Нохчийн барта кхолларалли произведенешкахь ю шатайпана рефрен. Уьш цхьа а маьIна а доцуш я цхьана хенахь шайн маьIна хиллехь а хIинца и маьIна дайна дешнаш хуьлу. Масала, иллешкахь: «я-лай-ла-вала-лай, ва-лай-ла-яла-лай», мехкарийн эшаршкахь: «ла-ла-ла» я «ли-ла-ла»:

Беттан нур дайна, ла-ла-ла,
Маьлхан нур дайна, ла-ла-ла,
Ва, мама, сан кIорни дайна, ла-ла-ла,
И лаха йоллу, ла-ла-ла.

Кхузахь рефрен «ла-ла-ла» хIор стих чекхъяьлча ялийна.

РИТМ *ю* – **ритмаш** *ю*; **ритман, ритмана, ритмо, ритме** (гр. *rhythmos* – цхьанабарамехь хилар) – стихехь шайна тIехь тохар долу а, тохар доцу а дешдакъош цхьана барамехь хийцадалар.

РИТМ ЙОЛУ ПРОЗА – стихотворенин барамна

юххе йогIуш, фонетически агIора нисъеш язйина исбаьхьаллин проза. Масала: «…Молла ву аьлла хьан дас Мусина дехар даларх, Болатан хьал ду аьлла хьан нана реза хиларх, хьо ца яхиттал стогалла а ю соьгахь, хьо реза хилла гIахь, собар далла яхь а ю соьгахь – юьртан тхьамданаша тIедеанчу гIуллакхана хIун ойла ю хьан?»…

…«Дохнаца куралла ечу кIанте ца яххал яхь а ю, жимчохь дуьйна вайша вовшашка хьажийна бIаьрг ца бицбалла стогалла а ю, амма хьох бIо булуш ас динчунна ахь со юьхьIаьржа ма хIоттае».

(Сальмурзаев М. «Моллин зулам»*).*

РИТОРИ́ЧЕСКИ АЙДАР *ду* (гр. *rhetor* – оратор, къамелана говзаниг) – поэтически произведенехь айдаран интонацехь дог-ойла билгалъяккхар:

Лаьмнийн мохк! Курачу къонахийн латта!
Лайначийн моьнаш го хьан некха тIехь.
Иэшам а, иэшар а кхаьчна хьан лаьтта,
Амма ца лайна ахь осаллин эхь!

(Арсанукаев Ш. Винчу лаьмнашкахь*)*

РИТОРИ́ЧЕСКИ ТIЕДЕРЗАР ду (гр. *rhetor* – оратор, къамелана говзаниг) – поэтически произведенехь тIедерзаран кепехь дог-ойла билгалъяккхар:

Хьан чевнаш дебачу дийнахь,
Хьан лазар чIагIделча некхехь,
Нохчийчоь, сан Даймохк сийлахь,
Со ву хьан кхолламан декъехь.

(Цуруев Ш. Нохчийчоь.*)*

РИТОРИ́ЧЕСКИ ХАТТАР *ду* (гр. *rhetor* – оратор, къамелана говзаниг) – поэтически произведенехь хIума чIагIдаран маьIнехь далийна хаттар. Риторически хаттаршца язйина ю хIара ерриге а стихотворени:

ХIун до кху дуьненах,
Гергарчийн ямартло Iуьйшуш,
Биэзачу мостагIех ца туьгуш къаста,
И хьешна?
ХIун мах бу вахаран,
Пхьоьхане ийзалуш хуьйшуш,
Дош ала йиш йоцуш
КхидIа а иштта кхехьна?
ХIун до вай бахамах,
Беркат ца кхачочу вайга,
Ур-аттал, доьзалех и тешо
Ца хIуьттуш хилча?
Исбаьхьа гIаланаш вай йогIарах
Буй-техьа пайда,
Уьш йохъеш, царна чохь
Ирс саца туьгуш ца хилча?
ХIун до кху дуьненах,
Кхин къаьсташ Iалашо йоцуш,
Кханенан ойланех
Тахане кхаьрдачу, хьешна?
ХIун до кху дуьненах,
Кхин вовшийн ларам а боцуш,
Шераш дIакерчарах тоам беш,
Бесара даьхна?

(Халидов А. ХIун до кху дуьненах…*)*

Нохчийн барта кхолларалле хь ду цхьа шатайпана, кицанех тера а долуш, деккъа шаьш лелаш риторически хаттарш. Масала: Вай массо а элий хилча, аттана цIов хьан буьллур бу? Ас хIун до кху дагах, доккхадеш ца хилча?

РИ́ФМА *ю* – **рифмаш** *ю*; **рифмин, рифмина, рифмо, рифме** (гр. *rhythmos* – цхьаьнадагIар, цхьаьнабарамехь) – стихотворенин шина я масех могIанийн чаккхенаш цхьаьнаялош, цхьатера декаш долу аьзнаш:

Ойла ер вайшимма сахиллалц тховса,
Ойла ер адамийн, ойла ер лаьттан,
Хан кхаьчна вай вешан дегнашка хьовса:
Малхаца яхь дуьйлуш даха вай лаьттахь!
(Яралиев Ю. Седарчийн буьйсанна.*)*

Рифмо, стихан могIанийн чаккхенаш билгал а еш, уьш строфахь цхьаьанатуху. Рифма йозаелла ю стихотворенийн ритмах, интонацех.

Рифмовка йолу стихаш стихотворенехь дIанисйаларе хьаьжжина рифмаш тайп-тайпанан хуьлу.

Шалха (шалгу, юххера) рифма – шишша цхьаьна нислуш ю:

Нигатан шабарш до акхачу кхораша.
Iуьйкъенан серлонаш сегайо кораша,
Делахь а яц уьш хьан пхьа-шахьарш къаггол,
Я сирла маликаш хьан нуьрах хьаггол.
(Бисултанов А. Нигатан шабарш до...*)*

Кхузахь юххерачу шишша стихан вовшашца рифма ю *кхораша – кораша, къаггол – хьаггол*, церан схема иштта ю: (*аабб*).

ЖІарийн рифма – могІа юккъе буьтуш, хьалхара стих кхоалгІачуьнца, шолгІа стих йоьалгІачуьнца рифмовка йолуш хуьлу:

Эзарнаш маьлхаш кІел, можа бос оьцуш,
Седарчийн вай даьлла Іаьржачу арахь,
Сийначу зІаьнарийн юнаш чухоьцуш,
Ойланах уьш етташ, хьийзаво цара.
(Кибиев М. Седарчийн юнаш.*)*

Оцу стихийн рифмаш ю *оьцуш – чухоьцуш, арахь – цара*, церан схема: (*абаб*).

ЧІагарийн рифма – хьалхара стих йоьалгІачуьнца, шолгІаниг кхоалгІачуьнца нислуш ю:

Леха а дера ма лийхи,
Чехийна шеконаш луьттуш.
Аьхна сан гІевлинга хІуьттуш,
Хьох йисна марзо а лийли.
(Ахматукаев А. Вай хІунда къаьстина…*)*

Кхузахь рифмаш ю *лийхи – лийли, луьттуш – хІуьттуш*, церан схема: (абба).

Бакъду, оцу схемаша билгалъяьхнарш хилла ца Іа поэташа лелош йолу рифмаш, уьш кхечу кепара а хуьлу. Масала:

Дуьненах, адамех, Іаламах,
Ха хоьрцуш йогІучу заманах,
Цхьаболчийн херцачу амалех,
Лазамца со кхиъна вогІу.

Халачу некъашца кхирстина,
Харцонаш, бакъанаш листина,
Къийсаман дарцаша цистина,
Де-дийне со тоьлла вогІу.

(Сатуев Хь. Къонахийн илли*)*

Оцу Сатуев Хьусейнан стихотворени тІерачу шина строфахь хьалхарчу кхаа стихан вовшашца рифмовка ю, ткъа хьалхарчу строфара йоьалгІа стих шолгІачу строфан йоьалгІачу стихаца цхьа рифма йолуш ю.

Эдилов Хасмохьмадан «Сийлаха» поэми тІерачу Аружин эшаран тидам бер вай:

Эдалха, *лепа*,
Сан десар, *лепа*,
Атлазан хьан гІовтал *лепа*.

Эдалха, *ло-хьа*,
Хьайн десар, *ло-хьа*,
Ши бос лепа дарин коч
ло-хьа.

Цкъа мукъа *вуола*,
Тхо долчу *вуола*,
Сагатделча бІаьрг тоха
вуола.

Хьоьга сатуьйсуш,
Гаре сатуьйсуш,
Тхо ду хьуна хьо варе
хьуьйсуш.

Кхузах хьалхарчу кхаа строфахь цхьана дашах лаьтташ йолу кхолха рифмаш ю, йоьалгIачу строфахь а иштта рифма ю шина дашах лаьтташ.

Шайна тIехь тохар долчу меттиге хьаьжжина рифмаш хуьлу божарийн – тIаьххьарчу дешдекъа тIехь тохар долуш, зударийн – тохарна тIаьхьа тохар доцу цхьа дешдакъа долуш, дактилически – тохарна тIаьхьа тохар доцу ши дешдакъа долуш, гипердактилически – тохарна тIаьхьа кхоъ, цул сов а тохар доцу дешдакъош долуш.

Царах хIоранга а стихашкахь хьовсур вай.

Генарчу махкара зезагийн хIуш
Деъна, ахь соьга хаьттира царех:
– Алахьа, ткъа кхузахь кхуьур дуй уьш,
Сийна бай буьзна бу акхачу ярех?

Ахь дийра генарчу махкара хIуш,
Ткъа хIума-м ца кхии зезагаш аллал.
Ас хоьтту: «Цхьанне а оьший-те уьш?
Сийна бай буьзна бу хазачех царел».

(Цуруев Ш. Ибрагимов Лоьме.*)*

Хьалхарий, кхоалгIий, пхоьалгIий, ворхIалгIий стихашкара *хIуш – уьш, хIуш – уьш* божарийн рифмаш ю; шолгIий, йоьалгIий, йолхалгIий, борхIалгIий стихашкара царех – ярех, аллал – царел зударийн рифмаш ю.

Мел аьхна ду хIаваъ бIаьстенан,
Хьажаро кхин хьажар хьаьстина,
Шеконан шийла шад баьстина,
Безамо мор баржийна.

(Арсанукаев Ш. Безаман аз.*)*

Оцу стихашкара рифмаш *бIаьстенан – хьаьстина – баьстина* дактилически ю.

Стихотворенехь рифмаш еккъа цхьана тайпана йоцуш, иэелла хуьлу:

Бутт го мархаш тIехьахь стиглахь,
ЗIаьнарша лам дато бо.
Ахках тера доьдуш цигахь
Ча Такхийна Тача го.
.....
Iаьржа буьйса хьаьдда йоьду,
Бода баржош лаьмнашкахь.
Хеза, хеза жIаьлеш леташ
Къорра лаьмнийн ярташкахь.

Кибиев Мусбекан «Буьйса» стихотворени тIера ялийнчу оцу шина строфахь кхаа тайпана рифмаш ю: божарийн (*бо – го*), зударийн (*стиглахь – цигахь*), дактилически (*лаьмнашкахь – ярташкахь*).

Рифмаш шина а, кха а дашах лаьтташ а хуьлу:
ЙоьIан, сан ирсана, стиглара стелаIад,
Безаман бос керчош, дIа ца довш, Iелахь Iад!

(Кибиев М. Баттара баьлла малх.*)*

СтелаIад дашана ялийна *Iелахь Iад* рифма шина дашах лаьтташ ю.

ХIора а Iуьйранна сан коре долий,
Декалахь, делалахь хьоза:
Хьан зевне аз хезча самукъадолий,
Сан кийрахь дог долу ловза.
(Арсанукаев Ш. Зарзар*)*

Самукъадолий – сан коре долий рифма кхаа дашах ю.

Рифмаш нийса а, нийса йоцурш а хуьлу. Нийса рифма олу дерриге аьзнаш цхьатера долчух:

Со хьох ваьлла дукха лелла,
Мохехь, малхехь листина,
Ас хьан марзо кIезиг мелла,
Ахь со кIезиг хьистина.
(Гацаев С. Буьйса хаза…*)*

Лелла – мелла, листина – хьистина нийса рифмаш ю. Тохар долчу дешдекъа тIера дIа дерриге а аьзнаш цхьатера ду церан (кхузахь-м уьш цхьатера хилла ца Iаш, цхьа аьзнаш ду).

Нийса йоцу рифма кхоллало мукъа аьзнаш коьрта долчу декъана цхьатера а долуш, мукъаза аьзнаш къаьсташ хилча:

Со вахийта цига ведда
Тхилахь когаш берзина.
Малх комаьрша юьхь тIе ледда,
Ховха сибат мерцина.

Мангал-комарш йиъна вожа,
Метта санна, бацала,
Бенахь теба къорза моша
Лаца, сайга лацалахь...

Я вигахьа, нана, хьайца,
Ирзе йоьдуш асара,
Аса хьалха санна, хIинца
Шунаш дохор дацара...

(Яшуркаев С. Тахка стигал…*)*

Берзина – мерцина, вожа – моша, бацала – лацалахь, хьайца – хIинца, асара – дацара нийса йоцу рифмаш ю. Нийса йоцчу рифмин тайпанаш ду: ассонанс – мукъа аьзнаш цхьатера, мукъазнаш къаьсташ долуш (*берзина – мерцина, вожа – моша, асара – дацара*); хедийна рифмаш – цхьана дашехь тIаьхьара мукъаза аз доцуш (*бацала – лацалахь*); консонанс, я диссонанс – тохар долу мукъа аьзнаш вовшех къаьсташ долуш (*хьайца – хIинца*).

Стихотворенеш рифмаш йоцуш а хуьлу. Дуьненан литературашкахь тIаьхьарчу хенахь даьржина рифмаш йоцуш стихаш язъяр. Нохчийн литературехь а ду иза хаалуш. Масала, Арсанукаев Шайхин цхьайолу поэмаш, Абдулаев Лечин, Супаев Русланан стихотворенеш.

РИФМА ЙОЛУ ПРОЗА – рифмех пайдаоьцуш кхоьллина исбаьхьаллин прозин текст. Масала: «ЖамIатан маьждигехь ламазаш дина, шаьш хьон гIуллакх ламанал доккха дина йогIуш гира нехан тоба; кIайн маж мохо лестош, гома Iаса хьалха сеттош, оьхуш яра моллин оба». (*Сальмураев М.* Моллин зулам).

РОМА́Н *ю* – **романаш** *ю*; **романан, романна, романо, романе** (фр. *roman* – латинийн маттахь йоцуш, романски меттанашкахь йолу муьлхха а произведени) – дахар шуьйра а, кIорггера а гойтуш, дуккха а турпалхой а болуш, церан амалш кхиаран хьелаш а къастош, кхочушхуьлуш долу гIуллакхаш шаьш кхиарехь а гойтуш йолу йоккха эпически произведени. Масала, Арсанов СаьIид-Бейн «Маца девза доттагIалла», Сулаев Мохьмадан «Лаьмнаша ца дицдо», Юсупов Iусманан «Къоман тептар».

РОМА́НС *ю* – **романсаш** ***ю*; романсан, романсана, романсо, романсе** (лат. *romance* – романски) – музыкица дIалакха лерина йолу лирически стихотворени. Романсан текст паргIат дIаалалуш, мукъамца лакхалуш, синтаксически дIахIоттамца чолхе йоцуш хуьлу. Строфа дукха хьолахь чекхъяьллачу предложенех лаьтташ хуьлу. Бакъду и лехамаш ларбар башха чIогIа а дац.

Хьайн сагатлахь гIолахь Суьйра-Коьрте,
Цигахь хIинца Iуьллу керла ло.
Буса хуий акха кхура буьххье,
Цхьаллехь батто суна сагатдо.

Ненах тилла жимчу беро санна,
Куллах теIаш мохо узам бо.
ТIамарш туьйсуш, генаш лестош лаьтта,
Даржош дато цинцаш Iенадо.

Цкъа мох ловзу синтем байна басахь,
Хьан шира лар лайца дIахьулйо.
Цкъа дарц хьовзош гIотту иза гу тIехь,
Седарчех цо жовхIарш къагадо.

ГIан-набарха ойла цига йоьду,
Амма суна яьлла бIаьсте го.
Хьан дашочу бIаьргаш чу со хоьжу,
Юха а со цIаро вагаво.

Хьайн сагатлахь гIолахь Суьйра-Коьрте,
Цигахь хIинца Iуьллу керла ло.
Буса хуий акха кхура буьххье,
Сан ойлаеш батто сагатдо…

(Гапураев Хь. ГIолахь…*)*

С

СЕ́ПТИМА *ю* – **септимаш** *ю*; **септимин, септимина, сеп-тимо, септиме** – (лат. *septem* – ворхI) – ворхI могIанах (ворхI стихах) лаьтташ йолу строфа. 14 бIешарахь ваьхначу ингалсан поэтан Джефри Чосера (1340 – 1400) шен стихотворенеш, ерриш бохург санна, септимица язйина. Цундела оцу строфах «чосерова строфа» а аьлла. Цкъацкъа «королевская строфа» а олу цунах, шен стихаш Чосерчарах таръеш ворхI могIанашца язъеш хилла паччахьо а (король Яков I Шотландский). Строфан рифмовка иштта хилла (абаббвв). Цул тIаьхьа ингалсан поэзехь чIогIа яьржина и строфа. Французски поэзехь 15–16 бIешерашкахь мелла а кхечу кепара рифмовка йолуш хилла септима. ТIаьхьарчу хенахь язйинчу стихотворенийн ворхI могIанан строфах дукха хьолахь септима ца олу.Оьрсийн поэзехь, масала, М. Лермонтовн стихотворени «Бородино» ю ворхI могIанан строфаца язйина. ХIинцалерчу нохчийн поэзехь а ю ворхI могIанан строфах пайдаоьцуш язйина стихаш, масала, Арсанукаев Шайхи «Адаман куьг» стихотворени:

Латта – вайн догдика нана ю и,
Доцуш шел комаьрша хIумма а кхин.
Амма хир яц цунах беркате аре,
Буьзна кан ца лесташ, къух даьлла ярийн,
Лаьттар ду тийналлин тар тесна и,
Нагахь ца хилахь ша набарха даккха,
Ахархо, хьан аьхна куьг.

Хиларх и мел ира болатан тур,
Бац цунах мостагIий цкъа а бовдур,
Къизачу тIамехь а дац иза летар,
Эрна ду цунна тIехь дашо варкъ лепар,
Нагахь ца хилахь и дитт ира тур,
Эшначохь, катоьхна, баттара даккха,
БIаьхо, хьан нуьцкъала куьг.

Кхаамерзан пондар а бистхир ма бац,
Цо зевне мукъам а бекор ма бац,
Сийлахь де даздеш а, аз доцуш, гIийла,
Iуьллур бу Iадда и тап-аьлла тийна,
Безаман тулгIенца дог хьостур дац,
Нагахь ца хилахь мерз меттахбаккха,
Пондарча, хьан сема куьг.

Кхаа септимах лаьтташ ю и стихотворени. Рифмовка иштта ю (*аабববгд*).

СИ́МВОЛ *ю* − **символаш** *ю*; **символан, символна, символо, символе** (гр. *symbolon*–билгалонан хьаьрк) – произведенехь цхьа хIума цуьнан билгало шеца йолчу кхечу хIуманца исбаьхьаллин кепехь билгалдар.

СИНЕ́КДОХА *ю* – **синекдохаш** *ю*; **синекдохин, синекдохина, синекдохо, синекдохига** (гр. *synekdoche* – вовшашна тIедахьар) – исбаьхьаллин произведенехь хIума цуьнан цхьа дакъа я цуьнца йогIуш йолу кхин хIума гайтарца исбаьхьаллин кепехь билгалдаккхар исбаьхьаллин Iаткъам сабаккхархьама.

«КIора санна Iаьржа, йоца юбка елира цу езачу машенан неIара тIехьара сехьа» (*Хажмурадов I.* Куралла йойъург). Кхузахь йоI я зуда алара меттана цуьнан юбка аьлла.

СИНКО́ПА *ю* (гр. *synkopa* – хадор, дацдар) – дешан юккъера цхьаъ я масех аз дIадаккхар, дош дацдар. Масала, «Къена дар-кх доттагIца ас мелла чагIар» (*Супаев Р.*). Кхузахь оцу дешан грамматически нийса форма доттагIчуьнца хила езара.

Поэташа дешнаш дацдар бахьана хуьлу стихан барамца я кхечу исбаьхьаллин Iалашонашца доьзна.

Синкопа олучу кхетамна юкъадогIу – дешан тохар ша хила дезачуьра кхечахьа даьккхина хилар а. Барта кхолларалле хь нисло и санна йолу меттигаш. Масала, бер дижош локхучу аганан эшарехь:

Хьан нана йогIу хьуна гIургIезан боларахь,
Хьан дада вогIу хьуна сира́ сайн боларахь.

Сира́ боху дош шолгIа дешдакъа дахдеш олуш ду оцу халкъан эшарехь.

СКЕТЧ *ю* – **скетчаш** *ю*; **скетчан, скетчана, скетчо, скетче** (ингл. *sketch* – юьхьанцара суртхIоттор, эскиз) – Iер-дахарера забаре хIуманаш шен чулацамехь а долуш, ира хиламаш а болуш жима, цхьана актах лаьтташ йолу комедии. Масала, Эдилов Хасмохьмадан скетч «КIант сан ву».

Скетч боху термин хIинцалерчу хенахь башха лелаш яц, цуьнан меттана дукха хьолахь жима комеди я сценка олу.

СЛОВАРЬ *ю – хь.* **ЛугIат.**

СОНЕ́Т *ю* – **сонеташ** *ю*; **сонетан, сонетана, сонето, сонете** (итал. *sonetto* схьадаьлла прованс. *sonet* – йиш) – могIанийн барам сецна билгалбаьккхина йолу стихийн форма: рифмовкин шен башхаллаш а йолуш, бейтта могIанах лаьтташ йолу стихотворени. Сонетан бейтта могIа шина кепара дIанисбой хуьлу: беа могIанан ши строфай (катренаш), кхаа могIанан ши строфай (терцеташ) я беа могIанан кхо строфай (катренаш), шина могIанан цхьа строфай (дистих). Катренашкахь ши рифма лелайо, терцеташкахь – шиъ я кхоъ. Рифмовка катренашкахь чIагарийн я жIарийн хуьлу, терцеташкахь рифмаш паргIат дIанисйо, амма катренашкахь йоцчу кепара хила еза. Сонетан классически форманаш ларалуш ю итальянский, французский сонеташ. Уьш, шина катренаххий, шина терцетаххий лаьтташ а йолуш, рифмашца къаьсташ ю. Итальянски сонетан рифмийн кеп иштта ю: *абаб абаб вгв гвг* я (*абба абба вгд вгд*), французски сонетан – *абба абба ввг ддг* я (*ввг дгд*).

Яьржина ю ингалсан сонет, рифмаш алсам хиларна мелла а атта лоруш ю иза. Кхаа катренаххий, цхьана дистихаххий лаьтта ингалсан сонет, рифмаш хIокху кепара ю: *абаб вгвг деде жж*.

Сонетийн катренашкахь къевлина рифмовка (*абба*) тоьлашха лоруш ю йиллинчу (*абаб*) рифмовкел. БеамогIнашкахь рифмовка къевлина елахь, кхаамогIанашкахь йиллина хила еза, нагахь санна беамогIанашкахь йиллинарг елахь, кхаамогIанашкахь къевлинарг хила йогIу.

Шен чулацаме диллича, сонетан хьалхара строфа тема билгалйоккхуш хуьлу, шолгIаниг – оцу темехь дерг кхиар гойтуш, кхоалгIаниг – кульминаци, йоьалгIаниг – дерзор. Сонетан хIора строфа, шен маьIна а долуш, тIадамца чекхъяла еза. Мукъаме а хила еза сонет, иза кхочушдо божарийн, зударийн рифмаш хийцалуш хиларца. Сонет божарийн рифмица йолаеллехь, зударийн рифмица чекхъяла еза, зударийн рифмица йолаеллехь, божарийчуьнца чекхъяла еза. Шен маьIна долу цхьа а дош юха дало йиш яц. Сонетан тIаьххьара дош я тIаьххьара могIа (я ши могIа) цуьнан маьIна къеггина билгалдоккхуш хила беза, цунах «догIа» олу. Сонетехь дешдекъийн а шен барам бу. 154 дешдекъах лаьтташ хилла класически сонет, катренийн могIанашкахь цхьа дешдакъа совнаха а долуш терцетийн могIанашкахьчулла.

Коьрта долчу декъана иштта ю сонетан теори, амма поэтически практикехь сонетан жанран коьрта билгалонаш бен ларъеш яц.

Сонет кхоллаела XIII бIешарахь Италехь. Дуьхьарлера сонет язйинарг Сицилера поэт Якопо да Лентини (кхелхина 1233 ш.) лоруш ву. Шуьйра евзаш ю Данте

Алигъерис (1265 – 1321) шена езаш хиллачу йоьIан Беатриче безамна язйина сонеташ. Амма итальянски сонет ша кхиарехь лакхарчу тIегIане кхаьчна XIV бIешарахь Петрарка Франческин (1304 – 1374) кхолларалле хь. Цуьнан Лаурина лерина 317 сонет дерриге дуьненахь а евзаш ю. Итальянски сонетах цъацкъа «петрарковски» сонет а олу. Петраркин сонетан форманах масал оьцуш яьржина и жанр Португалехь (XVI бIешо), Испанехь (XVII бIешо). Французски лирикехь сонет юкъаяьлла XVI бIешо юккъе даханчу хенахь. Цигахь а Петраркин сонетан кепах пайдаоьцуш кхиъна и лирикин жанр. Францера XVI бIешарахь ингалсан поэзига кхаьчна сонет. ТIаьхьо Шекспир Уильяман (1564 – 1616) кхолларалле хь шен билггалчу ингалсан формане йирзина иза. Шекспира шен сонеташ кхоьллина 1592–1600 шерашкахь, царна зорбатоьхна, авторан лаамца а доцуш, 1609 шарахь. Сонетан оцу форманах «ингалсан сонет» я «шекспировски» сонет олу. XVII бIешарахь Германи кхаьчна сонет. XVIII бIешарахь Росси кхаьчна. Оьрсийн маттахь дуьххьарлера сонет язйинарг В.К. Тредиаковский (1703 – 1768) ву, язйинарг альча а, гочйинарг. Цо оьрсийн матте а яьккхина, 1735 шарахь зорбатоьхна шен «Новый и краткий способ к сложению российских стихов» трактат тIехь французийн поэтан Жак Вале де Барро (1599 – 1663) «Как справедлив Твой приговор, Великий Бог!» цIе йолу сонет. Оьрсийн литературехь Тредиаковскийс дуьххьара хьахийна сонетан билгалонаш: сецна болу могIанийн бараммий, ира, беркате маьIна долу ойлий цуьнан чулацамехь хила еза аьлла. А.П. Сумароковс (1717–1777) немцойн поэтан Флеминг Паулан (1609–1640) Москвах

лаьцна йолу кхо сонет, оьрсийн матте а яьккхина зорба тоьхна 1755 шарахь. Иштта йолаелла оьрсийн поэзехь сонетан истори. XIX бIешарахьлерчу оьрсийн литературехь евзаш ю А.А. Дельвиган (1798–1831), А.С. Пушкинан (1799–1837), А.А.Фетан (1820–1892), А.А. Григорьевн (1822–1864) сонеташ. Уьш дукха паргIатчу кепехь язйина ю. Масала, Пушкинан сонеташкахь беамогIанийн ши рифма хилар бен, рифмовка кхин ларйина а яц, цуьнан кхаа сонетах хIоранна а ша-тайпа рифмаш ю: «Суровый Дант…» сонетехь жIарийн рифмаш ю, «Поэту» цIе йолчу сонетехь хьалхарчу строфахь жIарийн рифмаш ю, шолгIачу – чIагарийн ю, «Мадонне» сонетехь терцеташкахь бен рифмаш ларйина а яц. И тайпа паргIат кеп французски сонетана герга лору поэзин теоретикаша.

Оьрсийн поэзехь сонетан кхиар лакхарчу тIегIане кхаьчна XX бIешарахь. К.Д. Бальмонта (1867–1942) еккъа сонетех лаьтташ йолу книга «Сонеты солнца, меда и луны» арахецна 1917 шарахь, И.В. Северянина (1887–1941) яздархойх, композиторех йолчу сонетийн книга «Медальоны» арахецна 1934 шарахь. Сонеташ язйина В.Я. Брюсовс (1873–1924), И.Л. Сельвинскийс (1899–1968), М.А. Волошина (1877–1932), кхечара а. Оьрсийн матте а йохуш, арахецна У. Шекспиран сонеташ. XX бIешеран шолгIачу эхехь алсамъевлла оьрсийн поэтийн сонеташ. Оьрсийн сонетан тематика шоръелла, форма кхиъна. Оцу маьIнехь къаьсттана мехала хилла 1970–1980 шерашкахь кхоьллина Г.В. Сапгиран (1928–1999) йоккха поэтически цикл «Сонеты на рубашках».

Нохчийн литературехь сонетан жанр кхуьуш йолу дикка хан ю. «Сонет» аьлла, жанр къастийна яцахь а,

цуьнан лехамашца язйина стихотворенеш вайн поэзехь хьалха дуьйна кхоьллина. Масала, Мамакаев Мохьмадан «Мотт» стихотворени 1952-чу шарахь язйина ю…. Нохчийн поэтех сонеташ Сулаев Мохьмада а, Ахматова Раисас а, Арсанукаев Шайхис а, Сатуев Хьусейна, Дакаев СаьIид-Бека а, Бисултанов Аптис а, кхечара а язйина. Уггаре алсам вайн поэзехь оцу жанран произведенеш кхоьллина Алиев ГIапура. Оцу хIора а авторан, кхолларалли шен-шен башхаллашка хьаьжжина, тайп-тайпана ю сонеташ а» (*Минкаилов Э*. Нохчийн сонет а, сонетийн кочар а // Нохчийн литературеххий, барта кхолларалеххий. Соьлжа-ГIала, 2007. 46–51 агI.).

ТIаьхьарчу хенахь мелла а алсамъевлла нохчийн поэзехь сонеташ. Чулацамца а, хIоттамца а шайн башхаллаш ю церан. Масех сонетан тидамбийр бу вай.

«Еза» аьлла, ас хьан даге дашо даре дира,
Марзо эца меттахйоккхуш массо меже меттан…
Иштта хьайх сан хьегар хилча шаьлтанал а ира,
БIостанал а аьрта хьажар ахь сан сих ма детта.

И хьан бIаьргаш – ткъесал нуьре, дахкарал а сира
Ши малх бу-те сатийсаман гIушлакхенехь кхетта?
Хилча хIун ду ас хьо йийцар дуьненал а шира:
СадеIарал бIозза керла цIе сан кийра летта…

Мох а сецош, ца хьекхийта цуьнга Лаьтта нуй,
Массанхьа а йоза лийхи ас хьан когийн ларийн.
Амма син левсийца кховсуш синхааман суй.

ЦІарна лулахь йолушшехь, хьо суна шийла карий.
ХІинцца хии суна безам йолу цамгар юй –
Иза ишта дацахьара хьо сох къехкар ярий?...

(Юсупов Іилман)

Безаман синхьегам шен чулацамехь болу лирически сонет ю иза. Хьалхара ши строфа беамогІанех лаьтташ ю (катренаш), тІаьхьара ши строфа кхаамогІанех лаьтташ ю (терцеташ). Катренашкахь жІарийн хьесапехь ялийна ши рифма ю (*абаб абаб*), шина а беамогІанехь рифмаш зударийн ю; терцеташкахь а ши рифма ю хІокху кепара (*вгв гвг*), божарийн рифмаш зударийчаьрца хийца а луш. Йиллинчу катренашца къевлина терцеташ ялийна. Сонетан бехкамашца догІуш ма-хиллара, терцеташкахь рифмовкин кхин кеп ю катренашкахьчул. «Со», «хьо» бохачу цІерметдешнийн форманаш ялор бен кхин цхьа а дош дац сонетехь шозза далийна.

Арсанукаев Шайхин сонетийн кочар тІера цхьа сонет:

Сий лардеш чекхбаккха дахаран мур –
Ца лоцу Іалашо и цхьаболчара.
Махкана, халкъана эшарх, дац лур
Цкъа а шайн доьналла я хьекъал цара.

Ишттачийн Дела ву тахана сом,
И доккху, ца къестош Хьарам я Хьанал.
Стаг вуьйр ву сом даккха, болор бу тІом,
Шайн дуьхьа бехк боцчу адамийн цІий Іано.

ДоттагIий, гергарнаш бицбина шайн,
Дицдина ГIиллакхаш, Ламасташ дайн,
Амма бу «оьшу нах» хьаста-м уьш говза.

Митингехь я тойнехь къаста хууш
Белахь а, хилац уьш хезаш я гуш –
Орцанна эшначохь Харцонца къовса.
(Арсанукаев Ш.)

«Адам и дуьне ду, жима планета» сонетийн кочар тIера йолхалгIа сонет ю иза. Шина катренаххий, шина терцетаххий лаьтташ а йолуш, еагIулчан дактилан барамехь язйина ю. Рифмаш беамогIанашкахь жIарийн ю (абаб вгвг), кхаамогIанашкахь хьалхара ши стих юххера рифма йолуш, шина терцетан кхоалгIа стихаш вовшаца рифма йолуш ю. Йиллинчу катренашца къевлина терцеташ ялийна. Божарийн рифмаш зударийчаьрца хийцало. Сонетан хьалхара стих божарийн рифмица чекхъяьлла (*мур*), тIаьххьара стих – зударийчуьнца (*къовса*). Зударийн рифмица йолалуш йолу сонеташ божарийн рифмица чекхйолу. Масала, оцу сонетий кочар тIера хьалхара а, кхоалгIа а, пхоьалгIа а, иштта дIа кхиерш а. ХIора строфа тIадамца чекхйолу. Иштта хIоттам болуш ю Арсанукаев Шайхин кхийолу сонеташ а.

Кхин кеп ю Юсупов Iилманан «Поэте» цIе йолчу сонетан:

ХIун оьшу бакъволу илланча хила?
Хьо а вац и хаттар эзарза зиэза.
Дохийна лаьмнаш ду, чевнаш а тиэза,
Лууш шайн тIулгаш ахь бIаьрхишца дила.

Мел тIома белахь а хьайн кхиэлан гила,
И къоман хьашташна дIабожа беза.
Хьайн къоман меттан дин ахь даккхахь Iеса,
ГIур ву хьо гIазотан назманийн къила.

Хьо бен кхин догъэца вогIур ву мила
БIаьвнаш чохь кхиъначу хьадисийн иэсан?
Тахханехь хилийта Нохчийчоь реза
Юьхь ян хьан къоламан тIаьххьарчу зилан –

ТIаккха бен буьрсачу заманан моха
Эшалуш хир бац-кха хьан цхь а могIа…

Поэтан кхолларалла къоман хьашташка хьажийна хила езаран ойла ю сонетан чулацамехь. Кхаа катренаххий, цхьана дистихаххий лаьтташ ю иза. Катренашкахь ши рифма ю, рифмовка чIагарийн кепехь а йолуш: хьалхарчу стихан йоьалгIачу стихаца рифмовка ю, шолгIачу стихан кхоалгIачуьнца ю (*абба абба абба*), тIаьххьарчу шина стихан вовшаца ю рифмовка (вв). Жанран коьртачарах болу и лехамаш ларбина сонетан хIоттамехь. Катренашкахь къевлина рифмовка (*абба*) йиллинчул (*абаб*) тоьлашха хилар а тидамехь хилла авторан.

Кхин цхьа сонет а ялор ю вай:

Тамашбеш, дахарна суждане вахна,
Цкъа вала веанчо валар дицдо.
Ша гу тIехь ву моьттуш, паргIат а ваьлла,
Ша воцчу, массарна кхел кхайкхайо.

Хьарам дерг хьанала долчух ца къестош,
Декъаза йортъетташ, цо мохь гулбо.

Дерриге дуьненан ша да ву моьттуш,
Хьийззачохь, цIеххьана дерриг дIадов.

Берриге бахамаш дуьненна бисна,
Деккъа шен цхьа дегI цо эхарта хьо.
Шена дош хеттачух байттамал хилла,
Нийсоно шен нийса кхел кхайкхайо.

Дуьне, хьо дIадер ду гIан-набарш санна,
Лахьти чу таръял бен яц-кха хьан хазна.
(Алиев ГI. Сонет №124*)*

Сонетан хIора катренан чулацамехь адаман дахарх лаьцна чекхъяьлла ойла а йолуш, строфа тIадамца чекхъйолуш ю. Цуьнан философски маьIна къеггина гучудолу тIаьххьарчу шина могIанехь, уьш сонетан юкъара маьIна, коьрта маьIна «схьадоьллуш» долу «догIа» ду. Кхаа катренах лаьтташ ю сонет, церан рифмаш башха къегина а яц, нийса йоцу зударийн рифмаш ю жIарийн хьесапехь ялийна, тIаьхьара ши стих а зударийн рифмашца ю.

Иштта, хIора поэто, жанран коьрта билгалонаш ларъян а гIерташ, шен хийцамаш бахьа сонетан формане.

Сонетан тайп-тайпана варианташ ю: ах сонет – цхьана катренаххий, цхьана терцетаххий лаьттарг ю, коьртаза (корта боцу) сонет – хьалхара строфа йоцург, хаьрцина сонет – шина терцетаххий, шина катренаххий лаьттарг, астагIа сонет – катренийн доьалгIачу могIанийн гIулчаш (стопы) вукхаьрца цхьанабарамехь йоцург, цIога долу сонет – шина беамогIанаххий, кхаа я цул сов терцетаххий лаьттарг.

Масала, коьртаза сонет:

ГІийланиг хьийззол бен, кхин гуьнахь доччу
Дуьненна хІун аьлла хІуттур ву хьалха?
БІаьрхишца бер лийчош йоллучу ненан –
ХІун аьлла доккхур ду цуьнан самалха?

Чурт хиллалц гездича когашца латта,
Кор хуьлий, догІало лач-готта лахьта…
Шен дикнехь ма-хиллар, сан вонехь доччу
Адаме хІун дуьсу цкъа ала-хатта?

Ма дика ду-кх валлалц бен ваха ца дезаш,
Эхартца дуьне бен хийца ца дезаш.

(Канташ)

Авторо оцу стихотворенин жанр сонет ю аьлла, билгал ца яьккхина, амма шина катренаххий, дистихахий лаьтташ йолчу коьртазчу сонетан ерриг билгалонаш ю цуьнца. Нохчийн поэзехь сонетан тайп-тайпана форманаш ю.

Цу тайпана, нохчийн сонет чулацаман а, хІоттаман а шен башхаллаш йолуш кхуьуш ю.

СОНЕТИ́ЙН КОЧАР *ду* – пхийтта сонетах лаьтташ йолу произведени. Сонетийн кочаран леррина ларбан безаш шен бехкамаш бу. Цунна юкъайогІу хІора сонет шел хьалхарчуьнан тІаьххьарчу могІанца йолаяла еза, хьалхарчу сонетан хьалхара могІа ейтталгІачуьнан тІаьххьара могІа хила беза. Сонетийн кочар шеца чекхдолуш йолу пхийтталгІа сонет (магистрал) хІор

сонетан хьалхарчу могIанех лаьтташ ю. Магистралан хьалхара могIа хьалхарчу сонетан хьалхарниг бу, шолгIа могIа – шолгIачу сонетан хьалхарниг, кхоалгIа могIа – кхоалгIачу сонетан хьалхарниг бу, иштта оцу рожехь дIанисбинчу бейтта могIанах лаьтташ ю сонетийн кочар дерзош йолу тIаьххьара, пхийтталгIа сонет я магистрал. Цо чулоцу авторан коьрта ойла а.

Магистрал сонетийн кочарна хьалха хIоттош а нисло, иза жанран форма аттачу яккхар лору цхьаболчу литературоведаша. Нохчийн поэташа яздинчу сонетийн кочаршкахь даима а магистрал тIаьххьара, пхийтталгIа сонет ю.

Сонетийн кочар дуьххьара юкъадаьлла XIII бIешарахь Италехь, амма оцу жанран форма цигахь кхоччуш кхиъна ца яьлла XVII бIешо чекхдолуш бен. Россехь сонетийн кочар дуьххьара зорбатоьхна 1884 шарахь. Иза Ф. Е. Корша оьрсийн матте гочдина словенски поэтан Прешерн Франсан «Сонетийн кхочар» хилла. Дуьххьарлера оьрсийн сонетийн кочарш яздина XX бIешеран ткъолгIачу шерашкахь Вяч. И. Ивановс а, М.А. Волошина а.

Нохчийн литературехь сонетийн кочарш яздина XX бIешераш чекхдовлачу муьрехь. 1998 шарахь араяьлла Юсупов Iилманан «Иэсан ГIу» (стихаш, сонетийн кочарш) цIе йолу книга. Цу тIехь зорбатоьхна ю кхечу поэтически произведенешца цхьаьна ткъех сонет а, 5 сонетийн кочар а: «Иэсан гIу», «Нохчийчоь», «Замане кехат», «Ойланийн хIоз», «Карзахе безам». 2003 шарахь «Орга» журнал тIехь зорбатоьхна Арсанукаев Шайхин сонетийн кочар «Къонах – и лакхе

ю лакхарчу даржийн» (тIаьхьо, 2009 шарахь, «Адам и дуьне ду, жима планета» цIе йолуш зорбатоьхна и сонетийн кочар авторан «Сийна гене» книги тIехь). Шен жанран формане болу берриге бехкамаш ларбеш яздина ду и сонетийн кочарш. Кусаев Iадиза яздина 5 сонетийн кочар: «Кхоллам», «Иэс», «Сан лаьмнаш», «Сан къам», «Дайн латта». Гелагаев Сайд-Мохьмадан цхьа сонетийн кочар ду.

Сонетийн кочар Iаламат чолхе поэтически форма ю, йоккха корматалла оьшу иза яздан. Хала ду сонетийн кочар кхолла. Муьлх-муьлхха а поэт хIуттуш а вац иза яздан. Ерриге дуьненан литературехь хIинццалц схьа кхоьллина сонетийн кочарш 600 гергга бен дац. Оьрсийн литературехь 150 гергга сонетийн кочарш ду. Нохчийн поэташа яздина билгалдевлларш 12 сонетийн кочар ду.

Сонетийн кочар 210 могIанах лаьтташ йоккха лиро-эпически произведении ю. Сонетийн кочарш башха даьржина цахилар тидаме а эцна, масална цхьа сонетийн кочар даладо вай.

Арсанукаев Шайхин сонетийн кочар:

«Адам и дуьне ду, жима планета»

1

АДАМ – цхьа Дуьне ду, жима планета,
Кхачалац кIоргачу къайленаш тIе.
Сирлачу Безаман нур хилла лета,
Йогуш ю цуьнан кийрахь тIепанган цIе.

Гуо боху Малхана, чекхдуьйлу дорцех,
Даима лехамийн новкъахь ду и.
Безамах, Тешамах хьаьгна, цо орцах
Доьху тIе, ша санна, дуьненаш кхин.

Йоцачу оьмаран аьрхачу новкъахь
Хьийза и дахаран нуьцкъалчу шовкъехь,
ХIора а буьйсанна гуш ирча гIан.

Хьийзаш ду и Дуьне, доьлу и, доьлху,
Цхьалхалла ла ца луш, доттагIий лоьху.
Телескоп ца оьшу и Дуьне ган.

2

Телескоп ца оьшу и Дуьне ган –
Схьахьажа цкъа соьга, цец-акъ ма вала:
Со ду и жима Дуьне, Iемина лан
Сайн новкъахь Халонаш, Харцонаш, Бала.

Со жима АДАМ ду, буйннал ду дог,
Амма цо чулоцу дерриг жил-Iалам.
Болар сан партал ду, беза бу ког,
Амма ю ОЙЛА сан яйн тIемаяла.

Оьмар сан йоца ю, чолхе бу некъ,
Хьийза со, ца карош сайн ИРСАН неI –
Суна сайн дахаран маьIна и хета.

Iилманча, доьху ас, Iамаве со,
Суна суо вовзийта де суна гIо.
Со ду и жима Дуьне, гIорта сох кхета.

3

Со ду и жима Дуьне, гIорта сох кхета,
Доккхачу Дуьненан Лазам ас лов.
Сан кийрахь догу дог, Малхах схьакхетта,
Цо ловш ю Дуьненан массо а чов!

ЭгIазчу сан дегIехь буьрса ницкъ IаьIна,
Дуьненан кхоллам а ас ловзабо.
Космосан геналлаш, ойла-тай даьIна,
Ракетийн мехашца тIеийзайо.

Сан зама – чекхдолу ткъоллагIа бIе шо,
Лулахо гIаьттина лулахо эшо,
Къизалла шен акха хелхар деш Iа.

ХIаваъ вайн дIаьвше ду, хиш лекъаш лаьтта,
ЦIий алсам хуьйдина, кхохкийна Латта.
Iилманча, ладогIа – гIо оьшу хьан.

4

Iилманча, ладогIа – гIо оьшу хьан
Дуьненан, Iаламан къайленаш яста.
Адаман деган къайле, деллий и схьа,
Таллахьа – мичахь ду КЪИЗАЛЛИН хьоста?

Исбаьхьчу вайн Лаьттахь IаьIна и дIовш,
Дуьненан ХАЗАЛЛА кхоамза хьоьшу.
Адамийн АДАМАЛЛА лаьтта-кха довш,
КЪИНХЕТАМ, ОЬЗДАЛЛА, ЭХЬ денна оьшу.

Космосан кIоргене хьажийна хьайн
Телескоп Адамехьа ерзае, хIай,
Велахь хьо планеташ талла сел говза.

Миллиардаш адамаш – уьш планеташ ю,
Царах цхьаъ – со хьоьга дехар деш ву:
ГIо дехьа адамашна Iалам шайн довза.

5

ГIо дехьа адамашна Iалам шайн довза,
Къизалла, ХьагI, Гамо эшаян шайн.
Дегнашкахь чIагIдарца Адамаллин доза,
Дебийта Къинхетам, Оьздалла дайн.

Адам – и ДИКАННА кхоьллина Дала,
ХЬЕКЪАЛЛИЙ, КХЕТАММИЙ ду цунна теш.
Диканна къахьоьгу, цунна лов бала,
Адамо Адамна гIуллакх а деш.

Оьздачу гIиллакхийн бохь – Адамалла,
Цакхоор вовшашна цкъа а Дикалла,
Довхачу шайн дегнийн безаман нур.

Амма дац массо а адам цхьатерра,
Ницкъ кхачац Адамалла дицделлачеран,
Сий лардеш чекхбаккха дахаран мур.

6

Сий лардеш чекхбаккха дахаран мур –
Ца лоцу Iалашо и цхьаболчара.
Махкана, халкъана эшарх, дац лур
Цкъа а шайн доьналла я хьекъал цара.

Ишттачийн Дела ву тахана сом,
И доккху, ца къестош Хьарам я Хьанал.
Стаг вуьйр ву сом даккха, болор бу тIом,
Шайн дуьхьа бехкбоцчу адамийн цIий Iано.

ДоттагIий, гергарнаш бицбина шайн,
Дицдина ГIиллакхаш, Ламасташ дайн,
Амма бу «оьшу нах» хьаста-м уьш говза.

Митингехь я тойнехь къаста хууш
Белахь а, хилац уьш хезаш я гуш –
Орцанна эшначохь Харцонца къовса.

7

Орцанна эшначохь Харцонца къовса,
Зурманца лехарх а, уьш карор бац.
Маршонан вайн пхьалгIахь цкъа левси кховса,
Мел дехарш дарах, уьш цхьаъ вогIур вац.

Даима, са мере кхаьчна, бу хьаьвдда,
БIарзбелла хьийза уьш, рицкъа гулдеш.
Эхь-бехк а ца лоьруш, дузу шайн хьаьвда,
Дуьненан лазамийн ойла ца еш.

Сингаттам ца бевзаш шайн Мехкан, къоман,
Дарж къовсу, базар йо, талор до, къола,
Дегнаш тIе биллина писаллин хIур.

Къамелаш до говза, даккхийра, шера,
Кхерамехь-м гуш хилац доьналла церан
Баттара даккха шайн Бакъонан тур.

8

Баттара даккха шайн Бакъонан тур
Кхин кIентий шорта бу Нохчийчохь кийча.
Дахар шайн, ца кхоош, ду цара лур
Мехкан сий лардечохь, оьшуш и хилча.

Бу кIентий – КЪОНАХИЙ ю церан цIе,
Дахар шайн Даймехкан кхолламах доьзна.
Мел Iаьржа, доьхна де кхачарах тIе,
Кхерамех, халонех агIо ца оьзна.

Даржашлахь сийлахьчех лору цхьа дарж,
Яц цунна тIекхача хIоттийна раж,
И эца ницкъ кхачац дашочу харжийн.

КЪОНАХ – цул сийлахь дарж Нохчийчохь дац,
Халкъо хьакъ воцчунна и цIе луш яц.
КЪОНАХ – и Лакхе ю лакхарчу даржийн.

9

КЪОНАХ – и Лакхе ю лакхарчу даржийн,
Чолхе бу, ирхе бу цунна тIе некъ.
Дахаран денош ду ийна – кIайн, Iаьржий,
ХIоранна еллалуш яц ИРСАН неI.

Къонахчо цIарна ца леладо гIиллакх,
И цуьнан цIийца ду, амал и ю.
Къонахчо дош деллехь – хилла ду гIуллакх,
ГIо эшахь – куьг кховдо кийча и ву.

ЯМАРТЛО, ХЬАГI, ГАМО – лийрина ЭХЬ
Вайн дайша, хестаеш къонахийн ЯХЬ,
Беш церан сий-ларам массо а даржел.

Къонахчун дарж – ду и сов деза дукъ,
Атта дац дIакхехьа, ца саттош букъ.
Цу дарже кхочу стаг Махкахь сий даьржий.

10

Цу дарже кхочу стаг Махкахь сий даьржий,
Лоруш и Даймехкан, шен КЪОМАН ВОІ.
Ткъа наггахь нислуш ду Къонахчун дарже
Йоккхуш вайн яхь йолу ЗУДА я ЙОІ.

Къизачу заманийн боданехь гІийла,
Маршоне сатуьйсуш, баьхна вайн дай.
Эхьечу лоллина къар ца луш, хийла
ГІиттина къийсамна Къонахий вайн.

Къонахий бицлуш бац – иллешкахь денлой,
ДІахІуьтту, турпалхой хуьлий вайн денойн,
Дозалла ду хилар уьш багарбан.

Къонахийн амалехь дац къамел деха,
Баьхна уьш даим а, хІинца а беха,
Юкъ йоьхкий гІуллакх Даймахкана дан.

11

Юкъ йоьхкий гІуллакх Даймахкана дан,
Къонахий леллашехь, цхьа ПИСАШ тиэба,
Катоха кечбелла я талор дан,
Дузо шайн тІингараш, цкъа а ца Іеба.

Маржа-яІ, исбаьхьчу вайн Лаьтта тІехь
Мел дукха ІаьІна и Іаьржа Къизалла.
Ма тийна, ма хиэба вайн ИЙМАН, ЭХЬ.
Мича дахна хІинццалц вайн хилла Адамалла?!

Эхь хета-кх тахана цхьа ЧИКАРШ гуш,
Берзалойн амале бирзина уьш,
Кадетташ, талорех берстина, сийса.

Инзаре халонаш, трагедиш ловш
Баьхна дай, АДАМАЛЛА, ГIИЛЛАКХ ца довш,
БIешерша къежбина къоман САТИЙСАМ.

12

БIешерша къежбина къоман САТИЙСАМ
Бицбиначарна вай гечдан тарлой?
Вайн къомо кхайкхийнарг - МАШАР! БАРТ! НИЙСО! –
Вовшашца къийсаре дерзо тарлой?!

Тайпанаш, тукхамаш, ярташ а къестош,
Тахана вай хестабо къонахий – дай,
Амма хIун дуьтур ду кхана ваьш хестош,
Даггара дош ала тIаьхьешна вай?

Тахна вайн боьхна барт, ца доьрзу дов,
Акхачу талорийн Iовжаме чов –
Бакъо яц Къонахийн бен доцуш хьийса.

БIешерийн Сатийсам – лепахь а и,
Вайн новкъахь хIинцаъ ду кхерамен Iин,
ХIинцаъ чекхбаьлла бац Къонахийн къийсам.

13

ХIинцаъ чекхбаьлла бац Къонахийн къийсам,
ХIинца а бодашлахь тиэба чикарш.
Амма бу лепаш вайн сирла Сатийсам,
Къагийна цо нохчийн стигланийн Iарш.

Дуьйцу, вай ду говрийн амалехь, олий:
Уьш санна, терса вай, къастар ца ловш,
Ткъа вовшех ма-кхийтти, къовсаме довлий,
Вовшашна цIингаш вай беттар дац товш.

Шел тоьлларг ца везаш, хуьлу вай гома,
Сийлахьниг тIевоккхуш гу бац вайн къоман,
Я ор дац сийдоцург чохь воллуш ган.
Хиндолчун ойла яр доцуш, чухьолхий,

Вай вешан сийлахь некъ баккхарна чолхе,
МАРШОНО хIинцаъ ца баьккхина кан.

14

Маршоно хIинцаъ ца баьккхина кан,
НИЙСО ян ницкъ кхачац Бакъонан архийн.
Вайн сирла Сатийсам – вайн сийна гIан –
Беттало хIинца а йийсарехь мархийн.

Амма бу Къонахийн некъ шайн дIахьош,
Къонахийн карахь бу кхоллам а къоман.
Йоссор ю – онда ду Къонахийн дош –
Нийсо вай Нохчийчу нускалха къона.

ХIан-хIа, яц берзалой – АДАМАШ ду вай,
Акхарой ца хилла вайн наной, дай.
Берзалойх вай тардар – сийсаздар хета.

АДАМ – цул исбаьхьа, сийлахь дош дац,
Я Маршо, я Нийсо цуьнца бен яц.
АДАМ – цхьа Дуьне ду, жима планета!

15

АДАМ – цхьа Дуьне ду, жима планета,
Телескоп ца оьшу и Дуьне ган.
Со ду и жима Дуьне, гIорта соьх кхета,
IилманчаI, ладогIа – гIо оьшу хьан.

ГIо дехьа адамашна Iалам шайн довза,
Сий лардеш чекхбаккха дахаран мур.
Орцанна эшначохь Харцонца къовса,
Баттара даккха шайн Бакъонан тур.

КЪОНАХ – и Лакхе ю лакхарчу даржийн,
Цу дарже кхочу стаг Махкахь сий даьржий,
Юкъ йоьхкий, гIуллакх Даймахкана дан.

БIешерша къежбина къоман САТИЙСАМ,
ХIинцаъ чекхбаьлла бац Къонахийн къийсам,
МАРШОНО хIинцаъ ца баьккхина кан…

СОЦИАЛИСТИ́ЧЕСКИ РЕАЛИ́ЗМ – советски литературин коьрта кхолараллин метод яра. Социалистически идеалаш чIагIъярехьа болу къийсам гайтар а, исбаьхьаллин дешан ницкъаца оцу къийсамехь дакъалацар а социалистически реализман коьрта башхаллаш лорура.

СПОНДЕ́Й – тIехь тохар долчу шина дешдекъах лаьтташ йолу стихан гIулч (– –).

СТИЛИ́СТИКА ю; **стилистикин, стилистикина, стилистико, стилистикига** (лат. stilus – балоз хьаькхначу уьн тIехь яздеш лелийна ирйина чешалг) – литературехь а, дахаран тайп-тайпанчу хьелашкахь дечу къамелехь а литературни маттах пайдаэцаран хьелаш къастош долу меттаIилма. Литературоведенехь оцу терминца дукха хьолахь билгалдоккху яздархочун меттан хатI а, билггалчу исбаьхьалли произведенин меттан башхалаш а.

СТИЛЬ – *хь*. **ХатI исбаьхьаллин**.

СТИХ *ю* – **стихаш** *ю*; **стихан, стихан а, стихо, стихе** – стихотворенин цхьа могIа. Стихотворени бохучу маьIнехь а лела и дош.

СТИХАН БАРАМ – стихан гIулчехь тохар долчу а, тохар доцчу а дешдакъойн барам а, уьш дIанисдаларан раж. Стихан барам билгалбоккхург стихан гIулч ю. Нохчийн стихехь уьш шина дешдекъах лаьтташ йолу хорей (– V), кхаа дешдекъах лаьтташ йолу дактиль (–VV) ю.

Хорейн барамехь йолу стихаш:

Iаьржа буьйса, буьрса буьйса –
Дарцо левси кхийсайо.
Дино лергаш дуьхьалтуьйсу,
Халчу новкъа вогIу со
(Сулейманов А. Дог дохде цIе*)*

Дактилан барамехь йолу стихаш:

Къеначу лаьмнашций,
Ширачу хьаннашций,
ДIадевлларш хьехадеш,
Къамел дан йиш хилча,
ЦIий лайнчу тIулгаший,
ТIом гинчу пепнаший
ЛадоьгIург велхавеш,
Хийла аз хазор дара.
(Мамакаев I. Нохчийн лаьмнашкахь*)*

СТИХАН ГІУЛЧ (*стопа*) – стихехь юх-юха а цхьаьна далош долу тохар долу а, тохар доцу а дешдакъош. Стихан гІулч билгалйоккху иза шех лаьтташ йолчу дешдакъошка хьаьжжина. Шина дешдекъах а лаьттш хьалхарчу дешдекъа тІехь тохар дерг хорейн гІулч ю (– V), шолгІачу дешдекъа тІехь тохар дерг ямбан гІулч ю (V –), кхаа дещдекъах а лаьтташ хьалхарчу дешдекъа тІехь тохар дерг дактилан гІулч ю (–VV), шолгІачу дешдекъа тІехь тохар дерг амфибрахийн гІулч ю (V – V), кхоалгІачу дешдекъа тІехь тохар дерг анапестан гІулч ю (VV–). Нохчийн стихехь, даиманна бохург санна, пайдаоьцуш ю шина дешдекъах а, кхаа дещдекъах а лаьтташ йолу стихан гІулчаш.

СТИХАШКАХЬ РОМАН *ю* – лиро-эпически позин цхьа тайпа. Роман ерриге билгалонаш ю цуьнца: хиламийн сюжет, шайн амалш кхиарехь гайтина персонажаш, цара кхочушде гІуллакхаш, дахаран шуьйра суьрташ, амма шен къастамаш а бу. Стихашца язйина а йолуш, къеггина лирически агІо ю, лиричесуки юьстахвиларш ду, дукха хьолахь кхечу персонажашца цхьаьна романан хиламашкахь дакъалоцуш волчу авторан васт гучудолу, цуьнан ойланаш, кхечу турпалхошца цуьнан йолу юкъаметтигаш, кхочушхуьлуш болчу хиламашка цуьнан болу хьежамаш къеггина гуш хуьлу. Цу тайпана, эпически чулацамца цхьаьна билггалйолу лирически агІонаш хиларца бу стихашкахь романа къастамаш. Стихашкахь роман поэмина герга ю. Нохчийн литературехь шуьйра евзаш ю Арсанукаев Шайхин «Кхолламан сизаш» цІе йолу стихашкахь роман.

СТИХ КХОЛЛАРАН СИЛЛАБО-ТОНИЧЕСКИ КЕП (лат. *sillaba* – дешдакъа, *tenos* – тохар) – дешдакъойн барамца а, тохаршца а, и тохарш могIанехь дIанисдаларца а билгалйолу стих кхолларан кеп. Стих кхолларан тайп-тайпана кепаш ю: силлабически, силлабо-тонически, тонически, и.дI.кх. а. Нохчийн стихан кеп силлабо-тонически лору. Оцу кепехь язйинчу стихан башхаллаш ю дешдакъош цхьана барамехь хилар а, тохарш цхьана барамехь хилар а, тохар долу дешдакъош тохар доцчаьрца хийцадалар цхьана барамехь хилар а. Тидам бер вай Суллейманов Ахьмадан «Батте» цIе йолчу стихотворенин:

Батто, стиглахь гIийла текхаш, (8)
Оьхьу суна дато лан. (7)
Седарчаша дохку некъаш – (8)
Самах дуьхьалтуьйсу гIан… (7)

Лаац суна дIабузийла, (8)
Лаьа даим стиглахь ган! (7)
Нур Iенийла лаьтта гIийла, (8)
Цкъа а кхача ца луш, хьан! (7)

ХIун дара-техь цу седарчех (8)
Даьхна дато хьостамаш, (7)
Стиглан тхевнаш дIалатийча, (8)
Хилийта хьо даим гуш? (7)

ХIан-хIан! Таро яц хьо къовла! (8)
Дуьне мел ду дIагIо хьо! (7)

Езнарг хир ю хьоьца къайле (8)
Екъа лууш, лууш ган! (7)

(Сулейманов А.)

Кхузахь, вайна ма-гарра, дешдакъош цхьана барамехь ду: хьалхарчу стихехь а, цуьнца цхьатерра рифма йолчу 3, 5, 7, 9-й, цу рожехь йолчу кхечу стихашкахь а бархI-бархI дешдакъа ду; шолгIачу стихехь а, цуьнца цхьатерра рифма йолчу 4, 6, 8, 10-й, цу рожехь йолчу кхечу стихашкахь а вархI-вархI дешдаккъа ду. Стихотворенин ритм кхоьллина тохар шена тIехь долу дешдакъош тохар доччу дешдакъошца цхьана барамехь хийцадаларо:

Ба́тто, сти́глахь гIи́йла те́кхаш,
О́ьхьу су́на да́то ла́н.
Се́дарча́ша до́хку не́къаш –
Са́мах ду́ьхьалту́ьйсу гIа́н…

Тохар тIехь долу дешдакъа иштта (–), тохар доцу дешдакъа иштта V билгал а доккхуш дIаяздича, оцу еа стихан схема кху кепара хир ю:

– V – V – V – V
– V – V – V –
– V – V – V – V
– V – V – V –

Цхьана барамехь ду кхузахь тохар долу а, тохар доцу а дешдакъойн хийцадалар: хIор стихехь а тохар долчу дешдакъошна юккъехь цхьацца тохар

доцу дешдакъа ду. Стихотворенеш тайп-тайпана ритм йолуш хуьлу тохар долчу дешдакъошна юккъехь цхьаъ я шиъ тохар доцу дешдакъош хиларе хьаьжжина.

Масала, Байхаджиев Зайндин стихаш:

Ламчохь Іуьйре ловзаюьйлу
Сирла-сийна, сирла-сийна.
Маржа, дагца ас хІун къуьйсу
ТаьІна-тийна, таьІна-тийна.

Церан схема иштта ю:
– V – V – V – V
– V – V – V – V
– V – V – V – V
– V – V – V – V

Кхечу ритмехь ю цуьнан «Суьйренан ойланаш» стихотворени.

Кхоьру со ойланийн йочанех,
Адамийн лаамех Іаьржачу,
Дебначу атоман бомбанех,
Марханех дуьненчу къажлучу.

Церан схема:
– VV – VV – VV
– VV – VV – VV
– VV – VV – VV
– VV – VV – VV

Стихехь (стихотворенин цхьана могIанехь) тохар долу а, тохар доцу а дешдакъош дIанисдаларан кепах стихан барам олу. Стихехь юх-юха а цхьаьна далочу тохар долчу а, тохар доцчу а дешдакъойх стихан гIулч (стопа) олу. Хьалхарчу дешдекъа тIехь тохар а долуш шина дешдекъах лаьтташ стопа йолчу стихан барамах хорей олу. ШолгIачу дешдекъа тIехь тохар хилча – ямб олу. Хьалхарчу дешдекъа тIехь тохар а долуш кхаа дешдекъах лаьтташ стихан гIулч йолчу стихан барамах дактиль олу. Оцу стопахь шолгIачу дешдекъа тIехь тохар хилча – амфибрахи олу, кхолгIачу дешдекъа тIехь тохар хилча – анапест олу. Иштта ю церан схемаш:

Хорей: – V
Ямб: V –
Дактиль: – V V
Амфибрахий: V – V
Анапест: V V – –

Нохчийн поэзехь коьрта барамаш хорей, дактиль бу. Схьахетарехь, нохчийн меттан дешнашкахь хьалхарчу дешдекъа тIехь тохар хиларна хир ду иза. Хорей барамехь йолчу стихан къастамаш бу I, 3, 5, 7-чуй, иштта дIайолчу рогIехь кхечу а дешдакъош тIехь тохарш хилар. Дактиль барамехь йолчу стихан къастамаш бу I, 4, 7, I0-чуй иштта дIайолчу рогIехь кхечу дешдакъош тIехь а тохарш хилар. Стихотворени муьлхачу барамехь ю хаа лууш хилча, стихехь тохарш билгал а дохий, стихан гIулчаш къастайо. Хьовсур вай Дакаев СаIид-Бекан «Арахь гуьйре йоьлху» цIе йолчу беа могIанан цхьана строфах лаьттачу стихотворенига. Цуьнан схема а хIот-

тош, стихан гIулчаш къастор ю вай.

БIа́ьрхиш ле́дош, а́рахь гуьйре йо́ьлху.
– V – V – V – V – V
Ши́йла гIа́йгIа де́ган ке́да Iу́ьйдуш.
– V – V – V – V – V
Во́вшех хье́рчаш, мо́кха ма́рхаш хьо́лху.
– V – V – V – V – V
Сти́глахь ле́чкъош ма́ьлхан мо́жа ну́ьйда.
– V – V – V – V – V

Вайна гучудолу, хIор стихехь а, хьалхарчу дешдекъа тIехь тохар а долуш, пхеа дешдекъах лаьтташ йолу стихан гIулчаш хилар. Уьш хорейн стопаш ю. ХIор стихехь а пхиппа ю уьш. Цу тайпана, пхеа стопах лаьттачу хорейн барамехь хилар билгалдолу и стихотворени.

СТИХОТВОРЕ́НИ *ю* – **стихотворенеш** *ю*; **стихотворенин, стихотворенина, стихотворенино, стихотворенига** – чекхдаьлла маьIна а, исбаьхьаллин чулацам а, форма а йолу стихашца язйина жима произведени.

СТРОФА́ *ю* – **строфаш** *ю*; **строфанан, строфана, строфано, строфага** (гр.*strophe* – хьовзар, юхахьовзар, дIахьовзар) – шайн маьIница, интонацица, дукха хьолахь рифмашца а цхьаьнатоьхна болу стихотворенин масех могIа. Уггар жима строфа шина стихах (шина могIанах) лаьтташ ю. Цхьана стихо строфа ца кхуллу. Нохчийн поэзехь уггар алсам яьржинарг еа стихах лаьтташ йолу строфа ю. Амма шиъ, кхоъ, ялх, бархI, царал сов а стихаш йолуш строфаш а кIезиг яц нохчийн поэзехь.

Поэтически произведенешкахь вовшех къастош, юкъаметтиг юьтуш язъярца билгалйовлу строфаш:

Ас хьоьга къайленаш юьйцу:
Тешаме хета хьан мерзаш,
Генарчу бераллехь дуьйна,
Ойланаш ю хьоьца ийна;
Бекалахь, сан мерз-пондар,
Вайшиннан безаман сийнна.

Некъ бина со цIехьа верзахь,
Олу ас Даймехкан илли,
Хьоьсту ас хьан зевне мерзаш –
Лоькху ас сан деган эшарш.
Бекалахь, сан мерз-пондар,
Йиц ца еш вайн халкъан эшарш.

Дикаев Мохьмадан «Бекалахь сан мерз-пондар» цIе йолу и стихотворени ялх стихах йолчу шина строфах лаьтташ ю.

СТРО́ФИКА *ю* – стихкхолларан Iилманан цхьа дакъа. Строфан башхаллаш а, цуьнан истори а, поэташа цунах пайдаэцаран хьелаш а къастадо строфико.

СЮЖЕ́Т *ю* – сюжеташ ю; сюжетан, сюжетана, сюжето, сюжете (фр.suiet – хIума) – исбаьхьаллин произведенин чулацамера хиламаш вовшах бозабаларан а, кхиаран а кеп. Произведенин чулацамехь кхуьуш долчу гIуллакхийнгIахIоттам, уьш хьалха-тIаьхьа дохуш яздархочо шен исбаьхьаллин Iалашоне хьаьжжина дIанисдаран кеп.

Т

ТАБУ – *хь*. **Бехкам**.

ТЕЛЕСТИ́Х (гр.*tele* – гена, чаккхе, *stichos* – стих) – акростихан (хь) цхьа тайпа, автора билгалдоккхуш долу дош стихотворенин могIанийн тIаьххьарчу элпашца гучудолуш йолу стихотворени.

ТЕ́МА *ю* – **теманаш** *ю*; **темин, темина, темано, темига** – шех цхьа маьIна даккхархьама исбаьхьаллин произведени тIехь яздархочо гойтуш дерг.

ТЕРЦЕ́Т *ю* – *хь*. **КхаамогIанан строфа**.

ТЕ́СИС *ю* (гр. *thesis* – лахдар, охьадахийтар) – стихан гIулчан доца (лахдеш, гIийла) олуш долу дакъа. Масала, хорейн гIулчан шолгIа дакъа, дактилан – шолгIий, кхоалгIий дакъош.

ТЕТРАЛО́ГИ *ю* – **тетралогеш** *ю*; **тетралогин, тетралогина, тетралогино, тетралогига** (гр. *tetralogia*, *tetra* – диъ, *logos* – дош, къамел) – деа декъах

(еа книгех) лаьтташ йолу йоккха эпически я драматургически произведени. Царах хIора дакъа а ша къаьстина произведени санна елахь а, уьш вовашашца дозаделла хуьлу авторан Iалашонца а, массо а декъах чекхйовлачу персонажажца а. Нохчийн литературехь тетралоги ю Ошаев Халидан «Алун шераш» цIе йолу роман. Иза деа декъах лаьтташ ю. Хьалхара книга араяьлла 1959 шарахь, шолгIа книга – 1960 ш., кхоалгIа книга – 1963 ш., йоьалгIа книга – 1964 ш.

ТИ́ЙЖАМ *бу* – **тийжамаш** *бу*; **тийжаман, тийжамна, тийжамо, тийжаме** – халкъан барта кхолларалле хь сингаттам, гIайгIа, бала балхош йолу произведени. Гергарчара веллачунна бо тийжамаш. Масала, йоI нанна тийжар:

Айхьа йинарг лайла хьан,
Хьанах тешна дити ахь тхо;
Тхан дог хьан оьцур ду?
Хьайл тIаьхьа хьайх дисинчу дуьнене
ГIийла хьежа дити ахь тхо,
Ма дог хьаста стаг ца вити ахь,
Айхьа йинарг лайла хьан!

ТРИЛО́ГИ *ю* – **трилогеш** *ю*; **трилогинан, трилогина, трилогино, трилогига** (*trilogia*, *tri* – кхоъ, *logos* – дош, къамел) – кхаа декъах лаьтташ йолу йоккха эпически я драматургически произведени. И дакъош вовшашца дозаделла хуьлу авторан Iалашонца а, сюжетан зIенашца а, массо а произведенех

чекхйовлу персонажаж хиларца. Айдамиров Абузаран «Еха буьйсанаш» цIе йолу трилоги яккхийчу кхаа романах лаьтташ ю: «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес», «Дарц». Окуев Шимин «ЦIий, латтий» трилогина юкъа йогIу яккхий романаш: «Юьхь» (зорбатоьхна 1985 ш.), «ЦIий, латтий» (зорбатоьхна 1987 ш.), «ТIаьххьара верас» (зорбатоьхна 1993 ш.).

ТУ́РПАЛАЛЛИН ДРАМА – даккхий хьуьнарш долу турпалхой а болуш, шен чулацамехь халкъан турпалалла гучуйолу драматургически произведени. Масала, Хамидов Iабдул-Хьамидан «Лийрбоцурш».

ТУ́ЬЙРА *ду* – **туьйранаш** *ду*; **туьйранан, туьйранна, туьйрано, туьйране** – халкъан барта кхолларал-лин произведени. Дахарехь хила йиш йоцуш, адамаша шайгара кхоьллина долу тамашийна хIуманаш хуьлу дукха хьолахь туьйранашкахь дуьйцурш. Яздархоша кхоьллина литературни туьйранаш а хуьлу.

Туьйранаш барта кхолларалле хь угарре даьржинчу тайпанах цхьаъ ду. Йоккха меттиг дIалоцу цара нохчийн къоман барта кхолларалле хь. Адамийн дахарера, гонахарчу Iаламера тайп-тайпана хIуманаш дуьйцуш а, адаман дахарера хьелаш гойтуш а, акхаройх, хьайбанех, олхазарех лаьцна а хуьлу туьйранаш. Гойтуш дерг мухха делахь а, шайн маьIница адамийн дахаран ойлайойтуш ду уьш. Диканиг, сийлахьниг, адамана пайдехьаниг чIагIдо туьйранашкахь, вочунна, зуламечунна дуьхьал къийсам латтабо. Халкъо даиманна а толадо шен туьйранашкахь вонал дика, харцонал бакъо, сий-

сазчул сийлахьниг. Муьлххачу къоман туьйранашкахь а вонал дика толош ду. Халкъан кхетамехь цкъа а тола ца еза харцо. Бакъоно эшош хила еза иза. Туьранийн турпалхой дукха хьолахь къинхьегаман нах хуьлу, цара гуттура а гІийлачуьнан, мискачуьнан гІо лоцу, харцонна дуьхьал бовлу, бакъонехьа къийсам латтабо, нийсо ларъеш харцо эшайо. Шайн чулацаме хьаьжжина туьйранаш хуьлу инзаре-тамашийначу хІуманех лаьцна, дийнатех лаьцна, Іер-дахаран хьокъехь дерш.

Инзаре-тамашийна, бакъ хила йииш йоцу хІуманаш а бакъдолуш санна хаздеш, ладогІа дог доуьйтуш дуьйцу туьйранашкахь. Гойтуш дерг хІуъа делахь а, цара ойлайойту адамийн юкъаметтагийн, Іер-дахарехь кхоллалучу гІуллакхийн. Адамийн ойланаш, дегайовхо го туьйранашкахь, билгалйовлу къоман амалш, гІиллакхаш, оьздангалла. Мел яккхий халонаш тІехІиттичи а, адамо диканах дог ца диллар, паргІато, маршо тІекхочург хиларх тешар го туьйранашкахь.

Туьйранаш дукха хьолахь чолхе чулацам болуш хуьлу. Турпалхочунна дукха халонаш тІеІиттало. Нийсоян, харцо эшо араволу туьйранийн турпалхо. Дукха хьолахь яккхий дуьхьалонаш эшош, ондда хьуьнар гойтуш шен Іалашоне кхочу иза. Туьйранийн сюжет тайп-тайпанчу хиламех лаьтташ, сиха кхуьууш хуьлу. ЛадогІа дог догІуш, кхидІа хІун хуьлу техьа бохуш ойланехь латтаво ладугІуш верг. Хазачу маттаца кхоьллина, шайн къеггина исбаьхьалла йолуш ду туьйранаш.

ТУЬЙР-КИЦА *ду* (басня) – шеца къеггина хьехамбаран маьІна а долуш, стихотворенин кепехь (наггахь прозехь а) яздина жима дийцар. Адамийн амалш, юкъаметтигаш дукха хьолахь дийнатийн васташца схьагойту туьйр-кицанашкахь. Масала, Гайсултанов Іумаран «Барзо амалш ца хуьйцу»:

Іай хало хьегна
ГІелъелла и борз,
УгІура гІийла,
Букъах бина хІоз.

Гира цунна газа,
Дацара гІор лаца,
Йистхилира иза,
Хила гІерташ эсал:

«Газа, схьайола,
Хир вай доттагІий,
Со хийцаелла,
Кан ас хийцина».

Газа тІееара,
Хезнарг бакъ хетта.
Барзо и хьаьшира,
Чехка тІекхетта.

Барзо хІор шарахь
Кан хуьйцуш хиларх,
Хийцац шен амалш.

ТI

ТIАЬХЬАРА ДОШ *ду* (эпилог) – исбаьхьаллин произведени тIехь гайтина гIуллакхаш чекхдевллачул тIаьхьа яздархочо шен турпалхойх хилларг дуьйцу тIаьххьара дакъа. Эдилов Хасмохьмада «Сийлаха» поэмин тIаьхьарчу дашехь, шен произведенин хиламаш тIе а бузуш, хоуьйту кхидIа муха кхоллам хилла коьртачу турпалхочун Сийлахин, цуьнан йоьIан, хьахайо персонаж Аружа а:

Дешархо! Чекхдолу
Цу тIехь сан дийцар,
Инзаре буьрсаниг,
ТIаьхьешна дийццал.

Шовзткъе итт шо хьалха,
БIешеран юьххьехь,
И хилла тхан юьртан –
Валарган юккъехь.

Сов деза хиларна
Ахь бехк ма билла,
Ас хьуна дийцина
Ма-дарра хилла.

Нагахь ахь ойла яхь
ТIаьхьенах кхета,
Доцца ас дийцича,
Хала ма хета.

Ялх бутт шен кхачале
Деллачу беран
Кошан барз замано
Шарбира шера.

Эхь хетта Эдалхин
Бахамехь яха,
Сийлахас битира
Ша лехна бахам.

Кхин шовзткъа шо доккхуш
Ца хуьлуш нана,
Кховдийра и лаьтте
Талды-Курганан.

Аружа… АружагIар,
БIаьрг сирла бацахь,
Кховдош бу хIинца а
Бохаман ачо.

Мамакаев Iаьрбис «Нохчийн лаьмнашкахь» поэмин тIаьхьарчу дашехь, шен произведени йоьшуш волчух дага а волуш, вайн къоман хиндерг шена муха го хоуьйту.

Мусаев Мохьмадан «Анзор» повесть тIера хиламаш чекхбовлуш ца къаьсташ дуьсу коьртачу турпалхочун кхолламах дуккха а дерг. Цундела яздархочо тIаьхьарчу дашехь дуьйцу цуьнан дахаран некъ кхидIа муха нисбелла.

Ф

ФЕЛЬЕТО́Н *ю* – **фельетонаш** *ю*; **фельетонан, фельетонна, фельетоно, фельетоне** – (фр. *feuilleton* – юккъедуьллу кехат) – литературин жанр. Фельетон тIехь дукха хьолахь беламе дохуш, ирачу забарца дуьйцу шайца къийсам латто беза юкъараллин маьIна долу гIуллакхаш.

Фельетон кхоллаелла лору 1800 шеран 28 январехь. Оцу дийнахь Парижехь зорбатухучу «Журнал де деба» газетана совнаха юккъе дуьллуш кехат (французийн маттахь – фельетон) арахеца долийна. Цу тIехь зорбатухуш хилла тайп-тайпана хаамаш, кицанаш, хIетал-металш, стихотворенеш, ира рецензеш, кхийолу цхьацца самукъне материалаш а. ТIаьхьо фельетон олуш хилла доккхачу газетан агIонан лахарчу декъах а (хIинца «подвал» олуш долчу). Газетан фельетон олучу декъехь арайийлина башха чолхе чулацам а боцуш, еша атта а, самукъне а йолу яккхий произведенеш а, масала, А. Дюман «Кхо мушкетер» цIе йолу роман.

Фельетонан жанран хIинцалерчу маьIница йогIуш йолу произведенеш арайийлина XIX бIеше-

ран хьалхарчу эхехь дуьйна. Іаламат говза лоруш ду А.С. Пушкина «Телескоп» журнал тІехь Феофилакт Косичкин псевднимца арахецна фельетонаш.

ХІинцалерчу нохчийн литературехь стихашца язъечу фельетонна герга ю Воздингов Махашан цхьайолу стихотворенеш.

ФОЛЬКЛО́Р *ю*; **фольклоран, фольклорана, фольклоро, фольклоре** (ингл. *folk*–халкъ, *lore* – хьекъал, кхетам) – халкъан барта кхолларалла. Фольклор боху термин дуьххьара Іилманна юкъаялийна 1846 ш. ингалсан Іилманчо Томс Вильяма. 1880-чу шерашкахь дуьйна шуьйра яьржина и термин. ХІетахь оцу дашо чулоцуш хилла халкъо кхоьллина ерриге а культура, материальни культура а юкъа а йогІуш. Хан яларца халкъан духовни культура билгалйоккхучу маьІне йирзина и термин (поэзи, музыка, хелхарш, халкъан гІиллакхаш, ламасташ, динан хьежамаш). 1930-чу шерашкахь оьрсийн литературведа Ю.М. Соколовс билгалдаьккхинчунна тІе а тевжина, вайн пачхьалкхехь халкъан барта кхолларалле (музыкальни кхолларалла юкъа лоцуш) олу фольклор.

ФОЛЬКЛОРИ́СТ *ву, ю* – **фольклористаш** *бу*; **фольклористан, фольклористана, фольклористо, фольклористе** – халкъан барта произведенеш дІаязеш а, толлуш а волу Іилманча. Нохчийн барта кхолларалли произведенеш дІаязъеш а, толлуш а белхаш бина Эльмурзаев Сиряждис, Вагапов Якъу-

ба, Мунаев ИсмаIала, Джамалханов Зайндис, Джамбеков ШаIранис, кхечара а.

ФОЛЬКЛОРИ́СТИКА *ю* – халкъан барта кхолларалла толлуш, барта произведенеш къастош долу Iилма.

Х

ХАБАР - *хь*. **Дийцар**.

ХАДИЙНА РИФМА - *хь*. **Рифма**.

ХАТI ИСБАЬХЬАЛЛИН – яздархочо меттан исбаьхьаллин гIирсех пайдаэцаран хьелаш, литературин произведенин чулацам, цуьнан маьIна исбаьхьаллин форманехула меттан гIирсашца кхочушдаран башхаллаш. Дош, мотт исбаьхьаллин литературин гIирс бу. Яздархочо шен кхолларалллин Iалашо кхочушъеш дашах, маттах пайдаэцаран башхаллашца дозаделла ду исбаьхьаллин хатI. ХIор яздархочун кхолларалллехь ша-тайпана хуьлу дахаран гIуллакхийн хьесапдар, шен ойланехь дерг исбаьхьахьаллин кепехь листар, дахаран сурт хIоттор, васт кхоллар. Оцу дерригенца билгалйовлу яздархочо меттан исбаьхьаллин гIирсех пайдаэцаран башхаллаш, билгалдолу яздархочун исбаьхьаллин хатI. Произведенин чулацаммий, формий цхьаьнаяийтаран, цхьаьнатохаран хьелаш кхоллало исбаьхьаллин хотIаца, исбаьхьаллин формина юкъадогIуш долу дерриге а (мотт, жанр, дIахIоттам, ритм, интонаци и. дI. кх.)

цхьаьнадалош дIанисдо.

Баккхийчу яздархойн шайн къеггина долу исбаьхьаьллин хатI хуьлу ерриг кхолларалле чекхдолуш. Масала, Мамакаев Мохьмадан исбаьхьаллин хатI IаламатI къаьсташ ду Бадуев СаьIидан исбаьхьаллин хотIах.

Ша цхьаъ схьаэцначу произведенин исбаьхьаллин хатI мехала ду цуьнан авторан ерриг кхолларалле исбаьхьаллин хатI кхиаран хьелаш билгалдахарехь.

Исбаьхьаллин хатI бохачу кхетаман дуккха а агIонаш ю, вай кхузахь хьахийнарг исбаьхьаллин литературах йозаелла йолу цхьаъ бен яц.

ХЕЛХАРАН ЙИШ – хелхаран мукъамехь йолу йиш. Дечигпондарца, кехатпондарца, дукха хьолахь дешнаш а ца далош, дIалокхуш хилла хелхара эшарш.

ХОРЕ́Й *ю*; **хорейн, хорейна, хорейно, хорейга** (гр.*choros* – хор) – хьалхарчу дешдекъа тIехь тохар а долуш, шина дешдекъах лаьтташ гIулч йолу стихан барам. Хорей барамехь язйинчу стихийн къастамаш бу хьалхарчуй, кхоалгIачуй, пхоьалгIачуй, ворхIалгIачуй, цу рожехь кхидIа а долчу дешдакъош тIехь тохар хилар.

Хорейн схема иштта ю: – V – V – V –V

Хорейн барамехь язйина стихотворени:

Нанас дена вина вара
Оьзда, майра, дика кIант.

Нанас шена вина вара,
Елча, ерзор аьлла, кIант.

Юьрто вехча, вала дийзи,
Махко воьху аьлча, кIант.

Дийна висахь – несе кхийла,
Валар нислахь – коше йийла.

(Канташ)

Еа стихан гIулчах (стопах) лаьттачу хорейн барамехь ю и стихотворении. Хьалхарчу кхаа строфан схема иштта ю:

– V – V – V –V
– V – V – V –

ТIаьххьарчуй, йоьалгIачуй строфан иштта ю.

– V – V – V –V
– V – V – V –V

Хорейн барамехь йолу кхин цхьа стихотворени:

Делан дуйнах чIагIо йина,
Дийца сецца бакъдерг ду сан:
Иштта дац и… Со ца вина
Барзо кIезий динчу буса.

Жирга берзан буьйса эцна,
Со ца веъна дахар цеста.
Ас кху лаьтта Iуьйре хецна
Маьлхан дийнахь дахар хьеста.

(Дакаев. С. Иштта дац и*)*

Хорей барам, дактиль а санна, коьртачех бу нохчий поэзехь а, халкъан барта поэтически произведенешкахь а.

ХУТТУРГАШ ЦАХИЛАР *ду (***асиндетон**) – поэтически произведенехь хуттургаш а ца ялош дешнаш вовшахтасар. Исбаьхьаллин къамелехь хуттургаш цахиларо, цу тIе тидам бохуьйтуш, исбаьхьаллин Iаткъам сабоккху.

Дагалецам гIотту маццах маццахлера:
Баьццара бай, уьйтIе, полла, бер а, зIаьнар,
Екхна стигал, марха, зовкх а хIетахьлера,
«Сан дог» бохуш ненан зевне къона елар.
…….
Ца эшна, ца езна, дага ца еъна
Дагара ца яллал дагахь ца хилларг…
(Тепсаркаев Ю. Дагалецам гIотту…*)*

Оцу стихашкахь «бер а», «зовкх а» доцург кхидолу дешнаш а, дешнийн цхьаьнакхетарш а хуттургаш йоцуш вовшахтесна ду.

Кхин цхьа масал а:

Нохчийчоь, Хьалха-Марта,
Аьхке, Бийсолтин беш,
Пойзуллин таьллаш, ардаш,
Демин дукъ, БIана некъ, сеш.

Кхузахь эшаршка дуьйлу
Марта шен гаьннашца,
Суна дага а туьйсуш
Нийсарш а, къаной а.
(Супаев Р. Шагарш*)*

XI

ХIЕТАЛ-МЕТАЛ *ду* – **хIетал-металш** *ду*; **хIетал-металан, хIетал-метална, хIетал-метало, хIетал-метале** – нохчийн барта кхолларалли цхьа тайпа. ХIетал-металшкахь цхьа хIума кхечу хIуманехула, шен аматашца къайлах йолчуьнца йогIучу хIуманца билгалйоккху. ХIетал-металша адамийн эс кхиайо, цхьа хIума кхечуьнгахула йовзо Iамаво. Тайп-тайпана ду хIетал-металш: ХIетал-метал хоуьйла хьуна: вайн цIечу гIож тIехь Iан кIайн котамаш? (*Цергаш*). ХIетал-метал хоуьйла хуьна: дуьненан архаш? (*Некъаш*). Дехха далош хIетал-металш а хуьлу, царах чолхе хIетал-металш олу. Масала: ХIорд ловза а баьлла, хIордан кема доьхна. Цу тIера цхьа стаг хIордо цхьана гIайре тIе юьстахкхоьссина. Оцу гIайре тIехь шаберш зударий хилла. И зударий чIогIа хаза хилла, цхьа а ирча ю аьлла, билгалъяккха зуда йоцуш.

Зударша сацам бина, и стаг шайна зуламе вала тарло, цундела иза ирхъолла веза аьлла. Цу стага зударшка цхьа хIума аьлла. Зударша цул тIаьхьа, ца вуьйш, витина и стаг.

ХIетал-метал хаийла хьуна: цу стага зударшка хIун аьлла? (*Стага зударшка аьлла, массарел ирча йолчо оллахьара ша хьала)*.

Ц I

ЦIЕН МОГIА *бу* (**абзац**) – кехат йистера дIахилийна язбинчу цхьана могIан тIера иштта дIахилош язбинчу вукху могIан тIекхаччалц йолу текст. Масала, Бексултанов Мусан «Борз» цIе йолчу дийцар тIера ши абзац:

«ТIаккха гIоттур бу мох, кераюкъ санна, дуьне дIашардеш болу.

Мох хьокхур бу Малхбалера дIа Малхбузе кхаччалц, юха Къилбера схьа Къибаседе буьйлуш».

Ч

ЧЕХКААЛАРШ *ду* – нохчийн барта кхолла-раллин цхьа тайпа. Коьрта долчу декъана берашна лерина ду чехкааларш. Масала: «Чоьлпа чорпи чохь, чопа чоьлпи чохь», «Ча такхо тача, тача такхо ча», «Сирчу аьттан сира ши шинара, Іуьрре даьккхина дуькъа шар», «Со шершанчухула ча чу ца шерша, ча шершанчухула со чу ца шерша».

Стихан кепехь а хуьлу чехкааларш, уьш мелла а атта алалуш ду:

Литта, титта тилор-тай,
Тата дийриг татол дай,
Татин туьтех тилла тІай,
Тавдин туьйра хІилла дай.

Чехкааларийн дакъош шайн маьІница вовшех дозаделла ца хуьлу я дукха хьолахь маьІна долуш а ца хуьлу. Кхузахь коьртаниг маьІна дац, ала хала долу дешнаш а, дешнийн цхьаьнакхетарш а чехкка дІаала Іамар ду:

Шога шаршу, шера ша,
Жоьран жоьлахь жугIара жа,
Жанна жоьлахь шийла яц,
Шоврийн шаьлгахь шолхаш яц.

Мотт цIена бицийта, хIор дош къастош а, шерра а, нийса а ала Iаморан Iалашо ю чехкааларийн.

ЧОЛХЕ-ДАЦДИНА ДЕШНАШ *ду* (**аббревиатура**) – дешнийн хьалхарчу элпех я дакъойх кхоьллина дацдина дешнаш. Масала, НР – Нохчийн Республика, райком – районан комитет. Яздархоша чолхе-дацдинчу дешнех пайдаоьцу уьш кхолладелла, лелаш хилла зама хьахош, я шайн кхечу поэтически Iалашонашца.

Яьгна, аьтта Iуьллу гIала,
Делан наьIалт доьссина.
Адамо лов къиза бала,
ТIамо дахар дохийна.
……
Ресторанаш, паркаш, туьканаш,
Ирх хи детта фонтанаш.
Яц бIаьргана схьаган тахана
Сан къоналлин хазаллаш.

Обком, Реском я Совмин а
Бац лаьттина меттигаш.
Соьлжа доьду айаделла
НКВД чу хьоьжуш.

(Гапураев Хь. Сардам*)*

Кхузахь чолхе-дацдина дешнеш ду: Обком – областной комитет, Реском – республикански комитет, Совмин – Совет Министров, НКВД – Народный коммисариат внутренних дел. Хьалхара кхоъ дешнийн дацдина дакъош цхьаьнатосуш кхоьллина, тIаьххьарниг дешнийн хьалхарчу элпех лаьтташ ду.

ЧУЛАЦАМ *бу*, **чулацаман, чулацамна, чулацамо, чулацаме** – исбаьхьаллин произведени тIехь гайтина долу дахар, произведенин тема шайца билгалйолу исбаьхьаллица гайтина дахарера хиламаш а, гIуллакхаш а.

ЧI

ЧIАГАРИЙН РИФМА – *хь*. **Рифма**.

ЧIУГ *ю* (**кольцо**) – **чIагарш** *ю*; **чIагаран, чIагарна, чIагаро, чIагаре** – стихотворенин я строфан чаккхенехь иза йолалуш долу могIанаш юхадалор:

Адамаш, лахалаш вовшийн:
Шийлачу буьйсанна арахь,
Йохийна йоьжначу гIалахь,
Хьанна а тIебеъча бала,
Адамаш, лахалаш вовшийн.

Адамаш, лахалаш вовшийн:
Басошца лекхачу лаьмнийн,
Йистошца кIоргачу Iаннийн,
Юккъехь а юькъачу хьаннийн,
Адамаш, лахалаш вовшийн.

Адамаш, лахалаш вовшийн:
Хьанна а гIайгIа тIееъча,
Мохк бегош цIенош тIедеъча,
Геннара доттагI цIа веъча,
Адамаш, лахалаш вовшийн.

Адамаш, лахалаш вовшиин:
Бахамца хьал хьала даларх,
Кураллехь Іаьршашка валарх,
Дешица хІусамаш кхаларх,
Адамаш, лахалаш вовшийн.

Адамаш, лахалаш вовшийн:
Йовхо луш муьлххачу стагна,
Хи доцуш висарха хьаьгна,
Моьнаша вожаварх ваьгна,
Адамаш, лахалаш вовшийн.

Адамаш, лахалаш вовшийн:
Муьлха а довха дош ала,
По лаца эшабан бала,
Сий айдеш дуьхьалавала,
Адамаш, лахалаш вовшийн.

Адамаш, лахалаш вовшийн,
Стигланаш тІеялхарх лаьтта,
Воно хьо вожаварх аьтта,
Милла а тІевеъча гІатта,
Адамаш, лахалаш вовшийн.

(Рашидов Ш. Лахалаш вовшийн*)*

Кхин цхьа масал а:

Замано дерриг а дойу,
Замано дерриг а кхуллу,
Стаг воцург лораза войу,
Къонаха шен мара вуллу.

Шога ду заманан куьйгаш,
Шера бу заманан когаш.
Летадеш хиндолчун суйнаш,
ЙогIу и, ширалла огуш.

ЙогIу и, Органах гIергIаш,
Йоьду и, цицигах тебна,
Хьалхара юьхь нуьрах лепаш,
Тіехьара юьхь лаьттах хебна.

Гуш доцу морса куьг хьоькхуш,
Лаьмнийн цо дIашардо хийла,
Вукхузхьа, ша динарг доькхуш,
ГIаланаш хIиттайо сирла.

Кхералахь, доттагIа, кхера
Цахиларх заманца бертахь.
Ткъа оьшу кхин а сов кхера
Замано хьуо кхоссарх юьстах.

Замано дерриг а дойу,
Замано дерриг а кхуллу,
Стаг воцург лораза войу,
Къонаха шен мара вуллу.

(Сулаев М. Зама*)*

Стиховторенин маьIна шеца долу хьалхара строфа иза чекхйолуш юха а ялийна автора. Стихотворенин чIагаран кеп кхуллуш йолчу оцу поэтически приеман авторан ойла къеггина гучуяккхаран маьIна ду.

Ш

ШАЛГУ РИФМА – *хь*. **Рифма**.

ШАЛХА РИФМА – *хь*. **Рифма**.

ШИНАМОГІАНАН СТИХ (**дистих**) – чекхдаьлла маьІна а долуш, шина могІанах лаьтташ йолу стихотворени. Уггар кегийчу исбаьхьаллин произведенех ларалуш ю шинамогІанан стих. Нохчийн поэзехь, даим бохург санна, рифмица вовшах бозабелла хуьлу оцу стихотворенин ши могІа.

Ахь дезаш дитинчу дуьнене хьежа,
Со хІунда висна-те хІара латта хьеша!
(Юсупов Іазим)

Зударийн рифмица цхаьнабогІуш бу и ши могІа. Кхечу кепара, божарийн рифма ю хІокху шинамогІанан стихашкахь

ТІемалочо лардинехь Даймехкан сий
Хестор дац нахалахь шен Іенна цІий.

* * *

Хьан стихаш лачкъийна? Со тешаш вац
Чохь хIума доцучу къу гIоьртар вац.

(Садулаев Хь.)

ШИНАМОГIАНАН СТРОФА – вовшашца рифма а, цхьа интонаци а йолчу шина могIанах лаьтташ йолу строфа.

Ахь хIун боху, хIай салоьцу гIайгIа?
Муха яла со хьан йийсарера?

Ахь хIун боху, хIай гIагIанан гура?
Ер яц-техьа цкъа а ешна гIура?

Ахь хIун боху, хIай логера мIара?
Хьуна-м сох тарбелла хилла чIара?!

Муха яла со шун йийсарера?
ХIун де аса яла къизаллера?

(Бишаева А.)

Кхин цхьа масал а:

Малхана барт баккха кхевддинчохь дагийна балдаш,
ДаватIа шун дела-I, ма ховха хилира шу!

Дуьненна го баккха хьаьддачохь севцина когаш,
Да ватIа шун дела-I, ма гIийла хилира шу!

Анайист схьалаца кхевддинчохь дисина куьйгаш,
ДаватIа шун дела-I, ма доца хилира шу!

Даггара цхьа илли яздан ас лийрина денош,
Да ватIарш, да ватIарш, ма кIезга хиллера шу!
(Бисултанов А. Илланчин тIаьххьара дош*)*

Йоккхачу строфан дакъа хила а тарло шинамогIанан строфа, масала, (*аабб*) рифмовка а йолуш, беамогIанан стофан дакъа.

ШКОЛЕХЬ ЛИТЕРАТУРА ХЬЕХАРАН МЕТОДИКА – исбаьхьаллин литература хьехаран бакъонаш къастош, цуьнан чулацам дешархошка дIакхачоран некъаш билгалдохуш долу педагогически Iилма. Литература хьехаран методико къастайо литература хьоьхучу хенахь хьехархочунний, дешархочунний юкъахь кхоллалуш йолу юкъаметтигаш, вуьшта аьлча, педагогически хьелаш. Литература хьехаран методико (муьлха а кхечу методико а санна) къастадо кхо хIума: мича Iалашонца хьоьху? ХIун хьоьху? Муха хьоьху? Юккъерчу школехь нохчийн литература хьехаран хIун Iалашо ю билгалдоккху методико. Цул тIаьхьа къастадо, и Iалашо кхочушъярхьама хIун материал хьеха еза. Дуккха а йолчу литературни произведенех муьлхарш схьакъасто еза юккъерчу школехь дешархошца Iамо? Оцу хаттарна жоп деллачул тIаьхьа методико къастадо и материал дешархошка дIакхачоран гIуллакхаш – муха хьеха деза. Исбаьхьаллин литература хьехаран некъаш билгалдоху методико, юккъерчу школехь литература хьехаран методаш а, приемаш а къастайо. Муха нисдан деза школехь литература хьехар? Муьлха методически не-

къаш ду исбаьхьаллин литературин чулацам дешархошка дІакхачорехь эвсаралла йолуш? Муха вовшахтуху исбаьхьаллин произведени дешархошца Іамор? И тайпа дерриге гІуллакхаш къастадо литература хьехаран методико.

Школехь литература хьехаран юкъара хьелаш билгалдоху методико: Іамош йолу материал Іилманца йогІуш а, дешархой кхетар болуш а хилар; хьоьхуш дерг вовшах дузуш а, дахарца уьйр йолуш а хьехар; исбаьхьаллин произведенин цхьаалла а йовзуьйтуш, кІорггера литературни хаарш далар; дешархоша бен болх эвсаралла йолуш хилийтар а, церан литература Іамо болу лаам сабаккхар а.

Литература хьехаран методикехь угар коьртачарах ду исбаьхьаллин произведени дешархошца Іамор, цуьнан чуцаман, исбаьхьаллин цхьалла дешархошна йовзийтар, произведенин маьІнех уьш кхетор. Кхузахь коьрта лехамаш бу, хьехархочо дан доггІучу барамехь куьйгалла а деш, дешархоша беш болу болх церан хаарш а, кхетам а лакхаболучу кепара хилийтар, дешархойн литературин занятешка болу лаам а, церан дешар Іаморан хьуьнарш а лакхадахар.

Дешархойн литературни хаарш лакхадовларехь а, церан кхетам кхиарехь а доккхачу маьІне ду дешархой шайн хьекъалца, шаьш жигараллица болх барехула керлачунна тІекхуьуш хилар. Дешархойн литературни хаарш церан хьекъало алссам болх беш кхолладелла хилча, шаьш, шайн лаамца хІуманах уьш кхиъна хилча, церан хаарш кІорггера а хуьлу, царех пайдаэцар эвсаралла йолуш а нисло. Цундела хьехархочун декхар

ду дешаран материал дукха аттачу яьккхина, «яра а ерина», «Іавша а Іаьвшина» кийчча классана хьалха ца юьллуш, оцу материалах кхетархьама дешархошка гІеххьа ойла яйтар, шайн хьекъало болх барца уьш дешарх кхиийтар. Лакхарчу классашкахь литература хьоьхуш оцу кепара болх вовшахтоха бегІийла ю. ХІунда аьлча, оцу классашкахь дешархойн кхетам лакхаболу хьалхачулла, цара шайн духовни хьашташна жоьпаш лоху литературехь. Оцунна тІе а доьгІна хьехархочун таро ю дешархоша литературин материала тІехь шаьш ойлаяр кІаргдан а, церан литература Іамо болу лаам сабаккха а. Хьехархочо дешархошца беш болу болх уьш шайн хаарш шаьш тІедуза Іемачу кепара дІабахьа беза. Дешархой Іамабо хІинццалц схьа шайн кхолладеллачу литературин хаарех пайда а оьцуш, керлачух кхета, оцу керлачуьнца шайн хьалхалера хаарш алсамдаха.

Школехь литература хьоьхуш доккхачу маьІне ду дешархойн къамел кхиор. Юккъерчу школехь къамел кхиор коьрта долчу декъана хІокху лехамашца кхочушдо: дешархошна хууш, цара шайх пайдаоьцуш долчу дешнийн барам совбаккхар; нохчийн литературни мотт хаар кІаргдар; барта а, йозанца а шайн хаарш, ойланаш нийса, кІорггера гучуяха Іамор. Билгалъйолчу классехь къамел кхиоран болх дІахьо цул лахарчу классашкахь дешархойн кхолладелла долу хаарш кІаргдеш а, керла хаарш даларца церан барта а, йозанан а къамелан корматалла лакха йоккхуш а. Оцу балха тІехь литературин хьехархочун коьртачу декхарех ду дешархой шайн дагахь дерг нийса схьаала хууш, шерра къамел дан хууш хилийтар, шайн ойланехь дерг йозане дерзо уьш Іамор.

Дешархойн къамел кхиорехь хьехархоша дукха хьолахь йозанан къамел кхиоре хьажийна болу белхаш бичхьана тоам беш меттигаш нисло. Амма иза кхачаме дац. Дешархойн барта къамел кхиоран Іалашо а ю литературин хьехархочунна хьалха лаьтташ. Лакхарчу классашкахь къаьсттина оьшуш ду, йозанан къамел санна, барта къамел кхиор а. Дешархой онда мел бовлу а цара юккъарчу дахарехь дІалоцу меттиг алсамйолу, церан уьйраш шорло. Школехь хуьлчу гуламашкахь а, школал арахьа а адамашна юкъахь къамелаш, докладаш ян езаш хуьлу лакхарчу классашкарчу дешархойн. Церан къамел мелла а говза хила догІу.

Литературин урокашкахь къамел кхиор кхочушдо исбаьхьаллин произведени Іамош, цуьнан текст тІехь болх беш. Барта а йозанан тайп-тайпана белхаш кхочушбо дешархоша ненан меттан литературин урокашкахь.

Литература хьехар эвсараллица дІадаха гІо до гайтаман гІирсаша. Яздархочун дахарх лаьцна дуьйцуш а, исбаьхьаллин произведени Іамош а, теоретически хаарш луш а шен барамехь лелийнчу гайтаман гІирсаша дешархошна гІо до Іамош йолчу материалах кхоччуш кхета, керла хаарш сиха а, кІорге йолуш а карадерзо. Шайга дуьйцуш дерг хазарал совнаха, цунах дозаделла хІуманаш бІаьргашна гуш а хилча Іаткъам совболу дешархошна. Церан леран эс а, бІаьран эс а цхьаьний хІума тІеоьцуш хилча, иза чІогІа лар юьтуш ду дешархойн кхетамехь а, дегнашкахь а. Хьехархочо литературин урокашкахь гуттар а пайдаэца богІу гайтаман гІирсаша лучу таронех.

Литература хьехарехь доккха маьІна ду говза вовшахтоьхначу, дика кечйинчу кабинетан. Школехь ненан меттан литература хьехар вовшахтохаран а, иза эвсараллица дІадахьаран а коьрта меттиг ю литературин кабинет. Шена чохь литературин урокаш дІаяхьа а, классал арахьара болх бан а лерина ю иза. Нохчийн литература хьоьхуш оьшу ерриге а материалаш цу чохь хила еза. Учебникаш, хрестоматеш, хІор дешархочунна тоьур йолуш исбаьхьаллин произведенийн тексташ хуьлу кабинета чохь. Гуччу метте дІутуху классал арахьа еша езачу произведенийн список. Кабинета чохь Іалашйо фонохрестоматеш, къоман эшарш а, музыка а тІехь йолу грампластинкаш. Хьехархочо кабинета чохь шена а, дешархошна а гулйо гІеххьа бибилиотека

Школехь литература хьехаран цхьа дакъа ду классал арахьа бен болх. дешархой кхетош-кхиорехь а, церан юкъара хаарш шордарехь а, культура лакхаяккхарехь а доккха маьІна ду цуьнан. Къоман литература дешархошна алссам йовзийтаран, бакъйолчу исбаьхьаллин произведенех кхоччушш пайдаэцийтаран, церан литературни хаарш совдахаран Іалашо ю классал арахьа бечу белхан. Ма-дарра аьлча, литературин урокийн а, классал арахьарчу белхан а Іалашонаш цхьаъ ю, амма болх дІабахьаран форманаш тайп-тайпана ю.

Урокашкахь Іамочарал совнаха, кхийолу исбаьхьаллин произведенеш йоьшу дешархоша. Шайн лаамца, литературе шайн йолчу шовкъашка хьаьжжина хоржу дешархоша шаьш цІахь йоьшу произведенеш. Литературин хьехархочо хаддаза куьйгалла латто деза оцу

классал арахьарчу дешар тIехь.

Литературно-краеведчески болх а бу дешархойн хаарш алсам-дахарехь а, уьш кхетош-кхиорехь а як-кхий таронаш шеца йолуш. Литературно-краеведчески балхо дешархойн шайн Даймахках долу хаарш шордо, литературин дахарца йолчу уьйрех кхета а, яздархойн кхолларалле дозаделла долу гIуллакхаш довзийтарна а бIегIийлаш кхуллу. Литературно-краеведчески белхан эвсаралла сов йолу иза классехь бечу балхаца цхьаьна дIахьош хилча.

Нохчийн литетратура хьехаран методика эвсараллица кхиа йолаелла 1971 шарахь РСФСР-н Серлонан министерствон Къаьмнийн школийн Iилманан-талламан институтан Нохч-ГIалгIайн филиал схьайилличхьана (1995 шарахь дуьйна Нохчийн Республикин Дешаран а, Iилманан а министерствон Дешаран гIуллакхийн институт. ХIинца Нохчийн Республикин дешар кхиоран институт). Кхузахь нохчийн мотт а, литература а школехь хьехаран Iилманан-талламан белхаш дIахьош бу. Iилманан белхахоша талламаш беш, язбина, арахецна Iилманан-методически белхаш, хрестоматеш, учебникаш, хьехархошна лерина тайп-тайпана методически гIоьналлаш. Царна юкъахь арабилийна М.Д. Чентиеван, С.Э. Эдиловн, I. М. Арсанукаевн нохчийн литература школехь хьехарна лерина методически белхаш.

Э

ЭЗО́ПАН МОТТ *бу* (хьалхазаманахьлерчу грекийн баснеш язъярхочун Эзопан цIарах) – ма-дарра дIадийца таро йоцуш, кхечу кепара дуьйцуш дерг.

ЭКСПРО́МТ *ю* – **экспромташ** *ю*; **экспромтан, экспромтана, экспромто, экспромте** (лат.*expromtum* – кийчча) – кечам а база, сихха кхоьллина чекхъялла йолу стихотворени. Дукха хьолахь кегийра стихотворенеш хуьлу уьш, шайн чулацамца а, формица а чолхе а йоцуш. Импровизацин тайпа ларало экспромт. Нохчийн поэзехь экспромташ кхоьллина Гацаев СаьIида а, кхечара а.

ЭЛЕ́ГИ *ю* – **элегеш** *ю*; **элегинан, элегина, элегино, элегига** (гр. *elegos* – гIийла латкъам) – сингаттаме ойланаш, синхаамаш шен чуламехь болу лирически стихотворени.

Сайдуллаев Хьасанан элеги:

Хербеллачу накъосташна.

Сайна хилла халахетарш
Пхьоьхане а дохуш,
Дог ца лозчу уьйрашлахь уьш

Ас дийцина дац.
Со вахначу некъан тача
ГІалаташ а доцуш,
Хир ду аьлла и чІагІдина
Цхьа а меттиг бац.
Бехк а боцуш хийлазза со
Вина хир ву бехке,
Бакъ доццчух бехке вийлар
Ца дитина тІе.
Синлазаман гІагІа Іеткъаш,
Уьйриг хьерчаш коьртехь,
Гуьнахь доццу деган куьркахь
Хийла гІаьтти цІе.
Тешам болу накъост хилча
Деган Іийжам белхо,
Деган цуьргах кескаш йина
Доькъар дара ас.
Ненан хьаса боццу арахь
ГІоттуш долчу дарцо
Легнийн готтехь шед а хІуттий
Шагдо сан син аз.
Цхьана хенахь луьста хилла
Сан накъостийн тоба,
Хили суна гурахь лоькху
Хьох зарзъелла варш.
Маржа, кІентий, дІахьовсийша
Дай баьхначу лома,
Церан белшахь гур дац шуна
Ямартлонан харш.

ЭМФА́ЗА *ю* (гр. *emphasis* – билгалдар, къастор) – поэтически къамелехь цхьадолу дош я дешнаш интона-

цица къастош алар. Исбаьхьаллин произведенехь шайн маьIница мехала долу дешнаш къеггина билгалдахаро, къастош аларо царна тIе тидам бохуьйту.

Ларма а, чардакх а маттах дан деза,
Доша тIе дош дуьллуш, олуш: «Ас доьттина!»
Дошах дош дIахуттуш, олуш: «Ас хоьттина!»
ХIума дац –
Даймохк (!) а –
хьан маттал деза.

(Абдулаев Л. Историн дарсаш*)*

Ккхузахь «*Ларма а, чардакх а маттах дан деза*» боху стих а, могIанехь ша даьккхина «Даймохк» боху дош а, шайна тIе тидам бохуьйтуш, къастийна стихотворенехь. Иштта айдаран хьаьркашца къастийна ю шолгIий, кхоалгIий стихаш а. Цу тайпана, и ерриг строфа эмфатически ю. Поэтически произведенешкахь, лирически прозехь, говзачу къамелехь алссам пайдаоьцу эмфазах. Цо гIо до произведенехь коьртаниг билгал а доккхуш, цунна тIехь ойла сацо.

Эмфаза кхуллу тайп-тайпанчу поэтически гIирсех пайдаоьцуш (анафора, рефрен, тедерзар, риторически хаттарш, айдарш, и. дI. кх.). Йозанехь эмфаза билгалйоккху шрифтан гIирсашца а, айдаран хьаьркашца а, пунктуаци гIирсашца а, кхечу кепара а.

ТАХАНА Iуьллу юрт
Къизалло таIийна,

Езачу чевнаша
Ерина, йохийна.
ТАХАНА къорачу
Тийналлехь хезаш ду
Хьешначу кху Лаьттан
Іовжаме узарш а.
Ткъа КХАНА,
КХАНА и,
ДегІ нисдеш, гІоттур ю.
Ткъа КХАНА – теша со –
Тоелла,
Хазъелла
Юрт меттахІуттур ю.
Ткъа КХАНА
Кху юьртан
Сийначу бошмашкахь
Олхазарш зевнечу
Эшаршца декар ду.
Ткъа КХАНА
Кху юьртан
Керлачу хІусамашкахь
Къоначу НАНОША
АГАНАШ техкор ду.

(Арсанукаев Ш. Къизаллин хелхар)

Алссам пайдаоьцу эмфазех поэташа Арсанукаев Шайхис, Абдулаев Лечас къаьсттина ша тІаьхьа язйинчу произведенешкахь.

ЭПИ́ГРАФ *ю* – **эпиграфаш** *ю*; **эпиграфан, эпиграфана, эпиграфе, эпиграфо** (гр. *epigraphe* – тІеяздар) – произведени дІайолалуш (я цуьнан дакъошна хьалха)

далийна, цуьнан коьрта тема, я маьІна, я авторан ойла, синхаамаш шайца мелла а гучубовлу говза дешнаш. Ширчу Грецехь чурта тІе яздинчу йозанах олуш хилла эпиграф. Исбаьхьаллин литературехь эпиграфах пайда-эца болийна XV бІешо долалачу муьрехь. Яздархоша шайн произведенеш йолаеш, царна хьалха даладора кицанаш, кхечу авторийн говза дешнаш, стихотворенийн могІанаш. Дуьненан литературехь къаьсттина даьржина эпиграфаш ялор XIX бІешеран юьххьехь дуьйна.

Нохчийн литературехь а пайда оьцу эпиграфех. Мамакаев Іаьрбис шен «Нохчийн лаьмнашкахь» поэми тІехь халкъан иллеш тІера эпиграфаш ялийна. Масала:

Стиглахь марха ва йоцуш,
Мела догІа догІур дац.
Кийрахь бала ва боцуш,
Ши бІаьрг боьлхур бац.

Эдилов Хасмохьмадан «Сийлаха» поэмин хІора декъана хьалха ялийна ю эпиграфаш. Царах цхьаерш схьаэцна ю халкъан иллеш тІера, мехкарийн эшарш тІера, вуьйш кицанех лаьтташ ю, кхиерш яздархойн произведенеш тІера ялийна ю. Масала: «Маржа яІ, зингат, хьо а гІерта-кха даха (І. Мамакаев); «Хила я ца хила! – Иштта ду гІуллакх! (Шекспир. «Гамлет»).

ЭПИЛО́Г – *хь*. **ТІаьхьара дош**.

ЭПИ́СТРОФА *ю* (гр. *epistropho* – гобаккхар) – стихотворени я строфа йолалуш долу дош я дешнаш

иза чекхйолуш юха а далор:

Хьо делха-м ца доьлху, кийрара дилха дог,
БІаьстене сатесна, Іаьне бІаьрг тоьхча,
Хьоькхучу дорцана, хьайн ойла йоьхча?
Хьо делха-м ца доьлху, кийрара дилха дог?
(Гацаев С. Даге.*)*

Кхузахь «Хьо делха-м ца доьлху, кийрара дилха дог» боху стих, оцу строфана гобоккхуьйтуш санна, цунна хьалха а, тІаьхьа а ялийна. Шайна тІе тидам бахийта даладо и дешнаш юх-юха а, ерриге стихотворенехь къеггина маьІна церан долу дела.

Дукха хьолахь авторан коьрта ойла шеца гучуйолуш я цхьа поэтически, исбаьхьалли Іалашо кхочушъеш а хуьлу эпистрофа:

Иэша йиш яцара,
Йожа йиш яцара,
Со иэшча, сан йиш а
Хедар юй хаьара,
Со йоьжча, гІатталур
Йоций а хаьара, –
Иэша йиш яцара,
Йожа йиш яцара.

Яха йиш яцара,
Ян а йиш яцара,
Со яьхча, Нана-Мохк
Буьсур буй хаьара,
Со яйча, уьйр цуьнца

Йовр юй а хаьара, –
Яха йиш яцара,
Ян а йиш яцара.

Йоха йиш яцара,
Яга йиш яцара,
Со йоьхча, дуьне а
Духур дуй хаьара,
Со яьгча, цIийнан кIур
Бовр буй хаьара, –
Йоха йиш яцара,
Яга йиш яцара.

(Идигова Ж.)

Прозаически произведенешкахь а пайдаоьцу эпистрофах. Бадуев СаьIидан «Бешто» повесть юьххьехь гайтина Бешто кешнашкахь холчухIоьттина леларан сурт. Изза сурт ду повесть чекхйолуш кхин тIе а дуьзина далийнарг.

ЭПИ́ТЕТ *ю* – **эпитеташ** *ю*; **эпитетан, эпитетана, эпитето, эпитете** (гр. *epitheton* – юххедиллар) хIуманан мухалла билгал йоккхуш я цуьнан цхьа агIо исбаьхьаллин, поэтически кепехь гойтуш йолу дош.

Эпитеташ хила тарло хIуманан мухалла я цуьнан цхьа агIо билгалйина ца Iаш, кхечу хIуманан билгало хIокху, хIинцца юьйцуш, гойтуш йолчу хIуманна луш:

Буьйса хаза. Буьйса тийна.
Седа боду стиглахь раз,

Хьо со воцуш муха Іийна,
Ши бІаьрг Іаьржа сан Кавказ?
(Г а ц а е в. С. Буьйса хаза. Буьйса тийна...*)*

Халкъан барта произведенешкахь хуьлу гуттаренан эпитеташ, уьш даиманна а цхьана кепехь лелаш, муьлххачу а произведенехь далийнехь а шайн сецца яьлла цхьа кеп, цхьа форма ю церан. Масала: кІайн нускал, можа малх, мерза са, дилха дог, расха дин, чо чехка чола куй, чал дера герзаш.

Э́ПОС *ю* – **эпосаш** *ю*; **эпосан**, **эпосана, эпосо, эпосе** (гр. *epos* – дош, дийцар) – литературин кхаа тайпанах цхьаъ. Эпически произведенеш хаамбаран формехь хуьлуш ю, царна тІехь кІорггера дуьйцу стеган дахаран некъах, исбаьхьаллин сурт хІоттош шуьйра гойту цо кхочушден гІуллакхаш, цо дакъалоцу хиламаш, адамашца цуьнан йогІуш йолу юкъаметтигаш. Эпосан жанраш ю: роман. повесть, дийцар, очерк.

ЭТНО́ГРАФ (*ву, ю*) – **этнографаш** (*бу*); **этнографан, этнографана, этнографо, этнографе** – этнографехь болх беш волу Іилманча.

ЭТНОГРА́ФИ (*ю*); **этнографин, этнографина, этнографино, этнографига** (гр. *ethnos* – халкъ, *grapho* яздо) – къаьмнаш схьадовлар, церан Іиер-дахар, материальни культура, гІиллакх-оьздангалла, вовшашца йолу юкъаметтигиш толлуш долу Іилма.

Ю

ЮКЪАРА МЕТТИГАШ *ю* – барта кхолла-раллин тайп-тайпанчу произведенешкахь цхьатера алар долу я цхьатера маьІна долу меттигаш. Нохчийн туьйранаш дукхахьолахь дІадоладо дешнашца: «Дала шуна дика дийцарг, диканца шу дукха дахарг», чек-хдоху ишттачу дешнашца: «ГІалдий-булдий – царна, кай-божжий – вайна». Халкъан иллешкахь хуьлу йок-кхачу исбаьхьаллица кхоьллина юкъара меттигаш. Иллин турпалхочо ша лела ваха араволуш шен дин кечбар дукха хьолахь цхьатера дуьйцу тайп-тайпан-чу иллешкахь:

Ва сарахь суьйренца, бузучу малхаца,
Цу ханнийн божлара шен жима расха дин
Цу дато дуьрстанца ша ара озийна,
Хьалха херх ва хьокхуш, тІаьхьа чотка ва ялош,
Кхузза саба ва хьокхуш, динан кхес ва юьттуш,
Дин цІанбан велир, тов ….

Иллин турпалхой кечбалар а хуьлу цхьатера гайтина:

Ва сарахь суьйренца, булучу боданца
Туька йиллал ва дари шен дегIа дерзийна,
Бере кечвал ва дети шен некхе дерзийна,
Чилхьесан бухкарца, цу цIестан кIудалца,
Цу хIордан ва мохо ездари ловзадеш,
Эсаран ва мохо кисин тIам ловзабеш,
Хи тIе яха ма елира ворхI вешин ва йиша.
Цу кIайчу гIовталца, Iаьржачу вертанца
Чо чехка чола куй бIаьштиг тIе ва тоьттуш,
Пхоьханахь вара, тов…

Къаьсттина шайна тидам тIехь соцуш ю иллеш чекхдовлуш ялош хуьлу юкъара меттигаш:

Нанас дена ма волда яхь йоцу ва кIанат,
И вича ма кхиа цу дийнан делкъалца,
Нанас дена ма волда тешам боцу ва кIанат,
И вича ма кхиа яра дуьне ва даан!
Ма лолда вай, кIентий, бохуриг ца хуьлуш,
Ма лолда вай, кIентий, вовшех тешам ва байна,
Ма лолда вай, кIентий, вовшех безам ва байна.
Вайна дахар лолда-кха кхоьллинчу вайн Дала,
Ва нохчийн ва кIентий, нийсачу бартаца,
ДIахьоькхучу ва мохо цабезам дIакхоьхьуш,
Схьахьоькхучу ва мохо безам тIекхоьхьуш!

ЮМОР – *хь*. **Забар исбаьхьаллин.**

ЮХХЕРА РИФМА – *хь*. **Рифма**.

ЮЬХЬЕДЕРЗОР *ду* (**олицетворени**) – исбаьхьаллин сурт хIоттош, Iаламера муьлхха а хIума адаман

хьесапе дерзийна синхаамаш а, кхетам а болуш санна гайтар:

Арешка хиш дІасалоьхкуш лаьтта лаьмнаш,
Лаьттах Іаьбба, елакъежа балл,
Мархех ехк а хьоькхуш, техка талл,
Іаь гІитторца тийна мархаш юзу Іаьмнаш…
(Сулаев М. Лаьттан бос*)*

ЮЬХЬЙОЛОР *ду* (экспозици) – исбаьхьаллин произведенехь гІуллакхаш дІадоладаларал хьалха (долоран хьалха) дийцинарг. Исбаьхьаллин произведени тІехь гайтинчул хьалха хилларг ду юьхьйолорехь дуьйцург. Произведенин чулацамехь долчух юкъара кхетам балар хуьлу юьхьйоларехь. Масала, Эдилов Хасмохьмадан «Сийлаха» поэма йолало цуьнан чулацамехь долчу гІуллакхех нахана хеташ дерг хаийтарца. Поэмин хьалхара дакъа доладалале ялийнчу кхаа строфан чулацамехь дерг юьхьйолор ду.

Я

ЯМБ *ю* – **ямбаш** *ю*; **ямбан, ямбана, ямбо, ямбе** (гр. *iambos* – пондаран цIарх схьадаьлла) – шолгIачу дешдекъа тIехь тохар а долуш шина дешдекъах лаьтташ йолу стихан гIулч. Нохчийн поэзехь ямбан барамехь язйина стихаш яц ала тарлуш ду. Наггахь нисло зеран кепехь язйина стихотворени. Царах лара мегар ду Гадаев Мохьмадан хIара стихотворени:

Даймахке
(*ямбан боларехь*)

Схьакхиэта можа малх биэзахь а,
Езахь а стиглан лил-басиэ,
Я шера аре, лаьмнийн баххьаш,
Я тогIеш, раьгIнаш, зезаг цIиэн;

Безахь а гIалин барз айбелла,
Я завто туьйсу Iаьржа кIур,
Дезахь а болар, йоI качъелла,
Я сирла къиэга бIаьргийн нур, -
Хьо биэза суна,
Даймохк сан!

Литературоведаша бахарехь оьрсийн поэзехь 85 процент лара мегар долуш стихаш ямбаца язйина ю.

ЯЬРЖИНА МЕТАФОРА – *хь*. **Метафора**.

І

ІАЬРБИЙН МАТТАРА ДЕШНАШ (**арабизмы**) – кхечу меттанашкахь долу Іаьрбийн маттара схьадевлла дешнаш. Дуьненан дуккха а меттанашкахь ду Іаьрбийн маттара схьаэцна дешнаш: европейски меттанашкахь, испански, тюркски, гІажарийн, оьрсийн, урду дуккха а кхечу меттанашкахь а. Нохчийн маттахь алссам ду Іаьрбийн маттара схьадевлла дешнаш. Масала: собар, эхь, мекарло, адам, миска, хьал, хьанал, хьарам, шайх, доІа, Іибадат, къематде, суьрттІай, шовкъ, малик, лахьта, ниІмат, Іожалла, нийат, хьекъал, Іилма, лугІат, пекъар, халкъ, Іалам, Іедал, хьаькам, пайда, хазна, хІаваъ, майда, нур, жовхІар, маржан, маймал, гомаш, пийл, хІуттут, Іаса, киса, мискъал, къилба.

Терминаш билгалъяхар

Аббревиатура 9
Абзац 9
Автобиографи 9
Автограф 9
Автоним 10
Автор 10
Авторан бакъо 10
Авторан васт 11
Авторан къамел 12
Авторизаци 12
Аганан йиш 12
Акаталектика 13
Акростих 14
Акт 17
Аларш 17
Аллегори 18
Аллитера́ци 20
Аллоним 21
Аллюзи 21
Алогизм 22
Алфавит 23
Альманах 23
Амплификаци 24
Амфибрахи 26
Анаграмма 27
Анадиплосис 27
Анакруса 28

Ананим 28
Анапест 28
Анафора 28
Анахронизм 30
Анекдот 31
Анжанбеман 31
Анналы 33
Аннотаци 33
Аноним 34
Антитеза 34
Антифраз(ис) 34
Антологи 35
Антонимаш 35
Антракт 35
Апострофа 36
Ардаме сюжет 37
Арсис 38
Археограф 38
Археографи 38
Архаизм 38
Асиндетон 39
Ассонанс 39
Астеизм 40
Астроним 41
Атрибуци 41
Афоризм 42
Ахстих 44
Ашуг 45
Байт 46
Баллада 47

Барта кхолларалла 51
БархIмогIанан стих 53
БархIмогIанан строфа 53
Басня 54
Баснин стих 54
БеамогIанан стих 54
БеамогIанан строфа 55
Беллетристика 55
Берийн литература 55
Берийн эшарш 58
Бестселлер 58
Бехкам 58
Библиографи 58
Библиотека 58
Библиофил 59
Билгалдаккхар 59
БиъмогIанаш 59
Божарийн рифма 59
Букварь 59
Буриме 59
Вариант 60
Васт исбаьъхьаллин 60
Верлибр 61
Весет 61
Вольный стих 62
ВорхIмогIанан строфа 62
Газель (гIазал) 63
Гаплологи 65
Гимн 65
Гипербола 67

Гипердактилически рифма 68
Гиперкаталектика 68
Глосса 69
Гочдар 71
Гочдархо 71
Градаци 72
Графолог 74
Графологи 74
Графоман 74
Графомани 74
Гуттаренан эпитеташ 74
Дагалецамаш 76
Дагардар 76
Дактиль 77
Дактилически рифма 78
Дерзор 78
Децима 78
Диалектийн дешнаш 78
Диалектизмаш 79
Диалог 79
Дийцар 80
Дийцархо 80
Диллина дешдакъа 80
Дилоги 81
Диссонанс 81
Дифирамб 81
Долор 81
ДоIа 81
Драматург 84
Драматургически къовсам 84

Драма 84
Дустар 85
ДIахIоттам 86
Жайна 87
Жанр 87
ЖIарийн рифма 87
Забар исбаьхьаллин 88
Завязка 89
Зударийн рифма 89
Идей исбаьхьаллин 90
Идиома 90
Илланча 90
Илли 94
Илли турпалаллин 94
Илли лирически (узам) 104
Иллин турпалхо 109
Иллитераташ 119
Иллюстраци 119
Импровизаци 120
Инверси 120
Инсценировка 121
Ира аларш 122
Ирони 123
Исбаьхьаллин васт 125
Йиш 126
Йоза 129
Каламбур 134
Каталектика 135
Катрен 137
Керла дешнаш 137

Кириллица 137
Киця 137
Клаузула 138
Климакс 139
Кода 139
Кольцо 140
Комеди 140
Композици 140
Консонанс 140
Контекст 140
Криптоним 141
Кульминаци 141
Куьцара стихаш 141
Къастор 142
КхаамогIанан стих 143
КхаамогIанан строфа 144
Латинизмаш 145
Легенда 145
Лейтмотив 145
Либретто 145
Лирик 146
Лирика 146
Лирически произведени 151
Лиро-эпически произведени 151
Лирически турпалхо 152
Лирически юьстахдийларш 153
Литературин тайпанаш 153
Литературовед 154
Литературоведени 154
ЛугIат 155

Магистрал 156
Макаронически байташ 157
Мемуараш 159
Месостих (мезостих) 159
Метафора 160
Метафорист 161
Метафраза 161
Методика 162
Метоними 162
Метр 162
Молла-несартан хабарш 162
Монолог 163
Монодрама 163
Монорим 163
Моностих 164
Назма 165
Наьрт-аьрстхойх дийцарш 169
Некроло́г 170
Неологизм 170
Нийса рифма 170
Нийса йоцу рифма 170
Новелла 170
Ода 171
Оксиморон 171
Октава 172
Олицетворени 172
Омонимаш 172
Очерк 172
Панторифма 173
ПаргIат стих 173

Пароди 175
Пафос 177
Пенталоги 177
Период 178
Персонаж 178
Парафраз 179
Перифраз 179
Пиррихий 179
Плагиат 179
Плагиатор 180
Повесть 180
Политолог 180
Политологи 180
Полиптотон 180
Поэзи 180
Поэма 181
Поэт 184
Проза 184
Прозаик 185
Прозехь стихаш 185
Пролог 185
Прототип 186
Псевдоним 186
Публицист 188
Публицистика 188
ПхеамогIанан строфа 188
ПхеамогIанан стих 190
Пьеса 190
Развязка 191
Реализм 191

Ремарка 191
Реминисценци 193
Реплика 195
Рецензи 195
Редиф 195
Рефрен 196
Ритм 199
Ритм йолу проза 199
Риторически айдар 200
Риторически тIедерзар 200
Риторически хаттар 201
Рифма 202
Рифма йолу проза 208
Роман 209
Романс 209
Септима 211
Символ 212
Синекдоха 213
Синкопа 213
Скетч 214
Словарь 214
Сонет 214
Сонетийн кочар 223
Социалистически реализм 234
Спондей 234
Стилистика 234
Стиль 235
Стих 235
Стихан барам 235
Стихан гIулч 236

Стихашкахь роман 236
Стих кхолларан силлабо-тонически кеп 237
Стихотворени 241
Строфа 241
Строфика 242
Сюжет 242
Табу 243
Телестих 243
Тема 243
Терцет 243
Тесис 243
Тетралоги 243
Тийжам 244
Трилоги 244
Турпалаллин драма 245
Туьйра 245
Туьйр-киц̣а 247
ТIаьхьара дош 248
Узам 104
Фельето́н 250
Фольклор 251
Фольклорист 251
Фольклористика 252
Хабар 253
Хадийна рифма 253
ХатI исбаьхьаллин 253
Хелхаран йиш 254
Хорей 254
Хуттургаш цахилар 256
ХIетал-метал 257

ЦIен могIа 258
Чехкааларш 259
Чолхе-дацдина дешнаш 260
Чулацам 261
ЧIагарийн рифма 262
ЧIуг 262
Шалгу рифма 265
Шалха рифма 265
ШинамогIанан стих 265
ШинамогIанан строфа 266
Школехь литература хьехаран методика 267
Эзопан мотт 273
Экспромт 273
Элеги 273
Эмфаза 274
Эпиграф 276
Эпилог 277
Эпистрофа 277
Эпитет 279
Эпос 280
Этнограф 280
Этнографи 280
Юкъара меттигаш 281
Юмор 282
Юххера рифма 282
Юьхьедерзор 282
Юьхьйолор 283
Ямб 284
Яьржина метафора 285
Iаьрбийн маттара дешнаш 286

Пайдаэцна литература

Айдаев Ю.А. Чечено-ингушская советская драматургия. Грозный, 1975.

Арсанукаев А.М. Юккъерчу школехь лирически а, лиро-эпически а произведенеш Іамор. Грозный, 1984.

Байсултанов Д.Б., *Байсултанов Д. Б.* Чеченско-русский фразеологический словарь. Грозный, 1991.

Баранов Х.К. Арабско-русский словарь. Изд. 5-ое, перераб. и доп. М., 1977.

Белокурова С.П. Словарь литературоведческих терминов. СПб., 2008.

Бушко О.М. Школьный словарь литературоведческих терминов. М., 2005.

Гегель Г.В. Ф. Эстетика. М., 1968-1973. Т. 1- 4.

Вагапов А.А. Нохчийн меттан доштуьду жайна. Нальчик, 2001.

Дешериев Ю.Д. Сравнительно-историческая грамматика нахских языков и проблемы происхождения и исторического развития горских кавказских народов. Грозный, 1963.

Джамалханов З. Д., Алироев И. Ю. Нохчийн метан нийсаяздаран дошам. Грозный, 1991.

Жирмунский В. Теория стиха. Л. 1975.

Ибрагимов Л. Нохчийн фразеологизмийн маьІнадаран дошам. Соьлжа-ГІала, 2005.

Карасаев А.Т., Мациев А.Г. Русско-чеченский словарь. Грозный, 1978.

Квятковский А.П. Поэтический словарь. М., 1966.

Краткая литературная энциклопедия. В 9-и тт. М., 1962-1978.

Кривцун О. А. Эстетика. М., 1998.

Литературная энциклопедия терминов и понятий. Гл. ред. и сост.А.Н. Николюкин. М., 2001.

Мациев А.Г. Чеченско-русский словарь. М., 1961.

Минкаилов Э.С. Нохчийн литературеххий, барта кхоллараллеххий.Соьлжа-ГIала, 2007.

Музрукова Т.Г., Нечаева Н.В. Краткий словарь иностранных слов. М., 1995.

Словарь литературоведческих терминов. Редакторы-составители: Л. И., Тимофеев, С. В. Тураев. М., 1974.

Тимофеев Л. И. Основы теории литературы. Изд. 5-е, испр. и доп. М., 1976.

Тимофеев Л.И., Венгров Н. Краткий словарь литературоведческих терминов. М., 1963.

Туркаев Х.В. Чеченская советская поэзия (20 – 40 годы). Грозный, 1971.

Щерба Л.В., Матусевич М. И. Русско-французский словарь. М., 1977.

Чулацам

Хьалхара дош _____ 3
Дацдарш _____ 7
ЛугIат _____ 8-286
Терминаш билгалъяхар _____ 287
Пайдаэцна литература _____ 298

Справочное издание

Арсанукаев Абдулла Магомедович

Словарь литературоведческих терминов

Редактор Р.А. Абдулкадырова
Корректор Р.А. Абдулкадырова
Компьютерный набор Т.И. Михтеева
Верстка М.П. Даудов, А.А-Ш. Тахаева

ISBN 978-5-98108-013-5

Подписано в печать 10.12.2010г.
Формат 60x90 1/16
Бумага офсетная №1. Гарнитура Таймс.
Усл. печ. л. 19 Тираж 2000 экз. Заказ № 2555

Институт развития образования Чеченской Республики
364008, г. Грозный, пр. Путина, 5а
Тел.: (8712) 29-46-11
Тел./факс:. (8712) 22-28-47

Отпечатано в ФГУП «ИПК Грозненский рабочий»
г. Грозный, ул. Интернациональная, 12/35

ДЛЯ ЗАМЕТОК

ДЛЯ ЗАМЕТОК

ДЛЯ ЗАМЕТОК